ӨзССР ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚСТАН
ФИЛИАЛЫ И. ДӘЎҚАРАЕВ АТЫНДАҒЫ ТАРИЙХ,
ТИЛ ҲӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

КӨП ТОМЛЫҚ

XII ТОМ

АЙТЫС

ЕКИНШИ КИТАП

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС — 1983

www.ziyouz.com kutubxonasi

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФИЛИАЛ АНУзССР
ИНСТИТУТ ИСТОРИИ, ЯЗЫКА И ЛИТЕРАТУРЫ
им. Н. ДАВКАРАЕВА

КАРАКАЛПАКСКИЙ ФОЛЬКЛОР

МНОГОТОМНИК

ТОМ XII

СОСТЯЗАНИЕ

КНИГА ВТОРАЯ

ИЗДАТЕЛЬСТВО „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
НУКУС — 1983

www.ziyouz.com kutubxonasi

РЕДАКЦИОННАЯ КОЛЛЕГИЯ:

Камалов С. К. (председатель), Юсупов И. Ю., Жумамуратов Т. К., Сагитов И. Т., Максетов К. М., Тажимуратов А. Т., Байниязов К. Б., Мамбетов К. М., Кожыкбаев А. К., Хамидов Х. Х., Исмаилов Б. И.

Подготовил к печати и написал предисловие:

Минажатдин Низаматдинов — кандидат филологических наук.

РЕДАКЦИЯЛЫҚ КОЛЛЕГИЯ:

Камалов С. К. (председатель), Юсупов И. Ю., Жумамуратов Т. К., Сагитов И. Т., Максетов К. М., Тажимуратов Ә. Т., Байниязов Қ. Б., Мәмбетов К. М., Қожықбаев Ә. Қ., Хамидов Х. Х., Исмайлов Б. И.

Баспаға таярлаған ҳәм алғы сөзин жазған:

Минажатдийин Низаматдийинов — филология илимлериниң кандидаты.

© „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ, 1983

www.ziyouz.com kutubxonasi

1-бөлим

ШАЙЫРЛАР АЙТЫСЫ

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ДӘСТАНЛАРЫНДАҒЫ АЙТЫСЛАР

АЛҒЫ СӨЗ

Биз шайырлар айтысына қарақалпақ халқының қаҳарманлық ҳәм ашықлық дәстанларындағы айтысларды киргиздик. Бизиң бул киргизиўимиз ҳақыйқатында да дурыслыққа муўапық келеди. Өйткени, сол айтысларды қарақалпақ халқының әдебиятындағы басқа жанрларға жатқарыў мүмкин емес. Себеби, олар айтыстан басқа жанрлардың жанрлық белгилерине ҳешқандай да сәйкес келмейди. Булар дурысында айтыс жанрының жанрлық белгилерине толық жуўап береди. Сөзимизди тағы да толығырақ дәлиллеў ушын белгили илимпазлардың айтыс ҳаққындағы мына пикирлерин мысал ушын келтирип ескертип өткимиз келеди.

М. Әўезов өзиниң «Қазақ халқының эпосы менен фольклоры» деген көлемли изертлеў жумысында «Эпослық дәстанлардың шығыў теги сөз болганда, олар турмыс-салт жырларының негизинде пайда болды деп айтыўға болады... Дәстанларда турмыс — салт жырларының түр-түриниң бәри бар. Халық творчествосының кипи формаларының ири формаға аўысыўын улан-ғайыр эпос қалай пайда болатуғынлығын қазақтың ең гөне, ең ески усы дәстанынан анық көремиз»[1], — деп дурыс пикир айтқан.

Екиншиден, М. Жармухамедов: «айтыс сөз тәбият — питими, өзгешелик - қәсийетлери менен лиро-эпикалық дәстанларды байыта, түрлендире отырып, оған гезинде тәсирли бояў, шырайлы көрик те берген, сөйтип, оның мазмуны менен түр жағынан толысып, байый түсиўине қолайлы жағдай жасаған. Буны лиро-эпос жырларындағы әдет-салт қосық-

---

[1] М. Әўезов. Ўақыт және әдебиет. Алматы, 1962, 64-65 — betlar.

www.ziyouz.com kutubxonasi

лары менен бирге, дәстүрли «жар-жар» менен қайымласыў айтысларының гейбир нусқалары да айқын дәлиллейди. Айтайық, «Ер Таргын» жырындағы Таргын менен Домбаўылдың, Қарт Қожақ пенен Ақжуйстиң сөз сайысы, яки Қарт Қожақтың жекпе-жек алдында Таргын менен қағысыўы, «Алпамыс» дәстанындағы Алпамыс пенен Баламшаның «жар-жар» айтысыўы, Гүлпаршын менен Алпамыстың қайымласыўы, «Қыз Жипек» жырындағы Төлеген менен Жипектиң, Төлеген менен Қаршыға, Сырлыбай менен Төлегениң диалог сөзлери, сондай-ақ той үстиндеги Шеге менен Жипектиң айтысы ямаса «Қозы-Көрпеш — Баян-Сулыў» дәстанындағы ханым менен тазша, Қозы менен Қодар, Айбас пенен Баян, Таңсықтың қағысыўлары айтыстың баслапқы бир сулыў үлгилеринен саналады»[2] — дейди.

Бул айтылған пикирлерди толығы менен мақуллаймыз. Бул айтылғанлар айтыс ҳаққындағы қәниге илимпазлардың пикири. Булардың айтқанындай-ақ бизиң қарақалпақ халқының дәстанларында да, жуўан айтыслары менен шайырлар айтысын көплеп көрсете аламыз. Буған дәстанлардан алынып, айтыстың биринши ҳәм екинши томларына жиберилип отырған шайырлар айтысы менен жуўан айтысы толық мысал бола алады.

Қарақалпақ дәстанларындағы айтысларды шайырлық айтысқа жатқарамыз. Өйткени, барлық дәстанлар ең дәслеп ким болмасын, бир шайыр тәрепинен дөретилген. Соң бул аўыздан-аўызға өтиў арқалы вариантласып, коллективлик шығармаға айналып кеткен.

ЖУМБАҚ АЙТЫСЫ

Каражан:

Көринеди қара таўдың қабағы,
Қайрылмайма таза тарлан туяғы.
Малым дейип сен сөйлейсең жас бала,
Кеткен малыңның қандай еди сыяғы?

Жүрген жерим ақ дербентдер малызар,
Ҳешкимлерден еситпедим мен хабар,
Мал түрин айта гөрши жас бала,
Қоңырат елден кеткен балам қандай нар?

---

[1] М. Жармухамедов. «Айтыстың раўажланыў жоллары» китабынын 22-бети. Қазақ ССР ның «Ғылым» баспасы, Алматы, 1976.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Солдырарман ашыўлансам гүлинди,
Сулыў көрдим балам сениң түринди,
Қандай кести малларыңнын,...
. . . . . .

Питкересең жаманлықтың шәртини,
Малшы балам айта бердиң дәртинди,
Бағып жүрген ким болады дүньяда,
Айтқыл маған карўаныңның атыны?

Алпамыс:

Аттың басын бурып, кеткен маллардың
түрин тәрийип етип, жуўап айтады.

Батыр деп ойлайман мен сизди,
Душпан деп араладым көп дүзди,
Қарамалдың мен басшысын айтаман,
Көриппедиң қоңыр шолақ өгизди?

Айтпайын-ақ маллар менен түйени,
Жылқылары талтайып турып ийеди,
Жылқылардың ең басшысын мен айтсам,
Көриппедиң салпы қулақ бийени?

Ашық болған машығым деп қылар зар,
Қәрўанды баслаған енди қуба нар,
Кейнинде бар қызыл мая ингени,
Жоқ сөзимниң айтсам саған қәтеси.

Изинде ойнар жез буйдалы ақ тайлақ ботасы,
Жоқ сөзимниң айта берсем қатасы,
Биз боламыз сол маллардың ийеси.
Журтта болса адалатлы енди хан
Будан хабар бергил залым Қаражан?

Сонда Қаражанның қәҳәры келип, бул не деген сөз болды деп, алдындағы қуба нар — Байсары бай емес пе? Кейниндеги қызыл мая — ингени — Сарыша ханым емес пе? Ақ тайлақ, жез буйдалы бота дегени—бизиң ҳақыйқат ашық болған-Баршынжан ярым емес пе? Бул баланың өзи Қоңырат — Байсындағы Гүлпаршынға мал берген күйеўи Алпамыс емес пе? — дейди. Қаражан Алпамыстың астарлы мәнистеги жумбағын дурыс шешкен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* *

«Қоблан» дәстанынидағы Сарышаның түсин Қуртқаның жорыўы

Сарыша:

— Жатыр едим уйықлап,
Аяқ қолым туйықлап,
Арқадан келди көк бөри,
Жанымды қоймай баратыр,
Бос айғырдай ыйықлап,
Бул не болар Қуртқажан?
Меннен шығып кеткен соң,
Алпыс еки қойым бар еди,
Арқадан келген көк бөри,
Сарайда турған жеринде,
Муны ҳәм кетти тамақлап,
Айырар бенде болмады,
Бул не болар Қуртқажан?
Сексен серкем бар еди,
Буны ҳәм кетти тамақлап,
Ақ сарайда бир турған.
Қуйрықлары дығыршық,
Ай мүйизли ақ қошқар,
Ақ қошқарым бар еди,
Он бир қозым бар еди,
Қамаўда турған жеринде,
Буны да кетти тамақлап,
Бул не болар Қуртқажан?
Отырған жерим ой-шуқыр,
Басқан жерим бай шуқыр,
Бул не болар Қуртқажан?
Есиктиң алды жай қамыс,
Үй артында шоқ қамыс,
Оң қолымда тақ қайыс,
Сол қолымда жуп қайыс,
Бул не болар Қуртқажан?
Жүрегим аўзы музлайды,
Жаман жерим сызлайды,
Бул не болар Қуртқажан?
Жорыйгөргил түсимди,
Жақсылығы өзиме,
Жаманлығы өзинде,
Тоқсан қул баққан күйерде,
Есапсыз қойым бар еди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арқадан келди көк бөри,
Құбладан шықты көп бөри,
Бөлек-бөлек қылды да,
Ҳәр шетинен тийеди,
Қалаға келип жыйылды.
Бир бөлеги бөлинди.
Құблаға қуўып бир кетти.
Шоршып кеттим орнымнан,
Жорыйгөр усы түсимди,
Жақсылығы өзиме,
Жаманлығы өзине,

Қуртқа:

— Ҳаў Сарыша, Сарыша,
Түсиң екен тамаша,
Мен жорыйын түсинди,
Аңсат қылып исинди,
Жана таптың Сарыша,
Жорый алмайтуғын кисиңди,
Жатқан болсаң уйықлап;
Аяқ-қолың туйықлап,
Арқадан келсе көк бөри,
Жаныңды қоймай баратса,
Бос айғырдай ыйықлап,
Ол түсинде көргениң,
Қоблан батыр болмасын.
Сизден өтип бир кетсе,
Алпыс қойым дегениң,
Алпыс еки ҳамелдар, —
Ҳамелдарың болмасын.
Сарайда жатқан жериңде,
Қурбанлық қылып шалмасын,
Таптымбекен Сарыша,
Таппадым ба Сарыша?
Сексен еки дегениң,
Кенес қорың болмасын.
Арқадан келген көк бөри,
Бизиң Қоблан болмасын.
Уйқыда жатқан жериңде,
Қурбанлық қылып шалмасын.
Оң бир қозың бар болса,
Оң бир қозы дегениң,
Оң бир улың болмасын.
Арқадан келген көк бөри,
Ақ сарайға бир кирип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жер менен жексен қылмасын.
Қуйрықлары дыгыршық,
Мүйизлери шығыршық,
Ай мүйизли ақ қошқар,
Алшағыр натшаң болмасын.
Арқадан келген көк бөри,
Қоблан ерим болмасын,
Алдына басшы бир салып,
Ақ сарайға кирмесин.
Постыңа сабан бир тығып,
Дәрўазаға қоймасын.
Төгилген баллар ҳақ қаны,
Енди сени урмасын.
Таптым ба екен Сарыша.
Таппадым ба Сарыша?
Отырған жериң ой-шуқыр,
Гөриләтиң болмасын.
Басқан жериң Байшуқыр,
Көзиңниң жасы болмасын.
Оң қолында тақ қайыс,
Ат қамшысы болмасын.
Сол қолында жуп қайыс,
Ат дизгини болмасын.
Үй артында шоқ қамыс,
Ат қуйрығы болмасын.
Есик алды жал қамыс,
Аттың жалы болмасын,
Жүрегиң аўзы музласа,
Жаман жериң сызласа,
Жаўыр атқа миндирип,
Ат астынан аяғың,
Аяғынды көрпешлеп,
Атларға терис миндирип,
Темир истен өткерип,
Халық бәрине көрсетип,
Бизге туўған қара күн,
Басыңа сениң туўмасын.
Таптым ба екен Сарыша.
Таппадым ба Сарыша?
Арқадан шықса көк бөри,
Қубладан келсе көп бөри,
Тоқсан қул баққан қойынды,
Бөлип алса шетинен.
Қалаға келип қамаса,
Көк бөри болып көринген,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоблан ерим болмасын.
Көп бөри болып көринген,
Қыпшақтың беги болмасын.
Бөлин айдап бир кетсе,
Олжа қылып қызынды,
Қублага қаран айдаса,
Бизге туўған қара күн,
Ол басыңа туўмасын.
Қызың менен улыныз,
Бизиң елге бармасын,
Таптым ба екен Сарыша.
Таппадым ба Сарыша?

* * *

«Қырқ қыз» дәстанындағы Гүлайымның түсин

Сәрбиназдың жорыўы.

Гүлайым:

—Бизиң елге уллы дәртлер жетипти,
Талайлардың ақыл-ҳуўшы кетипти,
Мийўелиден бизлер шығып кеткен соң,
Бирнеше күн уллы тойды берипти.

Бул тойларға көп қонақлар келипти,
Бизлердиң де кеткенимизди билипти.
Соның ушын қанлы тартыс күшейип,
Не биреўлер ылақ ойнап өлипти.

Қылыш кетип, өзи қапты қынаптың,
Кейни жаман қумарпазлық талантың,
Жат еллерден келген барлық шабандоз,
Ўайран еткен жигитлерин Саркоптың.

Баз биреўлер етпес исти етипти,
Дослар жылап, душпан жағы күлипти,
Басылдырып барлық Саркоп жигитин,
Байрақларды жат ел алып кетипти.

Қандай себеп, буны кимлер биледи,
Дослар жылап, душпан неге күледи,
Қабагымды үйиўимниң себеби,
Аз да болса соған арым келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәрбиназ:

Ҳа, қудайым, қудайым,
Қабырғаны сөктиң бе,
Ат суўытып кеткенде,
Абырайды төктиң бе,
Қурсаўлы қара наршалар,
Қалың қарға шөктиң бе,
Мәкан еткен жайларым,
Ойнап-күлген сайларым,
Елсиз-суўсыз қалдың ба.
Қалмақтың ханы Суртайша,
Келип ўайран салдың ба.
Қырып-жойып қаланы,
Қанға былғап даланы,
Қәлегенди алдың ба,
Қайғы менен қарайып,
Қайыстың ба беллерим,
Байландың ба сөйлемей,
Сайрап турған тиллерим,
Қазан урып солдың ба,
Ашылған бағда гүллерим,
Қалмаққа олжа болдың ба,
Саркоптағы еллерим.
Ат астында қалдың ба,
Ата-ана, инилерим,
Душпанға бенде болдың ба,
Менменсиген беглерим?
Усылай зарлап Сарбиназ,
Өзин ар-сар етеди.
Сондай ислер болды деп,
Қызыл гүлим солды деп,
Көз алдынан көп болжаў,
Шабаланлап өтеди.

* * *

«Бозуғлан» дәстанындағы Шолпанайдың түсин

Ақбийкениң жорыўы

Шолпанай:

Жатыр едим уйықлап,
Бас-аяғым туйықлап,
Есик алды көп тоғай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баса қонған көп ноғай,
Өз ықтыярына қоймай,
Арқа жақтан елести,
Қара сур атлы айдарҳа,
Қәҳәр менен жалмады.
Тартты зақғар демине,
Теңселдирди елимди,
Солдырар болды гүлимди,
Жалынсам да тыңламай,
Қайыстырды белимди,
Сарғайтты ақша жүзимди,
Реҳим салмай бәтшағар,
Зимистан қылды жазымды,
Бул не болар Бийкежан?
Босағасын борлатқан,
Керегесин сырлатқан,
Шаңарағы сап алтын,
Ўўығы бар дәнданнан,
Туўырлығы ушыға,
Мақпал үзик жаптырған,
Маңлайшасы тармар,
Алтын баслы ақ орда,
Шаҳаразымға қурылды,
Толы ноғай жыйналып,
Сыбызғы-сырнай урылды,
Жемислерге толтырып,
Дастурқаплар жайыўлы,
Еки пешин қайырып,
Көкирегин айырып,
Атамыз хызмет қылыпты,
Бул не болар Бийкежан?
Жердиң жүзи суў болды,
Сынсыған сарыбас қуў болды,
Қашарына жер таппай,
Жесир-жетим шуў болды,
Өз еркиме кете алмай,
Басымда ғаўға дуў болды.
Еркин бойға жаталмай,
Ишкен асым уў болды,
Бул не болар Бийкежан?
Қайғырарға жоқ қарындас,
Ойнап күлген бәри яр-дос,
Шаҳаразымда жатыр едим,
Сарқып келди қубладан,
Қобаға пәрли қара қус,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғарқылдап қонды қасыма.
Қорғансам да тыңламай,
Қарамады көз жасыма,
Қастып тигип өзиме,
Урар болды дәстипе,
Қандай айбат шексем де,
Ерксиз қонды басыма,
Бул не болар Ақбийке?
Албырадым, адастым,
Қатты қорықтым, жыладым,
Қара шашым тарадым,
Мақсетим болып қол-қанат,
Тум-тусыма қарадым,
Қорғанар болып умтылып,
Тум-тусымды қармадым,
Қыйырдан қыя қараған,
Қулашлы пәрий тараған,
Әлемди шалқып ораған,
Қатты қыйғыр, алғыр қыран,
Тастан қайтпас кескир жәўҳар,
Алтын зире, көз — гәўҳар,
Ашыўына жолыққанға,
Болатуғын ең дүнья тар,
Айбатланған ашыўлы,
Қубладан келди ақсуңқар,
Қара қусқа қарады,
Дәртлериме көп жарады,
Қарсыласқан естен танды,
Қәҳәр менен ақсуңқар.
Қара қусқа пәнже салды.
Бир тартқанда ақ суңқар.
Қустың басын жулып алды.
Қара бүркит жығылды,
Ғапылда пайманасы толды,
Әрман менен жүзи солды,
Қара бүркит жығылып,
Ақсуңқар басыма қонды.
Қубла жақтан жел турды,
Басымдағы тақыям,
Шамал қағып ушырды,
Ели-халқым шуўласты,
Қапталыма тығылды,
Қанатын жайып ақсуңқар,
Шынт менен пәрмана болды,
Бул не болар Бийкежан?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақбийке:

Көзлеримде барды қал,
Жолыңда талай дүнья-мал,
Мен жорыйман түсиңди,
Қулағыңа сал бийкежан.
Бир яр болды сениң дәртиң,
Өлгеншe биз қәўсендериң,
Қабыл қылып көз жасыңды,
Абаданлық екен артыңа.
Ҳақ жеткерип мурадыңа,
Қабыллапты сениң зарыңа,
Қулақ салып тыңлаңыз,
Айтып берейин тымсалын.
Тымсаллайын алдында,
Кимлер достың, ким душпаныңа,
Қулақ салғыл бийкешжан,
Түсиңниң тәғбир тымсалын,
Көрипсеңе ғой нәрсе қоймай,
Алдыңызда не боларын,
Қара сур атлы айдарҳа,
Булт дәў деген душпаныңа,
Қайыстырса белинди,
Солдырса бағда гүлиңди,
Басындағы қайғы уўайым,
Изи қайыр Бийкешжан.
Босағасын борлатқан,
Керегесин сырлатқан,
Алтың баслы боз орда,
Басындағы абырайыңа,
Шаҳаразымға қурылса,
Ишине адамлар толса,
Булт дәўдиң адамынан,
Атаңыздың қорыққаны,
Душпанлар үйиңе толса,
Толы журтты жыйдырса,
Керсенлеп табақ қойылса,
Түсинде той, оңында ғаўға,
Атаңыздың басында,
Азмаз ғаўға болғаны,
Изи қайыр бийкешжан.
Жердин жүзи суў болса,
Суўдың жүзи қуў болса,
Жесир-жетим шуўласа,
Залымнан дәўлет тайғаны,
Тасып келген ылай суў,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған дәўлет айналғаны.
Жеспр-жетим шуўласа,
Оңында қуўанысқаны
Ғайыптан келип бир батыр,
Шын қәўендер болғаны,
Душпаныңның жүзи солғаны,
Түсинде сен жыласаң,
Оңында шад болғаның,
Дәртиңе дәрман табылып,
Исиң оңға айналғаны,
Бул түсиннің бағдары,
Арқадан келген қара қус,
Атаңыздан соратқан,
Дүнья-малын таратқан,
Узақ жерден талап етип,
Аттың басын қаратқан,
Бир көрмеге зар болып,
Ашық болып келатқан,
Булт дәў деген душпаның.
Абат болған уллы шәҳәр,
Душпанына салып қәҳәр,
Қубладан келсе ақсуңқар,
Сарқып келсе алыстан,
Пәнже салса бүркитке,
Жулып алса геллесин,
Басыңа қонса бәтшағар,
Басыңа бахыт қонғаны,
Тымсалы солай бийкешжан.
Ығбалың тазадан жанар,
Лалазардур алма-әнар,
Набыт болып душпаның,
Исиң оңға айланар,
Ҳәўес болып атыңа,
Халқыңнан бир дос табылар,
Басын алса бүркиттиң,
Булт дәўди өлтирип,
Абырайың жабылар.
Саған болар дуўшакер,
Қаплап келген ылай суў,
Сарқып келген ақсуңқар,
Дәўлетиң менен абырайың.
Екеўи теңнен айланар.
Көбейеди сүйген достың,
Душпаның қайта бағынар,
Бул түсиннің бағдары,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тымсалы солай бийкешжан.
Душпаныңа умтылып,
Тулпар мишип сайланып,
Даңқыңа сениң айланып,
Узақ жерден ылғал урып,
Бир қайсар журтыңа келгени,
Шыдай алмай дабылыңнан.
Шын ашық болып сыртыңнан,
Мусылман ўалаятында,
Бабахан патша журтынан,
Бир қайсардың табылғаны,
Булт дәўдиң бағын байлап,
Яр жолында өзин сайлап,
Жамалыңа иши қайнап,
Он мың қолға өзиң байлап,
Қолында семсери жайнап,
Талқанлап жер жүзин жайлап,
Ғайыптан бир батыр келгени,
Ҳәўес болып дийдарыңа,
Қанбақшы боп жамалыңа,
Басын пай тигип жолыңа,
Тай келгендей он мың жанға,
Атыңды тутқан ядыңа,
Шын қәўендер табылғаны,
Бул түсиниң бағдары,
Тымсалы солай Бийкешжан.
Ғайыптан келген қайсарың,
Душпаныңды өлтирип,
Саған не болғаны,
Булт дәўдиң басына,
Ақырзаман салғаны,
Душпаннан елиңди тазалап,
Шын ашығың қосылғаны,
Шынын меннен сорасаң,
Түсиниң солдур бағдары,
Басындағы тақыяң,
Шамал қағып ушырса,
Қыз абырайдан айырылып,
Қубладан ескен қатты жел,
Дәўге қылған уллы той,
Саған мийрас болғаны,
Қыз қәддинен айрылып,
Қатын атағын алғаның,
Талабыңа оңға айналды,
Кейини қуўаныш бийкешжан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тақыяны таслармыз,
Васыца сениң ақ салып,
Келешек жол баслармыз,
Узын таслап ҳалақаны,
Шығарып қайғы паланы,
Басшы етип күйеў баланы,
Тамаша жоллар баслармыз.
Ели-халықты қуўантып,
Көзи жаслыны жубатып,
Тоғыз күн удай той берип,
Уақтымызды хошлармыз.
Ашығыц менен бир қосып,
Қол усласып қайнап-йошып,
Қуўанышқа-қуўаныш уласып,
Орамал сарпай улесип,
Айрылмастай достыца,
Қуда қосқан қостыца,
Ийшалла қуўыстырармыз.
Душпанныц гүли солғаны,
Тилегиц қабыл болғаны,
Халық еткен нәзер салғаны,
Сөзимниц шықпас жалғаны,
Гә жарылқа, гә қарға,
Айтып болдым бийкешжан,
Түсиниц тәғбир тымсалын.

Әне, Ақбийкениц сөзин Шолпанай еситип, қуўанышы қойнына сыймай, орнынан ушып турып, аяғына бас урып, маңлайынан үш мәртебе таўап қылып, исенди айтқан гәпине, даўа табылды дәртине, қушақласып сүйеди, исенип айтқан шәртине. Бозордаға киргизип, түрли жерден билдиц деп, тоғыз түрли жемис қойып, жетпис түрли нан үйдирип, отыз түрли сарпай қойып, қырық кәниздиц «ағласы» деген ат берди. Ҳасыл паршалар кийгизди. Усыныц тәртиби менен болыц деп кәнизлерди бас ийгизди.

* * *

Г ө р у ғ л ы:

Көктен енген беш нәрсениц,
Әўел басы, сәри недур?
Төрти тилли, бири тилсиз,
Басындағы пәри недур?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашық Айдын:

Көктеп енген беш нәрсенің,
Әўел басы бисмилладур.
Төрти китап, бири кишўар,
Бири Жабырайыл перийдур.

Гөруғлы:

Беш-бештен жоқары мешит,
Мешиттиң мийрабы недур?
Ишинде отырған мурғының,
Аты недур, жеми недур?

Ашық Айдын:

Беш-бештен жоқары мешит,
Мешиттиң мийрабы бирдур.
Ишинде отырған мурғының,
Аты Ғәзийип, жеми нурдур.

Гөруғлы:

Ол кимсе отырар төрде,
Мағрыўпат ашарлар дәрде,
Қырық шилтен жәм болған жерде,
Тилиниң әзбери недур?

Ашық Айдын:

Дәрўишлер отырар төрде,
Мағрыўпат ашарлар дәрде,
Қырық шилтен жәм болған жерде,
Ҳақтың лутпы әзбарыдур.

Гөруғлы:

Ол кимсе анадан болды,
Атасына неке қылды,
Рәўшан айтар, Ашық Айдын,
Ери недур, дәни недур?

Ашық Айдын:

Айдын айтар күйди жаным,
Паяны жоқ бул дуньяның,
Адамата Ҳаўааананың,
Ҳәм атасы ҳәм еридур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оне, бул саўал-жуўапты айтысып болғаннан соң Гөруглы: — «Ҳаў, тақсыр, сен ғой меним саўалыма ашықтан-ашық жуўап бердиң, енди, сени пир билемен», — деп сол күни мийман болды. Кеш ятты, ертеси менен таң атты, әлем минаўўар болды.

Алқысса: Булар бул мәслик менен тура берсин, ендиги ғәйти Шралы ханнан еситиң. Юсупбекти Хорезм деген бир қаласына бек қылды. Ахметбекти Хазарыс деген бир қаласына бек қылды. Елинде Нәдир султан деген бар еди, аның бир сулыў қызы бар еди. Оны Ахметбекке атап қойды. Соннан соң Юсупбек Алаўхожа ийшанға, Ахметбек Шайқы шарап ийшанға қол берди. Юсуп-Ахметтиң ҳаўазы Мағрып менен Машырыққа даңқы түсти. Булар бул мәслигинде жата берсин, ендиги хабарды Мысыр патшадан еситиң. Бул журтқа Юсупбек, Ахметбек деген екеўниниң ҳаўазасы түсти, оның Гөззалша деген патшасы бар еди. Оның 360 шәкирти бар еди, күнлерде бир күн Гөззалша жатып түс көрди, түсинде әжайып ис көрди, онда мынандай ҳәдийселерди ушыратты. Ол: ғәзийнесине кирип, бир ләген тилланы басына көтерип баратыр еди, көшениң екі жағынан екі жолбарыс шығып, патшаға тарпа жабысты. Оның екі аяғын мәккам тутып алды. Патша естен айырылып, жер қушақлап жығылды. Тилла жерге шашылды. Аўзынан бир қара қус ушып шығып кетти. Патша бир дем алды, өз ҳалына келмей-ақ оянып кетти, оянса таң атып турған екен. Елатының барлық жас үлкенлерин жыйнап, хожа, қазыларын шақыртып, түсин баян етти. Ҳешким оның түсиниң бағдарын билмеди. Ҳешкимнен жуўап та болмады. Сол жерде бир беги турып патшаға арыз етти: «Әй, султаным, тилла сарайға кәрўап басы Шынмашын шәҳәринен келип түсти, оның үш түйе китабы бар ҳәм өзи Мысыр шәҳәринен хабардар, сол адамды алдырсаңлар, түсиниздиң тәпсинин сол адам табар, — деди.

Патша: — Жәллад! — деди. Еки жәллад таяр болды, жанағы келген саўдагерди қуўып келип, патшаның алдына әкелиўге жиберди. Тез ўақытта саўдагер таяр болды. Бабақамбарды көтерип тахтына миндирди. Өзи пәсте турып, Бабақамбарға қарап, түнде көрген түсин бирим-бирим баян етип турыпты:

Тах үстинде жатыр едим бир кеше,
Еки жақтан еки жолбарыс келдилер.
Жаныма қаст етти меним ол нешше,
Тум-тустан мени қамап турдылар.

Айбатланып маған қарап жуўырды,
Зәҳәринен қәўметлерим бүгилди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көтерген ләгеним жерге төгилди,
Келип турып маған пәнже салдылар.

Жан ашыў, шашырап турдым орнымнан,
Сиз хабар алдыңыз мениң ҳалымнан,
Бир қара қус ушты мениң аўзымнан,
Басымнан айналып көп ўақ турдылар.

Сизлер шердур алдыңыздан өтисип,
Жүрегим ҳәр қашан қайнап питисип,
Оңлы-солдан ләшкер келди жетисип,
Елатым өзиме душпан болдылар.

Гөззал мәдет, жанда рәҳәт қалмады,
Тәнде мәдет, жанда рәҳәт қалмады,
Сорадым тәпсин ҳешким билмеди,
Түсимниң тәпсини баян етиңлер?

Алқысса, Гөззал шаҳ бул түсин баян еткеннен кейин Бабақамбар Гөззалша патшаныń түсин жорып, бир сөз деп турыпты:

Гөззал шаҳым түсиң баян әйлесем,
Юсуп алар шәҳәринди патшайым.
Ойланбайын туўрысынан сөйлесем,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Еки жолбарыс Юсуп пенен Ахметдур,
Босап қалған уллы шәҳәр қаландур,
Бул түсиңиз өз басыңа аламдур,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Көтерген ләгениң сениң жаныңдур,
Жерлерге шашылған қызыл қаныңдур,
Басыңнан қозғалған дәўлет бағыңдур,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Ырасынан айтпақ бизге сүннетдур,
Ҳәрбир айтқан сөзим жанға мәдатдур,
Мысыр булманларда ҳәзирет үмметдур,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Хорезмде барды Юсупбек атлы,
Саз бенен сәўбети сондай ҳәсиретли,
Түсиңде сол болған жолбарыс сүўретли,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп азаплар қылар сениң өзиңе,
Топырақты қуярлар екі көзиңе,
Күнде урып азап берер жүзиңе,
Юсуп алар шәҳәриңде патшайым.

Басларыңды қалап қояр күйдирип,
Көшелериң өлик менен толтырып,
Өз мурныңды өзинизге жедирип,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Шаҳым сениң ираңқиң неге қуўарды.
Аспаннан төрт китап тәҗирим жиберди,
Әлийдиң шәкирти Бабақамбарды,
Юсуп алар шәҳәриңди патшайым.

Алгәрез, бул сөзден кейин Ахметбектиң жүзи қызарып уйқыға мейил болды. Жатып түс көрди. Түсинде бабаға қарап, бир-бир баян қылды:

Бабажан жатыр едим мен аўҳал көрдим,
Еренлер кирдилер түсиме мениң.
Әрептен әкелип бир жыға берди,
Қыйылып шаныштылар басыма мениң.

Еренлер алдыма келип турдылар,
Маған нешше меҳрибанлық қылдылар,
Биреўи арқама пәнже урдылар,
Қамар байладылар белиме мениң.

Ахметбек зинданда жапа шеккенлер,
Көзлеринен қанлы жасты төккенлер,
Айтқыл баба булар кимлер екенлер,
Қос жыға шаныштылар басыма мениң.

Анда Бабақамбар Ахметбекке қарап, көрген түслеринин тәсипин бир-бир баян қылар еди:

Әўел сәҳәр келген сениң қасыңа,
Султан Ўайис пийриң еди жан балам.
Қос жыға шанышқанлар сениң басыңа,
Шаҳимардан пириң еди жан балам.

Минажатлар қылып аспанға баққан,
Сениң ушын көзлеринен жас аққан,
Зинданның ишинде шыралар жаққан,
Ҳәким ата пириң еди жан балам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған яр болыпты ҳәзирети Әлий,
Дарған бабам менен султан ер Үәлий,
Асқар-Мамыт менен Сулайман-Үбби,
Шилтерлердиң бири еди жан балам.

Сениң ушын ыстанатар сарақлап,
Жүрек бағрыңа бәрҳа отларға дағлап,
Юсуп ағаң менен қосылып жылап,
Жамалыңа зар болыпты жан балам.

Алғарез, булар бул сөзден кейин қудаға жылап, тазадан дәрет алып жаттылар. Жатып түс көрди. Түсинде ғайыбы ийсерен қырық шилтер келип қолына үш қызыл гүл берип, арқасына үш пәнже урып, енди ҳеш гәп болмас деп көзинен ғайып болды. Бул түсти көрип, шашырап оянды. Қуўанғанынан барып, Бабақамбарды оятты. Бабақамбар басын көтерип қарап, әй Юсупжан-ай, сениң түсинде көргенлериңди мен оныда көрип, сөйлесип атыр едим, сен ояттың, меним мурадым ҳасыл болмады, деп Юсупбектен саўал сорады. Юсупбек жуўап берди:

Бабақамбар:

Сәҳәр ўақта жатқаныңда,
Тур дегенлер кимлер еди?
Жәннет гүлдиң жапырағынан,
Үзип берген кимлер еди?

Юсупбек:

Сәҳәр ўақта ҳәзир болған,
Бабам Әлий пирлер еди.
Жәннет гүлди үзип берген,
Шәҳимардан пирлер еди.

Бабақамбар:

Муңайып оңы-солыңда,
Ҳасыл қамарлар белиңде,
Нурдан ҳасасы қолында;
Ҳәзир болған кимлер еди?

Юсупбек:

Минген адалат тахтына,
Каба Хусайынның бахтына,
Аспанда дүлдүл атына,
Минген Ахмет пирлер еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабақамбар:

Сәҳәр жаныңа келгенлер,
Арқаңа пәнжелер урғанлар,
Қолыңа үш гүл бергенлер,
Хабар бергил кимлер еди?

Юсупбек:

Пидә болсың бул шийрин жан,
Ереплер болды мийирбан,
Әбиўбәкир, Омар, Оспан,
Қуда сүйген қуллар еди.

Бабақамбар:

Мингени ҳақтың дүлдүли,
Атым әлемге белгили,
Зулны қарлы, қара тоқлы,
Ол ийиқде кимлер еди?

Юсупбек:

Тутар алланы ядыңа,
Табар кеўлиниң шадыны,
Билсең ол елдиң атыны,
Ҳәзирети Әлий пирлер еди.

Бабақамбар:

Зулымлық көрген дүньяда,
Мийнети артып зияда,
Еки ғошшақ шаҳызада,
Хабар бергил кимлер еди?

Юсупбек:

Саўаш етип душпан менен,
Қәр бала да шейит өлген,
Өз басына ғаўға салған,
Ҳәсеп, Үсен гүллер еди.

Бабақамбар:

Саҳралар шеккен наласы,
Қуданың сүйген ол баласы,
Узын бойлы, қара киси,
Айтқыл балам кимлер еди?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсупбек:

Мустафаны достым деген,
Жаны-тәни менен сүйген,
Расиўли липасын кийген,
Султан Ўайис пирлер еди.

Бабақамбар:

Қамбар айтар болдым кәбап,
Қылалмадым изин таўап
Бергил балам маған жуўап,
Мәдет берген кимлер еди?

Юсупбек:

Юсупбекдур көрдим әжеп,
Үйреттилер илим әдеп,
Алаў хожа Шайқы Шарап,
Палўан ата пирлер еди.

Алқысса, андан соң Бабақамбар айтты: «әй Юсупжан, көрген түслериң ырас екен, қолыңа үш қызыл гүл берген болса, үш күннен кейин азат боларсаң, арқаңа үш пәнже урған болса, елине барып, қайтып келип, душпанларыңды алып, мақсет-мурадыңа жетерсең, улым!», — деди. Юсуп — Ахмет бул сөзди еситип, орнынан турып қуллық қылды. Ашық Айдын устазы менен Нәжептиң саўал-жуўап айтысы: Устазы саўал сорайды, шәкирти мәни береди. Еккиси яғлы-бәрли айтысыды.

Устазы:

Әўел бул дүньяға ол пәме келди,
Иним шайыр болсаң мундан хабар бер?
Нени уста туттың неден мәй иштиң,
Иним шәкирт болсаң андын хабар бер?

Нәжеп:

Әўел жатыр едим, турдым жайымнан,
Меннен саўал сорсаң мәни шул болар.
Әўелде дүньяға маныжан қус келди,
Пирим пәтия берсең мәни шул деди.

Устазы:

Нешик геўдеси бар, нешик басы бар,
Үлкен геўдеси бар, улық башы бар,
Үш жүз жигирмада асық жасы бар,
Нәжеп шайыр болсаң андын хабар бер?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәжеп:

Үлкен геўдеси бар, улық башы бар,
Еркек арасында жүрген пәҳири бар,
Ҳәр қанатта үш жүз алпыс ата қуйрық пәри бар,
Меннен саўал сорсаң мәни шул деди.

Устазы:

Ол немедур таң атқанда шоқ болар,
Ол немедур күн шыққанда йоқ болар,
Ол немедур атылмайын оқ болар,
Нәжеп шайыр болсаң андын хабар бер?

Нәжеп:

Ол үркердур сәҳәр ўақта шоқ болар,
Ол жулдыздур күндиз күни жоқ болар,
Ол өлимдур атылмайын оқ болар,
Меннен саўал сорсаң мәни шул деди.

Устазы:

Ол нәмедур арқасында ағзы бар,
Ол нәмедур қанасында мағзы бар,
Ол нәмедур ишпес-жемес ағзы бар,
Нәжеп шайыр болсаң андын хабар бер?

Нәжеп:

Ол дигирман арқасында ағзы бар,
Ол буўдайды қанасында мағзы бар,
Ол дигирман ишпес-жемес ағзы бар,
Меннен саўал сорсаң мәни шул болур.

Устазы:

Ол нәмедур аспан көкке доланған,
Ол нәмедур жерге қарап еленген,
Ол нәмедур қолын жайып тиленген,
Нәжеп шайыр болсаң андын хабар бер?

Нәжеп:

Ол бултдур аспан көкке доланған,
Ол жамғырдур жерге қарап еленген,
Ол жетимдур қолын жайып тиленген,
Меннен саўал сорсаң мәни шул болур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Устазы:

Ол қус қай булақтан барып суў ишти,
Неден ләрзем алып тырнағы түшти,
Неден ләрзем алып теңкири түшти,
Нәжен шайыр болсаң андын хабар бер?

Нәжен:

Ол қус Қаптаўының басынан ушты,
Ушты, Абылайсаң дәрьясынан суў ишти,
Аў қақты, тас қақты, оң аяғының тырнағы түсти,
Меннен саўал сорсаң мәни шул болур.

Устазы турып, балам жетилген екенсең деп пәтиясын берип жуўабын береди.

Ҳамра:

Сәҳәр ўақта жатқанымда,
Тур дегенлер кимлер еди?
Ушлап сениң қолларыңнан,
Жүр дегенлер кимлер еди?

Ҳүрлиқа:

Сәҳәр ўақта жатқанымда,
Әлий бабам тур дедилер.
Ушлап мениң қолларымнан,
Балам жолға кир дедилер.

Ҳамра:

Қай жерге бардылар алып,
Қимлер отырды жай алып,
Пиялаға шарап салып,
Қимлер кесе дер дедилер.

Ҳүрлиқа:

Гүмбезге бардылар алып,
Еренлер отыр жыйналып,
Пиялаға шарап салып,
Пийрим кесе бер дедилер.

Ҳамра:

Ҳамра айтар яд әйлесем,
Сырымды баян әйлесем,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ярым сеннен саўал сорсам,
Неке қыйған ким дедилер?

Ҳ ү р л и қ а:

Ҳүрлиқадур яд әйлесем,
Сырымды баян әйлессем,
Неке қыйған атын айтсам,
Ҳәзирет Омар пир дедилер!

* * *

ХОШЛАСЫЎ АЙТЫСЫ

Ғәрип менен Шасәнемниң хошласыў айтысы:

Ш а с ә н е м:

Буннан кетер болсаң Олен шырўанға:
Бар Ғәрибим саўлық менен келгейсең,
Мен сени тапсырдым қәдир қудаға,
Бар Ғәрибим, саўлық менен келгейсең?

Ғ ә р и п:

Екеўимизди айралыққа салмаса,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен.
Әжел жетип пайманамыз толмаса,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

Ш а с ә н е м:

Сеннен қалып солды бағымныңгүли,
Гүлимнен ушырдым шайда бүлбүлди,
Мәгар ести бизге айралық жели,
Бар Ғәрибим, саўлық менен келгейсең?

Ғ ә р и п:

Мени кетти екен деп шытпа қасыңды,
Қумар ала көзден төкпе жасыңды,
Бир алла онғарсын сениң исинди,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

Ш а с ә н е м:

Буннан кетер болсаң таўлар думандур,
Жамалың көрмесем арзыў-әрмандур,
Айралықтың күни ақырзамандур,
Бар Ғәрибим, саўлық менен келгейсең?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Мени кетти екен деп күйип отырма,
Қызыл жүзиң сен сарғайтып солдырма,
Достың билсин; душпанларға билдирме,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

Шасәнем:

Бунпан кетер болсаң изиң излейин,
Кесип-кесип қара баўырым дузлайын,
Жети жылдың ўәдесини гөзлейин,
Бар Ғәрибим, саўлық пенен келгейсен?

Ғәрип:

Мени кетти екен деп бунша жылама,
Қумар ала көзге ғубар байлама,
Жолым узақ, енди мени еглеме,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

Шасәнем:

Ғәрипжан айтайын, бизде не ҳал бар,
Қим саған жәбир етсе, сен оған жалбар,
Кеўлим қайғы-ғамда, жүз мың қыял бар,
Бар Ғәрибим, саўлық пенен келгейсен?

Ғәрип:

Мен кетер деп түспе қыйын ҳалларға,
Өзинди салмағыл қыйлы-қалларға,
Душпан масқаралап шықса жолларға,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

Шасәнем:

Жол менен барады ярымның жолы,
Пал менен шекерден шийринди сөзи,
Жолында гададур Шааббаз қызы,
Бар Ғәрибим, саўлық пенен келгейсен?

Ғәрип:

Үйден шығып, алма мойнын талдырма,
Азап шегип қызыл жүзин солдырма,
Ғәрипти көз жасың менен өлтирме,
Жылама Сәнемжан, кетсем келермен!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шасәнем:

Шасәнем дер, испы аҳыў — зар болсын,
Душпанларға жақты жаҳан тар болсын,
Қайда барсаң Шаҳимардан яр болсын,
Бар Ғәрибим, саўлық менен келгейсең? —

деп Шасәнем Ғәрипке рухсат берип жибереди[1].

* * *

Ғәриптиң патшаның қысымына ушырап, Бағдатқа кетермен болғандағы Шасәнем менен хошласыў айтысы:

Ғәрип:

Аҳ урып дат етип, бозлап жыладым,
Жыла Сәнем айралықтың күнидур.
Көзиңнен жас төгип, бағрыңды дағладың,
Жыла Сәнем, айралықтың күнидур.

Шасәнем:

Дизеден қуўат кетти, белден мәдәрим,
Қолдан кетти, сабыр менен қарарым,
Енди тәрк әйлеўим, намысым, арым,
Тыйып-тыйып зар жылайман, Ғәрибим.

Ғәрип:

Ғәрип айтар, кетсем жоллар думандур,
Жамалың көрмесем арзыў-әрмандур,
Бүгин айралықта ақырзамандур,
Жыла Сәнем, айралықтың күнидур.

Шасәнем:

Шасәнем дер, баўырым пара қылярман,
Ғумша гүлим ашылмайын соларман,
Гүл жүзиң көрмесем ақыр өлермен,
Енди баўырым қан әйлейин, Ғәрибим.

Шасәнем де Ғәрип менен кетпекши болады. Сонда Ғәрип Сәнемниң кеўлин жубатып, екеўи айтысады.

Ғәрип:

Кеше-күндиз бул ашықтың дәртинен,
Мениң ушын себил болма, Сәнемжан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айра түсип бул журтыңнан, елиңнен,
Менің ушын себил болма, Сәнемжан.

Шасәнем:

Пәлек және айралыққа баслады,
Жыла десең зар жылайын, Ғәрибим.
Мәлемат қайғысын басқа таслады,
Сени қайдан мен табарман, Ғәрибим.

Ғәрип:

Ҳәлек болып ҳәр тәрепке бағыпсаң,
Тилал ҳәйкел өңириңе тағынсаң,
Қолларыңа қызыл қына жағыпсаң,
Жыла Сәнем айралықтың күнидур.

Шасәнем:

Айра түсип бас көтерип бақлайман,
Матам тутып тилла, ҳәйкел тақпайман,
Жүзге қынап, қолға қына жақпайман,
Матам тутып, зар жылайман, Ғәрибим.

Ғәрип:

Айра түсип қайғы менен жүресең,
Енди мен кетемен жуўап бересең,
Енди бизди мәҳшер күни көресең,
Жыла Сәнем, айралықтың күнидур.

Шасәнем:

Енди жуўап, ярым Бағдатқа барың,
Тири болсам мен аларман хабарың,
Қалмағай мәҳшерге ярым дийдарың,
Саў-саламат хош қалғаймыз, Ғәрибим.

Ғәрип:

Зыя-зулпың бешден таллап дүзетпе,
Мени келеди деп жоллар гүзетпе,
Сыр билдирип, душпанларға сөз етпе,
Жыла Сәнем, айралықтың күнидур.

Шасәнем:

Бахты қара еттиң сен ярым болып,
Сен де мен деп себил болдың Ғәрибим.
Кеше-күндиз мәлематқа дус болып,
Сен де мен деп себил болдың, Ғәрибим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Ғәрип айтар, машақат бар арада,
Ҳақ деп әйлесин бәрҳа зыяда,
Жолға түсип жүрип пайыў-пияда,
Сен де мен деп себил болма Сәнемжан.

Шасәнем:

Шасәнем дер, көзден қанлы жас төгер,
Айралық қолынан шарабын ишер,
Нашар синлиң менен күнин кеширер,
Сен де мен деп себил болма Ғәрибим, —

деп хошласып кетеди.

* * *

ҲҮРЛИҚА МЕНЕН ҲАМРАНЫҢ ХОШЛАСЫЎ АЙТЫСЛАРЫ

Хүрлиқа:

Буннан кетер болсаң Мысыр шоҳорине,
Ярым сени бир аллаға тапсырдым.
Алла салды айралықтың дәртине,
Ҳамра сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳамра:

Мени кетти дейип ғамгүн болмағыл,
Тез келермен перийзатым хош енди.
Қызыл гүлдей ирекки йүзиң солмасын,
Қара көзим, шийрин тилим хош енди.

Хүрлиқа:

Келермен деп мениң жаным аларсаң,
Кетермен деп жанға отлар саларсаң,
Бул кеткен соң неше айда келерсең,
Ҳамра сени бир аллаға тапшырдым.

Ҳамра:

Мен көрдим ашықны аҳ менен ўайда,
Барып сабыр қылсаң тилла сарайда,
Өлмесем келермен қайтып үш айда,
Көрискенше сәўер ярым қош енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳ ү р л и қ а:

Шын ашықман йол үстинде қәбирим бар,
Бир алладан беш ўақ намаз қарызым бар,
Жолың қарап үш айғаша сабырым бар,
Бар Ҳамрайым бир аллаға тапшырдым.

Ҳ а м р а:

Ҳамра айтар Хысыраў шаның уғлыман,
Сендек пәрий ушын баўыры дағлыман,
Та көргенше бул ўәдеме бағлыман,
Та көргенше ала көзлим қош енди.

Ҳ ү р л и қ а:

Ашық Ҳүрлиқа дер өтинип зарым,
Мен бүгин ташладым намысым-арым,
Көрискенше болмас сабырыў-қарарым,
Бар Ҳамрайым, бир жаббарға тапшырдым.

2-ВАРИАНТЫ

Ҳ ү р л и қ а:

Муннан кетер болсаң Мысыр журтына,
Ҳамра сени бир аллаға тапсырдым.
Мени салдың айралықтың дәртине,
Ҳамра сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳ а м р а:

Мени кетти екен деп ғамгүн болмағыл,
Тез келермен пәрийзатым хош енди,
Таза гүлдей ашылғанда солмағыл,
Тез келермен пәрийзатым хош енди.

Ҳ ү р л и қ а:

Жыламай нәйлейин кеўлим бузылды,
Муҳаббат рашдасы жаннан үзилди,
Пешанама бул не қысмет жазылды,
Ҳамра сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳ а м р а:

Мени кетти деп болма сәркардан,
Қыз бақышыңа жанымдур қурбан,
Бес күн аман болсын тәнде әзиз жан,
Тез келермен сәўер ярым хош енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳ ү р л и қ а:

Нешше шекдим сениң жәбири-жапаңды,
Сүре алмадым ишратиңди, сапаңды,
Адамзатсаң ҳеш көрмедим опаңды,
Ҳамра сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳ а м р а:

Сениңдей ҳамдандин жуда болғанша,
Өлген яқшы сеннен бирдей қалғанша,
Бийсабырлық қылма тәҳ мен келгенше,
Тез келермен, перийзатым хош енди.

Ҳ ү р л и қ а:

Келермен деп ақыл-ҳуўышым аларсаң,
Кетермен деп жанымды отқа саларсаң,
Ҳала муннан кетиш қашан келерсең,
Ҳамра, сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳ а м р а:

Сенсиз күним кешер аҳ билен ўай да,
Барып қарар етпей жыл билен айда,
Өлмесем келермен және үш айда,
Тез келермен, перийзатым хош енди.

Ҳ ү р л и қ а:

Ҳүрлиқа дер жапа билен жәбирим бар,
Шын ашықпан жол үстинде қәбирим бар,
Аман келсең үш айғаша сабырым бар,
Ҳамра, сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳ а м р а:

Ҳамра айтар бул ярың өзге болмаса,
Әжел жетип сол пайманам толмаса,
Жаным шығып, жолда лашым қалмаса,
Тез келермен, перийзатым хош енди.

3. ТИЛЕК, СОРАЎ — ЖУЎАП АЙТЫСЛАРЫ

* * *

«Алпамыс дәстанындағы Қаражан менен баласы Доспамбеттиң айтысы

Қ а р а ж а н:

Бендем деген халық әйлеген қудирет,
Мен жүриппен сени жалғыз балам деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мендей атаң басгенеңнен айлансын,
Аттың басын иркип турғыл, Доспамбет.

Доспамбет:

Шүү-шүүлеймен, аттың басын бураман,
Мен де ата Баршын қызға талабан,
Дослар болсаң сен болыпсаң өзбекке,
Сол достыңның мен бәтшесин ураман.

Қаражан:

Бедеў жалын ылғаллы күни өрейин,
Қартайсам да хызметинде жүрейин,
Иркип тур атыңның басын Доспамбет,
Арзайым қызды алып берейин.

Доспамбет:

Ким оздырар қарасынан аласын,
Ким береди қолындағы санасын,
Ярым жоқ дилдарым Баршыннан басқа,
Бәлетледим достыңның тапқан анасын.

Қаражан:

Ғазлар қонып, үйрек ушар көлимнен,
Ғайратым қашырма балам белимнен,
Кейниңе жеткерсеңа Доспамбет,
Қыз алып берейин сүйген елиңнен.

Доспамбет:

Ата айтқаныңа қулақ салмайман,
Өз айтқаным болмағанша қоймайман,
Тек ғана Гүлпаршын яр керек маған,
Басқа он мың қыз берсең де алмайман.

Қаражан:

Алпамыс достыма болмасын уят,
Достымның мойнына обалы кадат,
Жалғызым атаңды жеткер кейниңе,
Достымның сиңлисин алып берейин, —
Гүлпаршын сулыўдан он есе зыят.

Доспамбет:

Атлар шаўып бәлент таўда лаланды,
Мен қабыл етпеймен сенин тобаңды,
Атым озса Баршын қызды аламан,
Жаңа таптың ата алдар баланды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәстан менен Арзайымның айтысы

Мәстан:

Минген бедеўим жоласпас,
Дәўлетли жолдан адаспас,
Берсеңе кетейин усы жерден-ақ,
Маған төрлер жараспас.
Қартайған адам шырағым,
Жақсы-жаманды санаспас,
Берсеңе кетейин усы жерден-ақ,
Кемпирге төриң жараспас.

Арзайым:

Ат сүринген хан тасына,
Рәҳим әйле көз жасыңа,
Саўғаға берейин мамажан,
Тилегиң қабыл анажан,
Келгил бери от басына,
Көрмей-көрмей көптен бери,
Сағынып қалыппан жан мама,
Жақынлаңқыра жамбасыма.

Мәстан:

Ат сүринсе хан тасына,
Рәҳим етпеймен көз жасыңа,
Берсеңе кетейин усы жерден,
Маманың бармас от басына,
Атаңның бас душпаны,
Қурымсақтан келген өзбек,
Жараса берсин жамбасыңа.

Арзайым:

Сизди мәстан мама дер ек,
Бизден сизге саўға керек,
Саўға керек болса ана,
Келсеңе бойма беррегирек,
Ақ шашлы алжыған мама,
Өтсеңе бойма төррегирек,
Келсеңе бойма беррегирек?!

* * *

ГӨРУҒЛЫ МЕНЕН ҚЫРМАНДӘЛИНИҢ АЙТЫСЫ:

Гөруғлы:

Суў бойында турған гөззал,
Назлы яр суў бер ишели?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қашы-көзин сүзген гөззал,
Назлы яр суў бер ишели?

Қырмандәли:

Суўымды бермеспен яда,
Дүш, өзиң суўдан ише бер.
Сениңдей көпдур дуньяда,
Дүш, өзиң суўдан ишебер.

Гөруғлы:

Ожа ағдан аша билмен,
Ғәним көрсем йоша билмен,
Мен бир қәсте түше билмен,
Назлы яр суў бер ишели?

Қырмандәли:

Ашық болған кәнден өтер,
Ярдың шийрин ләбин татар,
Қәсте болған үйде жатар,
Дүш, өзиң суўдан ишебер.

Гөруғлы:

Узын-узын обаңызға,
Мийман болсам орданызға,
Қул болайын бабаңызға,
Назалим суў бер ишели?

Қырмандәли:

Узын-узын обам жоқдур,
Мийман алар ордам жоқдур,
Қул боларға бабам жоқдур,
Дүш, өзиң суўдан ишебер.

Гөруғлы:

Биздур Гөруғлы мәрдана,
Емсем ләбиң қана-қана,
Сендей яр тапсам баҳана,
Назлы яр суў бер ишели?

Қырмандәли:

Қырмандәли қыз дийерлер,
Еки көзиңни оярлар,
Сизди бул жерде соярлар,
Турма, бул жерден қаша бер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Эне, бул саўал-жуўапты айтысып болғаннан соң буяғына Гөруғлы ҳеш сөз таба алмай қалды.

— Ҳə-ҳə, Қырмандəлижан! Мен ғо сениң менен келип айтыстым, жеңилдим, енди гүресип шамамды көрейин, — деди.

Гөруғлы менен Базергенниң айтысы:

Гөруғлы:

Уша дағдан дөнип келдим жанына,
Закатыңды бизге бергил, Базирген?
Өзиң себеп болып келдиң қаныңа,
Закатыңды иркилмей бер, Базерген?

Базерген:

Арзыў əйлеп келдим Шамлы белине,
Өзи өлмей закат бермес, Базерген.
Мен қорықмənем ҳəр адамның сөзинен,
Кəлле кетмей, закат бермес, Базерген.

Гөруғлы:

Отыңды аларман екки көзиңнен,
Əзер əйле ғош жигиттиң сөзинен,
Дағлар саза берер Ғайрат зəрпинен,
Закатыңды бизге бергил, Базерген?

Базерген:

Мен нəмəртпен сениң башың алмасам,
Қанлар төгип, журтың ойран қылмасам,
Сайлап сəўген перийзатың алмасам,
Йоқса Шəбистана қайтмас, Базерген.

Гөруғлы:

Бүгин менің ким екеним билмедиң,
Ер йигитниң ерлигини көрмедиң,
Лашың дүзде қалар болды билмедиң,
Тақыйық өлер болдың шул күн, Базерген.

Базерген:

Бүгин сениң ким екениң билменем,
Сениңдей душпанды көзге илменем,
Ҳақтан пəрман болмағанша өлменем,
Өзи өлмей, закат бермес, Базерген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөруғлы:

Гөруғлы айтар пийрим ҳәзирети Әлийдур,
Ҳақтың даргайында сәўген қулыдур,
Мурадым — мақсетим қассап уғлыдур,
Закатыңды енди бергил, Базерген?

Базерген:

Сениң менен бул майданда алыспай,
Қылышласып бир-бир найза салыспай,
Қарсыласып жағаға қол урыспай,
Кәлле кетпей, малын бермес, Базергән.

* * *

«Ерзийўар» дәстанындағы Ерзийўар менен Заўрия қыздың айтысы

Қыз:

Сыйпайсаң тап берген жаңа муртыңды,
Сөйтип қоздырдың сен мениң қуртымды,
Жөн сорасыў бурынғыдан қалған жол,
Маған баян әйле ели-журтыңды?

Жигит:

Мәҳийтабан яңлы мениң гүл жүзим,
Ҳәсен шаның әўладыман мен өзим,
Ҳаслымды мен сизге баян әйлейин,
Журтымды сорасаң мениң Хорезм.

Қыз:

Баян еттиң бала ҳаслы-затыңды,
Оқып көрдим пешанаңда хатыңды,
Атаңыздың аты болса Ҳәсен хан,
Бала баян әйле өзиң атыңды?

Жигит:

Қәҳәриме душпан болған сазыўар,
Хорезмде даңқым асқан баҳадыр,
Қуда боласаң ба сорап атымды,
Атымды сорасаң мениң Ерзийўар.

Қыз:

Бала түсиндиң бе мениң ойыма,
Бойыңды мүнәсип көрдим бойыма,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Маған ылайық ғошшақ жигит екенсең,
Жолың түсип келгенсеңди тойыма?

Жигит:

Гөззалға мүнәсип менің бойым бар,
Бирақ, сеннен басқа бөлек ойым бар,
Саўалыңыз болса сора еглеме,
Қыстаў баратырған қызық тойым бар.

Қыз:

Бала қоя турғыл қыстаў тойыңды,
Басқа жаққа аўдарманыз ойыңды,
Хорезм журтынан келген ғош жигит,
Ашық болдым көрип сәрўи бойыңды.

Жигит:

Қазан урмай ғумшалы гүл солмайды,
Ханның кеўли қарашаға толмайды,
Гөззал меннен қыялыңды кетиргил,
Зернигарға тез жетпесем болмайды.

Қыз:

Билеўгиңди салып алма мойныма,
Мийрин қансып перийзаттың ойына,
Бағыма кир, азырақ арам алып кет,
Кирип жәннет янлы менің қойныма?

Жигит:

Жамалын көрмеге болып интизар,
Мәстан анаңызға болдым гириптар,
Не қылайын қойыныңды, жәннетти,
Зернигар журтында ашық ярым бар.

Қыз:

Ашығыңды қойып мени алмасаң,
Ақ мойныма билегиңди салмасаң,
Анам кийик етсе, мен ийит етемен,
Зийўар мени ҳаялыққа алмасаң?

Жигит:

Алла бағымды ашса қулпы дөнемен,
Әжел жетсе лаўлап оттай сөнемен,
Не болса да ашығымның жолында,
Алла басқа салған иске көнемен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Ашығым деп ара шөлде қыстан ба,
Ашығыңыз перийзат па, инсан ба?
Зернигарда ашығынды баян ет,
Күн көрсетпей жер астында бақсаң да.

Жигит:

Сөйлегенде сөзи шийрин, ләби пал,
Ақ жүзине жарасады қошша қал,
Зернигарда ашығымды сорасаң,
Аманшаның қызы, аты Айнажамал.

Қыз:

Айнажамал болар Гөҳийбулырда,
Барып қызды аламан деп урынба,
Әтирапын тилсим менен бәнт еткен,
Барсаң бәнт боласаң қыздың торында.

Жигит:

Қазам жетсе қызыл гүлдей солайын,
Алла бахтымды ашса тасып толайын,
Излеп барып ашығымның журтында,
Яр бәнт етсе торында бәнт болайын.

Қыз:

Дәўлерди бәнт етип қойған жолында,
Әждарҳа дем шеккен оңы-солында,
Барып алалмайсаң Айнажамалды,
Барған менен бәнт боласаң қолында.

Жигит:

Ашықлардың бул дүньяда баўыры қан,
Жол таба алмай болдым шөллерде сарсаң,
Кийик болдым, сол анаңның қолында,
Яя жолында менде жоқты ҳеш пәрман.

Қыз:

Бағларында бүлдиреди мурғызар,
Оянады уйықлап жатқан залымлар,
Тутып алар дәўи менен периси,
Болма батыр залымларға гиритар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Саўаш күни қылышымнан ағар қан,
Өжел жетпей тәннен шықпас шыбын жан,
Тутып алса мени дәўи, периси,
Яр жолында өлген мәртте не әрман?

Қыз:

Араладым ҳәсер таўдың тасыны,
Алған екен ондай шайтан ҳуўышынды,
Ҳәлек болып батыр, қалаға барсаң,
Дәў периси кәбап етер гөшинди.

Жигит:

Қулақ салғыл Заўриядай перийзат,
Шын ашықлар ҳеш болмайды биймурат,
Мен интизар Айнажамал арыўға,
Нәсиятың бизге болар бул күн дәрт.

Қыз:

Есит Зийўар мениң айтқан дадымды
Сормаспысаң ләпте шекер-қантымды,
Ашық қушағыма қайрылмай кетсең,
Умытпаспан сениң берген пәнтинди.

Жигит:

Атым Зийўар, өзим палўан, батырман,
Қаймықпаспан сендей ғәлет қатыннан,
Қолдан келсе кескил мениң басымды,
Мен өлейин сол ярымның артынан.

Қыз:

Қыялмайын саған айттым нәсият,
Ашықлықтан жүрегимде жанар от,
Бир пери деп кеше бердиң жаныңнан,
Қәҳәрленсем мен саларман саған дәрт.

Жигит:

Душпан титирер мениң Зийўар атымнан,
Қоллар салдың палўаныңның бәнтинен,
Айнажамал қызды көрмей жаҳанда,
Мен сүймеспен басқа ләби-қантынан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қ ы з:

Анамның қолынан әйледим азат,
Меннен жақсы емес, онда перийзат,
Сал мойныма ақ арыстай билегиң,
Бул дүньяның қызығын көр адамзат.

Ж и г и т:

Ҳәй, Заўрия! Қулағың сал зарыма,
Айнажамал қызды қушсам баўрыма,
Тыңламайман айтқаныңды бәрибир,
Наҳақ қалма мендей мәрттиң қанына.

Қ ы з:

Ашықпан, сөзлерим бир саған минай,
Менде бардур алтын, гүмис, ақсарай,
Жылўа менен киргил мениң қойныма,
Өлмекте адамға емести оңай.

Ж и г и т:

Сен ҳәм жанан, ақ жүзиңде барды қал,
Баўырың тилип, маған болма интизар,
Қолыңнан тутпаспан жақты дүньяда,
Қойнына кирмейинше сол Айнажамал.

Қ ы з:

Дүньяда ашықтың ўәдеси жалған,
Анам кийик қылса, қыламан ҳайўан,
Қайтармағыл гүлдей болған кеўлимди,
Бир ақшам сүрейик еккимиз дәўран?

Ж и г и т:

Мен билермен ашықлықты жаман дәрт,
Ақ сийнеңе жараспаған тилла бәнт,
Таҳамсаң дүньяның сәўбет жүзинде,
Тилим алсаң таң атқанша арман жат.

Қ ы з:

Мойнымдағы алтын ҳәйкел тумарым,
Сендей мәрт деп пидә болды бул жаным,
Ләптен тислеп, тилден сормай палыңды,
Бул Заўрия бос жибермес дийдарың.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Атым Зийўар, мәңги дуньяда сәрбар,
Сендей қызға мен смеснен миясар,
Бул дуньяда ашықлықтан әрман жоқ,
Өзиме урарман қайғылы қанжар.

Қыз:

Атымдур Заўрия, дуньяда жанан,
Адамына шийрин болар жалғыз жан,
Ақ билегим енди салдым мойныңа,
Еки ашық өлсе жоқты ҳеш әрман.

Жигит:

Батырман, питкенди маған күш-қуўат,
Мен өлсем басыңа болар көп мийнет,
Ыразыман енди сениң өзиңе,
Қазама қалмайжақ болсаң ары кет.

Қыз:

Кеўлиме келипти бир бөлек гуман,
Көзлерим сарғайды қурып ҳәл-дәрман,
Урдым қушақ қылдай болған белиңе,
Баўырыңа кирип өлсем жоқ әрман.

Заўрия қыздың Зийўар бағына кирген ўақыттағы оны менен ҳал сорасып айтысқаны:

Қыз:

Сен шығыпсаң Хорезмнен жалғыз бас,
Ашықлық зәҳәри болар жанға қас,
Жанында турғанда мендей перийзат,
Не себептен көзге алдың қанлы жас?

Жигит:

Арзымды еситкил гүл жүзли жанан,
Ашықлық дегениң көргенше жаман,
Салдың мойныма жумыры билегиң,
Баг емес, гүл емес, ойынын зиндан.

Қыз:

Сени көрип еснегенди әреби ат,
Ер жигит көрмесин дейди машақат,
Сен кетерсиң сәўбетимнен айырылып,
Заўрияны қалдырарсаң биймурат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Биймурат болмағыл жаным Заўрия,
Еккимизге тарлық етпес бул дүнья,
Қыймай турсаң, жолдас болғыл биз бенен,
Еле де кешермиз бир неше дәрья.

Қыз:

Бир сен ушын болмас меним тақатым,
Мудам саяңызда жүрмек мақсетим,
Ҳаслы затым айтсам, — өзим дуўахан,
Мен билермен сол жоллардың сыпатын

Жигит:

Ашылған сениң де бағдағы гүлиң,
Мен билермен жалғаншыда қәдириң,
Ҳешўақ қайтпас ғош жигиттиң қәдеми,
Ыразы болсаңыз биз бенен жүриң?

Қыз:

Жарқырайды өңиримде тумарым,
Жолларында пидә болар бул жаным,
Мәртлигинди мен билгенмен Ерзийўар,
Бирге жүриў сениң менен қумарым.

Жигит:

Қолларыңнан иштим кесалап шарап,
Ҳаялсаң, жүрсеңиз жоллары жырақ,
Ашықлықтың зиндан болар қумары,
Атланайық Заўрияжан тезирек?

* * *

Ғәриптиң жүзиниң солғын, кеўлиниң қапалығын анасы көрип, баласының бундай аўҳалға қалай түскенлигин сорап, баласының анасына берип турған жуўабы:

Анасы:

Не себепли сениң кеўлиң сыныққдур,
Улым не себепли қапа боларсаң?
Менин баўырым қанлар жутып қалып тур,
Улым не себепли қапа боларсаң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баласы:

Қобам бүгин ести айралық жели,
Қайғы шекпей неге кеўлим шад болсын,
Ашылмады мениң бағымның гүли,
Қазан урды, неге кеўлим шад болсын.

Анасы:

Сени көрип мениң шадлығым қашты,
Бағларыма қонған бүлбүлим ушты,
Басыма не ғаўға, не ҳәсирет түсти,
Жалғызым не себеп қапа боларсаң?

Баласы:

Мектеп жайға мениң келмеди ярым,
Кеўлим иренжип кетти, сабыр қарарым,
Анажан тыңлағыл бул аҳыў-зарым,
Кеўлимде қайғы бар, неге шад болсын.

Анасы:

Сениң иренжигениң көрмесин көзим,
Сен мениң айымсаң, кеше күндизим,
Мадәрим, қуўатым, қозым жалғызым,
Улым не себепли қапа боларсаң?

Баласы:

Анажан рейим етип сорасаң ҳалым,
Кеўлим мың қайғыда, жоқты дәрманым,
Қайғыда бүгилди бул қәдди далым,
Кеўлимде қайғы бар, неге шад болсын.

Анасы:

Улым неге ҳалың қарап болып тур,
Ҳалың көрип баўырым кәбап болып тур,
Көп қайғы мийнетте бийтап болып тур,
Улым не себепли қапа боларсаң?

Баласы:

Нам-қайғы ҳәсиретке жүрип қулманам.
Кеўлимде сабырым жоқ ларзандур тәним,
Мектеп жайға келмес болды Шасәнем,
Айра түстим, неге кеўлим шад болсын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анасы:

Ғам шекпегил басыңа төменге салып,
Ғам-гүн болсаң кетер дәртим қозғалып,
Хош бол, улым, берсем ярынды алып,
Улым не себептен қапа боларсаң?

Баласы:

Ғам шеккели қызыл жүзим солып тур,
Шааббаз шаҳы мәсләҳәтлар қылыпдур,
Шасәнемди бизге бермес болып тур,
Енди нетип мениң кеўлим шад болсын.

Анасы:

Шаҳ ислеген болса бул мәсләҳәтти,
Сизлерге қылар ма дағы пурҳаты,
Бардур шаҳ тилинен мөрли тил хаты,
Алып беремен, неге қапа боларсаң?

Баласы:

Мен жыларман қара баўырым дағлайып,
Ярым менен айралықта шағлайын,
Сәнем келмес болып кетти жығлайып,
Енди мениң кеўлим неге шад болсын.

Анасы:

Абадан дер, сениң исиң етермен,
Енди мен егленбей шаҳқа кетермен,
Бермес болса,берген хатын тутарман,
Улым не себепли қапа боларсаң?

Баласы:

Ғәрип айтар, буннан басқа исим жоқ,
Ҳәмдамым Сәнемжан, теңим-досым жоқ,
Сәнемди көрмесем зәрре хошым жоқ,
Кеўилде рәҳәт жоқ, неге шад болсын?!

Бул сөзди айтысып болғаннан кейин анасы: «қапа болма, ярынды алып беремен», — деп Шааббаз ханға жүрип кетти.

Шасәнем сол жүрисинен таўлықта шопанларға гезлесип, олар менен сораў-жуўап айтысады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шасәнем:

Мудам шөллерде гезерсең,
Ғәрипжанды көрдиңиз бе?
Шопан алланы сүйерсең?
Ғәрипжанды көрдиңиз бе?

Шопан:

Сейил етип шықсам бәлент,
Ғәрип таўдан асты, Сәнем,
Еки етеги белинде,
Ғәрип таўдан асты, Сәнем.

Шасәнем:

Қайғы менен өмирим өтер,
Ғәрип қай мәнзилге жетер,
Бир дилбардың қолын тутар,
Ғәрипжанды көрдиңиз бе?

Шопан:

Ышқы отына баўырын дағлап,
Гәҳи күлип, гәҳи жылап,
Өз-өзинен ғәззел жырлап,
Ғәрип таўдан асты Сәнем.

Шасәнем:

Ышқы отына жанды жаным,
Кимге айтайын арзы-ҳалым,
Ҳәмдемим-диним ийманым,
Ғәрипжанды көрдиңиз бе?

Шопан:

Ышқы отына жанып писип,
Ярың сеннен үмит үзип,
Сергиздан шөллерди гезип,
Ярың таўдан асты Сәнем.

Шасәнем:

Шасәнем дер, бәҳәр-жазы,
Көллеринде қуба ғазы,
Мен де Шааббаз қызы,
Ғәрипжанды көрдиңиз бе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шопан:

Шопан дейдилер атыма,
Көп сөзлер салдың ядыма,
Ҳақ жеткерсин мурадыца,
Ғәрип таўдан асты Сәнем.

Шопан, қыз менен дәсме-дәс қосық айтысып болғаннан кейин қыздың басына қараса, басында жығасы барын көрди.

Шасәнем Ақша менен екеўи күлисип киятырған ўақытта, булардың алдынан атларын ойнақшытып киятырған еки атлы жигит дус келди. Жигитлер: — Бул еки перини бизге қудай берген шығар. Ҳәр қайсысын бир-бирден атымзға миндирип кетейик, — деп жанына келип қараса, Шасәнемниң басында жығасы барын көрди. Буларды зорлық менен алып кетип болмас. Булар менен бир-еки аўыз сөйлесейик, — деп Шасәнемге қарап, бег улы екеўи дәсме-дәс айтысады.

Бег улы:

Арыз етип келдим Сәнем қасыца,
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?
Қабыл етсең, Сәнем барсам қасына,
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?

Шасәнем:

Хош келипсиз, беглер, айып етпеймен,
Диярбәкир жайда ярым бар мениң.
Ярым таслап, өзге ярға кетпеймен,
Диярбәкир жайда ярым бар мениң.

Бег улы:

Айтың қызлар, арзы-ҳалың көрейин,
Егер кийсең ҳүлле тоным берейин,
Жүзлеп-мыңлап атам малын берейин,
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?

Шасәнем:

Бир тилегим барды қәдир алладан,
Ант ишиппен беглер олла-билладан,
Кешкен менен малы-мүлик, тахты тилладан,
Ўәде берген сәўер ярым бар мениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бег улы:

Айныма гәпиңнен, мен бир мәрт уғыл,
Мәрт улынан қашпа, мени қабыл қыл,
Бул ислерди ойланып көр өзиң бил.
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?

Шасәнем:

Көллердиң сонасы, қуба ғазыман,
Ғәрип сәўер ярдың бәҳәр-жазыман,
Диярбәкир Шааббаздың қызыман,
Ўәделескен сәўер ярым бар мениң.

Бег улы:

Ырасын сөйлесем бағдың гүлимен,
Бағларда бүлбүлдиң шийрин тилимен,
Гә ақыллы жигит, гәҳий дәлимен,
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?

Шасәнем:

Гәҳи ғамгүн болсам, гәҳи шадбан мен,
Ғәрипсиз мен бунда қарар етпеймен,
Кеше күнлер мунда сапар етпеймен,
Излеп жүрген сәўер ярым бар мениң.

Бег улы:

Бег улы ар етер халайық бары,
Арзы етейин Сәнем, шекермен балы,
Сени көрип кетти тәним мәдәри,
Биз екеўдиң бирин қабыл етесең?

Шасәнем:

Шасәнем дер, жатсам бир аўҳал көрсем,
Түсимде ярымның қасында болсам,
Ярымнан сорасам бәлки жалбарсам,
Деген қыялымда зарым бар мениң.

Ақша менен Ғәриптиң айтысы:

Ғәрип:

Басыңнан айналай Гүлнаҳал ана,
Не себептен түстиң бундай жолларға?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шасәнемниң аўҳалынан, ҳалынан,
Сөйле, қурбан болай шийрин тиллерге?

Ақша:

Сениң ушын Диярбәкир журтынан,
Белди байлап түстим бундай жолларға,
Сәнем көп жылады сениң дәртиңнен,
Көз жасы қосылды жамғыр селлерге.

Фәр'ип:

Қайда барып, қаяқлардан келерсең,
Не хабар келтирдиң, не сөз билерсең?
Бул жерлерде сен не излеп жүрерсең,
Сөйле, қурбан болай шийрин тиллерге?

Ақша:

Узақ жолдан сени излеп келемен,
Бир дәртли дилбардың дәртин билемен,
Дилбардың тилинен хабар беремен,
Белим байлап түстим узақ жолларға,

Фәрип:

Ол бийопа мени жырақ әйледи,
Сийнеме от салып, пырақ әйледи,
Ярым барар жолын узақ әйледи,
Сөйле, қурбан болай шийрин тиллерге?

Ақша:

Бийшара әжиздур таба алмас өзи,
Баўыры кәбап болып жаслыдур көзи,
Қант пенен шекерден шийриндур сөзи,
Азар жетти ақ жүздеги қалларға.

Фәрип:

Бир күни еситип душпанның сөзи,
Жүзин терис қаратты Шааббаз қызы,
Шәҳәрден шығарып қуўдырды бизди,
Дәрбедер әйледи елдеп-еллерге.

Ақша:

Не сөз келип кетер ашық тилине,
Себеп пенен түстиң ғамның елине,
Қондырмайын ғарға-ғузғын гүлине,
Барып бағман болғыл таза гүллерге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Ақша ҳәргиз бармайман бундай нәмәртке,
Ол мени салғанды таўсылмас дәртке,
Және мени қоймасаңлар бул жерде,
Бас алып кетемен басқа еллерге.

Ақша:

Неге бундай ашшы сөзлер айтасыз,
Сиз кеткен соң бағың қалды ийесиз,
Бир сөз бенен бунша ғамлар жутасыз,
Журиц бағман болғыл таза гүллерге.

Ғәрип:

Кеўил қусы пәрўаз етип ушпасын,
Ашық болған бир ықрардан кешпесин,
Сәнемниц жузине жузим түспесин,
Кеш әйлеп кетермен жолдан-жолларға.

Ақша:

Сени қуўып жиберген соц жайыцнан,
Сәнем бийқарардур аҳыў-уўайымнан,
Кел Ғәрибим, қайтқыл енди ырайыцнан,
Бир мийриўбет әйле, ғамлы қулларға?

Ғәрип:

Енди мен бармаспан мәнзил-мәканға,
Отлар салды кеўил ишинде дуканға,
Қоймаға, жүрмеге бунда мәстанға,
Бир бүлбүлмен қонсам басқа гүллерге.

Ақша:

Қайда барсаң бирге алып бар мени,
Та алып кетейин, кетпеймен сени,
Сәнем сенсиз күйер тән менен жаны,
Енди сен саларсан қыйын ҳалларға.

Ғәрип:

Ғәрип ашық жетпес сениц дадыца,
Бул сөзлерди айтып кеўил шадыца,
Мени кетеди деп салма ядына,
Салмағыл кеўилди қыйын жолларға?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақша:

Гүлпаҳалдур менин менен кетпесең,
Шасәнемнин мақсетине жетпесең,
Айтқан сөзди Фәрип қабыл етпесең,
Мен де кетпес болдым қайтып еллерге!

Екеўи бул сөзди айтысып болғаннан соң, Ақша айтты: — «Сен бармасаң, мен де бармайман. Ашық-машығының сөзин ҳәкиске алыў керек емес. Шасәнем сениң аяғына кирген тикенди маңлайы менен алғысы келеди. Сениң жаныңа зыян жетпесин, душпаннан басын аўлақ сақласын,» — деп қуўалады. Ҳәр не болса да, ден саўлық жақсы. Бул ўақытта Шасәнемнин тирилиги гумана, — деп Ақша Шасәнемнин арзы-ҳалын баян қылып, Фәрипке жалынып сораўларына жуўап берип турганы:

Ақша:

Қулақ салғыл Фәрип менин арзыма,
Шасәнемжан айтар, келсин Фәрибим?
Қалмағайсыз қыяметтин қарызына,
Шасәнемжан айтты, келсин Фәрибим?

Фәрип:

Ақша маған бундай сөзлер демегил,
Яр мени сүймесе неге барайын?
Мен бармайман, қайғы-ғамды жемегил,
Яр мени сүймесе, неге барайын?

Ақша:

Сәлемин жиберди ол гөззал сәрўар,
Әлиптей қәўмети сәрўи-санаўар,
Аҳ урса аўзынан шығар түтинлер,
Шасәнемжан айтты, келсин Фәрибим?

Фәрип:

Сәнемжанның бизге өткенди дәрти,
Енди яд етпеймен ондай нәмәртти.
Келсин десе неге қуўып жиберди,
Ол мени сүймесе, неге барайын?

Ақша:

Сәлем деп жиберди ол гөззни қасы,
Көз жасын ағызды Мухит дәрьясы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенсиз коринбейди паны-дуньясы,
Шасәнем жан айтты, келсин Гәрибим?

Ғәрип:

Шасәнем билмеди етер исини,
Бийҳуда ағызды көзде жасыны,
Және барсам ол етеди исини,
Яр мени сүймесе неге барайын?

Ақша:

Сәлем деп жиберди Сәнем жолдасың,
Оның көз жасынан қутылмас басың,
Сен бармасаң өлсе, керек сырласың,
Шасәнемжан айтты, келсин Ғәрибим?

Ғәрип:

Өзи келсе келсин-ҳәргиз бармайман,
Егер келсе бул ўатанда турмайман,
Турағойсам оның жүзин көрмеймен,
Бийопаны излеп неге барайын?

Ақша:

Ақша айтар, алып кетермен бирге,
Изиннен қалмаспан барсаң ҳәржерге,
Тәўбе қылды саған қатты сөйлерге,
Шасәнемжан айтты, келсин Гәрибим?

Ғәрип:

Жүрип гездим барлық жердиң жүзини,
Дәрт пенен өткердим қысы-жазыны,
Ғәрип айтар, көрмес едим жүзини,
Сениң ушын енди барсам барайын.

Екеўи бул сөзди айтысып балғаннан соң Ғәрип Ақшаға айтты: Ғәрип пенен Ақшаның сораў-жуўап айтысы:

Ғәрип:

Сөйле апа, шарқы пәлек әлиден,
Еситкениң бир-бир баян дегейсең?
Шасәнемниң аўҳалынан, ҳалынан,
Бирим-бирим бизге баян дегейсең?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақша:

Мени сорасаң Диярбәкирдән келдим,
Сәнем көп жылады, Фәрип келсин деп,
Себеп солдур мени саған жиберди,
Сәнем көп жылады Фәрип келсин деп.

Фәрип:

Мени кетеди деп үмит етпегил,
Бул сөзлерди апа маған айтпағыл,
Сәнем ушын көп жапалар шекпегил,
Фәриптиң кетпегин гүман дегейсең.

Ақша:

Жәбири жапа шекпек ҳеш буннан өтпес,
Ашық болған машығыны умытпас,
Жапа шекпей ашық муратқа жетпес,
Сәнем көп жылады Фәрип келсин деп.

Фәрип:

Бир гүл едиң Сәнем ушын солыпсаң,
Узақ жолда жол азабын көрипсең,
Мени излеп апа мунда келипсең,
Фәриптиң келмегин гүман дегейсең.

Ақша:

Ашық деген мине сондай болар ма,
Өзи ярын қойын, қарсы турар ма,
Сәўер ярын зар жылатын қояр ма,
Сәнем көп жылады, Фәрип келсин деп.

Фәрип:

Фәрип ашық, бүгин арыз әйлесем,
Үмит етемен Сәнем жанына барсам,
Әжел жетип бундай пайманам толсам,
Дийдар қыяметке қалды дегейсең.

Ақша:

Ақша айтар; кеўлиңдеги қыялы,
Сен бармасаң шығар Сәнемниң жаны,
Қыяметте мойынындадур обалы,
Шасәнем жылады, Фәрип келсин деп.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бунан кейин де Ғәрип Шасәнемге болған өкпесин айтып, Ақша менен былай саўал жуўап айтысады:

Ғ ә р и п:

Айтайын есит қәне, бул қандай аламатдур,
Ол онда күйип жылар айрым мырағытдур,
Ықрарына сақ бол жоқ сени хабахатдур,
Басында қырық мың лас ҳәр түнде қыяметдур,
Ол онда жапа тартар, исенгени бул рәҳәтдур.

Ол Сәнемжаным жаныма жапа қылды,
Досларға опа қылып, душпанларға жапа қылды,
Удайы ол маған қандай опа қылды,
Өзинде шапағат жоқ, ғамнан мени ада қылды,
Ғам менен қылып ҳәмдем күйинишде гада қылды.

А қ ш а:

Ол онда болып ҳижран жаныны қылын қурбан,
Ишаратта көзим гирияп кеўлинде әрман,
Ышқы жамалындадур дәртиме керек дәрман,
Сен мында болсаң, нәйлейин гада-гирияп.

Ғ ә р и п:

Мен бунда болып наламды қылып талан,
Ол маған былай жан күйдирип тур мени жанан,
Қоймаса мени ол жанан мүшкили ансан,
Бул дақ жуда қылды кеўлиме қойып ҳижран,
Ол жоқ жапасында жаныма жапа қылды.

А қ ш а:

Ол гә онда мақтасың, гә бунда рәҳәтте,
Ол онда перийзатдур, сен ғам пырағында,
Сен ҳәсиретте, ол онда мәлематта,
Ашығың кеше-күндиз сен ушын жарақатта,
Жүргил кетели тез, саған не парахатдур.

Ғ ә р и п:

Ол яр маған салды жапа исини,
Мени күйдирип тур, бермей күшини,
Ол тас жапа менен кеўлиме урып тисини,
Кеўлимди қалдырды кеўил бир неше,
Ғамның ерки менен ким қәдиримди жат қылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақша:

Ақша қылады зар, жүргил кетейик деп,
Ол бир дилбар жананы дадына жетейин деп,
Рәўшан қылармаи көзии барсам сени мен алып,
Бүлбүлгөя болып, баґда сайра сеи Ґәрип,
Ол оида жана тартар, саґаи не парахатдур.

Ґәрип:

Айтар Ґәрип, әй Ақша, ышқым мени қарап етти,
Ол ярґа рәҳим етели, буиша ґәзеп етели,
Ол ушын аямай жанымды қурбан етели,
Удайы пырағында өмиримди ада қылды.

* * *

Шасәнем менен Әзберхожаның сораў-жуўап айтысы:

Шасәнем:

Сөйле сен, Базерген қайдан келерсең,
Көрсең-билсең Ґәрибимнен хабар бер?
Ырасын айт, болмаса хожам өлерсең,
Көрсең-билсең Ґәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Қылмысым не болды, недур гүнайым,
Сабыр әйлегил, саўдур, келер Ґәрибиң,
Мәканым айтайын, Әлендур жайым,
Сабыр әйлегил, саўдыр, келер Ґәрибиң.

Шасәнем:

Ол кеткели кеўил бәрҳа уўайымда,
Байларґа аҳ әйлемектен не пайда,
Мен билмеймен, Ґәрипти жүргеиин қайда,
Көрсең-билсең Ґәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Мен шыққанда Ґәрип Әлепте еди,
Сениң ушын ол да талапта еди,
Зинҳарлап сәлемин айтып жиберди,
Сабыр әйлегил, саўдур, келер Ґәрибиң.

Шасәнем:

Әлепшырўан барсаң болайық жолдас,
Көзимнен аґады қан орнына жас,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қабыл еткил хожам, болайық ғардаш,
Көрсең-билсең Ғәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Бизиң менен кетсеңиз, атаңыз билер,
Ҳүким етер беглерге, тутарлар алар,
Бизге сум өлимниң саўдасын салар,
Сабыр әйлегил, саўдур, келер Ғәрибиң.

Шасәнем:

Суққар қусым, қаршығамды алдырдым,
Ғаўғасына жүрек-баўырым тилдирдим,
Қызыл жүзим запырандай солдырдым
Көрсең-билсең Ғәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Онда қандай бир ўәдеге бағлыдур,
Сениң ушын жүрек-баўыры дағлыдур,
Сениң ушын ол бийшара дәлидур,
Сабыр әйлегил, саўдур, келер Ғәрибиң.

Шасәнем:

Я бир жат үлкеде себил болды ма?
Я бир бийопаға кеўил берди ме?
Я әжели жетип ярым өлди ме?
Көрсең-билсең Ғәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Ярыңның кеўлинде дағ ҳижрандур,
Сениң ушын кеўлинде от жанғандур,
Өлди деп ғам жеме, ярың амандур,
Сабыр әйле, Шасәнем, келер Ғәрибиң.

Шасәнем:

Шасәнем дер, пәлек айра салды ма,
Я билмеймен, ярым кеўли қалды ма,
Ғәрипжаным бунда келмес болды ма,
Көрсең-билсең Ғәрибимнен хабар бер?

Әзберхожа:

Әзбер айтар, ярың жапа шегипдур
Көзлеринен қанлы жасын төгипдур,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сапар эйлеп який мунда шыққандур,
Сабыр эйле Шасәнем, келер Ғәрибиң.

Әзберхожа есине келип, кеўли хош болып:

— Қәне Шасәнем, ырасын сөйле, — деп Шасәнемге саўал берип, алма-гезек айтысып тур:

Әзберхожа:

Не десең де алғыл тилегениңше,
Миннетдарман, таўып бергил ярымды,
Мени бүйтип ойнап сынға салғанша,
Миннетдарман, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Мениң мақсетимди өзиң билесең,
Зар етемен таўып бермей ярынды,
Мениң бир мақсетли исим қылмасаң,
Зар етемен, таўып бермей ярыңды.

Әзберхожа:

Бул шийрин жаныма салмағыл ойран,
Басыңа айлансын дәўлетли заман,
Мақсетиңди қудай берсин Сәнемжан,
Миннетдарман, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Әлбетте, мақсетке қудай жеткерер,
Ерк өзиңде, ҳәрне қылса ол билер,
Ўәдеге ылайық кеўил ис етер,
Ол болмаса таўып болмас ярыңды.

Әзберхожа:

Сөйле Сәнем, ҳарап етпегил ҳалым,
Көрип рәҳим етегөр, жоқты шыдарым,
Ырасын айт, берейин бар дүнья-малым,
Миннетдарман, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Дүнья-мал дегениң менде бәри бар,
Не керегиң болса меннен табылар,
Маған сениң дүнья-малың не дәркар?
Бул сөз бенен таўып болмас ярыңды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әзберхожа:

Ағызба Сәнемжан көзимпен жасым,
Таўып бергил ол өмирлик жолдасым,
Сәнем есигинде қул болсын басым,
Қулың болай, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Хожам бул сөзиңе ҳеш кеўлим толмас,
Бул сөз бенен сәўер ярың табылмас,
Пайғамбар әўладын қул қылмақ балмас,
Бул сөз бенен таўып болмас ярынды.

Әзберхожа:

Дүнья-малым берсем оны алмайсаң,
Қул болайын десем қабыл қылмайсаң,
Ярым таўып берип, кеўлим алмайсаң,
Кеўлим алып, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Мен неге айтарман кеўил хошыны,
Қул қыласаң хожазада басыны,
Сөз сөйлейсең билмей истиң көзини,
Бул сөз бенен таўып болмас ярынды.

Әзберхожа:

Мен не қылып кеўил хошын билейин,
Сөзим басқа шықты не ис қылайын?
Әзбер айтар, ярынды алып келейин,
Миннетдарман, таўып бергил ярымды?

Шасәнем:

Сәнем айтар: әўел айтпадың бул сөзди,
Ярың берип хошўақ етермен сизди,
Алып кел Ғәрипти, шад етип бизди,
Мен де шад әйлейин таўып ярымды.

Шасәнем Ақша менен Әзберхожаның сөйлесиўине жәрдем етти.

* * *

Ғәрип пенен Әзберхожаның саўал-жуўап айтысы:

Ғәрип:

Садағаң кетейин гүлжүзли хожам,
Хожам, менің ярым сен қалай көрдиң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашықлық өртеди күндиз ҳәм түни,
Хожам мениң ярым сеп қалай көрдиң?

Әзберхожа:

Сениң ушын Сәнем жылап жүрипдур,
Айралықтан иренжип, мийнет көрипдур,
Бийықтыяр Шаҳўалатқа берипдур,
Мен сениң ярыңды тап солай көрдим.

Ғәрип:

Хожам, алдамағыл жалған сөз бенен,
Ўәдесин яр бузбас берген биз бенен,
Шаҳўалатқа бергенлигин көз бенен,
Көрдиниз бе хожам, сен қалай көрдиң?

Әзберхожа:

Шасәнем қыз Ғәрип ярым бар дейип,
Ықтыяр берген жоқ өтинип күйип,
Шаҳўалатқа ҳәргиз бармайман дейип,
Ғәрип деп аҳ шегип жүргенин көрдим.

Ғәрип:

Ярымдур Шасәнем, әзиздур басы,
Айралықта жоқдур бир кеўил хошы,
Хошминайым нешик екен рәўиши,
Менин ярымды, сеп қалай көрдиң?

Әзберхожа:

Шасәнемниң сенсиз кеўли дағлыдур,
Сени көрмей оныц қолы бағлыдур,
Ол Шаҳўалат бәршесине беллидур,
Жөбир шегип жүргенлигин көп көрдим.

Ғәрип:

Пәрўаз етип мениң ушын бардың ба?
Жаңа ашылған таза гүлин тердиң бе?
Я бир неше хожам дәўран сүрдиң бе?
Хожам мениң ярым, сен қалай көрдиң?

Әзберхожа:

Бир кәнизек елши қылып араға,
Шаҳўалатты көшкиге алып бармаға,
Бизди қыяметлик етип ол аға,
Сәнем қарындасты мен сонда көрдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Дағ ҳәсирет қойдың кеўлим ишине,
Мен журиппен күйип жалып ишинде,
Мениң ярым жети перде ишинде,
Сол дарийха ярым, сен қалай көрдиң?

Әзберхожа:

Қыяметлик қарындасың болайын деди,
Қуданы ортаға салайын деди,
Ғәрипти алып кел, көрейин деди,
Мен сениң ярыңды тап солай көрдим.

Ғәрип:

Яр ала кийип пе яки қаралар,
Жүрегимди өртеп, баўырым парралар,
Бизге ҳарам болды ярыў-жоралар,
Сен мениң ярымды қалайша көрдиң?

Әзберхожа:

Саған тигип ашықлықтың ўәдесин,
Ярдан айырылыппан, көрдим опасын,
Кийгени ала екен, көрдим жапасын,
Мен сениң ярыңды тап солай көрдим.

Ғәрип:

Шығадурлар әйўанына, көшкине,
Ара берип жүрген бе екен өзине,
Бас қойып па Шаҳўалаттың ышқына,
Сен мениң ярымды қалайша көрдиң?

Әзберхожа:

Азап шегер Сәнем сениң дәртиңнен,
Шаҳўалат бағының термеди гүлин,
Үш күни қалыпты жети айының,
Мен сениң ярыңды тап солай көрдим.

Ғәрип:

Гүлжамал қарындасым, Абадан анам,
Ғәрип — Шасәнем деп өртенип жанған,
Бул сөзиңе күтә қапаман хожам,
Баян әйле, ярым сен қалай көрдиң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ә з б е р х о ж а:

Әзберхожа айтар, усы саўалдур,
Қайтагөр Гәрипжан, қыйын аўҳалдур,
Ярым келмеди деп Сәнем жылаптур,
Жылап жүргенлигин мен солай көрдим.

* * *

Ғәрип менен бабаның сораў-жуўап айтысы:

Б а б а:

Сегбир тартып келдим ҳалың билмеге,
Сорасам, жан балам қайда барасаң?
Қасында адам жоқ, бир өзиң жекке,
Сорасам, жан балам қайда барасаң?

Ғ ә р и п:

Нийетимдур Диярбәкир елине,
Баба жибер, Сәнемжанға бараман,
Мени көп еглеме, жуўапқа тутпа,
Еглемегил, Сәнемжанға бараман.

Б а б а:

Мен сени еглейин, сорарман саўал,
Ашық болсаң жуўап бергил биймәлел,
Кеўлиндегин айтқыл, недур, не қыял?
Сорасам, жан қозым қайда барасаң?

Ғ ә р и п:

Қулағың сал, баба, аңла бул сөзди,
Қыстаўман бийкарға еглеме бизди,
Ашығым Шасәнем Шааббаз қызы,
Жибер, баба, Сәнемжанға бараман.

Б а б а:

Жаныңа түсип Сәнемниң ышқы,
Талўас урар жүректе қысқы,
Алпыс күнлик жолдур Сәнеммиң көшки,
Ҳалынды аңламай қайда барасаң?

Ғ ә р и п:

Кеўлиме қәўетер әрман саларсаң,
Мени еглеп кеўил хошым аларсаң,
Алпыс күнлик жолды билмей қаларсаң,
Еглемегил, бир заманда бараман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баба:

Ашық шын дийерлер бабаңның атын,
Ҳақ тағала берсин мақсет-мурадың,
Ашық Айдын дерлер бабаң устазың,
Сорасам, жан қозым қайда барасаң?

Ғәрип:

Сорасаңыз бул мәканға келиппен,
Жети жылдур бул үлкеде жүриппен,
Мениң атым сорасаң ашық Ғәриппен,
Баба жибер, Сәнемжанға бараман, —

деп Ғәрипке рухсат береди.

* * *

Ал, ендиги хабарды Юсуп пенен Ахметтен еситиң. Еки бек қаладан шығып, үш күн жол жүрип, көп қызылбастың елиниң үстинен шықты. Қараса бир қыз бенен бир келиншек суў алып атыр екен. Сонда Юсупбек айтты: «Ой, Ахметжан, жети жыл зиндада жатып дебдиў шықпаған екен, қарап кеткенше ойын-дақыл етип кетейик, сен келиншектиң қасына бар, мен қыздың қасына барайын, деп ат шаўып, қыздың қасына келип алдында Юсупбек, кейнинде қыз екеўи яғлы-бәҳәр айтысып бир сөз дер ели:

Юсуп:

Суў бойында турған дилбар,
Бизиң еллер қайда болар?
Ләбиң қантдур, тилиң шекер,
Бизиң еллер қайда болар?

Қыз:

Танымадым, қандай жансаң,
Билмем жайың қайда болар?
Билмем маған меҳирбансаң,
Билмем елиң қайда болар?

Юсуп:

Жетип келиппен үстине,
Қурбаным қәдди пәстине,
Бир сөзди айтсам өзине,
Бизиң еллер қайда болар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қ ы з:

Қалай жетистиң мунда сен,
Қай жерде болған бендесең,
Ата бийзар гезендесең,
Билмем жайың қайда болар?

Ю с у п:

Қызыл басқа бенде болдым,
Қолларыма кисен салдым,
Азат болып мунда келдим,
Бизиң еллер қайда болар?

Қ ы з:

Бул адамлар көрер сени,
Ҳәр тәрепке сүрер сени,
Көрсе атам, урар сени,
Билмем жайың қайда болар?

Ю с у п:

Келдим шарап ише-ише,
Ҳәм сәўбет етсек бир кеше,
Ярым аты Гүлҳәселше,
Бизиң ярлар қайда болар?

Қ ы з:

Бир күн муратқа жетермен,
Басқан изинди өпермен,
Мен нашарман, қызыл гүлмен,
Билмем ярың қайда болар?

Ю с у п:

Таза гүллердиң қырманы,
Ҳаслың қызылбас арманы,
Сәўер ярындай көр мени,
Бизиң жайлар қайда болар?

Қ ы з:

Гүл жүзим гәўҳар яңлыдур,
Раҳимлерге не қаңлыдур,
Кеселерим шараплыдур,
Билмем жайың қайда болар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсуп:

Бедеўге тилла егерлер,
Губбалы саўыт кийерлер,
Бизди бег Юсуп дийерлер,
Бизиң еллер қайда болар?

Қыз:

Маған тамизкар ерлер,
Гүл ишинде қус не жерлер,
Атымды Зуҳра қыз дерлер,
Билмем жайыңқайда болар?

Алқысса, андан соң қыз менен айтысып турса, келиншектиң көзи түсип, бир жигит қыздан суў сорап, қыз бермей турғандай көринди. Дәрҳал гүзени толтырып, еки қолына алып жүгирип, келатыр еди, аяғын түбир қағып, қулашын ашып жығылды. Гүзелер сынып жайына кетти. Қағынып орнынан турды. Муны Юсупбек көрди. Ат шаўып келип алдында Юсуп кейнинде келиншек екеўи яғлы-бәҳәр айтысып, бир сөз деп еди:

Юсуп:

Гүзесин сындырған келин,
Хабар бергил еллериңнен.
Назлы яр суў бер ишели,
Тарханалы қолларыңнан.

Келиншек:

Узын бойлы мырза жигит,
Ел қуўанған бойларыңнан,
Хош қаўметли ири жигит,
Суўды берсем қолларымнан...

Юсуп:

Сенсеңкелинлердиң басы,
Сөйлеп турған тилиң жақсы,
Жигитлердиң кеўил хошы,
Сөз қосайын тиллериңе.

Келиншек:

Жүрип келдиң алыс жолды,
Нәзерет оңлы-солды,
Кеўиллериң көп қыяллы,
Жете алмайсан қыялыңа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсуп:

Енди сеннен сескенбеймен,
Атымнан жерге түспеймен,
Шашке суўыннан ишпеймен,
Қуныш кетсем беллерицнен.

Келиншек:

Болмағыл кеўлиц биз бенен,
Жүре бер туўры жол менен,
Кимди алдайсаң сөз бенен,
Көп алмағыл тиллерице.

Юсуп:

Сен келдиң наз бенен басып,
Мен келермен толып-тасып,
Бойым-бойыңа минәсип,
Қолым салсам беллерине.

Келиншек:

Узақтан жүргил гөзлеме,
Жүрек баўырыңды дузлама,
Бийәдеп сөзди сөйлеме,
Жүре бергил жолларыңа.

Юсуп:

Мәдет берсе қызыр пирлер,
Ҳақтың дәргайында шерлер,
Атымды бег Юсуп дерлер,
Сайран етсем гүллерицнен.

Келиншек:

Келин айтар атым — Лала,
Жигит жүргил туўры жолға,
Бир ярым бар сеннен ағла,
Тек жүре бер жолларыңа.

Ахметбек пенен Юсупбектиң сораў-жуўап айтысы:

Ахмет:

Арқамыздан жетип келди язитлер,
Жуўап бергил маған Юсуп султаным
Таўлардың ойына толды капырлар,
Маған рухсат бергил, Юсуп султаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ю с у п:

Жас баласаң жаўға тийин көрмеген,
Тамашамды көргил Ахмет султаным.
Оның ушын саған рухсат бермеймен,
Тамашамды көргил, Ахмет султаным.

А х м е т:

Жети жыл мен шаҳ ишинде қалыппан,
Нәзер етип бул жерлерге келиппен,
Нешше ўақлар әжеп дилгир болыппан,
Маган жуўап бергил, Юсуп султаным.

Ю с у п:

Қылыш урсам бул капырдың қастына,
Өликлери қалсын таўдың астында,
Ҳәзир болып қуўғынының үстине,
Тамашамды көргил, Ахмет султаным.

А х м е т:

Олжа қылсам соның бәри зар болар,
Билсем мунда Көкше шайыр бар болар,
Мәрт жигитке Шаҳымардан яр болар,
Ақ пәтия бергил, Юсуп султаным.

Ю с у п:

Тамаша әйлегил ағайин исине,
Ақырзаман салсам душпан басына,
Қалдырайын бул майданда лашынды,
Көреғой саўашты Ахмет султаным.

А х м е т:

Рухсат берсең барсам залым жайына,
Бул сораўлар боялсын қызыл қанына,
Бир-биринин қарамаса ҳалына,
Ақ пәтия бергил, Юсуп султаным.

Ю с у п:

Ахметжан сен турғыл барайын жекке,
Жуўабын берейин Көкше барекке,
Сай-сайларды толтырайын өликке,
Тамашамды көргил, Ахмет султаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ахмет:

Ахметбек тур мени көзге илмедиң,
Қаран турып маған жуўап бермедиң,
Өзиңди мәрт, мени нәмәрт билгениң,
Сынан көргил енди Юсуп султаным.

Юсуп:

Юсупбекдур билдим арыслан екенсең,
Жаҳанды титиреткен палўан екенсең,
Мойны жуўан залым углан екенсең,
Бара бергил енди Ахмет султаным.

Шайқы Шарап пири, устазы менен Юсупбектиң саўал-жуўап айтысы:

Узтазы:

Бенделиктен азат болған бег жигит,
Беглерим атланып қайда барасаң?
Язитлер үстинен келген бег жигит,
Хабар бер перзентим қайда барасаң?

Юсупбек:

Арзымды еситкил әзиз пийшаным,
Бир пәтия берсең тойға бараман.
Есимнен айрылып намыў-ныйшаным,
Еглеме ийшаным тойға бараман.

Устазы:

Майданға киргенде аўзы алаўлы,
Қарағай найзалы, гүл-гүл жалаўлы,
Испихан қылышлы, жақсы бедеўли,
Хабар бер перзентим, қайда барасаң?

Юсупбек:

Мен бараман Нәдирбектиң тойына,
Дәри қуйып от беремен үйине,
Куйдыраман қорғасынды көзине,
Еглеме ийшаным, тойға бараман.

Устазы:

Улларым шықтыңыз зинданнан саламат,
Ҳәр пирлер қорғады етип кәрамат,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ер жигит қылмайды ҳаслы қыямет,
Сорасам жан балам қайда барасаң?

Юсуп:

Жети жыл зинданда жатып қор болдым,
Жамалынды бир көрмеге зар болдым,
Бенде болып мен ярымнан айрылдым,
Пәтия бергил пирим, тойға бараман.

Устазы:

Сәҳәр ўақта Шаҳымардан бардылар,
Қолларыңа үш қызыл гүл бердилер,
Арқанызға үш пәнжени урдылар,
Хабар бергил беглер, қайда барасаң?

Юсуп:

Зинданда шектик биз жәбир-жапаны,
Жети жыл көрмедик бизлер опаны,
Ҳаслым Ҳамыралыдур беглер султаны,
Пирим пәтия бергил, тойға бараман.

Устазы:

Билсең балам, мен ҳәм жүрген ўәлиймен,
Егер билсең қырық шилтенинң биримен,
Атым Алаўхожа сениң пириңмен,
Хабар бер перзентим қайда барасаң?

Юсуп:

Юсупбек атымдур, Гүлҳәсел ярым,
Қылышым-кескирдур атым, Маргарим,
Әзийзим ийшаным ҳәм уллы пирим,
Еглеме ийшаным, тойға бараман.

* * *

Саятхан Ҳамра екеўи дуўтар шертип айтысады. Ҳәрқайсысы өзинин журтын тәриплеп мақтайды.

Саятхан:

Бизиң елде бардур шаҳлар, султанлар,
Хан Ҳамрайым сизин елде нелер бар?
Көрмегенлер шекер арзыў-әрманлар,
Хан Ҳамрайым сизиң елде нелер бар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳамра:

Хан Саятым сизге баян етейин,
Бизиң елде ләпте-ләпте ҳалқалы,
Бирим-бирим сизге тәрип етейин,
Бизин елде ләпте-ләпте ҳалқалы.

Саятхан:

Бүлбүл, кәклик сайрап ала тағларда,
Қыз-жаўанлар алма атар бағларда,
Саз-саўбет қурыўлы ақ отаўларда,
Хан Ҳамрайым сизиң елде нелер бар?

Ҳамра:

Бизиң елде көпдур алтын, күмишлер,
Сизди ашық, бизди машық демишлер,
Қысы-жазы ада болмас емишлер,
Бизин елде ләпте-ләпте ҳалқалы.

Саятхан:

Бизин елдиң даўам сөзи дүр болар,
Қышы болмас мудам бәҳәр, яз болар,
Әлде қына, тилде сана сөз болар,
Хан Ҳамрайым сизин елде нелер бар?

Ҳамра:

Саҳралы, ябаллы бөлент дағлары,
Тәр ашылған мынаў шәрли бағлары,
Салланышып гезер қыз да, жаўамы,
Бизин елде ләпте-ләпте ҳалқалы.

Саятхан:

Беглер бедеў минип шикәр әйлейур,
Қазысы, молласы оқып гүрлейур,
Хожасы, сейити шийрин сөзлейур,
Хан Ҳамрайым сизиң елде нелер бар?

Ҳамра:

Қазысы, мунтысы мысалы ийса,
Хожасы, сейити оқыр муҳийа,
Салтанатлы беглер басында жыға,
Бизиң елде ләпте-ләпте ҳалқалы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саятхан:

Бәҳәрде ашылар бағда гүлимда,
Бүлбил сайрар тәр гумшалы гүлимда,
Саятханның қызлар сағы-солында,
Хан Ҳамрайым сизиң елде келер бар?

Ҳамра:

Ашық Ҳамра хан Саяттың елиндә,
Сопалар ғарқ болур сәшма көлиндә,
Сәрим қурбан Сәрбиназдың жолында,
Бизиң елде ләпте-ләпте халқалы.

Бул айтыстан Саятхан Ҳамраның, Сәрби деген ярының бар екенлигин биледи.

* * *

Алғарез андан соң Гөззалша айтты. Бул шайырлық пенен сөйлер екен. Барып Көкше шайырды келтириң, екеўин айтыстырып көрейик. Булар Көкшеден жеңилсе екисин де өлтирмек керек, Көкшени жеңсе, екеўин де азат қылмақ керек, — деди. Еки хабаршы барып, Көкшени әкелди. Ол келип Юсупбектиң шеп жағында отырды. Көкше айтты: «Әй өзбек басла,» — деди. Анда Юсупбек айтты: — «Әй залым, егер мен басласам, сен жуўап айталмассаң. Сен басласаң мен дәлил таўып берермен,» — деди. Анда Көкше әжеп болар деп, қолына сазыны алып, алдында Көкше, кейнинде Юсупбек... Көкше қашты, Юсупбек қуўды. Екеўи яғлы-бәҳәр айтысып тур.

Көкше:

Саўаш болса майдан жолын шарларлар,
Батырлар атқа мйнгенде көр тамаша.
Ҳәр жерлерге қызыл қаның шашылар,
Ша үстине дөнгенде көр тамаша.

Юсуп:

Жигитлерим әйдарҳадай қозғалып,
Ат шабысып келгенде көр тамаша.
Түркменлерим ҳәр тәрептен ат салып,
Басып тахтың алғанда көр тамаша.

Көкше:

Басыңа бәледур язиттиң өзи,
Жүрегиңе тийер әжелдиң оғы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрдиң бе бул жақтан он төрт мың топты,
Жүклеп барып атқанда көр тамаша.

Юсуп:

Жигитлерим алар сениң жаныңды,
Суўдай етип төгер қызыл қаныңды,
Үргенишке айдар барлық малыңды,
Бенде болып бүлгенде көр тамаша.

Көкше:

Ая өзбек нәзик белиң бүгилсин,
Тырнақларың қасмар шығып сөгилсин,
Тоғыз гернай, отыз сырнай шертилсин,
Түлки, шағал күлгенде көр тамаша.

Юсуп:

Бизге тийсе еренлердиң назары,
Ҳазарсыздың ҳәргиз болмас бийзары,
Шәршенби күни қызар Үргениш базары,
Айдап барып сатқанда көр тамаша.

Көкше:

Әй, өзбек, қутылмағың гүмандур,
Таўдың үсти қарлы күнлер думандур,
Қәўип етер саған ақырзамандур,
Ара шөлде қырғанда көр тамаша.

Юсуп:

Нәсип болса дал бедеўге минели,
Үргениш барып және қайтып келели,
Он бармағы буўын-буўын қыналы,
Қызларыңды алғанда көр тамаша.

Көкше:

Ая өзбек, мен билермен ҳалыңды,
Уақтың көпдур бос көресен қолыңды,
Қамап турып сениң онлы-солыңды,
Қара күнлер салғанда көр тамаша.

Юсуп:

Гөззалшаңның еки қолын байлатып,
Тутып сәркардасын қанлар жылатып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Лэшкерлерин алып, кеўлин шадлатып,
Ералы хан келгенде көр тамаша.

Көкше:

Ая өзбек, ҳеш ис келмес қолыннан,
Мырзамахмуд байлап келди елинен,
Жалып шығар айдарҳадай тилинен,
Өзбек олжа болғанда көр тамаша.

Юсуп:

Ая капыр, шығалмассаң қаладан,
Өзбеклер қутқармас сени бәледен,
Аңламайсаң пешанаңда қарадан,
Өзбеклерден қашқанда көр тамаша.

Көкше:

Ая өзбек, кете алмассаң елиңе,
Өлимниң гүзары түсер мойныңа,
Түлки-шағал минер сениң геўдеңе,
Ҳалың ғәрип болғанда көр тамаша.

Юсуп:

Ая капыр, ойсам еки көзинди,
Өзбеклер сарғайттырып жүзинди,
Жесир етип қатын менен қызынды,
Олжа етип алғанда көр тамаша.

Көкше:

Ая өзбек, тил зибаныңкесилсин,
Геллелериң дәрўазадан асылсын,
Сениң шаҳың бизиң шаҳдан басылсын,
Көкше султан өткенде көр тамаша.

Юсуп:

Юсупбекдур аттан түспей келмесем,
Қалаларың бирим-бирим алмасам,
Шаңды тутып мен зинданға салмасам,
Батыр өзбек қырғанда көр тамаша.

Алғарез, андан соң Ғөззалша айтты: «Қәне, бек сәркардалар, Көкше бәлент пе, Юсупбек бәлент пе?», — деди. Бек сәркардалары Көкше бәлент, — деди. Анда Гөзалша айтты: — «Сизлер инсап пенен болыңлар, Көкше қатындай гар-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ғанып, сөйлейди екен. Ая өзбек тил зибаның кесилсин, геллелериң дәрўазаға асылсын, сениң шаҳың бизиң шаҳдан басылсын, Көкше султан өткенде көр тамаша, — деп ғарғанып сөйлер екен. Юсупбек мәрт екен. Келген жерде сөзинен қайтпайды. Өлемен деп ойламайды. «Несип болса дәл бедеўге минели. Үргениш барын және қайтып келеди. Он бармағы буўын-буўын қынапы, қызларыңды алғанда көр тамаша» — деп сөйлейди. Мунық сөзи дуғры. Көкшениң сөзи игри. Көкшени майданға шығарып 70 таяқ урыңлар, — деп буйырды. Гөззалша айтты, ой өзбек дәўлетиң қайым ашылды. Не тилегиң бар, тилегиң болса тиле, — деди. Қолын босатып, анда Юсупбек айтты: — Мениң тилегимди берсең, өзиниң бәдире атынды, кескир қылышыңды, Ахмет жолдасымды бер, — деди. Патша барлық тилегин қабыл етти. 40 ғапыр тилла берди.

* * *

Ашық Айдынның көп шәкиртлериниң бири Ашық Наўрыздың Нәжеп менен айтысы:

Ашық Наўрыз:

Әўел жатқанында не ҳал кешилди,
Иним Нәжеп аны билә билмессең.
Нени уста туттың неден мәй иштиң,
Иним Нәжеп аны билә билмессең.

Ашық Нәжеп:

Әўел шайыр едим, турдым жайымнан,
Ашық Наўрыз аны билә билмессең,
Түсимде ишкеним ҳақтың шарабы,
Пирден пәтия алмай уша билмессең.

Ашық Наўрыз:

Әўел жатқанында турған соң жайдан,
Уғлым Нәжеп аныҳ билә билмессең.
Түсинде ишкениң шайтан арағы,
Уғлым Нәжеп оны билә билмессең.

Ашық Нәжеп:

Нәжеп айтар нәсип демде, не демде,
Аны билип оқығанлар қаламда,
Нәжеп түсинде ишкен бир кесе жамды,
Пирден пәтия алмай билә билмессең.
Ашық Наўрыз аны билә билмессең,
Пирден пәтия алмай уша билмессең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аныҡ Наўрыз бул заҡғарға пири пәтия берген екен, — деп өзи де пирине бармаҡшы болады.

Нәжеп тилла сазыны алып, йол жүрип, Әдилхан патша дегенинің қаласына барып, бир жолдың шетинде «Шийрин пешек» деген намаға қосықты айтып, қыйғырып отыра берди. Әмма Әдилхан патша бир жаҡларға жол жүрип кетип баратыр еди. Жол бойында Нәжеп уғланды көргенлер елге бир жети жасар бала бақсы келипти деп хабар таратыпты. «Елге бақсы келипти» деген сөз соңнан қалған екен. Бул хабар ханға жетипти. Хан өзиниң жәлладларын жиберип: «Сол бала бақсыны шақырып келиң», — деп буйырыпты. Нәжепти патшаның жәлладлары ат сағрысына салып, ханның нәзине апарды. Хан Нәжепке: «Бир пасыл қосық айт, бир пасыл саз ур, урған сазың, қыйғырған ҳаўазың жаҡса, мениң Әлбент деген бақсым бар, қасында 84 шәкирти ҳәм бар, соның менен сени яғлы-бәрли айтыстырып, таңлап өлсем, бул дуньяда әрманым жоҡ», — деди патша. Анда Нәжеп қолына сазын алып, патшаға бир-еки аўыз сөз айтты:

Ая шаҳым, тыңла мениң арзымды,
Бизге келтир тақсыр, Әлбент бақсынды,
Не тилесең бәри ҳасыл сизлерге,
Бизге келтир тақсыр, ғарры бақсынды?

Пир устазым берген сазын алайын,
Нешше жыллық жүрген өшимди алайын,
Не тилесең бәри ҳасыл сизлерге,
Бизге келтир тақсыр, Әлбент бақсынды?

Ая шаҳым, келдим сенин алдыңа,
Қысыўмет пенен келдим сениң нәзинеге,
Не тилесең бәри ҳасыл сизлерге,
Бизге келтир тақсыр, Әлбент бақсынды?

деп айтқанда патшаның көзинен аққан жаслары дәрья болып төкилди. Еситкен сазға, тыңлаған сөзге мум болып уйып, патшаның песин намазы ҳәм есинен шығып кетти. Патша пашшапларына «песиннен өткермей, намазлигерге жеткермей, Әлбент бақсыны 84 шәкирти менен мениң нәзиме тайын етесизлер», — деп ҳәмир етти. Ол жәлладлар кетти, Әлбент бақшыға жетти. Әне, Әлбент бақсы пашшаплардан хабар еситкен соң 84 шәкирти, Бәҳәрден ҳаялы билән патшаның нәзине йүриш баслады. Әне, патшаның нәзине келип салам берип турды. Әлбент: «Тақсыр, шаҳым, арзым бар», — деди Әлбент. «Айт», — деди патша. Бир онжети жасар бала келипти деп, мунындай ҳәм ис етпек, мунындай

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм қысыўмет етпек болып па тақсыр, — деди. Әлбент. Нешше жыл бақсылық етип, 84 шәкиртке ийе болып, ҳеш бақсының дойнақы тийген емес, бир бала келди деп бизди мунша қысыўметке ушыратқаныңыз нешик патшайым?!» — деди. Сол баланы дәслеп 84 шәкиртим менен айтыстырсам, соңынан өзиме келсе, бир аўыз қосық пенен маңлайына урмағым нан жемекликтен аңсат емес пе тақсыр? — деди. Сол ўақытта Нәжеп уғлан: «Тақсыр, атың ҳәм Әдилхан, әдиллигин ҳәм Әдилхан, төрешилигиң ҳәм Әдилхан, әдил төрешилигиңизди берсеңиз, жеңген-жеңилмегенди әдил шешсеңиз, ортаға ҳәмин қойсаң, бул ғой ҳәр шәкиртим бар дейди. Мен 48 бәнт қулыппан, 48 бәнт қулыптың 48 гилти болады, қыйсық гилт, балта гилт, найша гилт, орама гилт, бурама гилт, басқа гилти, тақсыр, 48 қулыпты бир гилт пенен ашаман, әдил төрешилигиңизди берсеңиз, жеңгенди, жеңилгенди билсеңиз, ким яқшы, ким яманды билсеңиз, Әлбент бақсыны жеңбегим нан жемектен маған аңсат тақсыр, — деди. Әне патша сол ўақта ийек қақты, екеўине ҳәм сарпай жаўып айтыстырың, — деди. Ол ўақта қыйсықлық арадағы адамда болады екен. Пашшаплар қыял етти. Сарпайды өзимиздиң ғарры бақсыға жабайық: «Өзине тартпағанның өзегине от түссин» деп Әлбентке бурып ғәзийнеге киреди. Гүмис жыға, гүмис белбеў, гүмис сарпай әкелип, Әлбенттиң басына салды. Енди Нәжепке гезек келди. «Мынаў жарлы, мынаў аш демеклик керек емес, алланың берсе генжи көп». Бул жәлладлар ғәзийнеханаға барды. Алтын жыға, алтын сарпай алып берип, Нәжеп угланың басына салды. Әне сол ўақытта Әлбент бақсы Нәжепке қараса өзиниң баласы екенин билди. Сол ўақытта Әлбент бақсы қолын көзине көлеңке қылып қарағанда Нәжеп угланды таныды. Таныса ҳәм алтын жыға меннің басыма шаншылады деп, әкесиниң баласына қарап айтып турған жери:

Әлбент:

Келдик патшаның нәзине,
Кел жығамыз алысалы.
Шаншагөр әкең басына,
Кел жығамыз алысалы.

Нәжеп:

Яд етиппен еренлерди,
Мен жығамды алышмайман.
Қуда раҳим етип бер енди,
Мен жығамды алышмайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлбент:

Оқ кимдики тартқандики,
Жай кимдики атқандики,
Уғыл малы атаники,
Кел жығамыз алысалы.

Нәжеп:

Ершеҗ бала ел болурма,
Еки анаға теҗ болурма,
Туўмай ҳәм уғыл болурма,
Мен жығамды алышмайман.

Әлбент:

Сен екенин билгеним жоқ,
Бир шаппаттан өлгениҗ жоқ,
Шаншагөр әкеҗ басына,
Кел жығамыз алысалы.

Нәжеп:

Яд етиппен еренлерден,
Мен жығамды алышмайман.
Патшам раҳим етип жаңқанды,
Мен жығамды алышмайман.
Жастан кеткен баландурман,
Ҳәўесим бар келип турман,
Сизден өшим алыў ушын,
Пирден дуўтар алдым, келдим, —

деп турды. Сол ўақытта Әдилхан патша ийек қақты. Усы еки бақсыныҗ қайсысы пәс, қайсысы бәлент, билдициз бе, — жәлладлар? — деди. Сол ўақытта жәллатлар жасағандағы, қартайғандағы уллы бақсы Әлбенттиҗ сөзи жуўабы. . . . . тақсыр, — деди. «Бәриҗиз ақмақ екепсиз, заҗғарлар», — деди патша. «Мәрт Нәжеп уғлан ба деймен, бир сөзи қайталанбай турыпты. Нәмәрт гәпин айтпай турыпты. Ал бизиҗ Әлбент қатыны өлген кисидей бирден бай-байлап турыпты, ишкен шайыҗ, жеген аўқатыҗ, хызметим заққым болсын», — деди патша. «Керип таслап, қырық таяқ урыҗ, енине ҳәм қырық таяқ урыҗ, — ...есаплап көрсе 84 таяқ лазым болды. Еки бетине ҳәм төрт тамға басыҗ, қурама дуўтарын мойнына асып, қаладан қуўып жибериҗ»., — деди. Ханныҗ ҳәмири бәржай болды. Әлбент бақсы жазасын тартып, ўай-ўай салып кете берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Мени ҳәм алып кетпеспекен деп сол ўақта келин менен қыз екеўи бәслесип, ҳәрким өзин-өзи мақтап, еккиси дәсмедөс яғлы-бәр айтысып, не деп тур екен:

Келин:

Бир қыз бенен бир келиннинҡ бәси бар,
Келин айтар ақ сийнем бар, нарым бар,
Ҳәр кешеде жүз мыҡ түмен назым бар,
Бизиҡ менен бәс ойлама қыз-жаўан.

Қыз:

Жеҡге сениҡ бир мәҳәлиҡ өтипти,
Қызыл гүлди қазан урып кетипти,
Бизиҡ бағда еки алма битипти,
Бизиҡ менен бәс ойлама жеҡгежан.

Келин:

Келин айтар, келинлердиҡ башыман,
Алтын яҡлы сом йүзиктиҡ қашыман,
Еле ҳәм болса сендей қыздан яқшыман,
Мақтанба қыз бир ақшамлық ҳалыҡ баў.

Қыз:

Қыз ҳәм айтар уқшамишәм әнәмә,
Ләли маржан тақыпыппан сийнәмә,
Қол узатма ағыртарсаҡ дийдәмә,
Додағымда дәсте-дәсте гүлим бар.

Келин:

Келин айтар келинлерди дийерем,
Ҳәр мезгилде қантыў-набат жийәрәм,
Сақалсыз, мурты жоқ уғлан сүйәрәм,
Бизиҡ бенен бәс ойлама қыз-жаўан.

Қыз:

Қыз ҳәм айтар ҳәмме ҳайран бул истен,
Қәдем басып жылўа менен жүристен,
Бир затым бар аўзы бекли гүмистен,
Хан алдында қуҡқар менен бәсим бар.

Келин:

Ояғыҡа жарысым жоқ сиз бенен,
Келин болсаҡ теҡ боларсаҡ биз бенен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызлар орын алмас, қурғақ сөз бенен,
Жүз мын жылўа менен қырық мың назым бар.

Қыз:

Қызлардың ишинде гөззал ханыман,
Ашық болсам машуқымды танырман,
Шәкира балық бәдәкшаңды ҳәм алырман,
Қасты әйлесем қәҳармандек күшим бар.

Сол ўақта келиншек жеңилип, ҳайран болып тура қалды.

МУҲАББАТ АЙТЫСЫ

Қырмандәли менен Ашық Айдынның айтысы:

Ашық Айдын:

Урып дуўтарын сындырып,
Яш көрдиң ме уғланды сен?
Йүз мың муқамға дөпдирип,
Бош көрдиң ме уғланды сен?

Қырмандәли:

Кет баба келген жолыңа,
Туўры келипсең өлимге,
Қарама сағыў-солыңа,
Келтирегөр ийманды сен.

Ашық Айдын:

Ҳақ дейип шықмышам гөрден,
Хабар сорсаң ғарры пирден,
Шықсам қашарсаң бул жерден,
Яқшы таны бабаңды сен.

Қырмандәли:

Кет баба йолыңыз йирақ,
Гәрданыңа тийер таяқ,
Өзиң ғарры, сақалың ақ,
Қайдан келген дийўанасаң?

Ашық Айдын:

Арзыўман саңа етмеге,
Қош анарыңнан тутмаға,
Бабаң келипти ятмаға,
Басла мийманханаңа сен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырмандәли:

Мен өзим қызлардың ханы,
Жыққанман үш жүз палўанды,
Сен көрдиң бе Мустапаны,
Ашықлардың сәрдарысаң?

Ашық Айдын:

Тутма пәрдәңди жүзлерге,
Қараман өзге қызларға,
Яшлық етерсең бизлерге,
Шақырып кел ананды сен?

Қырмандәли:

Жүзлерим тыныққдур айдан,
Бул ишлер бизге қудайдан,
Қырмандәли қайттым ырайдан,
Таныт бизге өзинди сен?

Ашық Айдын:

Сана ялған маңа шындур,
Ашықлық йолы қыйындур,
Танысаң Ашық Айдындур,
Әзиз сақла мийманды сен.

Алқысса, бабаның «яшлық етерсең бизлерге» дегенин Қырмандәли түсинип, бул бабаның сөзинде бир түйин бар ғой. Егер түйин болмағанда бизлерде адам әўладына жаслық етпестей ержетип қалдық, бул бабаның сөзиндеги түйин анамыз-атамыз бенен қатар киси екен. Буның менен айтысқанымыз өзиниң сөзине өзи оралып, көптиң ишинде уялса, бул ҳәм жеңилгенлиги болады деп, бабаны ешекке көтерип мингизип, Қырмандәли ешекти жетелеп, Қаражан кейнинен айдап, бағына алып кете берди.

Бир жигит барып Арысланбайға хабар етти:

— Қызыңыз бир мәплик бабаны үйинде сақлап отырыпты. Мәгар болса сол баба менен кететуғын түри бар, —деди.

Арысланбай: — Жәҳанда басқа қапылып, бизиң қызға бир мәплик баба қалып па? Барың да қуўып жиберің! — деп төрт жигитти буйырды. Жигитлер: — Әжеп болар! — деп барып, бабаның оянғына түртти, буяғына түртти, қуўып жиберди.

Ашық Айдын пир не илаж етерин билмей, әри елине қайта алмай, әри ўәде еткен Қырмандәлиге келе алмай, шөли жәзийрада гезип жүре берди. Әне бурыннан нақыл бар: «Жолы

www.ziyouz.com kutubxonasi

болған жигиттиң жеңгеси шығар алдынан», — деген. Он
алдынан Рум патшасы қус салып шықты, пир дәрҳал па
шаға арыз етти. Ол: — Әй тақсыр, патшайым, мениң ел
Шәҳри Бостан деген жерде. Мениң өзим жүз оң бес жасы
шыққан бир бабаман. Сизиң елиңизде Арысланбайдың қы
Қырмандәли деген дуньяға келген екен. Оң төрт жасын
элине сазенделикти, тилине шайырлықты, белине налўанлы
ты ҳәм жүзине хошырейликти берген қыз көптиң ишин
шәрт айтыпты.

Шәртинде: «Қимде-ким мени алажақ болса я айтыс
жеңип, я гүресип жығып алады. Шәртимниң биреўин ш
керген адамды ғарры-жигит, шахы-гада, яқшы-яман деме
пен, тәнимни бақыш етермен», — деп айтқан екен. Бул ш
ти қалама-қала еситилип, өзиммен деген жигитлерден кел
айтысып жеңилип, гүресип жығылған екен. Сол дағаза б
зиң елге де жетти. Мийнетим бе, рәҳәтим бе, қартайған ўа
та Қырмандәли менен айтыс ҳа айтыс, шертис ҳә шертис д
ген бир жедел пайда болды. Келдим, айтыстым, жеңди
Енди алып кетейин деп атырғанда Арысланбай жаманлы
қылып, мени қуўып жиберди. Сол ўәде еткен ярымды алы
берсеңиз екен, — деди.

* * *

Шасәнем мектепке кирип көрсе, Гәрипти жылап оты
ғанын көрди. Шасәнем ата-анасының сөзин бир-бир ба
қылды. Гәрип менен Шасәнем бир-бирине пәлекеттен саў
берип, жуўап қайтарып, дәсме-дәс айтысып тур.

Шасәнем:

Қулақ салып есит мениң арзымды,
Сизден, бизден дәўран өтти, Гәрибим.
Бизге салды жудалықтың жәбирин,
Айралыққа нәўбет жетти, Гәрибим.

Гәрип:

Айра түстим дейип ғамлы болмағыл,
Менменликтиң ақыр заўалы барды.
Айралық дәртине гүлдей солмағыл,
Бул кемликтиң ақыры камалы барды.

Шасәнем:

Қайдағы камалдур, қайдағы осал,
Жылап өтсең керек неши маҳисал,
Хош бол, кеўлиңе әйлеме мәлел,
Сум душпанлар енди түйди, Гәрибим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Бир тәпе сөз бенен қалай қашарсаң,
Ашық болсаң күйип-жанып өшерсең,
Өз айыбынды өзиң қалай ашарсаң,
Сабыр эйле соңында осалы бардур.

Шасәнем:

Сабыр менен питер сениң бул исиң,
Тағдири терис болар, бул көрген түсиң,
Енди, ғам-қайғыға қалыр бул басың,
Келген дәўлет қусы ушты, Ғәрибим.

Ғәрип:

Ашық болмас көп зәҳәрди жутпаса,
Машық болмас баўырын пара етпесе,
Егер пирлер бизге жалған айтпаса,
Бизге бир ашылар ығбалы бардур.

Шасәнем:

Бизди, сизди жеткерселер асала,
Жүз дөндирип кетпе ҳәрдем қыяла,
Бизлерди жеткерип, бағып камала,
Пәлек сырымызды ашты, Ғәрибим.

Ғәрип:

Қайғыны көп шексең мийнетиң артар,
Жалғандур бул сөзлер тәғдирге тартар,
Айралықтың дағы баўырыңды жыртар,
Ҳәр киси де жүз мың қыялы бардур.

Шасәнем:

Сәнем айтар, мениң сөзим етпесең
Өзге жерге барып ўатан тутпасаң,
Мени бир кешеде алып кетпесең,
Пышақ сүйегиме жетер, Ғәрибим!

Ғәрип:

Ғәрип айтар, маған бул сөз демегил,
Жүрегиме жүз мың дәртти салмағыл,
Айра түстим деп сен қайғы жемегил.
Әзелде бир қысмет болғаны бардур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Фәрип пенен Шасәнем айтысып болғаннан соң Шасәнем:
— Ҳәй, Фәрипжан, меннен ўәде қылған посаларыңды ал, — деди. Фәрип:

— Ҳәй, Шасәнем, әўеле жай ашықлық еди. Енди ҳақыйқат ашықлыққа айналды. Сеннен поса алыў дурыс емес, заўқы-сапамыз соң болады, — деп Шасәнемге тәселле берип, екеўи хошласып, үйлерине қайтты.

* * *

Шасәнем гүнайымды кешир, деп Фәрипке өтинип еткен айтысы:

Шасәнем:

Кел Фәрип, қайт ырайыңнан,
Инандым, енди инандым.
Ким қуўды сени жайыңнан,
Инандым Фәрип, инандым.

Фәрип:

Сениң туўры ықрарың жоқ,
Инанбайман, инанбайман.
Бир сөзинде турарың жоқ,
Инанбайман, инанбайман.

Шасәнем:

Өмиримиз ақыры жетти,
Бир билмеслик бизден өтти,
Қеўлимниң ғубары кетти,
Инандым енди, инандым.

Фәрип:

Сен мени және тутарсаң,
Ўәдемди зая етерсең,
Дурыс исти жар етерсең,
Инанбайман, инанбайман.

Шасәнем:

Кетер болсаң Әлепшырўан,
Мени қыларсаң сергиздан,
Садақа болсын шийрин жан,
Инандым Фәрип, инандым.

Фәрип:

Сениң сөзиң ада болмас,
Бул гийне меннен айрылмас,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди бунда турмақ болмас,
Инанбайман, инанбайман.

Шасәнем:

Кеўилдиңиз кирин анқыл,
Ерининиң шарбатын ишкил,
Бул сапар гүнайым кешкил,
Инандым сағап, инандым.

Ғәрип:

Және басларсаң исиңди,
Келтирип қарлы қысыңды,
Бузарсаң кеўил хошыңды,
Инанбайман, инанбайман.

Шасәнем:

Шасәнем қыз тилер ҳақтан,
Гийне қылыппан наҳақтан,
Гүнайың жоқ ҳақыйқаттан,
Инандым Ғәрип, инандым.

Ғәрип:

Ғәрипдер, Шасәнем Шааббаз қызы,
Буныңдай күйдирмес бизди,
Егер қойсаң дөҳмет сөзди,
Мен ҳәм инандым, инандым.

Булар буннан кейин бир-бирине өкпе-гийпени қойып, бурынғыдан да бетер татыў жасай баслады.

Шасәнем бул сөзлерди айтып бийтақат болып, таҳат қыла билмей, өзин көшкиден тасламақшы болды. Сол ўақытта Шасәнемниң дийўанбеги Мазген деген кәнизеги Шасәнемди қолынан тутып: — Сен өзиңди көшкиден тасламақшы болғаныңды Ғәрипжанға шара көрер, — деди. Шасәнемге бул сөз мақул түсип, Шасәнем Ғәрипке қарап ишарат қылып, Ғәрип оған жуўап берип, дәсме-дәс айтысып тур:

Шасәнем:

Ғапыл болма ярым болғыл хабардар,
Таслайман үстинде гуманы болмас.
Сырым баян әйлеп етпесем хабар,
Пәм әйлер сырымның зибаны болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип:

Таслама бәлентдур көшкиң ҳаўасы,
Жанға захмет етип зыян келмесин,
Ҳақ өзидур бендесиниң панасы,
Шүкир әйле, кеўлиңе гуман келмеси.

Шасәнем:

Көшкиң бәлент болса кеўлим жақындур,
Алла сақламаса ислер қыйындур,
Үстиңе таслайман, бул сөзим шындур,
Тақиқ билгил, өзге гуманы болмас.

Ғәрип:

Тасласаң аларман жаныма дәҳмет,
Қудиретим жеткеншe әйлеп миннўбет,
Саў жаныңа болар жетисип заҳмет,
Жақсы күнлер өтип, жаман келмесин.

Шасәнем:

Жақсы-жаман деп бермегил ақыл,
Мәрданалық әйлеп етпесем жәҳил,
Қайғырғаным не дәркар ҳаққа тәўекел,
Тәўекел исимниң жаманы болмас.

Ғәрип:

Дослықтың ҳақына аштым зибаны,
Алла билер, пайда менен зыяны,
Өтип бағымыздан ғамның думаны,
Өзге ғулпет пенен зибан келмесин.

Шасәнем:

Ярдан-яр айрылып жыраға түссе,
Шегип жапа өлим ҳалға жетпесе,
Несип болып бир күн дийдар көриссе,
Ашық мурады сол, әрманы болмас.

Ғәрип:

Бир муратқа жеттик, дийдар көрисип,
Сөз сөйлесип ҳал-аўҳалды билисип,
Мине, бизлер бундай күнге ерисип,
Қайтадан кеўлиңе әрман келмесин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шасәнем:

Нешше жыллар бизлер ҳижранда қалған,
Ҳижран етип, рәҳәт мүддети болған,
Болмаса пирлердиң ўәдеси жалған,
Кеўлимниң бирпара әрманы болмас.

Ғәрип:

Қызыр Әлий пириниң жалғаны болмас,
Алла мақсет берсе әрманы болмас.
Жаза бирдур екп болмас, бес болмас,
Тәғдирден тысқары дәўран келмесин.

Шасәнем:

Кеўлим ҳәўес етер сениң қастыңа,
Иба менен тутып алғыл дәстиңе,
Хабардар бол тастар ярың үстиңе,
Сәнемниң еглепер заманы болмас.

Ғәрип:

Тасла ярым, сен келгеншe көз тутам,
Аллаға жалбарып, пирге жүз тутам,
Ғәрип айтар, қол узатып тез тутам,
Саламат болғайсаң, зыян келмесин.

Шасәнем бул сөзлерден кейин өзин көшкиниң үстинен таслайды.

* * *

«Ҳүрлиқа Ҳамра» дәстанына. Ҳамра менен Ҳүрлиханың саўал-жуўап айтысы.

Ҳамра:

Қурбаның болайын гүл йүзли ярым,
Ярым қайда болар мәканың сениң?
Саңа қурбан болсын, бул шийрин жаным,
Ярым қайда болур мәканың сениң?

Ҳүрлиқа:

Мени сорасаң Шарухтың қызыман,
Ҳәр жерде ҳәзирди мәканым мениң.
Ҳаслым сорсаң перийзаттың өзимен,
Излесеңе тайынды мәканым мениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳ а м р а:

Шын ашықман йол үстинде қәбирим бар,
Бир алладан беш ўақ намаз қарызым бар,
Мәканыцның неше күнлик йолы бар,
Неше күнлик йолды мәканын сениц?

Ҳ ү р л и қ а:

Ашық болсаң күйип-жанып өтерсец,
Сабыр қылсаң дос қолынан тутарсац,
Жүре берсец бес жүз жылда жетерсец,
Бес жүз жыллық жолдур мәканым мениц.

Ҳ а м р а:

Тәнирим мениц бул жанымды алмады,
Әжел жетип бул пайманам толмады,
Ярым енди саца көрмек болмады,
Бес жүз жыллық болса мәканын сениц.

Ҳ ү р л и қ а:

Атым Ҳүрлиқадур, Шарух қызы,
Перийзат дийерлер танысац бизни,
Сен излеп таппасаң табарман сизни,
Саца қурбан болсын буў жаным мениц.

Ҳ а м р а:

Ҳамра айтар бул жер узақ болмаса,
Әжел жетип шул пайманам толмаса,
Жаным шығып, тенем дүзде қалмаса,
Ийшалла табарман мәканын сениц, — деди.

* * *

Ҳ ү р л и қ а:

Адамзат елиниц әзиз патшасы,
Садаған болайын қайдин гелерсец?
Перийзат елиниц кеўил қошқаны,
Садаған болайын қайдан гелерсец?

Ҳ а м р а:

Сени излеп шәҳәр Мысыр йуртынан,
Ҳижри отына яна-яна келермен,
Муҳаббатли сәўер ярдын дәртинен,
Бул йерлерге ғайыбана гелермен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳ ү р л и қ а:

Не себептен ярым мунда гелерсең,
Бул жайларда кимлер менен боларсаң?
Ашығың изинде қурбан боларсаң,
Сәўдигиң болайын қайдан гелерсең?

Ҳ а м р а:

Мени сорсаң шәҳәр Мысыр йуртынан,
Бул ашықлық айралықтың дәртинен,
Шарап ишип ереплердиң мәртинен,
Бул йерлерге ғайыбана гелермен.

Ҳ ү р л и қ а:

Ашық Ҳурлиқа дер төбемниң тажы,
Көрген адам болар сана мутажы,
Бир периймиз тез табармыз илажы,
Баян әйле ярым не ушын гелерсең?

Ҳ а м р а:

Ашық Ҳамра айтар теңи-душында,
Ашық-машық ушын аглар яшында,
Атам көрди бир бүлбүлди түшинде,
Аның ушын бул мәкана гелермен.

Алқысса, Ҳурлиқа бул сөзди айтқаннан соң кәнизлер менен бағқа кирип, сейил етип жүре берди. Жан-жағына қараса, бир жигит гүл путаның қасында шын уйқыда жатыр. Кәнизлер барып, ол жигитти оятады.

Ҳурлиқаның Ҳамра менен дәсме-дәс айтысқанлары:

Ҳ ү р л и қ а:

Адамзат ақылының әзиз патшасы,
Садаған болайын қайдан келерсең?
Перийзад ақылының көңил хош гәҳий,
Әсириң болайын қайдан келерсең?

Ҳ а м р а:

Мени сорсаң Мысыраҳий журтынан,
Сениң ушын саркардана келермен,
Қырық күн болды жудалықтың дәртинен,
Ҳижра отына жана-жана келермен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүрлиқа:

Киси бойла кеш қаларма достына,
Көз тигипсең жан алмақтың қастына,
Қойған қадамларың дийдим үстине,
Әсирин болайын қайдан келерсең?

Ҳамра:

Өмири зая жулдыз киби ялбарып,
Ҳәсират киби шөлистанға бас алып,
Қырық күн болды жазийраны ақтарып,
Сениң ушын сәркардана келермен.

Ҳүрлиқа:

Тақатым жоқ, сениң аҳы-дадына,
Сени излеп пелер көрдим қойына,
Жаным пидә болсаң, ҳақы пайына,
Әсирин болайын қайдан келерсең?

Ҳамра:

Шын ашықтан айланарман сәриңнен,
Пәрўана боп ҳәргиз кетпей жаныңнан,
Түсинде көргенлериң сөйле тилиңнен,
Сени излеп шөлистаннан келермен.

Ҳүрлиқа:

Ҳүрлиқа айтар менин көнил мутәжи,
Қара көзим сеннен алыўшы бажы,
Өмиримниң хошғаҳы басымның тажы,
Әсирин болайын қайдан келерсең?

Ҳамра:

Ҳамра дерлер ғәрип қулдың атына,
Алла жеткер ашықлардың дадына,
Қырық күн болды айралықтың отына,
Сени излеп жана-жана келермен.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

2-бөлим

Қарақалпақ классик шайырларының айтыслары

Қарақалпақ халқының XVIII—XIX әсирдеги классик шайырларының барлығында да «айтыслық» шығармалар бар. Биз томлықтағы шайырлар айтысын оқығанымызда бунда «Адам менен ҳайўанды», «Адам менен қобызды», «Тири адам менен өли адамды», «Ҳайўан менен ҳайўанды», «Ийне менен сабақты» т. б. айтыстырыўлар ушырасады. Бул, әлбетте, шайыршылықтан келип шыққан. Мәселен, қарақалпақ халқының XVIII әсирдеги шайыр-жыраўы Жийен өзиниң қобызы менен былай айтысады;

Устадан уста сайладым,
Есенгелди қырманға шаптырдым.
Таўтайлақтың терисин,
Қапшығына қапладым.
Өртекенин мүйизин,
Тийегине қондырдым.
Қуў ағаштан сеп муңлы,
Адамзаттан мен муңлы,
Айтысайық қобызым.

Күнхожа шайыр түйе менен айтысады. Бул айтыстың келип шығыў тарийхы менен оның тийкарғы мәниси мынадай; 1845—1855-жыллардың аралығында Хийўада ханлық еткен Мәдемин бир күни өзиниң ханлық салтанатын мақтатыўушын Хорезмнин атақлы шайырларын шақыртады. Сол шақырған шайырлардың ишинде Күнхожа да болады. Күнхожа Хийўаға барып, ханнын әдилсизлигин, зулымлығын көре отырып, Мәдеминди мақтағысы келмегенликтен, ханның бирин-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ши иретки шақырығына бармайды. Менмен, тәкаббыр, зу
лым, жаўыз хан екинши ирет жасаўыл жиберип, шайырд
зорлық менен Хийўаға алдырады. Бунда хан өзин мақтаға
шайырларға ат-тон берип, сарнайлап, сыйлап қайтарады
Күнхожаның ханды мақтап қосық айтпағаны ушын оны қор
лап, масқара етиў мақсетинде оған аўзында бирде-бир тис
жоқ, қартайған ҳәм арықлықтан өлейин деп турған, бир көз
соқыр, арқасы жаўыр, қатпа баўыр түйени береди
Ханның бул саўалына жақсы түсинген сезгир шай
ыр да жуўап бермей тым-тырыс кете бермейди
Шайыр тайынбастан «Түйе екенсеңе» деген сати
ралық айтыс қосығын жазып, ханға салмақлы жуў
ап қайтарады. Бул жерде Мәдемин хан атақлы шайырға
пәнт берип, оны утыўды ойлап еди. Керисинше, ол шайырда
келисин турып утылады. Шайыр астарлы мәнисиндеги түйе
ниң символлық образы арқалы ханды дуйым журтқа масқа
ра етип, оның абырайын төгеди. Оған есинен шықпастай аў
ыр пәнт береди. Жуўмағында шайыр хан үстинен жеңиск
ериседи.

Айта кететуғын бир нәрсе, «Түйе екенсеңе» қосығы қалай
ынша айтыс қосығы болады? — деп ҳаўлығыўшылардың д
болыўы мүмкин. Биз бул жолдасларға «Түйе екенсеңе» деге
айтыс қосығында шайыр менен түйе айтысын турғандай бо
лып көринген менен оның астарлы мәнисинде шайыр Хийўа
ның ханы Мәдемин менен айтысын тур ҳәм ханның үстине
жеңиске ерисин тур, — деп жуўап беремиз.

Әжинияз қарақалпақ халқының Октябрь революциясына
бурынғы XIX әсирде жасап, халық арасына кеңнен мәли
болған ҳәм атағы елге жайылған ең сүйикли классик шайы
ры. Оның көпшиликке кеңнен мәлим болған қазақтың шайы
қызы — Қыз Меңеш менен айтысы бар. Бул айтыстың кели
шығыў тийкары, айтылған орны, идеялық мазмуны, көркем
лик өзгешелиги, әҳмийети мыналардан ибарат;

Әжинияз түрли себеплер менен қазақлардың арасына б
рып-келип турған. Мәселен, оның қазақлардың арасында қа
лыңлығын излеп барғанлығына ҳәм үстем класслардың қуў
далаўларына ушырап, елинде күн көре алмағанлықтан тала
излеп барғанлықларына шығармалары менен ол туўралы ха
лық аўзынан жыйналған информаторлардың сөзлеринен көп
леген мысалларды келтириўге болады. Усындай себеплер ме
нен қазақ арасына баратырған жолында аты белгисиз би
қыз бенен ҳәм Ырысты деген қыз бенен (екеўи де қазақ) ай
тысады. Бул айтысларында муҳаббатлық сезим, заман тен

www.ziyouz.com kutubxonasi

сизлиги, халықлардың турмыс аўҳалы сәўлеленеди. Екеўинде де Әжинияз қызларды жеңин таслайды.

Әжинияз қазақлардың арасына гө ешекли, гә жаяў барған. Ол бир баласын алып ешекли кетип баратырған жолында суўға шомылып атырған қазақтың кини жузинин атақлы жүйрик шайыры Қыз Меңеш менен айтысады. Суў бойындағы бул айтыста терең, мазмун, терең идея бар. Биз буннан қазақ халқының мал шаруашылығы менен шуғылланатуғын, көшпели халық екенлиги менен, қарақалпақ халқы менен қазақ халқының бурыннан қыз алысын, қыз берип, қуда болып, қарым-қатнаста киятырғанлығы менен, еки шайырдың аўыр турмысы ҳәм басларындағы қайғылы муңлары менен, екеўинин де сөзге жүйрик асқан шайыр екенлиги менен, ҳәм қарақалпақ, қазақлардың өткендеги түбі болған ата-бабалары менен танысамыз. Айтыста Әжиниядың адамға деген мийирманлық сезими күшли сүўретленеди. Қыз Меңеш Әжиниязға жалғызсаң, еркин өмир сүре алмассаң деген ўақытта:

Қарындас, сен де жалғыз, мен де жалғыз,
Халқымыз бар, жалғызбан деме ҳәргиз,
Белинди бураңлатып алып барсам,
Ата-анам, халқым айтар маған алғыс[1].

деп жуўап қайтарады. Буның өзи айтыстағы гуманизм, демократизм идеяларын айқын көрсетеди. Бир-бирин жеңиўде мақтаныў, кемситиў, ойын-күлки, ҳәзил т. б. тәсиллерди шебер пайдаланады.

Бул айтысқа тийкарғы материал болған ҳәрекетлер менен жағдайлар қыздың суўға шомылып атырғанлығы. Әжиниядың қыздың көйлегин жасырын бермеўи, минип барған ешеги, баласының қолындағы қусы себеп болады.

Екинши жылы Әжинияз қазақтың Адай урыўынан Мырза Хожбанның аўылына мектеп молласы болып барады. Сонда қазақларда үлкен бир той болып, усы тойда Қыз Меңеш Әжинияз менен айтысыў ушын оны шақыртады. Әжинияз бул шақырыққа барғысы келмейди. Себеби, айтыстын дәстури бойынша уят та, мини де айтылады. Тилинин барғанынша бир-бирин тартынбай кемситеди. Сонын менен бирге Әжинияз

---

[1] Әжинияз Қосыбай улы. Таңламалы шығармалары. ҚҚМБ, Нөкис, 1960-жил, 157 бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

дың жеңстуғынлығына да көзи жетеди. Мине, усы айтылғанлардың ҳәммесине қызды туўған-туўысқан, ағайынлер арланып, мени урып өлтирип таслар деп қорқады.

Әжинияздың анық бармайтуғынлығын билген аўылды баяры Мырза Хожбан шайырды үйдиң керегесине байлап сабайды, урып азаплайды. Өйткени, Қыз Меңештиң әкеси Байтурсын жарлы болғанлықтан қызын алпыс жасар ғарры Бекештиң дүнья-малына қызығып, оған ҳаяллыққа береди. Мырза Хожбан сол Меңештиң урыўы менен түрли себеплерге байланыслы өшлес болады. Сонлықтан да, Әжинияздың сол урыўдың шайырын жеңгенин тәўир көреди. Сол қыздың қалай болмасын жеңип бер. Оларға үлкен бир умытылмаслықпәнт болсын, — дейди. Ең соңында Әжинияз зорлыққа ушырап баратуғын болғаннан кейин оған тойда қоўыстың болмаўы ушын қасына қырық жигит береди. Әжинияздың жаксылап кийиндирип, астына сур қарагер жорғаны миндиреди. Қолына түлектеги қусты алып береди. Солай етип, Әжинияздың тойға үлкен салтанат менен алып барады.

Тойдағы Әжинияз менен Қыз Меңештиң айтысының идеялық-мазмуны үлкен ҳәм кең. Бунда Әжинияздың Мырза Хожбанның урып зорлаўына ушыраған, айтысыўға келип отырғанлығы, Меңештиң де Мырза Хожбанға болған жек көриўшилик көзқарасы, Әжинияз менен Қыз Меңештиң өз шайырлықларын айтып мақтаныўлары, өткен жылғы суў бойында ушырасқанлығы айтылады. Қыз Меңеш Әжинияздан; «қайдан келдиң, сүйеўиң, тиреўиң ким, атың ким, сүйегиң ким не мақсет менен бизиң жақларға келдиң, елиңде бизлердей сулыў қызлар бар ма, олар не ишип, не жейди, не кийеди, жигитлери қандай, жасың нешеде, қарақалпақпысаң?» — деп сорайды. Қыздың бул сораўларына Әжинияз толық жуўап береди. Әжинияздың бул жуўапларынан оның қазақ арасына дүнья, мал жыйнап алып келиў ушын барғанлығы мәлим болады.

Қыз Меңеш мақтанғанда мен он жасымнан баслап қосы айтаман. Киши жүзде мени жеңген адам жоқ, шайырлық атағым жайылған адамман. Түбинде сени жеңбей қоймайман,— дейди. Әжинияз да усы ўақытқа шекем жигит-қызлардан жеңилип көргеним жоқ, мен өз заманымның Жийренешесимен. Сизди мен жеңемен, — деп екеўи ерегис, тартысты, бир-бирин кемситиўди кескин ен жайдырады. Оғада көп ойын-күлки, ҳәзил, сықақ, уят сөзлер айтылады. Тойда қыз Әжинияздан жеңиледи. Ең соңында Меңеш Әжинияздың үйине шақырып қой сойып берип пәтиясын алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки шайырдың бул айтысында Әжинияз ҳәм Меңеш жа
саған заманның әдилсизлиги, үстем классийелериниң жар
лыларға болған зорлық-зомбылықлары, ҳаял-қызлардың ба
сында өз еркинлигиниң жоқлығы, олардың қалың малға са
тылатуғынлығы, сол дәўирдеги қазақлардың урыўларыны
арасындағы өшпенлилилеклери, қарақалпақ халқы мене
қазақ халқының бурыннан өз-ара тығыз қарым-қатнаст
болған дослық байланыслары, дийқаншылық ҳәм мал ша
рўашылық кәсиби менен шуғылланыўлары т. б. көп ган
идеялар терең сүўретленеди. Айтыстағы патриотизм, гума
низм, демократизм идеялары адамға күшли тәсир етеди.

Сол дәўирдеги қарақалпақлар менен қазақлардағы жар
лы халықлардың аянышлы турмысын көрсететуғын айтыста
ғы мына қатарларды атап өтиў жүдә орынлы:

Меңеш:

Астырттан қалпақ келер жетеленген,
Ҳәр үйден пәтия берип нан тилеген,
Моллеке елиң сениң мырза болса,
Келеди қалпақ неге тентиреген?

Әжинияз:

Дәўраныц өтсе бастан аттай желип,
Қолыңа қонбас Меңеш қайтып келип,
Қарақалпақ қыз берсе тоқаллыққа,
Қазақ та жүр қызларын шалға берип.

Қоян жылы қазақлар жутаганда,
Бизиц елге биразы барды бүлип,
Жүрегин жалғаў ушын нан табалмай,
Биразы қалды аштан жолда өлип.

Қарақалпақ келди деп тентиреген,
Қыз Меңеш сен отырсаң жөнсиз күлип.
Күлгенше мойнына ал сен қәтеңди,
Бизге келип тәжим ет жүз бүгилип.

Күн көрди қазақлардың кәтқудасы,
Бир қадақтай тарыға қызын берип,
Түскеннен соң шеги оның тоқаллыққа,
Еннирен, бозлап шалға кетти ерип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақта баў сабап, нан жабалмай,
Тоқал болып мал бақты, тезек терип,
«Күнелткеннің күни артық» деген сөз бар,
Көп қызлар жылап жүрди азап көрип.

Қазақтың қарны местей кәтқудасы,
Шал менен қуда болды дәўран сүрип,
Қыз Меңеш күлмей-ақ қой қарақалпаққа
Жетим-жесир күн көрди жылап жүрип!

Ең жақсы жери айтыста қарақалпақ халқының этнографиялық көринислерин сүўретлеў жақлары да адамды жуда қызықтырады. Әжинияз Меңеш қарақалпақ қызлары не минеди, не кийеди? — деп сораған сораўына;

Кийеди көк саўырдан гөўин-мәси,
Өңиринде өңир моншақ оп түймеси,
Билезик, жүзик, сырға көп немеси,
Ат қосып айтта, тойда минер арба,
Отырар қатарласып оп-опбеси,
Кетпейди, қапталынан айналшықлап,
Көрген сайын қумартар көрген киси,
Арқадан түйе тартып қазақ барса,
Емешеси қурыйды аўып еси,
Көйлеги дарайыдан киймешеги,
Жанында жүрер баслап жеңешеси,
Орамал жибереди отырыспада
Бир көриўден жигиттің бир нешеси,
Алдына ҳәйкел таққан алтынлаған,
Қулағында гәўҳар сырға жалтылдаған,
Баралмайды жанына сусты басып,
Қандай жигит болса да қалтылдаған,
Фериўза, алтын билезик билегинде,
Түни менен жигитлер жүрер тилегинде,
Сабыр етип шыдап тур деген сөзи.
Жалынлар жигитлердин жүрегинде.

---

[1] *Әжинияз.* Таңламалы шығармалары, ҚҚ МБ, Нөкис, 1960-жыл 173—174-бетлер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Фернўза, яқут жүзик бармағында,
Жеңгелери жүреди жән-жағында,
Жеңгесине жалынып гей жигитлер,
Айналпықлап жүреди этирапында[1], —

деп жуўап береди.

Меңеш төрт қатар бир шуўмақ қосық менен жигити сизиң елдиң қандай болар? — деп сорағанда Әжинияз:

Жигити бизиң елдиң болар гошшақ,
Белинде алтын қамар, алмас пышақ,
Астында арғымақ ат арқыраған,
Үстинде ақ баслы ер басы шошақ,
Басында алтын жүўен, қос сийнемент,
Көйлекшесинин шашағы қушақ-қушақ,
Алтын ғубба өткерген қуйысқанға,
Маржанлап кекилине таққан моншақ,
Қарақалпақта қазақтай уллы халық,
Көрмей, билмей сыртынан етпе сықақ,
Үстинде бир тоқлылық кийимиң жоқ,
Меңеш-аў екенсең ғой сен мақтаншақ,
Қыз Меңеш айтты да қой, тойды да қой,
Үйинде усла да отыр қазан-ошақ,
Жүн түтип, уршық ийирип, қапты тик те,
Қолыңа алып кетпи қазан пышақ.
Бекешке тоқал бол да жүре бер сен,
Тезек терип, бақ та жүр қозы-ылақ,
Бекешти бир жылда бир көрсең болар,
Саған бас-тон болады Меңеш сол-ақ»[2], —

деп жуўап қайтарады.

Айтыстың көркемлилиги жүдә күшли. Бунда төрт қатарлы дәсме-дәс айтысыўлар менен бир қатарда көп мазмунды өз ишине алып, кенирек жыр төгип айтыўлар да ушырасады. Бул жыр төгип айтыў Әжиниязың айтысында ушырайды.

---

[1] Сонда, 172-бет.

[2] Сонда, 173-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз ат шабарлардың жүйрик атларының ерниңе басына орап тартып қойған суўлығының ҳәр орамын жаздырып-жаздырып жиберип алғанындай, бул да жүйрик тилиниң «дойнағын» жаздырып-жаздырып жиберип алады. Айтыста Меңештен басым келип отырады.

Әжинияз иркилместен, суўырып салып айта бере туғын ең күшли, ақпа шайыр болған. Оның күшли ақпа шайыр екенлигине халық аўзынан жазып алған информаторлардың сөзлери менен Қыз Меңеш пенен таярлықсыз, иркилмей, суўырып салып айтысыўлары толық дәлил бола алады. Мысалы, қарақалпақта қолдаўлы Ораз аталық үлкен той берген. Сонда Әжинияз бенен Бердақ ушырасқан. Усы ушырасқанында Бердақ, Әжиниязды уллылығын баҳалап, ол туўралы былай деп пикир айтады; «Әжинияз деген ол тасып, булақлап ағып турған бир дәрья, биз оннан шыққан бир өзек»[1] — дейди. Шайырдың Қыз Меңеш пенен айтысында да мынадай қосық қатарлары бар:

Ойланбайман мен басқа өлеңнидей,
Мен айтаман өлеңди ҳеш мүдирмей,
Айтайын деп өлеңди аўзымды ашсам,
Булақтай ағар өлең, кезек бермей[2], т. б.

Мине, бул сөзлер оның атақлы ақпа шайыр екенлигинен гуўалық берип, сол пикирди исенимли тастыйықлап турады. Халық аўзынан жазып алынған Әжиниязды еки жумбақ айтысы бар.

Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтыслары қарақалпақ халқының әдебиятының ҳәм тилиниң тарийхын, этнографиясын т. б. изертлеўде үлкен әҳмийетке ийе болған баҳалы дөретпе болып табылады.

Бердақ пенен Өтештиң айтысы.

Бердақ ҳәм Өтеш қарақалпақ халқының XIX әсирдеги ең көрнекли ҳәм ири классик шайырлары. Бул екеўи заманлас ҳәм өз-ара жақын дос болған. Сол замандағы ҳәрқандай қыйыншылықларды өз көзлери менен көрип, сол заманның

---

[1] ӨзССР И. А. ҚҚ. Ф. китапханалар фонды, 1989-ж. Қожуровтың дала жазыўы. инв. № 1090. 120-бет. (Ол қарақалпақ урыўы Сақыў, жасы 70 те, Сапар Қурбанияз улынан жазып алған).

[2] Әжинияз. Таңламалы шығармалары, ҚҚ МБ, Нөкис, 1960-ж. 164-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

аннны-душысын бирге татысқан шайыр. Соплықтан да булардың шығармалары, бир-бирине жақын ҳәм үнлес болып келеди.

Бердак, Өтеш менен замаплас, дос ҳәм дайылы-жийенли болғанлықтан оған «Мүйтен» деген дәлкек, ҳәзил мәнисиндеги қосығын жазады. Қосықта мүйтен урыўының дийқаншылық менен шуғыллланбай, тек балықшылық кәсиби менен шуғыллана туғынлығы, халықтың аўыр турмысы қатты күлкиге алынады. Бул қосық халық арасына жылдырымдай тез тарап кетеди. Бердақ «Халық келсе айтыс Өтеш, Жағдай солай билсеңе Мүйтен[1], — дегеннен кейин буған жуўап иретинде ол «Бердақ бақсыға жуўап» деген қосығын жазады. Бул қосықта Бердақтың ата-бабасынан берли сол ўақытқа шекемги аўыр турмысы, Айдос қолдаўлының гөдеклиги, бийлериндеги аўыз биршиликтиң жоқлығы, ийшанларының сатқынлығы, Ерназардың әрманда өлтирилиўи т. б. айтылады. Өтештиң сөзи идеялық мазмуны жағынан Бердаққа қатты аўыр тийеди. Еки шайыр «хәзил апат келтиреди» дегендей, бир-биримиздиң абырайымызды түсирип айтыса бермей-ақ қояйық деп ойлаған болса керек. Бердақ өзиниң екинши иретки «Мүйтен» деп жазған қосығында мүйтен урыўының ели менен қыз-жигитлерин мақтайды. Жоқарыдағы айтысларды Бердақ жеңди я Өтеш жеңди деп айтыўға болмайды. Екеўи де айтысыўды даўам етпей тоқтатын таслайды. Өтештиң өзи де «Сәўмеймен» деген қосығында Бердақты жеңбегенлигин мойынлайды. Бердақты да Өтештен жеңиледи деп айтыў қыйын. Өйткени, ол ақыллы, данышпан, жүйрик, бүлбүлдей сайраған турған шайыршылығы басым атақлы адам. Еки шайырдың айтысын ойын-дәлкек, ҳәзил айтысы деп атаса болады.

Дайылы-жийенли болған Бердақ менен Өтеш екеўи де асқан жүйрик шайыр болғанлықтан бир-бирин сынаў ҳәм ойын-дәлкек, ҳәзил етиў мәнисинде айтысқан. Булардың айтысларындағы айтылған сөзлерди халық ҳешўақытта айып деп есапламайды. Егер айып деп есаплаң, кеўиллерине мәлел келтирсе, қайта айтыстың қағыйдасы, дәстүри бойынша өзлериниң утылғанлығын билдирип қояды. Сонлықтан да я мүйтен урыўларының, я қолдаўлы урыўларының айтыстағы айтылған сөзлерге ашыўланыўына халық тәрепинен жол берилмейди.

Бул жерде соны еске ала кетиў керек, Бердақтың анасы мүйтен урыўынан болғанлықтан ол тек жалғыз Өтеш менен

---

[1] ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Филиалының китапханасының қолжазбалар фонды, инв. № 1154, 1934-жыл, 53-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ғана дайылы-жийенли болып қалмайды. Пүтин мүйтен урыўы оған дайы болады. Ал Бердақ пүтин мүйтен урыўына жийен болады. Сонлықтан да Бердақ сөзди тек Өтештиң бир өзине ғана тийдирип айтып қоймай улыўма мүйтен урыўына тийдириң айта береди. Халықтың дәстүри бойынша шайыр ойын-дәлкек, ҳәзил иретинде барлық дайыларына аўзын толтырып айта бериўине ҳақысы бар. Бердақ пенен Өтештиң бул айтысларынан Бердақтың Өтешти, Өтештиң Бердақты ямаса екеўи бир-бириниң урыўларын жек көретуғынлығы сезиледи деп ойлаўшылар пүтинлей қәтелеседи.

Керисинше, булар бир-бириниң урыўларын соныңдай жақсы көреди. Әсиресе, Бердақ пенен Өтештиң арасындағы дослықтай дослық, татыўлық қарақалпақта ҳеш адамның арасында болмаған десе арттырып айтылған болмас. Буған екеўиниң шығармаларындағы бир-бири жөнинде айтқанлары толық дәлил бола алады. Бул еки шайырдың бир-бирин сынаў, ойын-дәлкек, ҳәзил етиў мәнисинде айтысқанлығын қатты есте сақлаў керек.

Бердақ пенен Өтештиң айтысларының әҳмийсти — бул бизге тек қолдаўлы менен мүйтен урыўларының ғана емес, пүтин қарақалпақ халқының сол замандағы тарийхый турмысын, Хийўа ханы менен ел ишиндеги бай, бий, молла-ишанлар сыяқлы езиўши үстем классларға төренинен жарлы халықлардың аяўсыз езилип келгенлигин, езилиўши халықлардың үстем классларға болған жек көриўшилик сезимлерин т. б. көплеген идеяларды бизиң көз алдымызға айқын сәўлелендире алады.

Бердақ суўырып салып айта беретуғын ақпа шайыр. Оның ақпа шайыр екенлигин, тастыйықлайтуғын халық аўзынан жазып алынған материаллар жүдә көп. Биз буған тек мына еки мысалдың өзин ғана келтирип өтемиз. Бердақтың Жәмет, Палымбет деген туўысқанлары болған. Бир күни Жәмет деген ағасы бий болыў туўралы Бердаққа келип ойласқан. Сонда Бердақ бирден суўырып салып, Жәметке былай деп айтқан:

Ғарғабай улы Жәметсеңь,
Боқ көтерген себетсеңь,
Халық та сонша қурыған екен,
Сен де бийликтен дәметсеңь[1].

«Бердақ шайыр Қазалыда қазақ шайыры Әбиўбәкир менен ушырасады. Сонда қазақтың атақлы бийи Жетесбий өзи

---

[1] Сонда, инв. № 37897, 1957-ж. 160-бет. Қараөзек р-ны, мүйтен, 63 жасар Сейтниязов Үббиниязден жазып алған А. Кәримов.

www.ziyouz.com kutubxonasi

бас болып шөлкемлестирип екеўин айтыстырады[2], — дейди информатор. Бирақ бул екеўиниң айтысы еле қолда жоқ. Бул бизге изертлеў жолы менен халық аўзынан таўып жазып алыўды талап етеди.

Бердақ қыссахан, бақсы болған шайыр. Ол усы басқышлар арқасында уллы шайыр дәрежесине көтериле алған.

Өтеш те Бердақтай бирден суўырып салып айта алатуғын ақпа шайыр болған. Бизиң бул сөзимизди тастыйықлайтуғын халық аўзынан жазып алынған материаллар көплеп табылады. Солай да болса мына бир мысалды келтиремиз; Өтеш «Қыпшақ» деген атамадағы айтысын бир үйде қонақ болып отырғанда қытай-қыпшақ урыўларының қыз-жигитлерине қарап турып бирден суўырып салып айтады. Айтыс 26 шуўмақтан ибарат. Бизиң бул қосықты айтыс деп отырғанымыздың мәниси қосықта айтыстың қағыйдасына жуўап беретуғын мазмунлы идеялар толық қамтылған. Шынында да, қытай-қыпшақтың сол ўақытта болмаған менен сонда Өтештей шайыр адамға жуўап қайтарып қосық айтып айтысқандай шайыр қыз-жигитлери болмаған. Егер болғанда иреттен пайдаланып, биреўи бас көтерип айтысқа шыққан болар еди. Бунда сол жердеги отырған қытай-қыпшақлардың қыз-жигитлери ғана емес, пүтин қытай-қыпшақ урыўы жеңилип отыр. Айтыста кемситип, минеп айтыўлар менен ойын-күлки, ҳәзиллер күшли суўретленген. Айтыстың идеясында бизге қытай-қыпшақ урыўларының Хийўа ханы тәрепинен езилип, адам шыдай алмаслық аш-жалаңаслықта қатты аўыр турмыс кеширгенлигин көз алдымызға елеслете алады. Сонын менен бирге оның баслы тәрбиялық әҳмийети ҳәрбир адамды бир-биреўге жөнсиз күлмеўге шақырыўы болып табылады.

Сарыбай (1830—1898) қарақалпақ әдебиятында творчествосының өзгешелиги менен көзге түсе туғын халқымыздың белгили шайыры болып табылады. Оның, әсиресе, жасларды жүдә қызықтыратуғын «Шымшық пенен айтысы» ҳәм «Жарғанат пенен айтысы» астарлы мәнидеги терең мазмунда жазылған. «Шымшық пенен айтысында» шымшық арқалы сол дәўирдеги жарлылардың аш-жалаңашлық қайғылы аўыр турмысын сүўретлейди. Айтыста Сарыбайдың шымшық пенен өз-ара сырласыў, муңласыў, бир-бирин аяў сезими бериледи. Буннан Сарыбайдың жарлы халықларға болған гуманистлик сезимин көремиз. Бунда бир-биринин минин айтып кемситиўлер ҳәм өз-ара тартыслар ушыраспайды. Сарыбай шымшық пенен жай диалог түринде айтысады. Жарғанат

---

[1] Сонда, 157-бет. Есенғазиев Өтепбергеннен жазып алған А. Кәримов.

www.ziyouz.com kutubxonasi

пенен айтысында шайыр Сулайман деген патша менен жарғанаттың образы арқалы өзи жасаған дәўирдеги ханлардың зулымлығын, әдилсизлигин езилиўши жарлы халықлардың аўыр турмысын айқын көрсетеди. Бул айтыста биринин бири минин айтып кемситиўлер ҳәм өз-ара тартыслар ушырасады. Бул айтыста да шайырдың аш-жалаңаш, муңлы болғанлығы көринип турады.

Шайырдың айтысларының бизиң ушын ең баҳалылығы бунда сол дәўирдеги жәмийетлик жағдайлар, класслық қарама-қарсылықлар, езиўшилердиң жаўызлығы, езилиўши жарлы халықлардың аўыр турмысы сыяқлы жанлы турмыс картиналары кеңнен ашып бериледи. Сарыбайдың бул айтысларын астарлы (аллегориялық) мәнисиндеги тымсал айтысы деп атаса болады.

Қулымбет XIX әсирдиң екинши ярымында жасаған қарақалпақ халқының белгили шайыры. Оның ең баҳалы қазақ шайыры Обиўбәкир кердери менен айтысы бар. Бул айтыс 1905-жылы араб ҳәрибинде «Одебият Қазакия» деген ат пенен Қазандағы баспадан шыққан Обиўбәкирдиң қосықлар топламында жарияланады. Айтыстың көлеми 224 қатар қосықтан ибарат. Айтыс еки шайырдың бир-бирине хат жазыўы арқалы болып өтеди.

Шайыр биринши хатында өзиниң қосық жазыўға қызығыўшылығын билдириў менен қатар, халық арасынан аўыз әдебиятын жыйнаўшы қатарында да өзин танытады. Бул пикирди оның:

Жыйнаған сөзим толады,
Пар өгиз жеккен арбаға[1], —

деген сөзлери тастыйықлап турады. Әбиўбәкирге сизиң дабылыңыз қарақалпаққа Гөруғлы бектей жетип атыр деп хабарлайды. Биринши хаттың ең соңында:

Ойланып иним сулыў жаз,
Биз де бираз елатпыз,
Сөз билетуғын дана бар,
Иншаалла өзимде
Жөн билетуғын шама бар[2], —

деп жазады. Буннан сол дәўирде қарақалпақта да ақыллы, данышпан, билимли адамлардың болғанлығын, Әбиўбәкирдиң де оқымыслы, билимпаз адам екенлигин билемиз.

---

[1] *Н. Дәўқараев.* Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. XI том, Нөкис, 1969-жыл, 215-бет.

[2] ӨзССР И. А. КК Ф. китапханасының қолжазбалар фонды, инв № 6271, 1960-жыл, 310-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әбиўбәкир қарақалпақлар басына бөрик кийеди. Қарақалпақ деген ким болады. Оның әжестеп берги ата-бабалары ким, не кәсип менен шуғылланады. Хорезмниң айналасында қанша журт жайласқан. Олардың ел ағасы қайсы журт болады. Бизге келген моллаларың буларға жуўап бере алмайды. Қулымбет қарақалпақлар бөрикти ыссыда көленке ушын кийеди. Қыста кийсе де, киймесе де ерки бар. Мәканым Хорезм жердиң көрки, халқым батыр, тили сулыў, — деп мақтап дәлиллейди. Түркмен, қарақалпақ, қазақ, өзбек халықларының ата-бабалары менен дәрья, көллери жөнинде түсиник береди.

Әбиўбәкир ең соңғы жазған хатында жер жүзиниң халықларын жети бөлимге бөлип, усы бөлимниң ҳәрбирин айтып бериўин сорайды. Қулымбет буған да өз билгенинше жуўап жазып қайтарады. Қулымбеттиң бул жаўабынан оның жер жүзиндеги көплеген географиялық атамадағы қалалардың, тецизлердиң т. б. атларын билетуғын ой-өриси кең адам екенлигин түсине аламыз. Қулымбет айтыста өз халқының ар-намысын, абырайын сақлаўға ҳәрекет етеди. Бул идеялар оның өз ўатанын, халқын, жерин сүйетуғын патриот, гуманист шайыр екенлигинен жуўмақ береди.

Қулымбеттиң айтыслары да қарақалпақ халқының өткендеги әдебият тарийхы менен тил тарийхын изертлеўде баҳалы материал бола алады.

Қызылқумдағы қарақалпақлардың болыс бийлери XX әсирдиң дәслепки жылларында Сырдәрья бойының «Шийели» деген жеринде туратуғын қазақ халқының шайыры Мансурды шақыртып алып, қарақалпақ халқының шайыр қызы Дәме менен айтыстырады. Айтыс Қызылқумдағы Дәмениң Сарыбел деген аўылында болып өтеди. Айтыста Дәме Мансурды женеди. Сол ўақытта Дәме онбес жасар, Мансур отыз жаста болады.

Дәме тек қарақалпақ халқы арасында ғана емес, қоңсылас туўысқан халықлар арасында да белгили шайыр болып танылады. Дәмениң зор талантқа ийе болған атақлы, күшли шайыр екенлигин, оның даңқының әдеўир елге белгили болғанлығы Мансурдың «Хош ҳаўаз, әри шайыр, сулыў, қыз, атына жаңғырмақта жердиң жүзи» деген сөзлериниң өзи де дәлил бола алады. Соның менен бирге Мансурдың айтыспастан бурын қыздың жай-жағдайын алдын-ала билип алыў мақсетинде жыйындағы бир қарақалпақ жигитинен сорап, еситкен сөзлерин өзиниң мына төмендеги баян еткен сөзи де Дәмениң қандай дәрежедеги шайыр екенлигин оқыўшыға аттың қасқасындай танытып турады;

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Япырмай», — деди жигит, ырасыңба,
Дәме менен айтысқа турасаң ба?
Айтайын қыздың жайын, тилимди алсаң,
Желикпей-ақ қоя гой ырасында.
Ол қыздың өз әкеси Тобагабыл,
Алысқа байлық пенен қаққан дабыл,
Дәўлет мол, Сарыбелди жайлап отыр,
Билмедим мәкан еткен қаншама жыл.
Еситтик қыз екенин нағыз илгир,
Талай жигит жеңилген, ойлап билгил,
Солардың бири болып сен кетерсең,
Болсаң да тулпар туяқ, тилиң бүлбүл .,

Бул жерде Дәмениң даңқын еле де күшлирек тапытатуғын буннан басқа да айтысларының ертеректе билетуғын я еситкен аламлардың аўзынан өлип қалмастан бурын жақыннан кеўил бөлинин жазып алының қалынбаганлығы адамның жанын анныдырады. ... Ўақтында толық жазылып қалынармеди? — деген әрманда боласаң. Мансур менен айтысындай айтысы бар Дәмениң басқа айтыслары болмаган деп айтыў, я ойлаў — бул қатты келтелик болар еди. Мансурдың; «Талай жигит жеңилген ойлап билгил» деген сөзи бийкарға айтылмаған. Бул айтылғанларға қарагында Дәме шайырман деп айтысыўға келген талай жигитлерди айтыстан орнында отырғызып жеңип таслағанлығын аңлаймыз.

Мансурдың да өз елиниң атақлы, күшли шайыры екенлигин, соның менен бирге, қарақалпақларға да белгили болғанлығы, оның Дәме менен айтысындағы екеўиниң айтқан сөзлеринен анық көринеди. Бул атақлы еки шайырдың айтысы басынан ақырына шекем тартыс пенен питеди. Дәме өз елин, жерин, халқын, халқының дәстүрсалтың, кәсибин мақтайды. Сондай-ақ Мансур да ели менен жерин, халқын, байлықлы таўын, булағын, дәрьясын, көлин, халқының кәсибин айтып мақтанады. Көпшилик жерлеринде бириниң сөзин бири бийкарлап, ҳәрбир тәреп өзиниң елин, жерин т. б. жоқары қойып мақтаўға ҳәрекет етеди. Екеўи де өзлерин бир-бирине айтыстан жеңилмейтуғын жүйрик қатарында мақтап көрсетеди. Соның менен бирге, булар бир-бириниң минин айтып, кемсите баслайды. Айтыста Қызылқумдағы қарақалпақлар менен Сырдәрья бойындағы қазақлардың сол дәўирдеги материаллық ҳәм мәдений турмысы менен дийқаншылық ҳәм мал шаруашылық, кәсиплери айқын сөз етиледи.

---

[1] „Әмиўдерья“ журналы, 1969-жыл, № 11-саны, 85-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әҳмийетли айта кететуғын бир нерсе, айтыстағы бир-бириниң елин, жерин, халқын т. б. кемситиўлерине қарап, ҳақыйқатында Дәме қазақларды, Мансур қарақалпақларды жек көреди ҳәм бул екі елди бир-бирине қарама-қарсы қойыў мәнисинде кемситкен деп түсиниўге болмайды. Булар айтыстың дәстүри бойынша тек бир-бирин жениў мақсетинде ғана кемситеди. Тийкарында екеўниң екі елди сүйиўшилик көз қарасы жүдә унамлы. Дәме Мансурдың қарақалпақларды кемситкенинде; «Қарақалпақ ҳәм қазақ бастан егиз, қашаннан-ақ аралас өскен елмиз» десе, Мансур; «Сениң менен ерегисип айтаман деп, қарақалпақ халқына тийди тилим» дейди. Буннан екеўиниң де қарақалпақ пенен қазақлардың бурыннан қарым-қатнаста киятырған дос екенлигин, булардың буннан былай да дослық байланысының үзилмеўине билдирилген тилеклеслик сезимлерин анық көриўге болады.

Буннан кейин Дәме Сыр бойында турмысы төмен, тақыр гедейлериң бар дегенде гедейлерди кемситип турған жоқ. Ол улыўма сол ўақыттағы гедейлердиң аўыр турмысына жаны ашығанлық сезим билдирип тур. Бул идея Дәменниң мына қосық қатарларынан анық көринеди:

Сырыңның көли сасық, шөби жасық,
Жарлылар жалаң аяқ, түси қашып,
Таң атса өгизине жүгин артып,
Далаға шубырады асып-сасып.
Күн батыўдан көк шөптен ширкей шығып,
Зарланып ызыңлайды зәҳәр шашып,
Кийиз үй жыртығына шөпти тығып,
Ҳешбир жан шыға алмайды есик ашып.
Ортаға түтинликти салып қыйдан
Жатады жер баўырлап бетин басып.
. . . . . .
«Гедейлерге қараспас байларыңыз,
Айтпайды «мынаў ғой деп пайдалыңыз» .

Дәме жарлы гедейлердиң аўыр турмысын бурмаламастан реаль көрсетиўди көзде тутады. Гедейди бай деп мақтағысы келмейди.

Ким инанар гедейди бай дегенге,
Пулы көп төрт түлиги сай дегенге,
Шопанның жулдыз аты жасырынбас,
Жарқырап жаңа туўған ай дегенге[2].

---

[1] Сонда, 89-бет.
[2] Сонда, 93-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәменниң класслық көзқарасына сер салғанымызда ол езилиўши жарлы классларды, гедейлерди сүйеди. Соллықтан да оның аўыр турмысына жаны ашыйды. Ал енди, езиўши үстем классларды жек көреди. Оларды ақылсыз деп есаплайды. Дәме өз елиндеги болыс, бийлер туўралы Мансурға; «Болыс болмаса аты шыққан, дедиң бе ылғый надан өңгелерим» десе, Мансурдың елиндеги болыс, бийлер туўралы;

«Жарамлы жақсыларын жаман бийлеп,
Болыс етип қойылар наданларыңа», —

деп сүўретлейди. Бул қарақалпақ, қазақ халықларының тарийхында бурын болыслық пенен бий, ҳәмелди берим менен, қазан менен надан адамлардың сатып алатуғынлығын еске түсиреди.

Шайыр қыз Мансурдың Қызылқумдағы қудық туўралы айтқанынан басқасының барлығын өтирик деп мойнына алмайды. Мансур қудықты былайынша кемситеди;

«Суўырып, ысырапыл тартқандай-ақ,
Даўыл турса бурқыран шаң қаплады.
Көп қойдың шаңлақтағы қумалағы,
Жел менен қудығына думалады.
Шықса да ҳәр ғаўғадан қырық қумалақ
Илажсыз соннан барып суў алады.
Ыссыға шыдамастан соны ишип
Сорлылар муздай суў деп қуўанады»[2].

Айтыстың көркемлик формасыда жүдә жақсы. Оның жазылыў усылы; суўретлеў қураллары, фольклорлық характеринде, ерикли, гезекли, шалыс, аралас уйқаслар менен қурылған. Шуўмақларының қатар саны ҳәр қыйлы. Айтысты таярлықсыз бирден иркилмей суўырып салып, кең мазмунды қамтыў арқалы өз-ара узақ жыр төгип айтады. Айтыс еле де көп идеялық мазмунды өз ишине алатуғын ең баҳалы дөретпе.

Сейфулғәбит Мәжитов, қазы Мәўлик Бекмуҳамбет улы менен 1913—14-жыллардың арасында хат арқалы айтысады. Сейфулғабит Сәпиўра деген қыздың атынан «Мен онсегиз жасыма толдым. Сол сәнеге неше ай, неше күн, неше саат болады. Неше саат дем алады?» деп жумбақ пенен жазылған есап сораўларын береди. Мәўлик буған тез жуўап қайтармай

---

[1] Сонда, 89-бет.
[2] Сонда, 91-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

иркиңкирейди. Ириккени себепли Сейфулғабит хат жазады. Буннан Мәўлик есап мәнисиндеги жумбақтың Сейфулғабит тәрепинен берилгенлигин биледи. Буннан кейин Мәўлик жумбақты дурыс шешип, ирикпей жуўабын жазып қайтарады. Қазы Мәўлик Шығыс классиклериниң үлгиси бойынша «Сәпиўра» деген қыздың атын араб алфавитиндеги ҳәриплердиң тәртибине салып жумбақты арифметикалық арттырыў жолы менен шешеди. Айтыс Мәўликтиң жуўабы менен тамамланып, даўам етилмей қалады. Соңлықтан да айтыстан қыйсысының жеңилегенлиги сезилмейди. Бул жумбақ айтысының әҳмийети ҳәр бир адамның ой-өрисин кенейтиўге жәрдем етеди.

Октябрь революциясынан бурынғы шайырлардан Шанкөт жыраўдың Әргаш Жуманбўлбўл улы менен айтысына, Тыным менен Қулмамбеттиң айтысына т. б. тоқтағанымыз жоқ. Өйткени, булардың айтыслары еле де халық аўзынан жыйнап толықтырыўды, анықлаўды талап етеди. Ал енди қарақалпақ халық дәстанларындағы айтысларға да анализ ислей алмадық. Булар өзимиздиң соңғы изертлеў жумысымызда толық анализ етиледи.

1. ТИЛЕК СОРАЎ — ЖУЎАП АЙТЫСЛАРЫ

Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы[1]

Әжинияз:

Тосыннан жаў келсе де тартынбаған,
Көлдеги үйрек, ғаздай ғаңқылдаған,
Қудаша, сәлем бердим көриўдек-ақ,
Жүзлериң жазғы таңдай жарқылдаған.

Меңеш:

Саған мен суўда турып нәзер салдым,
Ағаке сәлеминди әлик алдым,
Кейинирек турыңыз кийингенше,
Келгенинди ғапылда билмей қалдым.

Әжинияз:

Биз намәҳрем, кет десең, әжеп болар,
Биздейден уялғаның әдеп болар,
Кеткен соң өкинбегил кейнимнен,
Бақырыў кеткеннен соң уят болар,

[1] Айтыс қысқартып алынды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Биротала кетсең де бақырмайын,
Соңыңнан келе ғой деп шақырмайын,
Қыз емеспен қағынып көрсе қызар,
Көрингенге көз салып не қылайын...

Әжинияз:

Қарындас, қуўсам қашып жеткермейсең,
Озайын десем тусыңнан өткермейсең,
Айтыўыңнан, қарасам сөз соңына,
Қарындас, онша мени жек көрмейсең.

Меңеш:

Усы жерде айтпайман шебин, оқын,
Жигит болсаң, ақла сен ислиқ соқын,
Суў ишинде үстиме келип қалып,
Майданда сорай ма екен қыздың муқын.

Әжинияз:

Тал түсте жолым түсип келип турман,
Басында қайғы барын билип турман,
Сен маған айтпасаң да сырларыңды,
Көз қарасларыңнан-ақ көрип турман.

Меңеш:

Басымдағы қайғыны билсең болжап,
Қайғыдан қутқарарсаң өзиң қоллап,
Қайғыдан қутқараман деп алып кетип,
Мени сен сатып жүрме жолда пуллап.

Әжинияз:

Қәпестен бузып ушқан қаршығаман,
Аралдан келдим, шынын айтсам саған,
Қайғыдан қутқарайын мақул көрсең,
Меҳрибанлық ете жақ болсаң маған.

Меңеш:

Басымдағы бас жипти үзе алмассаң,
Жалғыз өзиң қайықсыз жүзе алмассаң,
Меҳрибанлық етер ем, мақул дерем,
Тыныш жол менен турмыс дүзе алмассаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Қарындас, сен де жалғыз, мен де жалғыз,
Халқымыз бар, жалғызбан деме ҳәргиз,
Белинди бураңлатып алып барсам,
Ата-анам, халқым да айтар маған алыс.

Менеш:

Қостарыңныңсеннен кеўли қалған шығар?
Жолдасыңныңшеккени налыс шығар,
Ким барса да қызығып кетпейтуғын,
Айтыўыннан Аралың алыс шығар?

Әжинияз:

Айтсам мен әнгименің ҳақыйқатын,
Жолы узақ болса да жүрек жақын,
Қудаша, қорықпай-ақ ғой қалтырақлап,
Аўылында жүре бер, болсаң ақын.

Менеш:

Тарысып, ерегистик биз бир талай,
Кеўилим соқса, жүрек соғар солай,
«Хан да болсаң, келсапты әкел» деген,
Көйлегимди әперсең болар қалай?

Әжинияз:

Билгиш қызы екенсеңусы бойдың,
Руўхым көп түсирме ақыл-ойдың,
Көрмей турман, көзлерим қамасты ма?
Қудаша, көйлегинди қайда қойдың?

Менеш:

Көйлегимди жасырып, қыйнамаңыз,
Суў ишинде сарғайтпа, сыйласаңыз,
Танымаған адамсыз, тилим тийер,
Қудаша деп көп ойнап не қыласыз?

Әжинияз:

Тиймесем де тийеме тилиң сениң?
Шаңқай түсте шомылған миниң сениң,
Қыз алысқан қудаман деп қазақ пенен,
Мазақлаў емес, дурыслы сөзим мениң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Бизге де өте жақсы тамыр болсаң,
Қашық емес аўылым, барып қонсаң,
Көйлегимди жасырып қысындырып,
Жолығарсаң бир иске, сөзди қуўсаң.

Әжинияз:

Атамыз Анес-Мәлик еки арыс,
Қазақ пенен бизиң ел қарым-қатыс,
Бәлеге жолыққандай не гүнам бар,
Жүйриклерден озарман, болса жарыс?

Меңеш:

Туўмалар жыйналар қуда келди, десем,
Шырағым деп күтип алар, эке-шешем,
Жарыстан бәйги алған жүйрик болсаң,
Суўдан шығып айтысайық, болсаң шешен?

Әжинияз:

Суўдан шықсаң, жылдам шық жата бермей,
Көйлегинди кийип ал, адам келмей,
Суўдан шық, соннан кейин сөйлесермиз.
Кеширдим көп мининди елестирмей...

Айт маған урыўынды, елинди қыз,
Билмеймен жолаўшыман жөнинди қыз,
Көйлегинди отырып кий албырамай,
Артыңнан күн тиймесиң көринди қыз.

Меңеш:

Той болса бай баласы қамқа кийер,
Астында арғымақ ат алтыннан ер,
Болмаса менде қастың, дуз татпастан,
Қарама, аш көз нәрсе, көзиң тийер?!

Әжинияз:

Көшпели халық урыўлас қырғыз, қазақ,
Қойым көп, қумды жайлар Тилеўқабақ,
Қудаша, көз тийер деп гүманлансаң,
Тезирек молла әкеңнен дуўа алып тақ.

Меңеш:

Жел мая берсем, минип келер ме екен?
Қудағай деп шақырсам келер ме екен?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәзери өтпей, көп етип берсем нәзир,
Молла әкең барсам дуўа берер ме екен?

Әжинияз:

Қасында турса әдил еки гуўа,
Түнесең, молла саған берер дуўа,
Сыясы дақ түспеген таза сыя,
Дуўасын тақсаң, болар дәртке даўа.

Меңеш:

Жолаўшы, қайдан жүрсең, сәлемиң жоқ,
Анаў-мынаў болса да әлемиң жоқ,
Молла әке, дуўа беремен деп мақтанасаң,
Қасында сыяң түўе қәлемиң жоқ.

Әжинияз:

Дуўа жазсам, табылар сыяданым,
Сени көрип жанып тур жығырданым,
Дуўа емес-берермен дәртке даўа,
Жүрегиңнен жай таўып жаснар жаның.

Меңеш:

Жүрегим дуўа менен жазылмайды,
Тилегим, молла сеннен табылмайды,
Дуўаңды бир сапарға алып тақсам,
Жүрегим оннан сайын жалынлайды.

Әжинияз:

Жүрегиң жанса суўыт жуўа менен,
Дем салсын, молла оқып дуўа менен,
Қеўилим ҳақ молланың, деми қабыл,
Қорықсаң барайын еки гуўа менен.

Меңеш:

Гуўаңның бири — ешек, бири-бала,
Сонлықтан, исиң болар сениң шала,
Дем салып, дуўа берип оқыйман деп,
Албырақлап жүрерсең соңын ала...
Қайнаған суў ишерсең, ишиң кепсе,

Әжинияз:

Қайнаған суў ишерсең, ишиң кепсе,
Шигин орар, салы емес, шигин сепсе,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүтәж болып сен жүрме моллакеңе,
Қайтып келмес, кеўили бир қалып кетсе,

Меңеш:

Қаршыға, ма, моллаке қолыңдағы?
Өзиңдей қәлпе екен улыңдағы,
Есегиң де, өзиң де дым сақ екен,
Жаплардан қалай өттиң жолыңдағы?

Әжинияз:

Қудаша, ешегиме неге күлдиң?
Булақтай тасқан кеўилим неге бөлдиң?
Бала — мениң мәдарым, ешек — атым,
Бүлбүлим — сәни мениң қызыл гүлдиң.

Меңеш:

Қазақлар Орынбордан қус алады,
Жаз алып, қайтарып, қыс салады,
Қум шыжғырған мәҳәлде қус көтерип,
Моллаке, сениң қусың не алады?

Әжинияз:

Бул қусым қуў да алады, ғаз да алады,
Бир күнде үйрек-қоян, жүзде алады,
Алдынан қашқан анды қутқармайды,
Жиберсем сендей жақсы қыз ды алады.

Меңеш:

Өзим атым ақ Меңеш, синлим Дәне,
Жеңгем аты-Ғаныймет, ағам қәне,
«Аңшыдан аң, батырдан саўға», — деген,
Бизлерге байлайтуғын аңың қәне?

Әжинияз:

Геўишиң көк саўырдан, мәсиң ҳәжел,
Басында қызыл гежи сары орамал,
Еки үйрек, бир қуўым бар қоржынымда,
Ақ Меңеш, қәледе сен биреўин ал.

Меңеш:

Үшеўин бер, биреўин мен нетейин,
Үшеўин берсең алып мен кетейин,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Молдакеңе үшеўинде байлады деп,
Мақтаныш жеңешеме көрсетсейиң?

Әжинияз:

Ақ Меңеш мен айтайын қулағыңа сал,
Үшеўин бирден берсем, болар обал,
«Орамал тоң болмайды, жол болады».
Ақ Меңеш екеўин қой биреўин ал.

Меңеш:

Үшеўин берсеңе алып мен қайтамын,
Отқа үйтип, суўға жуўып қайнатамын,
Молдаке, аштан өлип жүргеним жоқ,
Биреўине қазан толмас не қылайын?

Әжинияз:

Үшеўин берсеңе алып мен қайтамын,
Үшеўин мал ийеси қыямекен,
Ақ Меңеш алдында сен қуўымды көр,
Бир өзи қазанына сыямекен?

Меңеш:

Қуўыңа қазан толтырмас, дем салсанда,
Бересеңе еки үйрегиң баҳа айтсанда,
Толтырмас қазанымды жалғыз қуўыңа,
Молдаке, қалай айтып мақтансанда.

Әжинияз:

Қуўым мениң семизден шайлаган қуў,
Жазы менен жолым үйде байлаган қуў.
Қазаныңа толмақ түўе төгилмейме,
Салсаңыз саңыўрыс дуз бен бир шелек суў.

Меңеш:

Бермеген тилегенде өзиңе еппе,
Шарийат тилегенде берме деппе?
Суў қуйып еки үйрек пен қуўыңа салсам,
Сонда да зорға болар баўыры көппе?

Әжинияз:

Ақ Меңеш нени айтса, гәп болады,
Бергенимди сен алсаң еп болады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нанбасаң қыз ийнинە қуўымды сал,
Бир өзи қыз ийнинە жүк болады.

Меңеш:

Бергениң жалғыз қуўың гөр болама,
Үшеўин берсең маған көп бола ма,
Нар түйедей десеңде қуўынды сен,
Салғанда қазаныма жүк бола ма?

Әжинияз:

Берип едим қуўымды сен алар деп,
Не қылса да қазаныңа бир толар деп,
Сен айтасаң толмайды деп бир қуўыңа,
Мен айтаман қайнағанда бар майы төгилер деп.

Қут үйим, жети урыўыңа мен тамасаң,
Електриц өпе бойын сай саласаң,
Толмаса қазаныңныңа түби түсеп,
Қазаныңа неше қарыс айт шамасын?

Қазаныңа ақ шойынба, қара шойын,
Түбинде қазаныңныңа жоқпа қуйын,
Мен бир жүрген қазансыз жолаўшыман,
Ақ Меңеш, қазаныңа бер салдыр буйым?

Меңгеш:

Қазаным тилегениң бар жүйеси,
Қазан ерсем қайры бар, жоқ кийеси.
Кийеси бар болсада берер едим,
Моллаке қазанымныңа бар ийеси.

Әжинияз:

Қазаным тилегеним бар жүйеси,
Қазан берсеңа қайры бар, жоқ кийеси.
«Берместиңа асы писпес», — деген Меңеш,
Атын айтшы, қазаныңныңа ким ийеси?

Меңеш:

Әкем аты — Байтурсын, шешем — Бәпеш,
Синлим аты — Гүлдәне өзим — Меңеш.
Ийесин қазанымныңа мен айтайын,
Түнәўги тойда көрген аты — Бекеш.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Ақ суңқар ма қусыңыз аласар ма?
Жапсарыма қондырсам жарасар ма?
Қусыңыз аң қутқармас қыран болса,
Бир жеринде қыранлық белги барма?

Әжинияз:

Анға салсам мен алып аяқ баўын,
Алады жылдам барып қашқан аўын,
Күн сайын қырық-елиўден қайтарады,
Саған айтсам қудаша сөздиң саўын.

Меңеш:

Қусыңыз көп уқсайды жапалаққа,
Жапалақ шыға алмайды кирсе бағқа,
Аңлар көп туў сыртында бизиң елдиң,
Жиберип көр қусынды бизиң жаққа.

Әжинияз:

Қусымныңпәнжеси бар илетуғын,
Тасқа салсам қамырдай тилетуғын,
Алып мен барар едим аўылыңа,
Қәлпе бар ма қәдирин билетуғын?

Меңеш:

Қусыңныңтүри уқсар алагутке,
Алагут аң ала алмас, қонар шөпке,
Алагут төгер сениң абырайынды,
Қусым бар деп көрсетпе оны көпке.

Әжинияз:

Ҳаррыйтып ушқан ўақта қос қанатын,
Көз илдирмей, иледи көрген затын,
Бүркит пе, жапалақ па, сонда билер,
Қусымныңкөрген адам кәраматын.

Меңеш:

Бүркит деп жаман қусты мақтай берин,
Жапалақты суңқар деп сақлай берин,
Ешегиниңүстинен түсирместен,
Бир түйир нәрсе бермей қақлай берин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ә ж и н н я з:

Туйғыным түнде тойған, тамағы тоқ,
Жанымда қәлпеси тур, қайғысы жоқ,
Қусымның кәраматын көрсетейин,
Жүрегинде ашықлық лаўласа шоқ.

М е ңе ш:

Бул қусың тоғай, таўда ушпаған қус,
Жазы, қызы көзимизге түспеген қус,
Бул қусым таў буркити дей бересең,
Қәне, жибер, көрейик, бул қандай қус?

Ә ж и н н я з:

Жибермеймен, бул қусты қолдан жырақ,
Жиберсем жаздырмайды өте шыйрақ,
Жиберсем жаралайды, пайдасы жоқ,
Бүркитим пәнже салса бүрер демде-ақ.

М е ңе ш:

Бүркитиң бүргиш болса, бүре қойсын.
Қәнекей, ҳалын сынап көре қойсын,
Мүлайым болып егер аңды алса,
Жолдас болса жөнекей жүре қойсын.

Ә ж и н н я з:

Бүркиттиң бүрери бар, алары жоқ,
Жолдас болсаң, жан бермей қалары жоқ,
Бүркитим алған аўын бере берер,
Жалынбасаң, аўзына салары жоқ.

М е ңе ш:

Жаным барда, ҳешкимге жалынбайман,
Жаны жоқ, сылқымларға салынбайман,
Мениң де дүканым бар дүзейтуғын,
Бүркитиннен пәнт жесем налынбайман.

Ә ж и н я з:

Көрейин дүканыңды, қандай дүкан,
Көрмегенше көкиректе болар гүман,
Дүканыңның устасы дурыс болса,
Өнерин үйрениўге керек оннан?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Менеш:

Кеўилиц аўа берсе, көрген қызға,
Қандай адам болса да, болар қызба,
Еситкен ерилерге елеренлеў,
Айтыцыз шы уқсамай ма ақылсызға?

Әжинияз:

Жақсыма, көригинди көргеним жоқ,
Сөз айтып қулағымды түргеним жоқ,
Кудаша сөз айтасаң қалай-қалай?
Кисиден ақыл сорап жүргеним жоқ.

Менеш:

Кеширеғөр, артық кетсе ақыл камил,
Тасқылап күш бермейди, бул жүйрик тил,
Аңлаўсызда саған мен бир сөз айттым,
Базнасындым, басқасын сен өзиң бил?

Әжинияз:

Пәнт жерсең, сөйлей берсең жүйрик тил деп,
Бас жерсең, уялып сен өзиң бил деп,
Дәрьядай кеўилинди тасқылатып,
Түсиндин бе сен мени қара зил деп?

Менеш:

Жәп-жаққа сөзлерим кетер тарап,
Қәне, бир сөйлейик туўра қарап,
Көрейик келбетинди көзим менен,
Жүрерсеңе мүмкин, аўыр күнге жарап.

Әжинияз:

Мен өзим, мени көр деп мақтанбайман,
Жағаласқан жаманнан жасқанбайман,
Сен сыяқлы мунлы қыз сырын айтып,
Сөйлессе, мен оннан сыр сақламайман.

Менеш:

Қуўанбассаң мен жылап қалған менен,
Жеттим, деп жығылып өтер жалған менен,
Толысып киятырман күшке толып,
Мени ҳәзир жығалмайсаң шалған менен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Мақсетим шалыў емес, жығыў емес,
Суўға жиберип, мен аман шығыў емес,
Жигитлер-қызлар жетсе мақсетине,
Ким оған бере алады кери кеңес?

Меңеш:

Қуда бала, кеңесиң жақсы кеңес,
Бирақ та дуньяқорлар жақсы демес,
Көтерген қусың жаман болған менен,
Айтқан сөзиң есимнен шығар емес.

Әжинияз:

Қусыма келебердиң тағы айланып,
Ол да тур ушайып деп оцайланып,
Қусымныц қай жеринен мин табасаң,
Көтерген жигит те тур шырайланып.

ТОЙДА

Әжинияз:

Жигитлер, салем бердик жамбаслаған,
Ҳәр жерде өлең айтып ҳалласлаған,
Қазақтың өлең айтқыш қызы қайда?
Биз келмей жалғыз өзи той баслаған?

Жигитлер:

Жигитиң гүзет қойып қарсы жаўға,
Ақ суңқарын қондырған ала таўға,
Меңеш пенен айтысып, маўқын бассын,
Қонақты алып барың ақ отаўға.

Әжинияз:

Аяқ-қолымды байлап әрўанаға,
Хожбан аға әкелди тойханаға,
Қонақ келди, қайдасаң өлеңши қызы?
Ашыўланып қайтпасын Хожбан аға.

Меңеш:

Қонақты күтип жүрген қызлар қайда?
Моллакеңе келипти ғой, атын байла,
Тойханаға қонақты алып келиң,
Ашықса ет, шөллесе беріц шай да,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Ишпеймен шайынды да, майынды да,
Аңсамайман — арыў деп айынды да,
Шақыртқан қыздың өзи келип жылдам,
Берсин ол тойханадан пайымды да.

Меңеш:

Биз де жүрмиз аман-саў усы бойда,
Тынбастан хызмет етип жүрмен төйда,
Қеўлин ашсын, келсин деп шақырған мен,
Умытпайман орның бар, барсаң ойда,

Әжинияз:

Қатты таңып таслады керегеге,
Мырза Хожбан әкелди мерекеге,
Себебиң Хожбаныңнан өзиң сора,
Елде жоқ, ерси исти еткен неге?

Меңеш:

Хожбанды, жақсы адам деп мақтамайман,
Жан күйер жек-жатым деп жақламайман,
Сениң де азмаз гүнаң болғ'ан шығар?
Адам деп Хожбанды да ақламайман.

Әжинияз:

Бергендей қолым байлап бунша қорлық,
Үйине кирип, етинпен бе екен урлық?
Шақырған тойға неге бармайсаң деп,
Керегеге байлаўы өте зорлық.

Меңеш:

Сөзлериң соқлығысса қысқы сеңдей,
Той болса менин менен келсең теңдей,
Меңеш қызды жениўге болсаң қумар,
Жезде мен де қоймайман сени жеңбей.

Әжинияз:

Өлең айтсам қызлардың аўар еси,
Қозып кетер қызлардың делебеси,
Қыз Меңеш, өлең айтсам,сеннен қалмас,
Әжинияз да заманның Жийреншеси.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Жақсы өлең айтып берсең құрдасларға,
Қәдиринди умытпас құрдаслар да,
Өлең айтпай ойланып отырғанша,
Бүгин тойда айтқандай сөзиң бар ма?

Әжинияз:

Қыстай бермей қойып тур сөзинди қыз,
Көриўге келип едим өзинди қыз,
Шымылдықтан шықпайсаң, ылайық па,
Көрсетши жездеңе бир жүзинди қыз?

Меңеш:

Ағаке айтып өлең ҳарыдың ба?
Болмаса жасың жетпи қарыдың ба?
Байтурсынның қызыман, атым — Меңеш,
Моллаке әли мени таныдың ба?

Әжинияз:

Мен өзим өлең айтып ҳарымадым,
Бир әрманым елиңе дарымадым.
Қазақта Меңеш де көп, Дәмеш те көп,
Бурыннан көрмеген соң танымадым.

Меңеш:

Шақырғанға бармаған сеники айып,
Той болса қалмай барар ақсақ-майып,
Қәдирлеп шақырғанда келиў керек,
Өлең айтып, атынды халыққа жайып.

Әжинияз:

Жийреншедей болған соң сөзге шебер,
Ел алдында мен сени жеңсем егер,
Намысшыл ағаларың өлтиреди,
Женилсем Хожбан тири етимди жер.

Меңеш:

Мен айтаман өленди кеменгердей,
Өленди айталмайды ҳешким мендей,
Сақлап қойып қара өлең азық болмас,
Өленди айт дегенде қоя бермей,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Балдызым, өленшимен мен де сендей,
Мен де айтаман өленди Жийреншедей,
Айтысып тойда талай қызлар менен,
Халқыма қайтқаным жоқ қызды женбей,

Менеш:

Өленди мен айтаман ентелетип,
Жүрекке азық етип жем тилетип,
Жездежан ақын болсаң неге айтпадың?
Адамлардың жүрегин елжиретип.

Әжинияз:

Ойланбайман мен басқа өленшидей,
Мен айтаман өленди ҳеш мүдирмей,
Айтайын деп өленди аўзымды ашсам,
Булақтай ағар өлең кезек бермей,

Менеш:

Моллаке, былтыр мени көрмедиң бе?
Мениң Менеш екенимди билмедиң бе?
Қайтқанда Аранжаннан бала менен,
Үстиме суў бойында келмедиң бе?

Әжинияз:

Көринер жүзиң жыллы, бир көргендей,
Күни-түни көрисип бир жүргендей,
Былтырғы суў бойындағы жалаңаш қыз,
Сен бе едиң сынық өркеш, ғарры ингендей,

Менеш:

Астыма минген атым Сур қара кер,
Ағады Сур қарадан сорғалап тер,
Көрисиў ҳүрмет дейди уламалар,
Моллаке, көрисейик қолынды бер?

Әжинияз:

Қарағым, аллахуўма саллағала,
Өмиринди узақ қылсын аллатала,
Былтырғы суў бойындағы Менеш болсаң,
Аман-есен жүрсен бе сен бийшара?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Мен жүрмен аман-есен ойнап-күлип,
Той болса өлең айтып, дәўран сүрип,
Аман барып, есен-саў келдиңиз бе?
Ата-ана, аға-ини, халқыңды көрип.

Әжинияз:

Мен келдим есен-аман халқым көрип,
Атам менен анама сәлем берип,
Не қылсаңда, өзиң бил ендигисин,
Бир ақ суңқар қолыңа қонды келип.

Меңеш:

Моллаке, өмир жасыңа узын болсын,
Үстиңе кийген тоныңа қызыл болсын,
Енди сеннен жол болсын сорасайын,
Тойханаға келипсеңа, жолыңа болсын.

Әжинияз:

Мен еситтим қазақта пул қымбат деп,
Келип едим көрейин қандай зат деп,
Өз еркиме қоймады мырза Хожбан,
Қыз Меңештиң қасында өлең айт деп.

Меңеш:

Мен өзим қызыл тилге журттан озған,
Өлеңшини көргенде арқам қозған,
Жатып қалған жериңнен сүйрелеклеп,
Өлен айт, деп әкелди ме мырза Хожбан?

Әжинияз:

Өлеңге сен де озсаң, мен де озған,
Мен де сендей қыз көрсем арқам қозған,
Сәҳәр ўақты болғанда қызығымды көр,
Тосаңлығым бар мениң соңырақ қызған.

Меңеш:

Қазақта жоқ өлеңге меннен озған,
Көргенде өлеңшини арқам қозған,
Көсилип жолым үйде жата бермей,
Жеңемен деп келдиң бе молла жазған?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Өленге сен де озған, мен де озған,
Мен де жақсы қыз көрсем, арқам қозған,
Қалай айтыссаң солай айтыс, әй қыз Меңеш,
Шайтаным сескенбейди сендей қыздан.

Меңеш:

Өленге сен де озған, мен де озған,
Көргенде мәс жигитти арқам қозған,
Зыяны жоқ, айтыссаң мен жеңермен,
Киси жоқ киши жүзде меннен озған.

Әжинияз:

Өленге сен де озсаң, мен де озған,
Көргенде шешен қызды арқам қозған,
Жарыста бәйги алып озып жүрмен,
Айтысқанда жеңилерсең Әжиниядан.

Меңеш:

Ҳешнәрсе шықпас мәзи ерегистен,
Ерегисте бир сөз кетсе шықпас естен,
Қазаққа өлең келип қонып өткен,
Сонлықтан, жеңилерсең қыз Меңештен.

Әжинияз:

Айтсаңыз жаман сөзди аңлаўсыздан,
Өзиң айт, байтал бар ма, аттан озған,
Байталыңның борбайына қамшыламай,
Байталыңды аңлап шап, жығылар жазған.

Меңеш:

Байталым ҳәрбир аттан озып жүрген,
Қазақта ҳешбир ат жоқ шаңына ерген,
Байталым жүйриклиги журтқа мәлим.
Ҳәр тойда бас бәйгиге келип жүрген.

Әжинияз:

Ақ Меңеш бүгин таң ас енди жатпа,
Байталың жата қойсаң болар қатпа,
«Байтал шаўып бәйги алмас», — деген сөз бар.
Ат пенен шаўып, байталыңды тыртаңлатпа?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байталың айтыўыңнан жүйрик байтал,
Бизде бар гүрең айғыр шым қара жал,
Байталың куйрық жалын гүзек алып,
Арғымақ айғыр салда баласын ал.

Меңеш:

Алайын арғымағың алғыш болса,
Баласын сыны мен салғыш болса,
Қәйтейин, арғымағың жибергенде,
Байталды тастай берип қашқыш болса?

Әжинияз:

Арғымағым белгили үйир айгыр,
Шапқанша шарасы жоқ туқым жайгыр,
Өлсе мен сеннен пулын сорамайын,
Арғымақ шабалмаса мойнын қайыр.

Меңеш:

Қыз Меңеш айғырыңды ала гойса,
Байталға несин болын салагойса,
Моллаке, меннен көрме қудайдан көр,
Байталым тислеп айгырың жара қылса?

Әжинияз:

Қыз Меңеш байталыңның барма тиси,
Байталдың тисин көрген барма киси,
Қызыл ийек байталдан жараланса,
Қәйтейин кудиреттиң қылған иси.

Меңеш:

Оңласа аллатала менин исим,
Аларман өлең менен ақыл есиң,
Қолында байтал түўе бир тайың жоқ,
Билесең сен не қылып байтал тисин?

Әжинияз:

Соғады шебер зергер алтын шоқты,
Атады ер жигитлер садақ оқты,
Айтаман билмесем де қыз ақ Меңеш,
Байталдың тили бар да, тиси жоқты,

Меңеш:

Байталым, қандай байтал көрдиң бе сен,
Байталға жалын тартып, миндиң бе сен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Байталыцпың тиси жоқ, дей бересең,
Байталымның аўызын ашып көрдиң бе сен?

Ә ж и н и я з:

Өленди мен айтаман суўдай тасып,
Ақ Менеш байталынды усла қасып,
Байталымның тиси бар дей бересең,
Тиси болса көрсетши аўызын ашып?

М е н е ш:

Өленди менде айтаман суўдай тасып,
Өзиң усла байталдың жонын қасып,
Базарға салып жүрген байталым жоқ,
Ҳешкимге көрсетпеймен аўзын ашып.

Ә ж и н и я з:

Ақ Менеш байталынды усла қасып,
Көрейик байталыңның аўзын ашып,
Мен ашпасам аўызын биреў ашар,
Жүрмесең қолың менен аўызын басып.

М е н е ш:

Жаз болса, жарға тийип ағар Жайық,
Қазақ, орыс Жайыққа салар қайық,
Қайым өлең келгенде қайрылармыз,
Моллаке жөн өленнен айтысайық?

Ә ж и н и я з:

Мен өзим өлең баслап айта алмайман,
Биреў айтса өленди қайтармайман,
Жөн өлең айт, дәлкек айт, қайымын айт,
Сен басласаң, изиннен мен қалмайман.

М е н е ш:

Аўылымның ақсақалы Қасым, Тасым,
Бизлерди сорап барсаң тең қурдасым,
Келбетиң, өне бойың келисипти,
Жылын не, айтшы маған, неде жасың?

Ә ж и н и я з:

Той күни қызыл тонды кийесең бе?
Ашықлықтың отына күйесең бе?
Жылым — қой, жасым қырықта, қыз Ақ Менеш,
Сен маған жасым сорап тийесең бе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Қырыққа келген болсаң жылың қойды,
Қызығы қыз-жигиттиң айтпен тойды,
Мен саған жаным менен тийер едим,
Әке-шешем биреўге берип қойды.

Әжинияз:

Әкең бермей не қылсын, мал болмаса,
Ишиўге айран, жеўине нан болмаса,
Ҳаўа енеден қалған жол нетер дейсең,
Күйеўиң алпыс жасар шал болмаса.

Меңеш:

Сур қара суў ишеди, жем бермеймен,
Қысы-жазы минемен, дем бермеймен,
Шал да болса, ол Бегиш өзиме жас,
Бегишти боз баладан кем көрмеймен.

Әжинияз:

Қыз Меңеш, Бегиш ғарры байыңдағы,
Асылған қәтебиңе нарыңдағы,
Ақ отаўға ылайық қыз екенсең,
Шал байың тек өзиниң сорыңдағы...

Сени алған — мынаў ғарры Бегиш болса,
Түнде байың, күндиз бир қулыңдағы,
Шал да болса, өзиңе қутлы болсын,
Бирақ, кетпес қулақтан зарыңдағы.

Қыз Меңеш, күниң кешер жылай-сықлай,
Бегиш кетик шал да болса барыңдағы.

Меңеш:

Айт өленди, келмесин керилшегиң,
Усламасын бул тойда ериншегиң,
Тақсыр-аў, көрингенге мин таққандай,
Қамардай, арыў ақ па келиншегиң?

Әжинияз:

Жыйылып тамам-тама табынша жоқ,
Мастай сәрдар қазақтың ханынша жоқ,
Үйимде қатыным бар айдан сулыў,
Қазақтың он қызы бир санынша жоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Қазаққа сен жериңнен не деп келдиң?
Жоқарыдан, төменнен не гәп билдиң?
Жибермесин обалы жеңешемнин,
Оны таслап, қазаққа не деп келдиң?

Әжинияз:

Қарақалпақтан қазаққа мал деп келдим,
Жоқарыдан, төменнен ҳәр гәп билдим,
Өзиндей уллы, ақын, мырза қыздан,
Елтири- сеңсең алайын деп келдим.

Меңеш:

Аўылымның қонған жери Сыбай тоғай,
Қазаққа сен келгели болды неше ай?
Аларсаң елтирини ақша берсең,
Елтирисин мут бермес ҳешким онай.

Әжинияз:

Аўылыңның қонған жери болса тоғай,
Аўылыңа мен келгели болды үш ай,
Мут бермесең теринди мен алмайман,
Пулға сатып алмаса ингуш, ноғай.

Меңеш:

Елтири жоқ, бар алсаң қой-пойы мут,
Елтириге қазақтың өзи де жут,
Аман барсаң балаңа тон етерсең,
Тери-терсек берейин тилесең мут.

Әжинияз:

Мен алайын елтириңди сен берсең мут,
Бермесең, усыманда қалар умыт,
Тилегенде бермеген елтириңди,
Берерсең ингуш, ноғай келсе якут.

Меңеш:

Моллаке, елиңе қайт жыйнасаң мал,
Қайтпасаң, жеңешеме болар обал,
Басқаға бар елтирим, саған дым жоқ.
Ишиңе пышақ ур да, жарыла қал.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Мәмбет төре бас болып келеди қол,
Жүргеннен соң көп әскер қазылар жол,
Мегежиннің санын ийттен неге аяйын?
Маған десең шуршыттың қатыны бол.

Меңеш:

Менің менен айтысып, тиреўиң ким?
Көп ишинде сүринсең, сүйеўиң ким?
Қалпақсаң ба, сартсаң ба, саўансаң ба?
Әкеңнің қойған аты, сүйегиң ким?

Әжинияз:

Сүринсем көп ишинде халық сүйеўим,
Қудайым сүринтпегей ҳақ тилегим,
Әкемнің қойған аты Әжинияз,
Сорасаң — қарақалпақ мен сүйегим.

Меңеш:

Қалпақ болсаң — жаңымсаң, сарт болмасаң —
Сақалыңа ақ енген қарт болмасаң,
Бизлерден қолды жайып бир тилерсең,
Моллаке, усы бүгин ат болмасаң.

Әжинияз:

Мен тилермен, еледе сен бермессең,
Бизлерди мүсәпир деп көзге илмессең,
Мен де бир аса журттың адамы едим,
Қыз Меңеш, қәдиримди сен билмессең.

Меңеш:

Кел дедиң де, мен саған келмедим бе?
Мен сениң қәдириңди билмедим бе?
Тақсыр-аў, еле меннен не тиледиң?
Тиледин де, мен саған бермедим бе?

Әжинияз:

Астыма минген атым Сур қара жал,
Көкирекке бир бөлек келди қыял,
Өзиң айттың күн бурын тиле сен деп,
Ал тиледим, қыз Меңеш, қойныңа ал?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Астыма минген атым Сур қара кер,
Сур қарадан ағады сорғалап тер,
Ағаке, аңлап сөйле көп ишинде,
Еситсе Бегиш сениң етинди жер?

Әжинияз:

Болған соң ғарры Бегиш сениң байың,
Алынған екен оннан сорлы айың,
Бегиштен сен қорықсаң да мен қорықпаймаң,
Минермен бийесиниң сорап тайын.

Меңеш:

Жәмлесип адай, туркмен салған бул жол,
Гүз болып мийзан түссе қазылар жол,
Талақтай жабысқаннан айрылмайсаң,
Қойным түўе, мойынымнан садаға бол.

Әжинияз:

Өлеңге менде жетик, сенде жетик,
Жетик болсаң, айтеаңшы мендей етип,
Бәслесейин әкеңе мен қалың берип.
Мен аларман, қыз Меңеш, қатын етип,

Ақ Меңеш шал байынды аңлайсаң ба?
Ақ сақал, көзи қызыл, тиси кетик,
Өзинде келер сөзди билмейсең бе?
Мен садаға болайын сеннен нетип?..

Меңеш:

Моллаке, ашыўланба ойыныма,
Ашыўлан гийнем қойып мойыныма,
Кеўлиң соғар қолыңнан ҳеш ис келмес,
Болмаса алар едим қойыныма.

Әжинияз:

Алар болсаң, ал Меңеш қойыныңа,
Мен салайын қолымды мойыныңа,
Көрмеген ислериңди көрсетейин,
Сен мениң шыдай алсаң ойынымa.

Меңеш:

Келеди жигит, қулым былғаўыма,
Ҳешбирин теңгермеймен шылғаўыма,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаз байлап, гүз жиберген кер гүрецди,
Бир түнеп алалмайман жылаўыма.

Әжинияз:

Жаққаны бизиң елдиң жыңғыл отын,
Өзге отындай жыңғылда жоқты түтин,
Көрейин бардасыңды қыз Ақ Мецеш,
Қойныңа алшы мени бирғана түн.

Мецеш:

Аўылға бар десемде баралмассаң,
Барсаң да үй сыртына келе алмассаң,
Моллаке тойқанада мақтансаң да,
Барғаныңда қойныма кире алмассаң.

Әжинияз:

Елимде айтта-тойда жүриўши едим,
Қызлар менен шайдай ойнап күлиўши едим,
Қалай айтсаң олай айт, қыз Ақ Мецеш,
Елимде сендей қызға барыўшы едим.

Қыз Мецеш, қыз ишинде сен көз ойнақ,
Келиспес, сулыў қызға гина қоймақ.
Көрмеге сулыў қызлар қарақалпақта,
Балдызым, ҳәддиңе бақ ондай болмақ.

Мецеш:

Не татлы бул дүньяда, татлы екен дуз,
Биледи Мецеш десе, улы — киши жүз.
Моллаке, сеннен мен бир сөз сорайын,
Барма елинде мендей шырайлы қыз?

Әжинияз:

Мецеш, мен Бегишинди етсем мысал,
Серлеп көр, ерни жырық, тиси сойлақ,
Қазақта ақсақ, майыл көп бола ма?
Төрт-бесеўин мен көрдим усы тойда-ақ.

Несибен болып, барсаң бизиң елге,
Астына атан түйе минип жайдақ,
Малсыз, пулсыз биреўге ал десен де,
Алса алар тоқалыққа, алмас бойдақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меңеш:

Күн салқында, азанда ел көшеди,
Көшкен күни адамның кеўли өседи,
Қызығамыз көз бенен көрмеген соң,
Қызларыңыз не кийип, не ишеди?

Әжинияз:

Жегени майлы палаў, ишкени шай,
Мийнет менен шайнаған мудамы май,
Қонақ болсаң қондырып отаўына,
Жақсылар күтип алар, кеўлинде жай.

Қолында алтын кесе, гүмис шайнек,
Ишеди ақ набатты қара суўдай,
Қой сойып, кеўлин ашып, қонақ күтер.
Сезимли бизиң елдиң қызы сондай.

Басына жипек жегде жамылады,
Көргенниң көзи оттай қамылады,
Опалы ўәдеси бар, өз ярына,
Өлмесе ўәдесинен табылады.

Қазаққа былтыр келдим, быйыл келдим,
Мен еле көргеним жоқ қызды ондай,
Қыз Меңеш, қонақ алмай мақтанасаң,
Сен неге бола алмайсаң неге сондай?

Меңеш:

Қызларыңыз үстине не кийеди,
Мерекеде, көшкенде не минеди,
Қарқалпақ дегениң халық бола ма,
Бурынғыдан, соңғыдан не биледи?

Әжинияз:

Кийеди көк саўырдан геўниш-мәси,
Өңиринде өңир моншақ, он түймеси,
Ат қосып ҳайтта, тойда минер арба,
Отырар қатарласып он-он беси.

Билезик, жүзик, сырға көп немеси,
Бели қылдай ҳүр яңлы қызларыныңы,
Тастан қатты төсинде қос мәммеси.
Кийинип айтлап шықса оны, беси,
Ҳеш айланбай кетпейди көрген киси,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрінер нешкелі асы тамағынан
Сен түйе ҳүрлер менен барды бәси.
Арықлап бирли-ярым қазақ барса,
Бир көргеннен қалады аўып еси.

Көйлеги дарайыдан, киймешеги,
Жанында жүрер баслап жеңешеси,
Орамал жибереди отырыспада.
Бир көриўден жигиттиң бир нешеси.

Алдына ҳәйкел таққан — алтынлаған,
Қулағында гәўҳар сырға жалтылдаған,
Баралмайды жанына сусты басып,
Қандай жигит болса да қалтылдаған.

Периўза алтын билезик билегинде,
Түни менен жигитлер жүрер тилегинде.
Сабыр етип шыдап тур деген сөзи,
Жалынлар жигитлердиң жүрегинде.

Периўза яқут жүзик бармағында,
Жеңгелери жүреди жан-жағында,
Жеңгесине жалынып гей жигитлер,
Айналшықлап жүреди әтирапында.

Меңеш:

Еки жақсы қосылса жандай болар,
Биреўине биреўи палдай болар.
Айтыўыңнан қызларың әдепли екен,
Жигити сизиң елдиң қандай болар?

Әжинияз:

Жигити бизиң елдиң болар ғошшақ,
Белинде тилла қамар, алтын пышақ,
Жигити бизиң елдиң мине сондай,
Пашшайы дамбал балағы жипек шашақ.

Астында арғымақ ат — арқыраған,
Үстинде ақ баслы ер басы шошақ.
Басында алтын жүўен, қос сийнемент,
Көйлекшесиниң шашағы қушақ-қушақ,
Алтын ғубба өткерген қуйысқанға,
Маржанлап кекилине таққан моншақ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ халық па деп шалжаңлайсаң,
Журттан озған әкең сениң байма сонша-ақ,
Қарақалпақ та қазақтай уллы халық,
Көрмей, билмей, сыртынан етпе сықақ.

Үстинде бир тоқлылық кийимиң жоқ,
Меңеш-аў, екенсең ғой сен мақтаншақ.
Қыз Меңеш, ҳайтты да қой, тойды да қой,
Үйинде усла да отыр қазан-ошақ.

Қарақалпақ қазақ пенен теңбе-тең журт,
Көрмей, билмей сыртынан қылма мазақ,
Жүн түтип, уршық ийирип, қапты тик те,
Қолыңа алып кетик қазан пышақ.

Бегишке тоқал бол да жүре бер сен,
Тезек терип, бақ та жүр қозы-ылақ,
Бегишти бир жылда бир көрсең болар,
Көрмей, билмей, сыртынан етпе сықақ.

Меңеш:

Қалпақ келер баласын жетелеген,
Пәтия берип, ҳәр үйден нан тилеген,
Моллаке, елиң сениң сондай болса,
Тамақ таппай неге жүр теңтиреген?

Әжинияз:

Жаз болса тама, табын шабады шөп,
Көзлери қарайғанда қара нан жеп,
Ҳәр елдиң ондай ашы болмай ма екен?
Қарақалпақта аш қазақ буннан да көп.

Меңеш:

Астыма минген атым Шубар шолақ,
Саўырсында қалы бар жолақ-жолақ,
Қазаққа тоқалыққа қызын берип,
Шаран не мақтанғандай қалпақ шүнақ.

Әжинияз:

Дәўраныҗ өтсе бастан аттай желип,
Қолыңа қонбас, Меңеш, қайтып келип,
Қарақалпақ қыз берсе тоқалыққа.
Қазақ та жүр қызларын шалға берип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоян жылы қазақлар жутағанда,
Бизиң елге биразы барды бүлип,
Жүрегин жалғаў ушын нан таба алмай,
Биразы қалды аштан жолда өлип.

Қарақалпақ келди деп тентиреген,
Қыз Меңеш, сен отырсаң жөнсиз күлип.
Күлгенше мойныңа ал сен қәтеңди,
Бизге келип тәжим ет жүз бүгилип.

Күн көрди қазақлардың қәтқудасы,
Бир қадақтай тарыға қызын берип,
Сонда өзиндей қызды алды тоқаллыққа,
Қалыңына бир көйлеклик бояқ берип,

Ат минип күн көрип жүр күйсўннен,
Еле де қатнасын жүр барып-келип.
Түскеннен соң шеги оның тоқалыққа,
Еңирен, бозлап шалға кетти ерип.

Қарақалпақта баў сабап, нан жаба алмай,
Тоқал болып, мал бақты, тезек терип,
«Күнелткеннің күни артық» деген сөз бар,
Көп қызлар жылап жүрди азап көрип.

Қазақтың қарны местей қәтқудасы,
Шал менен қуда болды дәўран сүрип,
Қыз Меңеш, күлмей-ақ қой қарақалпаққа,
Жетим-жесир күн көрди, жылап жүрип.

Меңеш:

Дурыс-ақ, байларым көп, дәўран сүрген,
Қызлар көп тоқаллықта азап көрген,
Қаңғырған қазақ болса қарақалпақта,
Қаяқта қарақалпақ көп жутап жүрген.

Әжинияз:

Мен де келдим қазаққа азап шегип,
Бирақ та буўынларым қалды бекип,
Бул заман келме-гезек сондай заман,
Оның сен несин айттың сықақ етип?

Меңеш:

Моллаке, сенде ойнап дәўраныń сур,
Қазаққа келген қалпақ қатынын көр,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийтлердей күшиклеген шубырысып,
Ертип ол балаларын не қылып жүр?

Әжинияз:

Ақ Меңеш апаларың жүрген дағы,
Баласы жылап, қылмай ерген дағы,
Әкеси бир бояққа берген апаң,
Төркинлеп төркинине келген дағы.

Меңеш:

Өленди мен айтаман он жасымнан,
Атандым ақын Меңеш жас басымнан,
Бул тойда жүрген мениң ойнасым бар,
Көп жүрме, қақаламай кет қасымнан.

Әжинияз:

Қарағай жабайы ағаш, терек емес,
Аўылың сыбай қонған ерек емес,
Ел мақтаған қыз ба деп келип едим,
Маған да сендей қатын керек емес...

Меңеш:

Қазаққа быйыл келдиң, былтыр келдиң,
Қатының балаң таслап не деп келдиң?
Аўызың жап, оңлап сөйле қарақалпақ,
Менин қатын екенимди қайдан билдиң?

Әжинияз:

Қазаққа былтыр келдим жаттымдағы,
Несип еткен дузларды таттымдағы,
Келеди неге ашыўың қыз ақ Меңеш,
Билмесемде қатын деп айттымдағы.

Меңеш:

Моллаке, былтыр жатсаң, быйылда жат,
Ерик өзинде мында жат, елине қайт,
Көп адамның ишинде қатын дедин,
Мени қатын дегениннин себебин айт?

Әжинияз:

Айтаман мен себебин муңлы Меңеш,
Ақсақал алпыс жасар байың Бегиш,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпыс жасар киси менен бирге жатсаң
Қояма қатын қылмай тириде ҳеш.

Меңеш:

Моллаке, изиңдемен, сен кетпесең,
Қурысын Меңеш атым, саған ермесем,
Қатынлығым мойныма қояалмайсаң,
Қалпақтан еки молла гүўа етпесең.

Әжинияз:

Ақ Меңеш ырасың мен шынлаймысаң,
Сөзиңе сөзим үстем аңлаймысаң,
Гүўам жоқ жалғыз «қосшым» бар қасымда,
Жалғыз қосшымның сөзин тыңлаймысаң?

Меңеш:

Мен өзим ҳеш темени ойламайман,
Гүўаңды таўып кел деп қыйнамайман.
Даў етсең еки гүўаң ҳәзирлеп кел,
Жалғыз қосшыңның сөзин тыңламайман.

Әжинияз:

Гүз болса қумнан қоян қуўар қусшы,
Ақ Меңеш ҳәрбир сөзиң балдан душшы,
Гүўа етип жаўласқанша қыз ақ Меңеш,
Нетеди барлап келсе бизиң қосшы?

Меңеш:

Моллаке, бәлким қосшың бармас тағы,
Барса да ҳеш темени билмес тағы,
Ақылы жоқ, еси жарым есер қошшың,
Барса қайтып өзиңе келмес тағы.

Әжинияз:

Қошшымның ақылы пүтин барды еси,
Қайтар изинен басына тийсе тиси,
Қошшымның өзи мениң көп инсаплы,
Ишинде қайтпай барма оны, беси.

Меңеш:

Қошшыңды қандай екен, көрсек екен,
Таўлардың қызыл гүлин терсек екен,
Қошшыңды көп ишинде көрип турып,
Одан соң бир жуўабын берсек екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжинияз:

Қошшымның мусылманды кескен үртын,
Өткен күни қошшымның алдым мүртын,
Таўлап жонған таяқтай сырты сулыў,
Көремисең ақ Меңеш сыйпап сыртын.

Қошшымның айыбы жоқ, қылығы жоқ,
Мин тақпас ҳеш жеринен халқың, журтың,
Қошшымды қолыңа услап көзиң көрсе,
Қозғалар сонда-ақ Меңеш сениң қуртың.

Меңеш:

Сизиң ел бизиң елден бир кеш кейин,
Баққан малым кеўлиме инантайын,
Сөзине мусылманның нан моллаке,
Болмаса сениң кеўлиң жубатайын.

Әжинияз:

Бир байлаў сөз айтайын шешесең бе,
Шеше алмасаң бул тойдан кешесең бе,
Ақ Меңеш менің кеўлим ынандырсаң,
Қызбан деп сен бир антты ишесең бе?

Меңеш:

Мен өзим байлаў сөзди шеше алмайман,
Шешпесемде бул тойдан кеше алмайман.
«Ҳақта болсаң ант ишпе» деген сөз бар,
Көп ишинде мен антты ише алмайман.

Әжинияз:

Шабылып жүйрик пенен тайдың тағы,
Майрылып ошағыңнан қалдың тағы,
Ҳақ болып усы жерде ант ишпесең,
Мойныңа қатынлығың алдың дағы.

Ақ Меңеш айт өлениң қойғаның ба,
Айтпаға өлең таппай қалғаның ба,
Журттан озған жүйрик деп еситиўши едим,
Таўысып шабысынды қойғаның ба?

Ақ Меңеш былтырғыны көрмедиң бе?
Бағана мен женермен демедиң бе,
Айтысып менің менен бәс келмессең,
Былтыр-ақ суў басында билмедиң бе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚОНАҚТА

Меңеш:

Қонаққа ақ кийиз сал, кел ғәнийбет,
Қонаққа атланғанша тәрбият ет,
Қыйын қыстаў болмаса жумысыңыз,
Моллаке, бизиң үйге түсленип кет?

Әжинияз:

Қыз Меңеш, түсленбеймен, қондырмасаң,
Қонаман, көрпе жаўып тондырмасаң,
Көрпе жабады екен деп қуўанбайман,
Қоналқама бир қозы сойдырмасаң.

Меңеш:

Қонағым, кетсеңқайтып келмейсеңбе?
Бизлерде қозы жоғын билмейсеңбе?
Семизлиги қойда жоқ, қоңқардан туў,
Питеў саўлық мен сойсам жемейсеңбе?

Әжинияз:

Қон десеңқонбай Меңеш не қыламан,
Сениң ҳәрбир сөзинди сағынаман,
Тамақты тәлимсимей мен жемеймен деп,
Сонда да саўлық деген аты жаман.

Меңеш:

Қылмады екеўимизди несип қосақ,
Палдай татыў болар ек жупты болсақ,
Семиз бир саўлық сойсам, сойдырмайсаң,
Жерсеңбе сойсам семиз питеў түсақ[1].

Әжинияз:

Түсағынды мен ушын сой демеймен,
Өзиң сойсаң, Ақ Меңеш мен қой демеймен,
Қыз Меңеш, қозынды сен көзиң қыйса,
Қозын турып, тусағынды мен жемеймен.

Меңеш:

Мал тапсаң, кирей сал да, Бухарға бар,
Мыңқ етпес, көп жүк артсаң бир қызыл нар,

[1] Түсақ — саўлық манисинде.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Моллаке, қозы жесең сояйын мен,
Сорпа болғандай дым жадаў бир қозым бар.

Әжинияз:

Келдим мен көрейин деп сол қозыңды,
Үмит үздим еситип мен сөзиңди,
Ат терлетип алыстан сорап келдим,
Мен десең, қыз Меңеш, сой саў қозыңды?

Меңеш:

Семиз ет жесең болар кеўилиң тоқ,
Соятуғын саған ҳеш саў қозым жоқ,
Бир қабырға кенже туўған бир қозым бар,
Сүйеги қатып, семирип, ержеткен жоқ.

Әжинияз:

Семирди де, ержетти қозы сениң,
Семиргенин көрмейди көзиң сениң,
Төсине сол қозыңның қол толғандай,
Соймайсаң, қыймағаннан өзиң сенин.

Меңеш:

Тақсыр-аў, жас қозыны сен сой дейсең,
Қозыны жерсең тағы келе берсең,
Алдында саўлық етине бир тойып ал,
Ушынарсаң қозы етин бирден жесең.

Әжинияз:

Қыз Меңеш, мал сеники, қалай етсең,
Келмеймен ашыўланып қайтып кетсем,
Ушынсам, жазылармен, үш күн жатып,
Өзиндей кексе қызға ушықлатсам.

Меңеш:

Бир дәртиңе жарар-аў ала байтал,
Жолаўшы қосарыца қосақлап ал,
Аўырыў қозым турып, саўын сойсам,
Ол ўақта болмай ма екен тақсыр обал?

Әжинияз:

Жайлайды Жайық бойын жағалбайлы,
Меңеш, бир сөзиң ашшы, тилиң майлы,
Ҳүрметлеп саўлығыңды сойсаң маған,
Саўабы бар, ҳешқандай жоқ обалы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүз болып, мийзан түссе, қайтар кийик,
Мергенлер кийик аўлар, шоқай кийип,
Қозы сойып, молланың пәтиясын ал,
Волмаса жеп кетермен урлап сойып,

Меңеш:

Моллаке, суғың өтти қозыма менің,
Бул қозыма нәзерің синди сенің,
Қозымды сойып, пәтияңды мен алайын,
Нәзерің қайт болмасын енди сенің.

Әжинияз:

Кем емеспен қызыл тилге Шерниядан,
Қолузлық алып кетсем сендей қыздан,
Алтыннан айдары бар ул туўарсаң,
Қозы сойып, пәтия алсаң Әжниядан.

Меңеш:

Мен сойайын қозымды, ырзалық бер,
Көп болғанда моллаке бир сапын жер,
Жаны қудай жолына, ети саған,
Қолым жайдым моллаке пәтияңды бер?

Әжинияз:

Меңешжан, баққан малың семиз болсын,
Бахытлы бол, толғатқаның егиз болсын,
Қойдай қозылап, егизлеп қоянлардай,
Төрт жылда туўған балаң сегиз болсын.

Он жылда отыңның басы улға толсын,
Даланң, — дән, малға, қалтаң — пулға толсын,
Қостарың менен Меңеш қоса ағарып,
Жүргеде ул-қызларың жолға толсын.

Балаларыңның бәри де батыр болсын,
Жамылғаны жаў кирмес шатыр болсын,
Айбаты артсын, ул хәм қызларыңның,
Баҳадыр — бири мыңға татыр болсын.

Пәтия алып қозы соймай мени алдасаң,
Толғатып туўған балаң терис келсин,
Ишинде өз теңиңнен кем болғайсаң.
Кешикпей, узақламай байың өлсин!..

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ Қызы Дәме менен қазақ шайыры Мансурдың айтысы

1-варианты

Мансур;

Тыңлаңыз, сөз сөйлейди ақын Мансур
Атағы бул үлкеге болған мәшҳүр.
Азырақ бир мысал гәп аңлатайын,
Аңғарғанға соденгеп ашылған дүр.
Болады ҳаслым-арғын, шубыртпалы,
Мәкан жайым — Шийели, Сыр, Жутпалы,
Жигирма бес жасымда барған едим,
Бай елге қум ишинде қудықтағы.
Жайылды Қызылқумға ақынлығым,
Китаптан қаншама сөз нақыл қылдым,
Ол елдиң қанша жыйын, мәжилисинде,
Жақсылардың алдында айтып жүрдим.
Қанша күн өтти сөйтип жүргенде мен,
Көп тердим несийбемди ел ишинен.
Жетпейди бенде сирә буйырмаса,
Жуўырып, көргенге қол созған менен.
Буйырған напақамды жүрдим терип,
Шөлдиң слиқ аралап, жортып-желип,
Қәдирли қарақалпақ жыйынына
Шақыртты сол күнлери биреў келип.
Бармақшы болды соған тамамы халық,
Шақырған еситкен соң хабар алып,
Журт айтты; «Бул жыйында шайыр қыз бар,
Қәне, сен айтыс» деди маған барып.
Бармақшы болды соған тамам халық,
Шақыртқан барлығымнан хабарланып.
Абайлап қалайықтың әңгимесин,
Айтыстырмай қоймасын билдим анық.
Барлығымыз қалмастан жүрдик енди,
Жолы да қарыўлы айтқа күшлик еди.
Еситип көпшиликтиң әңгимесин,
Айтыстырмай қоймасын билдим енди.
Мереке болған екен уллы жыйын,
Қондырған жүзден аслам тигип үйин,
Аўылдың ақсақалы бөлыс-бийин.
Жипектей шыйратылған бар минези,
Дәме қызды мақтайды жигит сөзи;
«Хош ҳаўаз, әри шайыр, сулыў қыз» деп,
Атына жаңғырмақта жердиң жүзи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызды көрген жигиттиң бәри талып,
Бизден де жийи-жийи хабар алып,
Болысқа шайырынды айтыстыр деп,
Жаўшылар келе берди көп ҳәл салып.
«Сабыр қыз, — деди болыс ашыўланып, —
Алыстан келип еди шаршап-ҳарып,
Азырақ демин алып тыныққан соң,
Көрермен шайыр қызды өзим барып...»
Шашына гилең алтын тағынғаны,
Ҳалқалы меруўерт сырға жағындағы,
Онбестен он алтыға жаңа келген—
Гүл дәўран өмириниң шағындағы.
Аппақ тис, қыйқаш қасы, қызыл жүзи,
Тоқпақтай бурымлары өткир көзи,
Адамда буннан артық сулыў туўмас,
Болмаса жәннеттеги ҳүрдиң қызы.
Қолда алтын билезик, гәўҳар жүзик,
Мысалы қумырысқадай бели үзик,
Қыз маған қаран турды ойланды да,
Сәнленип, саўлат төгип, көзин сүзип,
Мен сонда қыялландым тура қалып,
Жәмәәт жән-жағымда тур қамалып,
Шеттеги қарақалпақ жигитинен,
Қыз жайын билдим анық сорап алып.
— Япырмай, — деди жигит ырасың ба,
Дәме менен айтысқа турасаң ба?
Айтайын қыздың жайын тилимди алсаң,
Желикпей-ақ қоя ғой ырасында.
Ол қыздың өз әкеси Тобағабыл,
Алысқа байлық пенен қаққан дабыл,
Дәўлет мол, Сарыбелди жайлап отыр,
Билмедим, мәкан еткен қаншама жыл.
Еситтик қыз екенин нағыз илгир,
Талай жигит жеңилген, ойлап билгил,
Билмедим, мәкан еткен қаншама жыл.
Солардың бири болып сен кетерсең,
Болсаң да тулпар туяқ, тилиң бүлбүл.
Бар сулыўлық сол қыздың бир басында,
Қыпша бел ҳешбир миң жоқ тулғасында.
Бир аўылдың малының қуны жетпес.
Тағынған сәўкелеси, сырғасына,
Бир минезин айтайын — тәкаббырлаў,
Ойлап жүр «келеди деп, ким қасыма».
Қосықты сеннен бурын айта салып
Тағады неше түрли мин басына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигиттиң бул сөзине зәррем ушып,
Қайтып келдим әўелги қыр басына.
Мен барсам, қыз үйине кирген екен.
Үй иргесин айнала түрген екен,
Шайырлардың қызығын көремиз деп,
Көршилик үй қасында жүрген екен.
«Ол келмес, өзим излеп барайын» — деп,
Жыйынға сол қыялда келген екен.
Қосықты шарықлатып қоя берди,
«Шайыр усы» дегенди билген екен.

Дәме;

Аман-есен жүрмисең, ақын аға?
Айып етпе алдыма шақырғанға.
Шайырлық өнерине исенбесең,
Қасымнан алыста тур жақынлама.
Ябыдай келте бақай, мойныңқысқа,
Ғарғысаң жығыларсаң ақыры жарға,
Кешиў бермес теңизге келип қалдың,
Алды-артыңды шамала, ғапыл қалма.
Екинши жуўап айтып билдир тағы,
Өзиңниң атың бар ма, затың бар ма?
Бул сөзиме ойланбай жуўап қайтар,
Болмаса шайырман деп тақылдама!

Мансур;

Биз жүримиз аман-есен, сен де ҳарма,
Сен теңиз болсаң, мениң көзим жарда.
Жарды айттың, жарқабақты билмей турып,
Дәме қыз буннан басқа сөзиң бар ма?
Қарағым, айып емес «кел» дегениң,
Өзи келсин деген соң мен де келдим.
Келсем де досты танып, душпан көрип,
«Қасымнан алыста тур, келме» дедиң.
Атымды затым менен билдирейин,
Келиспес буған жуўап бермегеним.
Болады ҳасылым арғын шубыртпалы,
Несип-ғайып, Сарыбелге быйыл келдим.
Өз атым-шайыр Мансур ҳәм және де,
Жақсыларға сайрайды тилим менин,
Шайырсынып ат, түйе сорадым ба?
Сен өзиң шақыртқан соң келген едим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәме;

Шақырттым еситкен соң хабарыңды,
«Етпейин — дедиң, — айып, аға, — буны» —
Қеўлиңе мейли келсе, келмесе де,
Усласам табжылтпастан табаныңды.
Жарды көрип жалтақлаў — ябылығың,
Тоқтатып аз да болса шабысыңды.
Аңлысып жардан ушқан жапалақтай,
Жоқары көтермейсең қабағыңды.
Шаўқымшыл қопал жигит көринесең,
Жақтырмадым қырынлап қараўыңды,
Мейли жақын келсең де, келмесең де,
Алыў қыйын қәлеген талабыңды.
Үш өлип, үш қайтара тирилсең де,
Парт болып, қуўсырарсаң тапаўыңды.
Елиңнен жалғыз жүрип шөлге келдиң,
Қарағым айып емес, «кел» дегениниң,
Ҳақ кеўил, баўырайы кең елге келдиң,
Желигип кеўлиң жаман тасқан екен,
Алдыңнан табылған соң көрмегениң,
Айтыста бетиме жан келмейди деп,
Болама кеўлиң көкке өрлегениң.
Болыс-бийлер болмаса аты шыққан,
Дедиң бе ылғый надан өңгелерин.
Ат, түйелер алмасаң менсиндиң бе,
Шарўаның шапан шекпен, жегделерин.
Сен сыяқлы талайлар бизге келип,
Аралап алар елдиң теңгелерин.
Шақырттым айтайын деп усы сөзди,
Белгили жумысым жоқ сенде мениң.

Мансур;

Дәме қыз, бәрекелла билгениңе,
Қайылман таўып айтқан минлериңе,
Жаныңа жақынынды жармастырып,
Ҳәркимди жүргиздиң бе илгериге,
Жапалақ болсам саған бармаспедим,
Бағана көрип үйге киргенинде,
Қалыпсан суңқарыңды танымастан,
Жолдас боп жапалаққа түнде бирге.
Бир болса жигитлигим болған шығар,
Орын жоқ буған сениң күлмегиңе.
Жеңилесең дегендей сөз айтасаң,
Көрермен шың исенсең тиллериңе.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елимнен жылғыз жүрип быйыл келдим,
Болысты, жети урыўды быйыл көрдим,
Келген соң халық жақсысын қәдир тутып,
Жақсыға сол себептен үйир болдым.
Берейин сөзлериңе тегис жуўап,
Шешилсин кеўлиндеги түйинлериң,
Адырайып сөздиң парқын аңламайсаң,
Сыйлағанды билместей сыйырмедиң?

Дәме;

Әй аға, тилиң тартық, шешен екен,
Кеўлиң дым жүйрик сөзге көсем екен,
Сыр берип жүрегөрме халайыққа,
Демесин, ел қыдырған есер екен.
Мен сениң билмедим бе минлериңди,
Абайлап тартып сөйле тиллериңди,
Шығады оттай лаўлап сыртқа сөзиң,
Көрсетип қояйын ба бир көримди.
Өсекке епли екен тилиң, жағың,
Қойнымнан услап единң түнде кимди?
Өзиңе жақсылықты жөн көрмедиң,
Ямаса өнериңе исенген бе едиң?
Қанша мақтап басыңды көтерсеңде,
Сөзиниң бәлеси көп жерден келдиң.
Ат жейтуғын арпаны тамақ етип,
Сырдағы тақыр гедей елден келдиң,
Тикенектей тийеди ашшы тилиң,
Есиңде сақланыпты шеңгеллериң.
Елимниң дәўлетине көтерилип,
Байғус-аў, ылайық па желиккениң?
Ақылың анық кәмил жигит болсаң,
Адамды ҳайўан менен теңермедиң.

Мансур;

Дәме қыз билдиң шешен екенимди,
Бойымнан таппай, тақтың неше минди?
Сегиз ай болды шөлге мен келгели,
Журт билип неге айтпайды есеримди?
Бар екен сөзге жетик шайырлығың,
Гәпимди жалған деме, бул нақ шыным,
Елди-елден, жерди-жерден кемситесең,
Балалық минезиң бар ақмақлығың.
Айтабер, өз минимди шамалайман,
Сонда да жуўабынды тамамлайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дурыс сөзге беремен дурыс жуўап,
Бурыс сөз айтсаң тоқтап қалалмайман.
Түбинде қыз емессең сен билимли,
Омманның узын аққан дорьясы, —
Әўлийелер жайлаған жер бурыңғы,
Қарасаң он саўсағың тегис емес,
Қайда жоқ азлы-көпли елдиң мини?
Көтерип өзинди-өзиң мақтаған соң,
Сырынды ағаң сениң енди билди.
Елим менен жериме тилиң тийди,
Берерсең енди мениң теңлигимди.

Дәме;

Әй аға, басыңнан мин таппадым ба,
«Меннен мин таппайды» деп мақтандым ба?
«Бир таўда бир кийикпен» шөлге келген,
Жан шақ келмес дедиң бе қапталыңа.
Бийшара-аў, елиң хожа, я төре ме,
«Тилиң тийди» дегениң басқаныңба?
Бар дейди мың мийнетте бир роҳат,
Жериңди мақтай берме журтқа бунда,
Сырыңның гөрдей түнек төлелери,
Жалаң аяқ, жарқырап төбелери,
Жаздың күни көйлексиз шекпен кийип,
Гедейиңниң қуўраған шекелери,
Жерлериң айқыш-ўйқыш атыз-шелли,
Табылмас жолларыңның төте жери.
Сөзимниң өтириги болса егер,
Айтып бер «тап мынаў» деп қәте жери.
Айтпасаң сен жаман деп қуры қумды,
Айтарсаң минлегенде қудыгымды.
Гедейдиң ала жазлай шыйқылдатқан,
Мақтаймысаң қаўсаған шығырынды.
Қырғаўылға дузаққа қылын жулып,
Қуйрықсыз қор қыласаң туғырынды.
Елинде бир-бирине исеним жоқ,
Көбейтип, қатынларша сыбырынды,
Гедейиң жүреди қыялланып,
Желбегей жени болмас қол суғарға,
Көгине тарысының кийим алып,
Тапқанын саўдагерге тығар бәрҳа,
Ал Мансур, сол гедейдиң бири өзиң,
Айтпасам қылығынды болмас тәнҳа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мансур:

Дәме қыз, айтылмаған сырың бар ма,
Таслап айт өтирикти, шының бар ма?
Айтқаныцның барлығын дурыс дейик,
Тағы да бизге тағар миниң бар ма?
Қарақалпақ сараң ел, қайыры жоқ,
Сақый деп өтириктен сулыўланба.
Биз қазақтың баласы Сыр бойында,
Жазлап, қыслап жайлаймыз қыр, ойында.
Сырдағы тамашаның бири де жоқ,
Мақтанасаң қырдағы қуры қойыца.
Мийнетсиз рәҳәт жоқ қайда барсаң,
Ҳарамлық, тек рәҳәт жайда қалсаң.
Көмирге көк теңге алармедиң,
Гүзинде қыймылдамай жайға қалсаң,
Түн жатып, түсиң қашып, Самарқанға,
Күниң бар ма түйени айдамасаң.
Дәме қыз, бул сөзиңниң шын ба бәри?
Журт тыңлап, сен айтсаң жоқты-барды,
Шетинен малға толы журт бола ма?
Айтаберсең аз емес мыцда жарлы.
Халқыма тил тийгизип, тептекписең,
Бар бизде тоқсан тоғыз масайығы.
Султанның Қаратаўда Сырдан арғы,
Ол таўдан шыққан байлық қайнап тасып,
Дәрьяға ағып қуяр жылғалары,
Сағасы ол дәрьяның Хантәңирден,
Аягы алысларды суўғарады.
Усының бәри де бар еллеримде,
Сөзиме я болмаса исенбедиң бе?
Булақтай қайнап ағар дәрьяларым,
Қумыцды Сыр бойына теңдедиң бе?
Күн ыссы, көлеңкесиз, көклеми аз,
Сый болмас Кербаланың шөллеринде,
Ат минип, асып ишип жүргеннен соң,
Айтпадым айыбыцызды сизлердиң де.
Беллестиң маймылдай-ақ ҳайўан менен,
Көрерсең жемтигинди теңгелимде.
Айтылмаған тасқын сөз тағы да көп,
Айтып қал көзиң жетсе жеңбегине.
Кемситтиң келместен-ақ гедейсең деп,
Мақтаныў — көримликке келгениме?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәме:

Ал аға, сөйлейин шыным менен,
Сорасаң мәлим болар сырым елден.
Бойындағы көринген мининди айтпай,
Тоқталып тартылады тилим неден?
Айыбынды айтпастан отыр едим,
Мийман деп қәдир тутып күни менен,
Қарақалпақ «сараң» деп бир сөз айттың,
Уарламай өшире ғой үнинди сен.
Қарақалпақ ҳәм қазақ бастан егиз,
Қашаннан-ақ аралас өскен елмиз,
Жери саз, суўы тынық болған менен,
Қоныссыз қор болады шалқар теңиз.
Түрли жемис егилип мийўаланса,
Теңизден де артықмаш қазған кериз,
Тамаша қумда болмай, кимде болсын,
Асы көп, ақшасы мол, аты семиз.
Көмир сатып аламыз көк теңгеги,
Кәсиби елимиздиң көптен бери.
Қийгизип жазыларды парға артып,
Самарқанд, Бухара барып төгер жери,
Ҳәр нардың қырық теңгеден жүгин сатып,
Жыззақтан үн алады, шеттен берги,
Усының бәри де шын, жалғаны жоқ,
Қосыққа бийкар гәпти алғаным жоқ.
Тилинди байлайман деп талпысаң да,
Сеннен қорқып тоқталып қалғаным жоқ.
Үндемесем кетесең едирейип,
Жеңил минез жигитсең салмағың жоқ.
Сасқалақлап сөзиңнен бүкленерсең,
Шонтықлықтан сөзиме тикленерсең,
Билемен Сырда әўлийе көп екенин,
Не пайда қәдир тутып күтпеген соң.
Сырыңның сылдыр бақай адамлары,
Ўәдесинде турмайды табанлары,
Азаннан кешке дейин сумлық ойлап,
Жоқ сирә ақыреттен хабарлары.
Көп әўлийе болған соң, аяқ асты,
Жол таппай алапаға шабар бәри.
Жарамлы жақсыларың жаман бийлеп,
Болыс етип қойылар наданларың.
Парқы жоқ айтқан менен өз қәўимиң,
Өзинше пәп-пәкизе, минсиз бәри,
Биздеги болыс-бийге, байға келдиң,
Бир емес, бәринен де пайда көрдиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Селтеңлен семизликти көтере алмай,
«Ишемен шекер салып шайға» дедиң.
Аргымақ ат, түйеден нар болмаса,
Қеўлим жоқ тайлақ пенен тайға дедиң.
Қайырлы елиң менен жериң болса,
Жалғыз өзиң тентиреп қайдан келдиң?
Сырыңның көли сасық, шөби жасық,
Жарлылар жалаң аяқ түси қашып,
Таң атса, өгизине жүгин артып,
Далаға шубырады асып-сасып.
Күн батыўдан көк шөптен ширкей шығып,
Зарланып ызыдайды зәҳәр шашып.
Қийиз үй жыртығына шөпти тығып,
Ҳеш бир жан шығалмайды есик ашып,
Ортаға түтинликти салып қыйдан,
Жатады жер баўырлап бетин басып.
Шабады жазлай қашы, гүзде қарық,
Шақырып, бирин-бири излеп барып,
Қасласса бир-бирине жала жабар,
Ҳақлық та, ҳадаллық та болмас парқ.
Бул нәрсе мақтансаң да елинде бар,
Аман болсаң көрерсең барып гүзде.
Оның түўе түсине енбес бизиң жақлар,
Журтыңды теңгересең неғып бизге?
Исинип тақылдаған таңлайың ба?
Болмаса даўға қылған далбайың ба?
Ери арық, семиз Сырдың қатынлары,
Соры көп еркегиниң маңлайында.
Суўда жүзген балыққа қармақ салып,
Үңилип отырады жар бойында.
Күнде жаўлық-көйлегин жуўып алып,
Ҳаялы жуўытпайды шаң бойына.
Елиңниң ерси исин умытыпсаң,
Ал аға, есте сақла, ал ойыңа,
Сыр қатыны көйлегин бүрмелеген,
Қынама қара бешпент түймелеген,
Базардан бәсекиге таўар алар,
Бәри бир, бай болмайсыз кийген менен.
Журтыңның әўел бастан әдети сол,
Сен өзиң қанша мақтап сүйген менен.
Гедейлерге қараспас байларыңыз,
Айтпайды «мынаў ғой», деп пайларыңыз
Елинди қанша мақтап көтерсең де,
Бизиң журтқа белгили жағдайыңыз.
Жыл бойы бир дүнья деп күп-түниниз,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтеди гөр-гүмиранлықта айларыңыз.
Қай жақта айтылмаған ҳасыл сөзиң,
Бар болса айтатуғын келди гезиң,
Қәдирли болмай неғып келип қалдың,
Елиңе айыў жигит болсаң өзиң.
Еситтим гедей жигит деп сыртыңнан,
Айтайын жасырмастан тур ғой көзиң.
Жел сөзге жылмаңлаған епли екенсең,
Шайырша шарықлаўдан шетте екенсең,
Сөзиме мениң айтқан қасарысып,
Көп болса «елиң жаман» деп кетерсең.
Сыртында көп жаслар тур адырайған,
Тилиң тийсе қамшыны жеп кетерсең.
Бийшара, қаңғып жүрип сорыңқайнан,
Қәйтейин, айта берсем өкпе етерсең.

Мансур:

Дәме қыз шыныңнан көп өтиригиң,
Уятсызсаң, ашылған бетиң бурын,
Бетиме айыбымды баса ма деп,
Өзгереди сезикленип сениң түриң.
Сениң менен ерегисип айтаман деп,
Қарақалпақ халқына тийди тилим.
Айырдың таўды қумнан, Сырды қырдан,
Қутырған екенсең ғой қудай урған.
Ал енди минин мен айтайын,
Табарсаң қандай пайда қурғыр буннан.
Ағылтып айтпайыншы саспа Дәме,
Шымшықтай турымтай ҳәм қырғый қуўған.
Ҳаслы бенде болған соң елде мин бар,
Мин айтпа күшли болсаң сөзге дилўар.
Алланың қылған исин айыпсыз деп,
Дәлилли ҳәр нусқадан көргеним бар.
Суўы — сүт, топырағынды алтын дейбер,
Болмайды Сырдан ҳешким буған қумар.
Айтайын атын атап бирим-бирим,
Қарашы шөлиң менен тең бе булар.
Жаз күнлери жайлаған қуралайы,
Булт өтпес асқар таўлы беллерим бар.
Үйрек ушып, ғаз қонып ғаңқылдаған,
Шалқыған шағалалы көллерим бар,
Жез писенли берзенка ататуғын,
Ҳийлели, шаққан туўған мергеним бар,
Минекей сизиң жерден артықлығы,
Елимниң усындай көп ермеги бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаз жайлаўы — Сарысуў, саласы бар,
Сырты кең сексеўиллик қарашубар.
Жери боз, саз топырақлы, ажырықлы,
Айдын тақыр ат шабар даласы бар.
Султанға зияратлап жылында бир,
Қыслатып қойын айдап тағы шығар,
Нәзирге теңге берген есап емес,
Апарған ат ҳәм түйе қарасы бар.
Аздырмас, жасларына ақыл айтып,
Халқымныц қарт-қария данасы бар.
Шөлиңде бул нәрсениц пышаны жоқ,
Халқыцныц буған қанша шарасы бар.
Қайырға қатар питкен талларым бар,
Тал арасын жайлаған малларым бар,
Тас гербиштен жасатып әйнек қурған,
Қысында отырарлық тамларым бар.
Гедей деп Сырға тағы қалыц қайғы,
Бул сөзден кегиц сениц алынбайды.
Қой айдап, түйе жыйнап бақпаса да,
Азығы телегинен арылмайды.
Сизлердей хошәметти берип малға,
Жарлысы байға барып жалынбайды.
Көклемде түрли дақыл себиледи,
Қос айдап, кетпенленип егиледи,
Гүз болса соныц бәрин жыйнап алып,
Тапқан дәни қайғысыз желинеди.
Халқымныц әўелден-ақ дәстури сол,
Жаманлап не десец де кемимейди.
Дәме қыз, сөзиц бар ма айтылмаған?
Бар болса тағы билдир айтып маған.
Дәлийли жоқ гәплерди көп айтасац,
Бәлеге жолығады жай турмаған.
Салмағы жоқ, сабырсыз түриц мынаў,
Төрели кеңес шықсын қай тулғаднан.
Өтирик сөз айтыўға ерибейсец,
Әри бай, әри сақый елим дейсец.
Әўеле шатпақ сөздн өзиц баслап,
Сен мени қалайынша женил дейсец?
Қол салып қай жеримди көрип едиц?
Салмақсыз, түби жуқа териц дейсец,
Жақсы сөзге келмейди ҳеш бир ебиц.
Алды-артын ойламадыц ҳештемениц,
Сен шоқалақ болсац да, асқар таўман,
Жығылғандай қәўпим жоқ сеннен мениц.
Дәмежан, мен буйра нар, жазыцды тап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир сөзинде айтылды жүк берериң.
Гедей деп көп кемситтиң бизиң елди,
Кемситиў қыялыңа дүзиў келди.
«Адасқанның алды жөн» дегендей-ақ,
Өз мининди билмейсеңе өзиңдеги.
Дәлил менен көрсетип көзиңизге,
Бир азырақ айтайын сизиң елди.
Берекети бар дедиң Қызылқумның,
Таўыспай өтирикти узын қылдың,
Уялмай өтирикти шындай айтқан,
Баласаң әжеп тәўир қызық жүзиң.
Бунда жоқ шалқар теңиз, қайнар булақ,
Турады қай жериңде Қыдыр буныңа.
Сизиң елде жақсының бәрин көрдим,
Дәм айдан быйыл келип өриследим.
Қудай айдан келген соң шараң бар ма?
Бәриниң бармағынан жемис жедим.
Мәмилеге көнбейсеңе кеўлиң соқыр,
Айтқан сайын көбейди кейпелериң.
Жаман кеңес шыға ма жақсы адамнан,
Қасыма сирә жақын келиппедиң?
Қудай өзи берген соң шараң бар ма?
Шай емес шекер, шийрин тек ишкеним.
Мен шөлден адам көрдим ҳәм билимли,
Бәри де билип атыр қәдиримди.
Шайырлық ат көтерип атырғанда,
Жайып жүр Қызылқумға дүбиримди.
Жолын үлкен болсын деп өзгелерден,
Мықлап берди ат, түйе нәзиримди.
Өнеримнен көрдим мен пайда қумнан,
Қайыр көрдим өнерди жыйғанымнан.
Ат миндим, ат жетедим, бәри ырас,
Қоңырат, Арғын, Қыпшақ, Найманымнан,
Ат, тонын алып едим, билип айтшы,
Қарақалпақ қай беги, қай байыңнан.
Сөзимниң енди келди салмақлары,
Айтайын тымсал менен, аңла тағы,
Пышық та бойы жетпей айтқан екен,
Сасық деп жайған гөшти шаңарақтағы.
Сен Сырдың шөбин, суўын кемситкендей,
Бар ма шөлдиң баў-бақша, шарбақлары?
Суўырып исирапыл тартқандай-ақ,
Даўыл турса бурқырап шаң қаплады.
Көп қойдың шаңлақтағы қумалағы,
Жел менен қудығына думалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шыҗса да ҳәр ғаўғадан қырық қумалақ,
Илажсыз соннан барып суў алады.
Ыссыға шыдамастан соны ишип,
Сорлылар муздай суў деп қуўанады.
Сырдың зор дәрьясы бар, булақ — таўда,
Ат пенен сиз саласыз қумға ғаўға.
Өлшеўли суў аласаң арқан салып,
Тырбанып қара жерге салып саўда.
Қызылда жүрген елдиң көзи ашылмай,
Өмири өтип кстер жәнжел-даўда,
Жабанда жүрген елсең отар малдай,
Я Бухар, я Түркистан, Қоқан бармай,
Мырзаңның таңлап алған ақ билеги,
Шүйке бас, мойны кир-кир тоқаллардай,
Табанының жарығы тоқсан тилик,
Жалаңаяқ зырлайды отарбадай.
Шалағай келер шылғый бойдақларың,
Үстине кийип алар бар таңқанын,
Шабады шала өлтирип тойда атларын.
Көрнисе сен сыяқлы жарлық табан,
Турады қоқырайып қой баққаның.
Буя сөзди айтып турман сынайын деп,
Тулланып отырмысаң жылайын деп,
Биздиң елдиң қызлары кийер мақпал,
Қыпамалы ақ көйлек, алтын илгек,
Сан алуан тазалықтың парқын билер.
Не қылса да пәкизе Сыр адамы.
Көйлегин қатынларың жамап кийип,
Жыртығынан жылтырар шығанағы.
Барабар алыстағы Сибирь менен,
Қысында жети жалға ылағады.
Сырды минен, аппа сен сөз жарасын.
Гедей деп ажыраттың журт арасын,
Жел сезеди олай-булай желпип өтип,
Қанладың нерден менен бир парасын.
Елимде жақсыман ба, жаманман ба?
Сен жаман деген менен түснес күн де,
Болсам да Сырда қарсақ, шөлге келип,
Арыслан, айыў болдым саўап бунда.
Үнеми жүйрик, шебер үлгилиң мен,
Сен көрмеген өмирим көп алдымда,
Айтасаң жигитлерди сыртымдағы,
Умтылса арашалап турма тағы.
Бир сөз бар, ерегиссе ер өледи,
Тилдиң қыйып қорыққаннан тек турмағы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гидирип неден сассын бүгеженлеп,
Тилдиң жоқ бастан бурын қырқылмағы.
Дәме қыз, сөзди айтып таўыстың ба?
Жаманлап ашып салдың аўыз Сынға.
Сағырдың мойнындағы аманатын,
Ишинде беккем сақла аўыстырма.
Жас бала, жесир қатын, кәйин жүртың,
Биреўлерге даў-жәнжел таўып турма.
Өз басыңның саўлығың ойлана бер,
Мени қудай қолласын қәўип қылма.
Аңласаң усы сөздиң бәри ҳасыл,
Абайла ақсарсаң сен он жасыңнан.
Халық сыйлады өнерли болғанымнан,
Ойлансам қосық кетпес толғаўымнан.
Өз шамамды аңғарып жүргеннен соң,
Орын алдым ерлердиң оң жағынан.
Бул көптиң тоңқа салған жүйригимен,
Қалма Дәме, ойлаған жолларыңнан.

Дәме:

Ал аға, жалған сөзди айттың анық,
Уятсыз деп бетиме жамаў салып.
Айыбымды жасыр деп жалынбайман,
Болсаң керек даңқыма сырттан қанық.
Сен еплеп қанша жалған айтқан менен,
Қеклемейди кең пейил бизиң халық.
Қорынген жасырынбас көмген менен,
Байғус-аў, қай аўҳалың мен көрмеген,
Бизиң елди қаралап сөз айтқандай,
Зәлелиң бар ма сирә шөлден көрген?
Сықылсыз нәментайсаң мақтанасаң да,
Түсинбей ҳәр нәрсеге ербеңлеген.
Жайсыз деп жаманладың жүдә қумды,
Мақтадың көлиң менен булағынды;
Көк орай шалғыным деп мақтанасаң,
Көлдеги сасық қамыс, қопағынды.
Берейин сөзлериңе толық жуўап,
Сал мине, шайыр Мансур, қулағынды.
Қуўраған қуўрайларың көп десең де,
Инанбайман жалғаннан еплесең де,
Саўысқан, алағарға мәлим қусың,
Айтайын ҳақыйқатын жек көрсең де,
Боласыз қоян сойса қой сойғандай,
Көринбес қолы ашық төкпе сенде.
Көли көп деп мақтадың Сырларынды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сары суў, Сырдан арғы қырларыңды.
Мақтаған мергенлериң күн көрип жүр,
Атып жеп муштай қоян, қырғаўылды.
Сыр бойың тикен, қызыл шеңгел шығар,
Қайырына азлап тал өнген шығар,
Көл жағалай қашыўшы шошқаларды —
Бир талай мал деп көзиң көрген шығар.
Нәзирге ат ҳәм түйе деген сөзиң,
Ешейин көтерилген кеўлиң шығар,
Арақ ишип мәс болсаң, мал не керек,
Соған берген есапсыз теңгең шығар.
Бийқәдир аяқ асты қылмағанда,
Болар ма если жигит елдең шығар.
Кеңеске ҳасыл сөзге кем екенсең,
Деп едим; шешенлерди жеңген шығар;
Елпилдеп шам айланған ширкейлердей,
Жазған ай, мийнет айдап келген шығар.
Ал аға, сеннен сырды жасырмайман,
Я төмен, я жоқары асырмайман,
Аңласаң әңгимеме нәзер салып,
Тасқа шабар ақ балдақ ҳасылдайман.
Сен аға, қәдириме жетсең анық,
Гәўҳардан жанған шырақ тасыңдайман.
Сабырсыз, салмақсыз деп кемситсең де,
Түбинде сеннен озбай басылмайман.
Маңызы әңгимемниң артық-емес,
Тек ғана жалғыз атым насыбайдан.
Сен аға, айыбыңды аңламайсаң.
Айтқанға ашыўланып қалмағайсаң.
Болсаңда тилиң желли, ерниң епли,
Кеў жазы кийгизерлик нар болмайсаң,
Көшкенде кереге артып минер кемпир,
Қыйсық төс, бақыраўық көликсең бир.
Ким инанар гедейди бай дегенге,
Пулы көп, төрт түлиги сай дегенге.
Шолпанның жулдыз аты жасырынбас,
Жарқырап жаңа туўған Ай дегенге.
Кемитпе Қыдырсыз деп Қызылқумды,
Буннан сен пайда көрип, кеўлиң тынды.
Шығады түрли кеңес көмейиңнен,
Өнерсиз жигитсең ғой демейин мен.
Қазақтан асып келген азамат деп,
Бизиң ел келген бойың етти иззет.
Көзиңе тарыдай да көринбепти,
Батсаң да мыйлығыңнан ишип бизден,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ким билер қәдиринди буннан артық,
Болыстың ҳүрметине ылайық деп,
Жай бердик бәримиз де төбемизден,
Ойлайман сениң мынаў жүрисиңнен,
Шыққан деп өз елинен безгенинен,
Ол жақта қәдиринди халқың билсе,
Тентиреп неге келдиң өз елиңнен?
Сен қанша айтқан менен шөлде мин жоқ,
Тек ғана ағар булақ, көллерим жоқ,
Қарақалпақ сарań деп кемситесеń,
Келсин деп шақырса да келгениң жоқ.
Шалқайып бағынбаған байға бурын,
Бәлени сен шығардың елдеги жоқ...
Бурқый бер, салмақлы сөз тапсаң егер,
Ҳәркимди қудай урсын сасса егер,
Мийнет деп тек қудықты кемситпесеń,
Басқасын айтқаныңның жалған дейбер.
Ағай-аў илимнен бар талабыңыз.
Қолында қәлем-қағаз, жарағыңыз,
Ел ишкен булаққа теń таза қудық,
Бар болса ҳәр нәрседен хабарыңыз.
Буныńды өтирик деп айта алмаймыз,
Сол себептен таймай тур табаныңыз,
Жүрместен жалаń аяқ геўиш кийиў, —
Ыссыға бизиń еткен ҳамалымыз.
Бизиń журт ат минеди арғымақтан,
Қуйысқан, гүмис жүўсеп жарқыратқан,
Күнде жыйын-мереке, бәйги қосып,
Қызыққа, тамашаға халқым батқан.
Елиńниń еркегинен қатыны бий,
Киргени тас қараńғы жер төле үй,
Болған соń еркегинен мәртебели,
Ҳаялы иззет етип көрсетпес сый.
Қай бағқа, қай дәўлетке мәс ҳаялың,
Бар болса жудырықтай басыńда мий.
Саған сөз айтып болмас қонбаған соń,
Сырдан гедей келип жүр оńбаған соń,
Бәри де сыпайыдай сыр билдирмес,
Тек ғана жалаń аяқ болмаған соń.
Ағажан, сынадыń ба сырымды алып,
Билдиń бе минезимди, минимди анық?
Жоқ нәрсени қыялдан табаман деп,
Қыял сени қыйнады мийинди алып.
Ешки, қой, ешек, бәри аттан озбас,
Марал болмас Үстиртке сыйыр барып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Билмейсең басыңа мин болған жерди,
Бизиң шөл өз кеўлиңниң толған жери,
Сыр бойынан жәбирди көре-көре,
Қаңғырған қара басың зордан келди.
Қалай шер, айыў болдым дейсең шөлде?
Жар тас көп, мәзи ғана турған елде.
Усайсаң Сырдың қарсақ түлкисине,
Абайла, қалдың журттың күлкисине.
Бул айтқан сөзим сирә жалған емес,
Улыўың жайылып тур журт ишине.
Ал, аға, қайдан билдиң ҳақ кеўлимди,
Ақсатып байқадың ба баста минди?
Жақсылар жәрдемине сүйенди деп,
Көрдиң бе бир қорғалап сасқанымды?
Қазақтың хан қарасы қасында тур,
Түсир сен тиреп турған аспанынды.
Жоқ ғой деп ақын який шайыр қумда,
Қарақалпақ, қазақты айырдың ба?
Келсең де көкирек керип, «жарлыман» деп,
Жасқанып айтарыңнан айрылдың ба?
Нәсият айтқансыған болдың маған,
Айтылды әзиз қәйним ҳәм қайнағам,
Әй, аға, мынаў сыйқың — жалғыз жүрсең,
Айрылып ел-журтыңнан қаңғып жүрсең.
Отызға келгениңше орын таппай,
Мудамы қырсығыңа кеткен исиң.
Биз бенен ерегисип ерсингендей,
Бар еди қай демеўшиң, қандай күшиң?
Оңтимем ада болмас гидирмесем,
Тоқтатып ала алмайсаң түбинде сен.
Қоқырайып, қыңырланып кейипесең,
«Сырдағы гедейлигиң — миниң» десе.
Бай болсаң Сырдан сыртқа шықпай жатып,
Болмай ма басқа журтқа жуўырмасаң.
Оңиниң айыбынды оңып айтың,
Ақыл кем, болған менен тилиң шешен.
Бир сөздиң жаңа таптың өлип-талып,
Буған жуўап айтайын толық аныҚ.
Даўласар онбес даўды гешше жигит
Көп екен маңлайында сорың аныҚ.
Биреўдиң ар-намысын қорғағандай,
Келдиң бе исеним хат қолыңа алып,
Қолыңнан келсе мени апарып бер,
Отырсаң жақын жерден орын алып,
Айтасаң әдетинди халқындағы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз қашырыў — Сырдағы салтындағы,
Бир қызға — отыз күйеў, он қудағай,
Сыр елин әллеқашшан ант урғаны.
Қосығынды торла да, толғана бер,
Жеринди тоқсан мақтан қолға ала бер,
Ақылың Әплатундай зор болса да,
Сорланып өз елинде қорлана бер.

Мансур менен Дәме қыздың айтысы

2-варианты

Мансур:

Ал, тыңла, сөз сөйлейди ақын Мансур,
Лақабым ўалаятқа болған машҳур.
Толғанып, бираз сөзди ашлатайын,
Сәдептен ашлағанға ашылған дур.

Болады асылым Аргын Шубыртпалы,
Шийели мәкан-жайым, Сыр жутпалы,
Жасым бар-жигирма бесте, барған елим —
Ели бай қумда жатқан Қудықтағы.

Шашылды Қызыл қумға ақынлығым,
Китаптан қаншама сөз пақыл қылдым,
Ол елдиң қанша жыйын-мәжилисинде,
Алдында жақсылардың айтып жүрдим.

Қанша күн өтип кетти буның менен,
Мен келдим несийбемди терип елден,
Жетпейди буйырмаса бенде сирә—
Қөл созып, көрингенге жуўырғанмен.

Буйырған напақамды жүрдим терип,
Аралап шөлдиң елин жортып-желип,
Қарақалпақ Қәдирдиң жыйынына,
Шақырды сол күнлерде биреў келип.

Бул тойға жүрмек болды тамам халық,
Шақырғын еситкен соң хабарласып,
Ол тойда ақын қыз бар-қарақалпақ,
Оның менен айтысасаң, деди барып.

Барыўға таярланды тамам халық,
Бизди арнап шақырған соң хабарланып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Абайласам халайықтың әңгимесін,
Қоймасын айтыстырмай билдим анық.

Тәуекелге бел байлап тойға жүрдік,
Жол екен жарамлы атқа бір-ақ күнлік,
Алыстан ат жиберіп, шақырғаннан
Айтыстырмай қоймасын анық билдік.

Мереке болған екен уллы жыйын,
Қондырған жүзден аса тигін үйін,
Түсірді әуел баслап претімен—
Ел баслап, съезд құрған болыс, бийін.

Таярлаған үйіне түстік барып,
Жатырмыз ҳәр тәрептен хабар алып,
Журт жыйналды, ел толды дегенді айтып,
Ҳәркимлер келип атыр хабар салып.

Айқаслы адам екен, күннің көзі,
Қыз Дәме-боз баланың айтқан сөзі,
Әпи ондай, сәни мундай саўлатлы деп,
Дүңкилдеп, бара жатыр, жердің жүзі.

Жақсы қызды көргеннің бәри талып,
Маған да айтып атыр хабарланып,
Болысқа ақынларды айтыстыр деп,
Ҳәркимлер келип атыр хабар салып.

Ол айтты-иркилиңлер биразы ўақыт,
Алыстан бул жолаўшы келген ҳарып,
Бизлер де жайласайық, демди алып,
Халайық толық келип болғаннан соң,
Тыңлармыз өзимиз де бирге барып.

Таң атты, түс те аўды, келди песин,
Халық асығын күтпўде күннің кешин,
Қалай етип айтысып, не айтаман—
Деген талай ой-қыял алды есим.

Сол мәҳәл, қыз Дәмеден биреў келип,
«Ақын қыз шақыртты, — деп хабар берип,
Ол айтты:—иркилсе өзим бараман деп,
Айтысыўға менимен келсин ерип.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қай үйге сени алып барайық деп,
Көп болып қызығына қарайық деп,
Даладан молла Мәмет песпр келди,
Екеўинди айтысқа салайық деп.

Жөнелистик үстине барайық деп,
Қандай екен, айтысып қарайық деп?
Кеңестик келе жатып өзли-өзимиз,
Өленди бурын айтып салайық деп.

Қыз Дәме бизди көрип, шықты тысқа,
Усаған бақшадағы тоты қусқа,
Болмаса Қап таўында жүрген перп,
Адамға пите бермес ондай пусқа.

Қып-қызыл еки бети айдай болып,
Тартылған еки қасы жайдай болып,
Топ қыздан ерегирек шығып турды,
Жалтаңлап, қысыр емген тайдай болып.

Сыймайды билезикке аппақ билек,
Кийгени неше түрли ҳасыл жипек,
Көргенде қыздың түрин усылайша,
Толқыды неше түрли бизиң жүрек.

Шашына сап-сары алтын тағылғанын,
Сырғасы меруўет маржан жағындағы,
Онбестен он алтыға келген жасы,
Ол өзи жүрген екен қағынғалы...

Аппақ тис, қыйққаш қасы, қызыл жүзи,
Шашымен көмиледи басқан изи,
Адамзат қанша айтқанмен бундай болмас,
Болмаса бейиштеги ҳурдиң қызы.

Қолының бәри толған гәўҳар жүзик,
Мысалы қумырысқадай бели үзик,
Алыстан қарап турды, «мен» дегендей,
Назымен ҳәрбир түрли көзин сүзип.

Мен дағы қыялландым тура қалып,
Жөн-жағымда халық тур қоршап алып,
Шеттеги бир жигитке қарақалпақ,
Қыз жайын билмек болдым сораў салып...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолықтым ол жигитке өзим барып,
Иркилди ол да маған көзин салып,
Өўелп сәлем берип, бастаң-аяқ,
Жигитке айтып өттим сөзимди анық.

Ол айтты: — сениң буның ырасың ба?
Дәме қызбен бир кеңес қурасаң ба?
Айтайын қыздың жайын, тилимди алсаң,
Қуў таңлай, желикпей-ақ тынасаң-да.

Ол қыздың өз әкеси-Тобақабыл,
Алысқа байлық пенен кеткен дабыл,
Дәўлетпен Сары белди жайлап отыр,
Билмеймен мәкан еткен қаншама жыл.

Билемен қыз Дәменин даңқын ол гүл,
Жеңилген талай жигит ойлап билгил,
Биреўи сен де соның боп кетерсең,
Аятын дүлдүл болса, тилиң-бүлбүл.

Ол қыздың бир мини жоқ өз басында,
Бул күнде ондай жан жоқ ҳаял-қызда,
Айтайын: — бир мини бар тәкаббырлаў,
Жүр өзи, келеди деп ким қасыма?

Бәри алтын қулағаның сырғасы да,
Жобалап, көп тағады мин басыңа,
Өлеңди сеннен бурын айтып салып,
Жатқарады қыйсайтып жамбасыңа.

Ойланып, мен қарайман қыз жасына,
Қорқыныш келди сол гез бир басыма,
Жигиттиң бул сөзине зәррем кетип,
Қайтып келдим баяғы қыр басына.

Мен барсам, қыз да үйге кирген екен,
Алдымда қыздың үйи илгери екен,
Қызығын екі ақынның көремиз деп,
Жыйылған үйдиң сырты дүрмен екен.

Мен бармасам, үстиме келмек екен,
Айтысып, күшин сынап билмек екен,
Өлеңди бурын баслап қоя берди,
Айтысқа келгенимди билген екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәме:

Жүрмисең аман-есен ақып, ҳарма?
Алдыма айып етпе, шақырғанға,
Өнериңе шынн сенген ер болмасаң,
Қасыма алысламасаң, жақынлама.

Келте бақай ябыдай мойның қысқа,
Қарғысаң жығыларсаң, ор бар тыста,
Өткелсиз бир дырняға келип қалдың,
Шамала алды-артынды бул айтысқа.

Күшиңди сына өзиң, алдың барла,
Өткелсиз, тирелип тур алдың жарға,
Сөзиңди орны менен таўын сөйле,
Жоққа урыпба, тирен айт, сеним барға.

Ал сөйле Бул отырған жериң тар ма?
Өзиңниң атың бар ма, затың бар ма?
Ойланбай усы жерде жуўап қайтар,
Болмаса ақынман деп тақылдама.

Мансур:

Биз жүрмиз аман-есен, өзиң де ҳар ма?
Сен теңиз болсаң, мениң көзим жарда,
Жарды айттың, жарқабақпен келмей жатып,
Дәме қыз, буннан басқа сөзиң бар ма?

Қарағым, айып емес кел дегениң,
Өзиң келсин деген соң мен де келдим,
Келсем де дос тутынып, душпан көрип,
Қасымнан алысламасаң, келме дедиң.

Мен атымды, затымды билдирейин,
Келиспесе буған жуўап бермегеним,
Бабамыз туў көтерген ер Уққаша,
Таңланып, таңлап алған дөңгелеғин.

Болады ҳаслым Арғын-шубыртпалы,
Дәм айдап быйыл Сары белге келдим,
Өз атым-ақын Мансур, елге машҳур,
Сөйлетер жақсылардың ермеги едим.

Ақын боп, мен сеннен түйе сорадым ба?
Сен өзиң шақыртқан соң келген едим,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурыннан сырттан сорап хабарынды,
Ҳәркимлерден еситип билгеп едим.

Дәме:

Шақырттым, еситкен соң хабарынды,
Қылмайман дедиң аға, айып буны,
Кеўлинде келседағы, келмесе де,
Тағаман дизбеклетип сағап минди.

Ашлыған тышқанды жапалақ-яңлы,
Жоқары көтермейсең қабағыңды,
Өр минез, кербаз жигит көринесеп,
Жақтырмайман қырынлап қараўынды.

Сен байқа, қатты ескен желге келдиң,
Елиннен алысырақ шөлге келдиң,
Үш өлин, үш иреттен тирилсеп де,
Пайтақта аңсап жатқан елге келдиң.

Сезилди жибискениң—терлегениң,
Алдыңнан табылған соң көрмегениң,
Бул елде маған ҳешким теп келмес деп,
Бола ма қуры кеўилден өрлегениң.

Жақтырмайман шекелеп қараўынды,
Менпен сен алалмайсаң қәлеўинди,
Үш өлин, үш тирилсеңде, мен сағап жоқ,
Аллаў менен қуўысырсаң да тапаўынды.

Болмаса, болыс пенен бий аты жақсы,
Дедиң бе бәрин падан өңгелердиң?
Алмасаң ат, түйсин менсинбеймисен,
Шараўаныц шапан, шекпен, жегделерин?

Бурыннан сен сыяқлы келген гедей
Аралап алатуғын теңлелерин,
Шақырдым айтаўын деп усы сөзди,
Пәлендей жумысым жоқ сенде менің.
Мойнынды салбыратпа, уўайымлап,
Ал сойле, гезегинди бердим сениң.

Мансур:

Дәме қыз! Бәрекелла билгениңе,
Қайылман таўып айтқан минлериңе,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Төсиңе жақыныңды жармастырып,
Ҳәркимге устатып па ең илгериде?

Жапалақ болсам, саған жармаспас ем,
Бағана көрип, үйге киргенимде.
Қалыпсаң суңқарыңды таный алмай,
Жолдас боп жапалақ пенен түнде бирге.

Ол сөз бенен жеңе алмайсаң, жеңилесеңе,
Тоқтарман таўып сениң минлериңе,
Қалмаса Мансур атым мениң қурып,
Ақыры бир шығарман минберинде...

Бар болса жигитлигим болған шығар,
Орын жоқ буған сениң күлмегинде.
Мен емес қорқа тутып ол сөзинде,
Көрермен сенгеп болсаң тиллериңе.

Жел сөзге желиккенде қалыспаспан,
Ақын Мансур ат кештим елде мен де,
Дененди көтерип ал сен де мықлап,
Жарасаң шабыўылға күнде-күнде...

Елимнен жалғыз жүрип, быйыл келдим,
Болыс пенен жети урыўлы елди көрдим,
Жеткен соң халық жақсысын қәдир көрип,
Жақсыға сол себептен үйир болдым.

Берейин сөзлериңе жуўап таўып,
Шешилсин ойға алған түйинлериң,
Сөз парқын аңламайсаң адырайып,
Сыйлағанды билместей сыйыр ма еди?

Дәме:

Ағатай тилиң артық шешен екен,
Жүйрик қыял. Қандай сөз десем екен?
Болмасына сыр берме халайыққа,
Биреў күлер деп: — мынаў есер екен.

Мен сениң билмедим бе минлериңди?
Абайлап тартып сөйле тиллериңди,
Жалындай боп шығады ҳәрбир сөзиң,
Тарқатайын қурысқан көн теріңди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Төсиме жармасқанын қашан көрип—
Қойнымнан услап едиң түнде кимди?
Жарыссаң тоғыз емес, тоқсан түрли —
Шабыс пенен өткерермен күнлеримди.

Өзиңе жақсылықты жөн көрмедиң,
Ойымша, өнериңе сен сенбедиң?
Қанша мақтанып, басыңды көтергеннен,
Шөбинен бөлеси көп жерден келдиң.

Ат жейтуғын арпаны, тамақ қылған —
Сырдың бойын жайлаған елден келдиң.
Ашшы тилиң тийеди тикенектей,
Есинен кетпейди екен шеңгеллигиң.

Елимниң дәўлетине көтерилип,
Ылайық па байғус-аў, желленгениң?
Ақылың аныҚ камил жигит болсаң,
Адам менен ҳайўанды теңер ме едиң?

Мансур:

Дәме қыз, жаңа билдиң шешенимди,
Бойыма таңнай тақтың неше минди,
Мен келгели сегиз ай болды шөлге,
Журт билсе неге айтпайды есеримди?

Сөзге жетик көриндиң айтсам турасаң,
Сөзимди жалған деме, нақ ырасым,
Кементесең жер мен жер, ел мен елди,
Балалық минезиң бар. Сен ақмақсаң.

Айта бер, менде минимди шамалайман,
Сонда да сораўыңды тамамлайман,
Берейин дурыс сөзиңе дурыс жуўап,
Бурыс айтсаң да, тоқталып қала алмайман.

Адырайып айтасаң ерлигиңди,
Түбинде қыз емессең сен билимли,
Толқын аққан Оманның ол дәрьясы,
Жай қылған әўлийелер жер бурынғы.

Қарасаң он саўсағың теп-тегис пе?
Қайсы елдиң болса да, болар мини.
Он алтыға келгеннше түк көрмесең,
Кимге айтасаң билимсиз көрлигинди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көтерип, өз-өзинди мақтаған соң,
Аған сениң сырынды енди билди.
Елим менен жериме тийди тилиң,
Бул сөзиме бер мениң теңлигимди.

Дәме:

Ағатай, басыңа мин тақпадым ба?
Меннен мин таппайды деп мақтандың ба?
Шөлге келип, болдым деп, жалғыз қара,
Жүрмедиң жан келмес деп қапталыңа?

Байғус-аў, елиң хожа, төре ме еди?
Тилиң тийди дегениң сасқаны ма?
Бар дейди мың мийнетке бир роҳат,
Мақтаймысаң жериңди қайжағынаң?

Мақтанғандай шөл жердиң сәни бар ма?
Елиң неге ембейди суўын Сырдың?
Жаланған жаздың күни шекпен кийген,
Мал бағып, жайлағаны үсти қырдың.

Жериниң бети шиймай, үсти тақыр,
Жүрмейсең шөлди таўып, төте жерди,
Сөзимниң өтириги болса егер,
Мынаўсы бийкар деп айт, төкпей терди.

Сыяды мақтаўыңа бәрекелла,
Сырынның қараңғы гөр керелери.
Жаланған жаздың күни шекпен кийип,
Қуўраған гедейиниң шекелери.

Айтпасаң сен жаманлап Қызыл қумды,
Айтарсаң кемиткенде қутығымды,
Гедейин шыйқалдатып алты ай жазлай,
Жүргизген көк тарыға шығырынды.

Дузаққа қырғаўылға қылын жулып,
Қуйрықсыз қор қыласаң туғырынды.
Егининди шала егип, малды бағып,
Сансыз жерин шығарды ығырынды.

Жериңде берекет кем, жемиси жоқ,
Тақыр жер еситпейди сыбырынды.
Қунарлы жер суў менен ел гүлленбек,
Халқыңа айт мақтанған сол жырынды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүреди гей гедейиң кесирленип,
Желбегей жеңи болмас суғыныўлы.
Көтерип көк тарыға кийим кийип,
Таңқаныҗ гүз Ноғайға тығыныўлы.

Көтерер қыс азығын қарыз бенен,
Қалдым деп, өтей алмай шығынымды.
Ал Мансур, сол гедейдиҗ сен де бири,
Айтпасам болмады ғой қылығыңды.

Мансур:

Дәме қыз, айтылмаған сырыҗ бар ма?
Өтирикти таслап айт, шынын бар ма?
Бәри ырас айтқаныҗныҗ, жалғаны жоқ,
Ойланшы, тағы табар минин бар ма?

Қатты халық қарақалпақ, қайыры жоқ,
Елим артық мырза деп сулыўланба.
Гедей, бай ҳәр бир елден табылады,
Өзиҗ де мойынларсаҗ, буным шын ба?

Баласы биз қазақтыҗ Сыр бойында,
Жатамыз жазлап, қыслап қыр-ойында,
Сырдағы тамашаныҗ биреўи жоқ,
Қумдағы мақтанасаҗ қур қойына.

Миннетсиз рәҳәти жоқ қайда барсаҗ,
Тириликлик бәри жумыс пайдалансаҗ,
Қомирге көк теңесиҗ алар ма сениҗ?
Гүз болса, қозғалмастай жайға қалсаҗ.

Түп қатын, түсиҗ қашын Самарханға,
Күшиҗ бирма, түйеҗ айдамасаҗ.
Қалыгымныҗ суйикли сенген малы,
Түйесиниҗ бәдәсын аңламасаҗ.

Дәме қыз, сол сениҗ шын ба бәри?
Журт отыр сениҗ сөзди тыңлағалы,
Теп-теҗ малға сиро жут болмаса,
Ал емес, айта берсем қумда жарлы.

Тентекписеҗ, халқыма тил тийгизбе,
Жоқтыҗ басын қозғама, тек айт барды,
Жай қылған тоқсан тоғыз мың масайық,
Султаныҗ қара таўы Сырдан арғы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол таўдан қайнар булақ шыққан тасып,
Дәрьяға ағып қуяр жылғалары.
Дәрьяның басы дурыс тақ Сулайман,
Аяғы ер Қорқытқа суў барады.

Сәрдарың Күнхожа, Ахмет Яссаўый боп,
Бунда жатыр бүзириктиң жумла бәри.
Дәме қыз, ҳеш кемиссиз адам болмас,
Сөзиң ашшы екен, тилиң зәри.

Усының бәри де бар еллериңде,
Сөзиме я болмаса сенбедиң бе?
Қайнаған булақ аққан дәрьям бар,
Қызыл қум Сыр бойымен тең дедиң бе?

Күни ыссы, көлеңкесиз, көклеми аз,
Гашти бар, Кербаланың шөл жеринде.
Ат минип, асын ишип жүргеннен соң,
Айыбыңды айта алмадым сеннлердиң де.

Маймылдай боп, беллестиң айыў менен,
Көрерсең жемтигинди шеңгелимде.
Айтылмаған ашыў сөз еле алдыңда,
Айта бер көзин жетсе, жеңбегине.

Гедейсең деп кемиттиң келмей жатып,
Байман деп мақтандың ба, сен көрдиң бе?
Жаланы жабыўына көне алмайман,
Женислик бере алмаспан сен көримге.

Дәме:

Ал, аға мен сөйлеймен шыным менен,
Билерсең сорай берсең, сырымды елден,
Бойындағы көринген мининди айтпай,
Тартылады тоқталып тилим неден?

Ашалмай айыбынды отыр едим,
Меҳман деп мен қәдирлеп күни менен,
Қарақалпақ қатты деп бир сөз айттың,
Сен өшир дыбысынды — униң менен.

Қазақ пенен қарақалпақ бастан егиз,
Қашшаннан-ақ аралас жатқан елмиз,
Басы саз, суўы тынық болған менен,
Қоныссыз қор болады шалқар теңиз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Егилип, түрли жемис мийўаланса,
Тамаша теңизден де қазған кериз.
Тамаша қумда болмай, қайда болар?
Асы көп, ақшасы мол, аты семиз.

Аламыз көмир сатып көк теңгени,
Қәсиби елимиздиң көптен берги.
Қийгизип, қатлап-жазып, нарға артады,
Самарқанд, Бухар барып шөккен жери.

Бир пардың қырық теңгеден жүгин сатып,
Ун алды Жызақтан шеттен берги.
Усының бәри ырас, жалғаным жоқ,
Бийкары бар ма ишинде аңладың көп?

Тартылып, тил байлайман дегениңмен,
Тоқталып, қорқып сирә қалғаным жоқ.
Едирейип барасаң индемесем,
Түбиң жуқа жигитсеңе, салмағың жоқ.

Сен сасна, айтар сөзге бүкленерсеңе,
Ойлап турсам жоқ екен сирә есиң.
Көзинше терип айтып көрсетейин,
Қан таўындай мойынына жүк көтерсеңе.

Ақша менен халқыңның ҳеш парқы жоқ,
Болса да минсиз, тегис сағаны бәри.
Болысың елди талап, қанын сорып,
Жүреди аўызынан ағып зәри.

Бизиң журтта болыс, бий, байға келдиң,
Бири емес, бәринен пайда көрдиң,
Селтеңлеп, семизликти көтере алмай,
Ишемен шекер салып, шайға дедиң.

Атта — арғымақ, түйеде — пар болмаса,
Кеўлиң жоқ тайлақ менен тайда дедиң.
Елиң менен жерниде қайыр болса,
Жалғыз өзиң теңтирен, қайдан келдиң?

Сырыңның коли сасық, шөби жасық,
Жаланқая жарлы өзиң, елиң пасық,
Шуўлайды қурбақа мен елиң бирге,
Дәрьядан сыртқа шықса суўы тасып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң атса, өгизине жүгин артып,
Қурғаққа шубырады асып-сасып,
Көк шөптен шығармаса, күн батқан соң,
Зарланып, даўыс салар зәҳәр шашып.

Жыртығын кийизиниң шөп пен қымтап,
Жарқылдар шыға алмайды есик ашып.
Тезекпен ортасына түтин салып,
Үрлейди жер баўырлап, бетин басып.

Шабады жазлай тоғай, гүзде арық,
Шақырып бирин-бири үзлеп алып,
Қасласса бир-бирине жала жаўып,
Салалы жипке бәле дизгени анық.

Мақтансаң да еле бар усы елиңде,
Көрерсең аман болсаң, гүзде барып,
Бундай ислер оң түўс, түсте де жоқ,
Халқыңды теңгересеп бизге не ғып?

Сөз сөйлесең сен сениң таңлайыңа,
Болмаса даўда қылған далбайың ба?
Сырыңның ери арық, қатыны семиз,
Соры көп еркегиниң маңлайында.

Суўда жүрген балыққа қармақ салып,
Үңилип отырады жар бойында.
Жаўлығы менен көйлегин түнде жуўып,
Ҳаялы жуўытпайды шаң бойына.

Семиз қатын аўылда үйди бағып,
Байы дүзде... Тук те жоқ, ол ойында,
Елиңниң қылған исин жаңылысаң,
Ал, ағай мен айтайын, ал ойына.

Сыр қатыны көйлегин бүрмелеген,
Қынама қара бешпент түймелеген,
Бәсеке менен ноғайдан товар алып,
Бай болмаспыз дейди екен киймеген менен.

Халқының әдети усы баста үйренген,
Қоя ма менин сөзим тиймеген менен,
Бул сөзимди өтирик дей алмайсаң,
Топырақтан нан болмас ийлегенменең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қараспас гедейиңе байларыңыз,
Деп ойлап буннан алып пайдалымыз,
Халқыңды қанша мақтап көтергенмен,
Белгили бизиң елге жайларыңыз.

Қайғы урып күни-түни дүнья ушын,
Қарацғылық жыл менен айларыңыз.
Халқыңа қөшемет бер, кеўлин көтер,
Озбырлығын жоқ етсин байларыңыз.

Қай жақта айтылмаған ҳасыл сөзиң?
Бар болса, айтатуғын келди гезиң,
Қәдирли болмай, не ғын келип қалдың?
Елиңде айыў жигит болсаң өзиң?

Еситтим гедей жигит деп сыртыңнан,
Айтпайман, я болмаса көрип көзим.
Жел сөзли, жылдам жүйрик, епли екенсең,
Сенинкинен кем қалмас мениң сөзим.

Жоқ нәрсеге мақтаныўға епли екенсең,
Қыялмен айтар сөзге сен бөтенсең,
Мениң айтқан сөзиме ерегисин,
Қыла берме халқымды көп кекесин.

Сыртыйда сөз саплар бар адырайған,
Тилиң тийсе, қамшысын жеп кетерсең.
Қацғын жүрген бийшара, шараң бар ма?
Қайтерсең, азар болса, өкпе етерсең.

Мансур:

Дәме қыз, шыныңнан көп өтиригиң,
Ашылған уятсыз боп бетиң бурын,
Алдыма айыбымды сала ма деп,
Қутиниң, сезиклениң секирпўниң.

Сен менен ерегисин, тилим тийди,
Халқыңа қарақалпақ жети урықтың,
Айырдың таўды қумнан, Сырды қырдан,
Қутырған екенсең ғой шың жин урған.

Ал енди, елдиң минин мен де айтаман,
Табасаң қандай пайда қурғыр буннан?
Тоқтар деп, жарлы десем Сырдың елин,
Басында меннен өзиң қылдың гуман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорғалатып қойынын, сасып дөме,
Торғайдай турымтаймен қырғый қуўған.
Болған соң ҳаслы бенде, елде мин бар,
Сениң де байлығын жоқ жерди жуўған.

Болған соң ҳаслы бенде елде сын бар,
Мин тақпа, кийлигерсең сорлы мундар,
Алланың қылған исин айыпсыз деп,
Дәлилди ҳәр нусқадан көргеним бар.

Суўы сүт, топырағы десең де алтын,
Болмайды Сырдан ҳешким шөлге қумар.
Айтайын атын атап бирим-бирим,
Қарашы шөл жериңмен теңбе булар?

Жайылған жаздың күни қуралайы,
Мунарлы булт кетпес беллерим бар.
Ғаз қоның ғаңқылдаған, үйрек ушып,
Шалқыған шағалалы көллерим бар.

Барзенки, бес атары — огы менен,
Ҳийлели асып туўған ерлерим бар.
Сен мақтаған шериннен артық жери,
Елимниң усылайша ермеги бар.

Жаз жайлаў Сары суў мен саласы бар,
Сырты кең сексеўиллик, қара-шубар,
Жери боз саз топырақлы, ажырықлы,
Ат шабар айдын тақыр даласы бар.

Султанға зыяратлап жылында бир,
Атланып, қойын айдап елим шығар,
Питир деп берген теңге есап емес,
Апарған ат пенен түйе қарасы бар.

Аздырмас жасларына ақыл айтып,
Халқымның қария — үлкен данасы бар.
Қанша айтсаң да, шөлде жоқ мыңнан бири,
Халқыңның қандай аққа шарасы бар.

Жеримде байлық та бар, егис те бар,
Қайырға қатар тиккен талларым бар,
Суўы мол, Сыр дәрьяның, жерим кеңис,
Жайылған тал жағалай малларым бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасаған пискен гербиш, әйнек қурып,
Қыс болса, неш орнатқан тамларым бар.
Мал бағып, егин егип, шарўа қурап,
Елимде ислеп жатқан қамларым бар.

Гедей деп, Сырға қылдыц қалыц қайғы,
Бул сөз бен сениц кегиц алынбайды,
Қой айдап, түйе жыйнап баққан менен,
Азығы жамбасынан айрылмайды.

Сенлердей қошеметти қылып малға,
Жарлысы байға барып жалынбайды.
Гедей деген кисиниц малсызы жоқ,
Басқаға беттиц ары салынбайды.

Бәҳәрде түрли дақыл себиледи,
Қос айдап, кетпен шаўып егиледи,
Гүз болса жыйнап алып буныц бәрин,
Қайғысыз тапқан дәнин тегин жейди.

Халқымныц әдети усы баста үйренген,
Сен буны қанша айтқан мен кемимейди.
Қыста астық, жазында ағарғаны,
Бизиц елге ҳешбир ел тец келмейди.

Дәме қыз, сөзиц бар ма айтылмаған?
Бар болса, және билдир айтып маған,
Дәлийли жоқ сөзлерди көп айтасац,
Байғус-аў, тец боласац қәйтип маған?

Адамға ҳалын билмес тац болады,
Бәлеге жолығады тек турмаған,
Сабырсыз, салмақ питпес тулғац мынаў,
Келискен кецес шықсын қай тулғаннан.

Теріц тар, шекец қысық, мойынын қысқа,
Сонда да қалыспайсац қуры сөзден.
«Түси ийгидин түцилме», — деген сөз бар,
Қалқатай қутылмасац бизиц тезден.

Айтыўға өтирик сөз еринбейсен,
Әри бай, әри мырза елим дейсен,
Әўели шатақ сөзди айтқан өзиц,
Сен мени не ғып жуқа, женил дейсец?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қай жериме қол салып көрип едиң?
Салмақсыз, түби жуқа терин дейсең.
Кемшилигим бар шығар, жасырмайман,
Сен де минсиз киндей көринбейсең.

Келмейди жақсы сөзге сирә ебин,
Алды-артын аңламайсаң ҳеш нәрсенин,
Болғанда сен шоқалақ, мен асқар таў,
Қәйтип сениң астына бүкленемен?

Дәме қыз, мен буўра нар, жазыңды тап,
Деп едиң, бир сөзинде — жүк беремен.
Нарым таяр, жүгинди көтериўге,
Ўәдеңнен шық, ақын қыз, мен көремен.

Гедей деп, көп кемиттиң бизиң елди,
Кемитпе, қыялыңа дүзиў келди,
«Адасқанның алды жөн», — дегендей-ақ,
Билмейсен өз мининди өзиңдеги.

Көзине көрсетейин дәлил менен.
Айтайын бир азырақ сизиң жерди.
Ҳәрнәрсени бир айтып кемситесең,
Байқамайсан алдында ақын ерди.

Бар дедиң берекети Қызыл қумның,
Өтирикти таўыспай, үзип-жулдың,
Уялмай, өтирикти шын айтасаң,
Баласаң, әжеп тәўир қызыл жүзин.

Бунда жоқ аққан теңиз, қайнар булақ,
Турады қай жериңде қызық буның?
Жақсысын сизиң елдиң тегис дедим,
Не болсын берекети сары қумның?

Хабарын айтып барды усы тойдың,
Дәм айдап, быйыл келип өриследим.
Берген соң қудай өзи шаран бар ма?
Бәринин бармағынан жемис жедим.

Көнбейсең мәмилеге, кеўилин гөр,
Көбейди айтқан сайын керислерин.
Шыға ма жаман кенес жақсы адамнан,
Қасыма жақын келип көрисседин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Берген соң қудай өзи, шарап бар ма?
Шай емес, шекер мен бал мен ишкеним.
Дәме қыз, айта берсем сөзлерим көп,
Таўсылмас сенин менен кеҗеслерим.

Мен шөлден адам көрдим ҳәр билимли,
Бәри де билип жатыр қәдиримди,
Ақынлық ат көтердим ақырынлап,
Жайып тур Қызыл қумға тәрийпимди.

Болсын деп, өзгелерден үлкен сыйын,
Ат, түйе, мықлап берди пәзиримди.
Қай жерге барсам дағы қарсы алып,
Ҳүрметлеп көтереди ел назымды.

Мен көрдим өнер менен пайда қумнан,
Мен пайда таптым өнер жыйғанымнан,
Ат миндим, қус жетелеп, бәри де ырас,
Арғын, Алшын, Қыпшақ, Қоңырат, Найманымнан.

Ат-тонын алып едим, билип айтшы,
Қарақалпақ елиниң қай байынан?
Сүт үстинде қаймақпан өз елимде,
Өзим гедей, кеўилим бай, ел жайынан.

Сөзимнин енди келди салмақлары,
Айтаман мысал менен аңлатқалы,
Жете алмай пышық жерде жатқан екен —
Алалмай, жайған етти шаңырақтағы...

Сен Сырдың суўын, шөбин кемиткендей,
Бар ма шөлдиң баў-бақша шарбақлары?
Суўырып ысырапыл тартқандай-ақ,
Бурқырап шамал турса, шаң қаплайды.

Көп қойдың жатақтағы қумалағы —
Жел менен қудығына думалайды.
Шықса да ҳәр шелектен қырық қумалақ, —
Илажсыз соннан барып суў алады.

Ыссыға шыдай алмай, суўын ишип,
Соралылар салқын ғой деп, қуўанады.
Қызыл қумда өмири өткенине,
Сенин елин масайран жубанады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болғанда Сыр дәрьясы, булақ таўда,
Қудыққа ат пен салған қумра, ғаўға,
Өлшеўмен суў аласаң арқан салып,
Тартысып, қара жер мен қылып саўда.

Қумында жүрген елдиң көзи ашылмай,
Өмири өтип кетер жәпжел-даўда.
Ел жайлаған қумында қызық бар ма?
Қызық десең бизде бар — жер мен таўда.

Жапанда жүрген елсең отар малдай,
Я Бухар, я Түркистан, Қоқан бармай,
Мырзаның таңлап алған ақ билеги,
Қуйқалақ, кирли мойыны тоқаллардай.

Табанының жарығы тоқсан тилик,
Зырлайды жалаң аяқ от арбадай.
Етиги жалпақ табан, узын тумсық,
Шошайған тумсықлары ат дорбадай.

Шалағай, мал сыяқлы бойдақларың,
Қарашы қыялыңмен ойлап ҳалып,
Шәңги журт, гөристанның қалжасындай,
Шабады шала өлтирип тойда атларын.

Көринсе сен сыяқлы жарық табан,
Турады қоқырайып қой баққаның.
Бул сөзди саған айттым сынағалы,
Пыҳсытып анаў жуўсан от жаққаның.

Кеўлиңе келсе-дағы айтқаным сол,
Долланып отырмасаң жылағалы?
Ақ көйлек, алтын илгек бизиң журттың,
Ҳаялы кийер парқот қынамалы.

Ден саўлық, тазалықтың парқын билер,
Не қылғанмен пәкизе қыр адамы.
Қатынларың тик көйлек жамап кийип,
Жылтылдар жыртығынан шығанағы.

Сен Сырға гедейсең деп сын тағасаң,
Ҳәр сөз бен ажыраттың журт арасын.
Ҳақыйқат шөлдиң елин айыпсыз деп,
Мен айтып, ашқан менен қымтанасаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақылың болса алдыма аныу сөздиң —
Өткердим перде менен бир парасын.
Елимде жақсыман ба, жаманман ба?
Ой менен айырарсаң ақ-қарасын.

Елимде жақсыман ба, жаманман ба?
Сен жаман деген менен шамландым ба?
Болсаң да қырда қарсақ, шөлге келип,
Арыслан, айыў болдым саған бунда.

Өнимли, жүйрик, шебер, үлгилиңмен,
Өнерим сен көрмеген тағы алдымда.
Шақырған соң елициниң тойына кеп,
Сынға түсип отырман мен алдында.

Айтасаң бозбаланы сыртындағы,
Умтылса, сен қой деме журт урғалы,
Деген сөз ерегиссе ер өледи,
Тилимниң қыйын қорқып, қур турмағы.

Иркилсин, неден сассын, бүгеженлеп,
Қызыл тил бастан бурын қырқылмайды.
Қеўил жүйрик, тилимниң өнери бар,
Ер болмаса басқалар жыр қылмайды.

Дәме қыз, айтып сөзди таўыстың ба?
Жаманлап, ашып салдың аўыз Сырға,
Сабырдың мойнындағы аманатын —
Ҳешкимге бирмей сақла, аўыстырма.

Жас бала, жесир қатын, қәйин журтың,
Биреўимен жәнжел қып, жаўластырма,
Аманын өз басыңның ойлана бер,
Қолласын мени қудай, қәўип қылма.

Өнерли болғанымнан халық сыйлады,
Ойлансам, өнер кетпес толғаўымнан.
Аңғарып өз шамамды жүргеннен соң,
Орын алдым ерлеримниң оң жағынан.

Бул көптиң топқа салған жүйригимен,
Сулыўым, ойлап қалма жолларыңнан.
Аңласаң усы сөздиң бәри де ҳасыл,
Ақсарсаң, ақсағанда көп даўысыңнан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ал аға, жалғаншымды билдиң бе аныҡ?
Бетиме уятсыз деп, ҡылдың салыҡ,
Кешир деп, айыбымды жалынбайман,
Шығарсаң, даўысыма сырттан ҡаныҡ.

Еплеп-сеплеп өтирик айтҡаныңмен,
Иши кең, кеклемейди бизиң халыҡ.
Жел сөзиңмен басылар деп ойлама,
Көрсетейин көзинە айынды алып.

Көринген, жасырынбас көмгеп менен,
Байғус-аў, жайың бар ма мен көрмегеп?
Ҡаралап халайыҡты сөз айтҡандай,
Зыяның бар ма сениң шөлдеп көрген?

Парҡы бар бийик, бәлент ҡәр нәрсениң,
Бола ма ҡур тил менен теңегенмен.
Жар салып, жарлыман деп, ҡумға келип,
Бай болсаң, еки көзиң телмеңлеген.

Әлбетте, ҡырғый болсаң, ҡорғалар еңе,
Жеринен айырылмас деп шеңгелленген.
Көриксиз турымтайсаң, мақтансаң да,
Шаба алмай, ҡәр нәрсеге ербеңлеген.

Жайсыз деп, жаманладың жүдә ҡумды,
Мақтадың көлиң менен булағынды,
Көк орай шалғыным деп, мақтанасаң,
Көлдеги сасыҡ ҡамыс ҡурағынды.

Берейин сөзлериңە дурыслы жуўап,
Тыңла, сал ақын Мансур ҡулағынды.
Көрмесең көрсетейин тасҡынлаған —
Жуйрик ойдан тасыған булағымды.

Ҡурыған ҡуралайың көп десең де,
Нанбайман, өтирикпен еплесең де,
Саўысҡан, ала ғарға — ҡалың ҡусың,
Айтайын ҡаҡыйҡатын жек көрсең де.

Болатуғын ҡоян сойса, ҡой сойғандай,
Болмаса, мысал айтылған кеп-кешеги;
Барды-бар деп айырып, жоҡты-жоҡ деп,
Әдил сыншы отырған халыҡ шешеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сары суў — сырдан арғы қырларынды,
Мақтаған мергенлериң атып жейди,
Аўқаты — қоян менен қырғаўылды.

Нырқы пәс, баҳасы арзан, резгидей,
Мазасыз бул сөзиниң бир қәўимин.
Ҳешкимге пайдасы жоқ, зыяны жоқ,
Айтқанын шаңғып өткен сөз даўылы.

Қып-қызыл Сырдың тикен, шеңгел шығар,
Азмаз тал қайырына өнген шығар,
Шошқаны — таў жағалап, қашып жүрген,
Бирталай мал деп, көзиң көрген шығар.

Питирге ат пен түйе деген сөзиң,
Әшейин қуры көтерген геўдең шығар,
Мәс болсаң арақ ишип, мал не керек?
Есапсыз соған берген теңгең шығар.

Қәдирсиз қастқы қылмай, аяқ асты,
Бола ма если жигит елден шығар,
Кеңеске кеңнен толған кеп екенсең,
Деп едим; — өнерпе сенген шығар.

Қалтаңлап шамға айланған пәрўанадай,
Сор айдап сен жазғанды келген шығар.
Басынды көтерсең де шешенсинип,
Жүйрик ой, мәнли сөзлер меннен шығар.

Ал аға, сеннен сырды жасырмайман,
Орынсыз еплеп айтып асырмайман,
Аңласаң әңгимеге нәзер салып,
Ақбалдақ тасқа шабар ҳасыллайман.

Ағатай, қәдириме жеткен таныс,
Гәўҳардың жанған шырақ тасындайман.
Сабырсыз, салмақсыз деп, кемситсең де,
Түбинде сеннен озбай, басылмайман.

Пайызы сөзлериниң шамал екен,
Бир атым мазасындай насыбайдың.
Сениң сөзиң қаңбақтай жел аўдарған,
Мениң сөзим оғындай сары жайдың.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Басың сол Қашқарлықтың тәртесиндей,
Кашмирдиң тилиң ашшы қәлпесиндей,
Шүңгил көз, орақ мурын, қырықпа сақал,
Түриң бар Дағыстанның наркесиндей.

Бетиңниң ойлы-шуқыр, бедери көп,
Ийт жутқан қуў асықтың тәйкесиндей,
Жаңада айттым мен сеннен жеңилмеймен,
Геўдемнен жаным шығын, тил кесилмей.

Ал аға, айыбынды аңламайсаң,
Айтты деп, ашыўланып қалмағайсаң,
Болғанмен тилиң желли, ерниң ешли,
Жүк артар қысы-жазы нар болмайсаң.

Көшкенде үйди артып кемнир минер,
Қыйсық төс, бақыраўық қалбуғайсаң.
Аўыр жүкти көтермей, мертилерсең,
Түриң сол, нар буўрадай бола алмайсаң.

Кими сенеди гедейди бай деген мен,
Жыйған пул, алдар малға сай деген мен,
Шолпанның жулдыз аты жасырынбас,
Жалтырап, жаңа туўған ай деген мен.

Кемитпе қыдырсыз деп, Қызыл қумды,
Жериң ғой сениң быйыл найда көрген.
Бурынғы өткен өмириң маған мәлим,
Сен мақтанған байлықты қайда көрген?

Ал аға, өрге жүздиң өнериңмен,
Шығады түрли кеңес көмейимнен,
Қазақтан асып келген азамат деп,
Бизиң ел ҳүрмет етти келгениңнен.

Көзиңе тарыдай нар көринбейди,
Қанша ишип, бизиң елден жегениңмен.
Ақылың кәмил болса түсинерсең,
Халқым сенбес сен жаман дегениңмен.

Жер жетпес қәдирине шөллер артық,
Бос сөзиң көрсетип тур қур исинди.
Жай бердик бәримиз де төбемизден,
Ойлайман бир бос қыял жүрисинди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болыстың ҳүрметине муўапық деп —
Халқынан шыққан ба деп безерлене;
Басында қәдирине халқың жетсе,
Тентиреп неге келдиң өз елиңнен?

Түбинде қанша айтқанмен шөлде мин жоқ,
Жалғыз-ақ аққан булақ, көллерим жоқ,
Қарақалпақ қатты деп кемситесең,
Ишине шақырса да келгениң жоқ.

Шаңқаңлап, бағынбаған байға қарап,
Бәлени сен шығардың елдеги жоқ.
Таслай бер салмақлы сөз тапсаң егер,
Биздеги бар нәрселер ҳеш сенде жоқ.

Бул сөзлерди өзиң де мойынлайсаң,
Мен емес сасқалақлап, артқа қарар.
Мийнет деп, бир қудықты кемситпесең,
Жериң жоқ таўып айтқан басқа жарар.

Ағатай, илим менен бар талабың,
Бар дейди жазған қағаз, хат, қалемиң,
Ел ишкен булаққа теңтаза қудық,
Жоқ па деймен шәкирттен ҳеш хабарың.

Бунымды өтирик деп айта алмайсаң,
Сол себептен қаттырақ табанымыз,
Жаз болса, жалаң аяқ геўиш кийген,
Ыссыға бизиң еткен ҳәмелимиз.

Бизиң журт ат минеди арғымақтан,
Қуйысқан, жүўен гүмис жарқыратқан,
Мереке, жыйын, тойда бәйги қосқан,
Кең пайтах тамашалы халқым жатқан.

Журтында ерге күп жоқ, қатыны бий,
Киргени қараңғылық, кереге үй,
Болған соң еркегинен дәрежели,
Қатыны ләззет тутып, қылмайды сый.

Кең баққа, қай дәўлетке ҳаялың мәс,
Бар болса жудырықтай басында мий,
Буны да сен өтирик дей алмайсаң,
Түсинсең, алды менен өзинди тый.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саған сөз айтып болмас, қонбаған соң,
Келеди Сырдан гедей оңбаған соң,
Барлығы сыпайыдай сылдырайды,
Жалғыз-ақ жылан аяқ болғаннан соң.

Ағатай, сынадың ба сырымды алып?
Билдиң бе минезим мен күшимди анық?
Жоқ, нәрсені қыялмен табаман деп,
Аўдарған қыял сениң мийинди алып.

Ешки-қой, ешек, ғашыр аттан озбас,
Қосылып, марал болмас сыйыр барын,
Сен де соның биреўи сыяқлысаң,
Қызған сайын озаман, күшим дарын.

Көрген соң сырдан жобир түрли-түрли,
Қаңғырып, басын бунда зордан келди,
Арыслан, айыў болдым дейсең шөлде,
Ел сорап, болғандай-ақ қорған беги.

Елинде қасқырсаң ба, түлкимисең?
Абайла, қалдың журттың күлкисине,
Жүйрик тилиң бар екен, жалған емес,
Даўысың шашылып тур ел ишине.

Ал аға, қайдан билдиң ақсарыңды?
Байқадың ба ақсатып тасларымды,
Жақсылар жәрдемине сени алды деп,
Қорғалап, көресең ғой сасқанынды.

Бергиң келди нәсият маған айтып,
Теңгерип үйиндеги ҳаялыңа,
Жасым бар он алтыға жаңа келген.
Ол сөзлериң келмейди айылыма.

Ағатай, бул нәсият жалғыз жүрсең,
Айырылып ағайиниңнен қаңғып жүрсең,
Отызға келгениңше орын таппай,
Исиниң бәри шала, не ғып жүрсең?

Мениң менен ерегисип, ерсингендей,
Бар еди қай көмегиң, қайсы күшиң?
Сеннен бурын айтысқан ақылардың,
Қуртқанман талайының турып писин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әңгимем ада болмас, иркилмесем,
Тоқтатып алалмайсаң түбинде сен,
Қыйсайып, кесирленип кейин жүрдиң,
Гедейлик Сырдан келген мениң десем.

Бай болсаң Сырдан тысқа шықпай жатып,
Болмай ма басқа журтқа билинбесең?
Өзиң ашқан исинди айып дейсең,
Ақылың кем, болса да тилиң шешен.

Бир сөзди жаца таптың қорқынарлық,
Айтайын буған жуўан толық, анық,
Етеди өнбес даўды, өспес жигит,
Көп екен маңлайында сорың анық.

Сағырдың ар-намысын айта қалдың,
Келиппеқ довернесин қолыңа алып?
Қолыңнан келсе, мени апарып бер,
Отырдың жақын жерден орын алып.

Торлайман өлеңимди толғана бер,
Жериңди қорғанлатар қолға ала бер,
Ақылың Аплотондай болса артық,
Сонда да асырарсаң зордан өнер.

Айтасаң әдетинди халқындағы,
Сыр ели қыз жасырған салтындағы,
Сырдағы қырық мың қулық бар гедейге,
Келиўге бизиң шөлге артылмайды.

Бир қызға отыз күйеў, он қудағай,
Сыр елин алла қашан ант урғаны,
Ал, сөйле, тағы қандай минлериң бар?
Бул да өзиңдей шешен қыз отырғаны.

Усы жерде ақын Мансур сөзге тоқталдым деп, индемей иркилип қалғанда, изине ерип бирге барған иниси Нартай ақын бул сөздиң жуўабын оцай шешиўге болады ғой, усыдан жеңилиўге бола ма деп, кейнин ол айтады.

Улбийке менен Жанкел гедей айтысы

Жанкел;

Көк қамыс қурақ-қурақ сайда болар,
Көп жылқы, көк алалы байда болар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келипем Улбийкеден сорағалы,
Кешиўи көк өзектиң қайда болар?

Улбийке;

Жүрмейсең Жанкел гедей аттай жарап,
Келеди әкең қақпас алдыңды орап,
Жылқың өтпей барама жазған гедей,
Кешиўин Көкөзектиң меннен сорап?

Жанкел;

Былғайман қамшым сабын қарағанға,
Көринер айғыр сулыў жарағанда,
Шырағым мунша неге шамланасаң
Кешиўин Көкөзектиң сорағанға!

Улбийке;

Былғайман уршық сабын қарағанға,
Көринер шашым сулыў тарағанда,
Қолында жетелеген қотыр тай жоқ,
Таң боп турман кешиўди сорағанға!

Жанкел;

Адамның бәри бирдей бара бар ма?
Шайыр деп мақтанысаң санағанға,
Алдағы жел қайықты суўға салың,
Журт өтсе, Жанкел өтпей қала алама?

Улбийке;

Жел қайық деп көрсеттиң шамаларға,
Бул сөзиң үлги болар, тамаларға,
Жел қайық, жел аўдарып, толқын қапты
Қалмасын аўызың толып қара қанға?

Жанкел;

Мен жаяў, қызлар атлы жаяўласам,
Артыңа қарамайсаң аяўласам?
Аўдарып жал қуйрықты жаным жоқ па,
Минип алып ортасынан таяўласам?

Улбийке;

Жоқшылық ғаррылық менен жолдас екен,
Болғанлар оған жолдас оңбас екен.
Айтысып бу гедей менен ким турады,
Жүрмесек көшти тартып болмас екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанкел;

Жайыңа жигитшилик қоймас екен,
Улбийке сөзиңе журт тоймас екен.
Келипем Құдери менен мен сырласып,
Улбийке Құдери менен ойнас екен.

Улбийке;

Салады қойшы қойын алқа қаққа,
Минеди құдай сүйген, алтын таққа,
Бир ийтти ийтаяқтан тойыпты деп,
Келиппен сенде ийтаяқтан жаламаққа.

Жанкел;

Қуйрығы боз шолақтың бөденедей,
Өлгенди апат дейди кенегедей.
Улбийке ийтаяқты таярлай бер,
Тилинди шешенлетип сермелемей.

Усы ўақытта Жанкелдиң көши келип қалады. Көш сыяқлы жүдэ гедей жамаў-жасқаў екенин Улбийке сөз етип, быай дейди.

Улбийке;

Көшинди көрдим, Жанкел мәздемидей,
Шайлаңыз тесик-тесик қазған гөрдей.
Тарығар бала-шаған суўын таппай
Қондырың мәздемиңди Жанкел гедей.

Жанкел;

Жигитлер мал адамның теги екен,
Урса таяқ, сөйлесе сөзи екен.
Аўызыңнан қус тислесең дәнеме жоқ,
Барга бал, жоққа қапа дүнья екен.

Улбийке;

Сен кимге Жанкел гедей, жағып жүрсең,
Өрислен қой, малыңды бағып жүрсең?
Ойраңлап оқпақ қустай сүйкимсиз боп.
Қаңғырып жүре берме қараңғы да?

Жанкел;

Қазаққа аты шыққан мәшуриң мен,
Мен болдым саған ашық жас күнимнен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көгинде сен бир жатқан бағлан қозы.
Аңлыған қараңғыда қасқырыңман.

Улбийке;

Жанкел сен қасқыр болсаң қайысарсаң,
Қоймастан қозы көрсең жабысарсаң!
Ел келсе сендей қасқыр ебин таппай,
Далада тасбақа жеп қарысарсаң.

Жанкел;

Жортаман көк бөридей түн өткизбей,
Жақынлат кеўлиң болса тилеткизбей,
Қушақлап қуў диземди жата алмайман,
Барасаң қумарыма бир жеткизбей.

Улбийке:

Қаңқылдан қара қарға, жыл шықпаған,
Қуў гедей қай исиң бар, қырсықпаған,
Жанында жасаўылың барма гедей,
Жанынды жазы-қысы тыныплатпаған?

Жанкел:

Уры едим төмендеги жасаўылға,
Кеп едим, шығайын деп усы аўылға.
Жағамды жасаўыллап бир босатсаң,
Жүрер ем умытпастан деп саўымда.

Улбийке:

Сал Жанкел қай исиңмен теңелгенсен,
Турткен соң жасаўылың жөнелтгенсен,
Жигитлик қай адамның басында жоқ,
Уятсыз шылғый өзиң өлерменсең.

Жанкел:

Ойыл жоқ отлап қайтар өлермен иң,
Туртпесе жасаўылым келерме едим?
Ас ишер аўыл жақын деген кәни,
Көзимниң бир көрмедиң мөлергениң.

Улбийке:

Барма екен Жанкел сендей жазған адам,
Ақылы тек жатсайшы аўған адам,
Қуўалап гедей сорың келтирген ғой,
Қамшы жеп қараңғыда бозбаладан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанкел:

Улбийке сизге керек, бизде барды,
Жумыслар бизге керек, сизде барды.
Салт екен адам-ата бабамыздан,
Қыз десе жигит ҳалқы излеп алды.

Улбийке:

Жазықлы, жасаўылға болдың бенде,
Түрткен соң жасаўылың келгиң келди,
Сан жоқ адамлыққа арсыз гедей,
Пайғамбар адам ата, болғың келди.

Жанкел:

Ханда ашық, қара да ашық, бир басыма,
Жөни жоқ, қарамайман....,
Бай болсаң байтал мәйын бермейсең бе,
Сөзиниң пайдасы жоқ, мырзасаң ба?

Улбийке:

Жанкел аў излегениң байталма еди,
Қумарың байтал минсе тарқарма еди,
Байтал жуўасырақ жармаспасаң,
Бизиң байтал тебеген тарпаң еди.

Жанкел:

Улбийке излегеним тарпаң еди,
Қумарым соннан өлсем тарқар еди.
Тарпаңның шоқлығына қолы жетсе,
Геўдесин Жанкел бейбақ артар еди.

Улбийке;

Қуў гедей өлең айтсаң қасқарасаң,
Қамысты қара өлең менен жастанасаң,
Басқа елде сен сыяқлы бойдақ жоқпа,
Арын жоқ, бир ақ өзиң масқарасаң.

Жанкел:

Жарлыман, жалғыз қудай миятымды,
Қызлардан аямайман қуратымды.
Мәнисин масқараның билмеймисең,
Өзиң менен тилегеним...

www.ziyouz.com kutubxonasi

Улбийке:

Көшиўге көшпенли ел боп қуўатың жоқ,
Көреди көлди көзиң суўатың жоқ.
Шабасаң айға ҳаўалап арысландай,
Бетинде арың да жоқ, уятың жоқ.

Жанкел;

Аўлыңа Жанкел тағы бир барады.
Шийқаның толықсыған бир жарады.
Айтқанын бурынғының билмеймисен,
Уялған ҳәрнәрседен қур қалады.

Улбийке;

Сенде бир арсыз гедей уялсаңшы,
Нәпсиңди алаңламай тыя алсаңшы,
Қолың жетпес бойыма аўызыңды ашып,
Тилесең ат алсаңшы, түйе алсаңшы.

Жанкел;

Улбийке ат алайын, түйе алайын,
Несине гедейликтиң уялайын?
Төсиндеги қос алмаңнан бир сыйпатсаң
Төрт түлик мал алғандай қуўанайын.

Улбийке:

Еленлеп гедей деген есирер ме,
Басынан өткен исти кеширер ме?
Пайдаң болса, өзиңниң басыңа қыл,
Гедейдиң ҳәўесим жоқ кесирине.

Жанкел:

Улбийке мениң сизге ҳәўесим көп,
Жанкелдиң салбыраған мәўеси көп,
Шийқаным жазы — қысы жатқызбайды,
Жанкелдиң Улбийкеден дәмеси бар.

Улбийке:

Жанкел аў бир жүрмедиң қәдели боп,
Барасаң қысы — жазы дәмели боп.
Қайда таза жерлерде пышық журер.
Қире алмас ийт мешитке әдеби жоқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жийен жыраўдың қобазы менен айтысы

Жийен жыраў өзинин мунлы жағдайын тәрийиплеп билдириў мәқсетинде қобызы менен айтысқан. Информатордың айтыўы бойынша оның қобызы менен айтысы жүдә көп екен. Бирақ, есинде сақлай алмай умытқан. Тек, мына қосық қатарлары (айтыстың) ғана оның есинде қалған;

Устадан уста сайладым,
Есенгелди қырманға шаптырдым
Таўтайлақтың терисин,
Қапшығына қапладым.
Ор текениң муйизин
Тийегине қондырдым.
Қуў ағаштан сен муқлы,
Адамзаттан мен мунлы,
Айтысайық Қобызым!

* * *

Өтеш бир күни бир ийшан менен аўқат жейди. Ийшан қасындағы табақлас жолдасларынан артық жеп, әдепсизлик етеди Сонда Өтеш ийшанға мынадай деп, оның намысына тийеди. Ийшан сөзден утылып, шайырға хешнәрсе қайтарып айта алмайды.

Ақун-ийшан,
Не айтса, сол дегени мақул ийшан,
Қарма асасаң хәммеден көп асайсаң,
Жеген қалай кисиниң ҳақын ийшан?!

* * *

Ешки менен қойдың айтысы

Ешки;

Сениң де жегениң жантақ,
Мениң де жегеним жантақ,
Сениң неге қуйрығың жалпақ?

Қой;

Сениң де жегениң ошаған,
Мениң де жегеним ошаған.
Сениң неге қуйрығың шошайған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ешки;

Мениң де жегеним тал,
Сениң де жегениң тал,
Талға асылып жей алмайтуғын,
Қой деген бир сал.

Қой;

Сениң жегениң ақбас,
Мениң жегеним ақбас,
Шек дегенде қайтпайтуғын
Ешки деген қақ бас!

* * *

Айқулаш

Балалар;

Айқулаш-Айқулаш!
Айға қарап қулаш аш.
Айқулаш-Айқулаш!

Қызлар;

Айдан басқа не керек?

Балалар;

Айдан артық қыз керек!

* * *

Балалар ойынындағы айтыслар

Бала: — Ҳәкке қайда?
Қыз: — Уясында.
Бала: — Не қылып атыр?
Қыз: — Кесте тигип атыр.
Бала: — Кестеси қандай?
Қыз: — Алақандай.
Бала: — Кимлер ушын?
Қыз: — Беглер ушын.
Бала: — Дәрўазаның аўзы қайдан?
Қыз: — Өте бериң муннан.
Бала: — Неше атласам өтемен?
Еки атласаң өтесең,
Қыз: — Ыржақлайсаң ба
Биржақлайсаң ба?
Қыз: — Биржақлайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бала: — Бир нан жейсеҥ бе?
Жарты нан жейсеҥ бе?
Қыз: — Бир нан жеймен!
Бала: — Ал, басла!

Түлкишек айтысы

— Ҳа, түлкишек-түлкишек,
— Түнде қайда барасаҥ?
— Мамамның үйине бараман,
— Мамаҥ сағап не берер?
— Ешки саўып сүт берер.
— Ешкисинин сүти берер.
Ылағының путы жоқ.
Тарам-тарам ет берер,
Оны қайда қоясаҥ?
— Тал түбине қояман.
— Нйт алып кетсе, неқыласаҥ?
— Нйт аўызынан аламан.
Батыр ханға бараман.
— Батыр ханның неси бар?
— Ушар-ушар қусы бар.
Ушып кетти ҳаўаға,
Қайтып түсти дәрьяға,
Дәрья суўын қурытты,
Ақ шабағын ширитти.
Ҳасан, Үсен урысты,
Оның қанын ким жуўар?
Ақсақаллы пир жуўар,
Пирпиян экел көрейик
Алтын шанын өрейик.

Адам менен ҳайўанат ҳәм тәбийат арасындағы айтыслар

Бала: Ҳәкке, сен неден байсымақ болдың?
Ҳәкке: Мүйнге тайып шатым айырылды,
Бала: Мүй, сен неден күшли болдың?
Мүй: Мен күшли болганда күн еритермеди.
Бала: Күн, сен неден күшли болдың?
Күн: Мен күшли болганда булт басармеди
Бала: Булт, сен неден күшли болдың?
Булт: Мен күшли болганда жамғыр тесермеди
Бала: Жамғыр, сен неден күшли болдың?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жамғыр: — Мен күшли болғанда жер сорырмеди
Бала: — Жер, сен неден күшли болдың?
Жер: — Мен күшли болсам тышқан тесермеди.
Бала: — Тышқан, сен неден күшли болдың?
Тышқан: — Мен күшли болғанда пышық алармеди
Бала: — Пышық, сен неден күшли болдың?
Пышық: — Күшлимен мен, күшлимен.
Аяғымда зерли геўиш,
Күнде еки мың тышқаннан сәўиш!

Әжинияз бенен Меңештиң жумбақ айтысы

Меңеш:

Сатқанда нар түйениң пулы болар,
Ақун болсаң сеннен бир сөз сорайын,
Мына ушып жүрген торғай
Неше атаның улы болар?

Әжинияз:

Қудая қудирет алла қулы болар,
Сатқанда нар түйениң пулы болар,
Сен билмесең бийақыл мен айтайын,
Ушып жүрген торғай тоғыз атаның улы болар.

Меңеш:

Әўел байшы.
Байларға жалшы болсаң қолың жайшы,
Торғайды тоғыз атаның улы дейсең
Атларын айтып берши қайсы-қайсы?

Әжинияз:

Сары шымшық, қара тамақ, қара торғай,
пошша торғай, молла торғай, пешше торғай,
ала торғай, нақты көлдиң ишинде бир шымшық
бар суғанақты....

Қулымбет пенен Кердери Әбиўбәкирдиң айтысы

Қулымбет:

Ҳүрметли сәлем жазаман,
Әбиўбәкир моллаға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жасаған құдирет,
Сыйынаман аллаға,
Еситилген қулақтан,
Бүлбилдиц даўысы қалама,
Кимлер анық болады,
Тоғайлағы ғарғаға?
Берип саған айтнайман,
Жыйнаған сөзим толады,
Пар өгиз жеккен арбаға,
Айыбым болса өзиме айт,
Мени аян, қарғама!

Еситемен сол жақта,
Орынбор деген қала бар.
Бер жағында қаланың
Кердери менен Тома бар,
Ол Кердери мәканы,
«Сары көбда» деген сала бар.
Кердериниц ишинде
Зонўозкир атлы бала бар.
Бизиц жаққа хабары
Горуглы менен барабар.
Усы хатым жолыққа
Бизге айтын жазатуғын
Қандай түрли сана бар?
Бизге жалын жибериц,
Сизин журтты аралар.
Оқын етеин тамаша,
Уллық кишик оллалар,
Тобын, Изим[1] арқалы,
Бериреклте тапсырдым.
Жоллатнайын, алла бар.
Жан қалтана сала бар!
Бизге оқрап сатынын,
Сол билетуғын дана бар.
Ишла аллы, ошимле,
Жон билетуғын шама бар.
Уллық атым қарақалпақ,
Ошим атым Қулымбет,
Хош болынын ағалар!

[1] Тобын — урыў аты, Изим — адам аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кердери Әбиўбәкир:

Жолықтым, ҳей Қулымбет хатыңызға,
Таныстық хат жүзинде атыңызға,
Урыўын қарақалпақ болады екен,
Түсиндим және улық-затыңызға.
Жыйнаған сөзиң толса пар өгизге,
Жақсаң да түўесилмес отыңызға.
Алыстан еңбек қылып сөз сорапсаң
Берейин азырақ сөз ҳақыңызға,
Аз сөзди көп сөзге қосып алың,
Жолықпай жойылмаса, қапыңызда.
Көп сәлем, Қулымбетке, қарақалпақ,
Екеўмиз қарындаспыз ғурпы ортақ,
Қандайын сизиң журттың биле алмайман,
Моллалар көп келеди тили жалпақ.
Сорасам арғы түбиң ким екен деп,
Билмейди, негизинде бәри шорқақ.

Сорайман қарақалпақ ким болады?
Қанша журт Хорезминиң айналасы?
Әнестен арғы атамыз берман қарай,
Қайсы улық болады екен ел ағасы?
Ар жағың аўған, тәжик, сарт, түркпен,
Нәсили қай орыннан, ким атасы?
Жети ықлым[1] дарья бар, шәҳәрлер бар,
Төрт бөлим қайсы болады жер парасы?
Ғаррылардың усы нақыл аўзында бар,
Қазақтың қайсы болады, алты алашы?
Кердери сораўшы Әбиўбәкир.
Танырсаң көргеннен ақ сөз қарасы
Мәнисин билсең қайтар, билмесең қой,
Ақыллы бола қалсақ ел данасы.
Сораған үмитиңе қарсы жаздым,
Усы менен тамам болды сөз сағасы.

Қулымбет:

Хат еттиң Әбиўбәкиржан шырағым,
Туўысқан түбимиз бир шам-шырағым.
Бир күн бес жыл болды жазып едим,
Хабары быйыл болды ҳәм шырағым.
Сөзинде ашшы да бар, душшы да бар,
Жүзинди көрмей сырттан қуштарландым,

[1] Жети ықлым — жети қурылық.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўдарып бизиң елдиң бөркин көрген,
Азырақ атпасанда шанышқыладың.
Үйинде Қулекенди тегиң қоймай,
Бирталай ел түбинен жөн сорадың,
Сизди мен өзим тийип оятқан соң
Тансырған миннетимней аршыламан....

Болады бизиң халықтың үлкен бөрки,
Болады жаўырыплы, толық көрки,
Кийеди жаз ыссы да, көлеңке ушын,
Қыс күни киймесе де барды ерки.
Миғражда пайғамбарым нуры түскен,
Мәканым ол Хорезм жердиң берки.

Пүткил журт қонысына ортақ емес,
Баҳадур биз халықпыз қорқақ емес.
Сөйлеймиз жигирма тоғыз ҳәрип пенен,
Тилимиз бек ажарлы жалпақ емес.
Бар болса, бизде бөрик, сизде тумақ,
Жыртыққа тесик күлген әттең емес.

Айнала бир айлық жол Хорезмниң,
Ишинде бөлеңг аныққан қағазыңның,
Қазақ пенен қарақалпақ атасы бир,
Алты алаш; түркпен, қалпақ, қазақ, өзбек,
Алтаў деп қырғыз, естек айттым гөзлеп,
Атасы алты алаштың түркпен журты,
Шыратым, қабыл алсаң муны сөз деп...
Атасы таўырлардың! Қабыл дедим,
Бизикти китаплардан таптым излеп.
Ким болса мағал журты, қалмақ сонан,
Мағынасын ушоуў сөздиң сорасаң биз деп.
Бөрисеин түўел айтқан шежире жоқ,
Ол өткен ғасырдан оурын ди бек-ди бек...

Аўғанның түби — поған, сарт — естектен,
Алты алаш түркпен журты бир пәсиптен.
Айыпқа қоте болса оуйырманыз,
Аталының кеңеси усы бу көрсеткен.
Жети ақлым жердиң жүзи — жети бөлим.
Айтайын билгенимди бул есаптан.
Төрт бөлим; үшеўи суў, бири — қурғақ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара жер суў үстинде турған зырлап,
Бир ықлым — мәкке менен Мәдина — дур,
Молда емес, саяқлардан билдим тыңлап.

Екинши — Қуддыс пенен Шам болады,
Үшинши — Бағдат, Фейруз ҳәм болады,
Төртинши — Қырым, Рум деген шәҳәр,
Ноғайлы түрли-түрли ел болады.
Бесинши — Шың, Машың мен Қытай халқы,
Адамның ойы жетпей таң болады.
Алтыншы — Мәскеў менен Едил журты,
Шакарлар сондай ақ онда мол болады,
Жетинши — Шаржау, Бухара, Хорезмлик,
Сораған жети ықлымың сол болады.
Дәрьясы жети ықлымның соннан шығар,
Дәрьяға муҳит, теңиз орам шығар,
Билсем хош, билмесем де айып көрме,
Ағаңыз оқымаған надан шығар.
Егерде биле қалсам ықылым жүзин,
Сораған жуўапларың тамам шығар,
Алпысқа жасым келди жаңа жетип,
Әбиўжан, хош, аман бол көргенимше,
Дуўадан сиз де бизди тасламаңыз,
Шырағым, қымбат көриң Кердериңше.
Жибердим қалашыдан қағаз жазып,
Өзимниң ҳәрне бар билгенимше.

Кердери Әбиўбәкир;

Қулеке, бес жыл болды хатың келди,
Қулымбет шайыр деген атың келди.
Бу жақтан помошник[1] бий барғанда,
Мақтапсаң тумақ кийген ҳәкимлерди.
Ол бийлер мырзалық пенен сени сыйлап,
Қайсысы шапаны менен атын берди?
Дегенге «бөркиң үлкен» аўыр көрдиң,
Бул исиң жаманлыққа жақын келди
Тумақты онда мақтап, мунда кем деп,
Жеңилтек сизден еки ақыл келди.
Мына сөз, сиз айтпайтын жаўап еди,
Аўызына аңлаўсыздан ғапыл келди.

---

[1] Помощник — көмекши.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтыпсаң «көкирегин мийнет тескен».
Шәҳәрине ҳәм Хорезм ҳәм Хийўалың —
Мигражда расулиниң нуры түскен.
Жеринде кәрәматлы әўлийе көп,
От жақпай, қазанында аўқат пискен.
Көп падан пақырыңыз, қарағанда,
Секилли әдети көп нурдан көшкен.
«Қорықпайтып қарақалпақ батыр» депсең,
Билинди батырлығы қайсы истен,
Жерице қазақ аўып талай барды,
Ҳеш нәрсе көре алмадық ғайрат, күштен.
Сорадым; «Хорезмди қанша ел?» деп,
Айтыпсаң айналасын айлық жол деп.
Сорасам ел шамасын жол етипсең.
Айтайын бу сөзинди нешик оң деп?
«Атасы алты алаштың «Анес» депсең,
Шығардың бу сөзинди сулыў жөн деп.
«Ағасы баршасының түркпен» дедиң,
Үлкени өзбек екен, кеттиң көлбеп.
Дүньяны топан суўы қаплағанда,
Ҳәм, Самлар кеме минип шыққан демлеп.
Пухтың Кинган уғылы тилин алмай,
«Қаламан, — деп, — таўға шығып» өлген меңлеп
Көп қәўим сол Кинганың нәсили екен.
Жетиссеп уллы елге соннан өрлеп.
Булардан басқа ҳешбир журт қалмаған,
«Нийманысызлар — Қабыл» депсеңбийкар шөллеп
Қалдырып қыныл басты, билдиң қалмақ,
Айтыпсаң жети ықлымды терисин жөн деп,
Жети ықлым, шәҳәр, дәрья, мен айтайын.
Қулеке, зейниң жетсе, қара аңлап...
Өўеде — бабыл менен Ғажам Шәҳәри,
Екинши — Индистанда ылғый саңлақ.
Үшинши — ҳийжаз, Нийемен Мәкке болды.
Бир шети бу ықлымның Қафта болды.
Тортинши — Африка ҳәм Андалис.
О Дияр, Мысар шети тақта болды.
Бесинши — оты шәҳәр Шам менен Рум,
Шәҳәр ал жаратылған мунпан бурын.
Алтынты — Түрик менен Сахалиба,
О Хаяр Уллы халық болар дедим.
Жетинши — Шан и Идилде о Булғары,
Фақыры буны билмек уллы билим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дуньяда тең болады жан уясы,
Кеңестиң үлги болар жариясы.
Уллы Мухит пенен океаны
Ықылымның бул биринши дәрьясы.
Екинши — Шын дәрьясы жоқары аққан,
Үшинши — Инд дәрьясы шыққан Қафтан.
Төртинши — Фарсы дәрья шығады,
Хорезмлик Бухара жақтан.
Бесинши — Халзам бәҳри уллы дәрья,
Алтыншы — Журжан бәҳри өзиң ойла.
Жетинши — Мағрифтиң дәрьясы,
Шығарсаң оны излесең отыз айда,
Үйреткен саған молла қәте етипти,
Арасы бу ықлымның әллеқайда?!
Бул сөзлер мағыналы үлкен кеңес,
Айтатуғын өлең емес қыз бенен тойда.

Қулеке, билдим, сизиң үлкен жасың,
Бериўге елиң алыс, қойдың басын,
Улыпа мусырманның дуўаныымыз,
Көрсеткен булда мениң ықласым.
Бар болса және сөзиң тағы жибер.
Қызықлы халайыққа кеңес болсын.

Қазы Мәўлик пенен Сәпиўра қыз атынан С. Мәжитовтың айтысы

Сәпиўра;

Қазы Мәўлик тәрийпинди ешитип,
Ғайбана дослық изҳар әйледим,
Дослық раҳати мәккам болсын деп,
Бир нешше саўалым таяр әйледим.

Тилиң бурра емиш, өзиң ҳәм молла,
Қәддиң зийба емиш, гүл йүзиң рәўана,
Молла Әжинияз, яки Күнхожа,
Сөйле деп ешитип инкар әйледим.

Ақлыңны имтиҳан етмек истедим,
Мақсетти хат билен етмек истедим,
Мәҳақ ташқа зерин сүрмек истедим,
Данышың билмели зинҳар әйледим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Он секкиз яшымда толын мәүсимим,
Нешше ай, нешше күн болмуш ҳәмдамим,
Нешше саҳәт екен өткен аяным.
Ҳәм нешше дақыйға қарар әйледим.

Он еккиден берли саўмы салатым,
Ада болды, қаза болды таҳадым,
Алты йылдан берли бойла әдетим,
Ҳақ ырзасы ушын сана әйледим.

Алты йылға нама саны нешедур?
Раҳаты дағдыйры бәри нешшедур?
Мақбуўбый нешшедур, жәҳрий нешшедур?
Ҳәмме таўсыйдын такрар әйледим.

Паный адам күнде нешше дем алар,
Саат тақыйғадан нешшеден келур,
Онсегиз сәпеде нешшелер толыуўр,
Жәмисин билмеге қумар әйледим.

Буў сапар саўалым етти муҳтасар,
Жуўабыца қарап қалдым интизар,
Буў хат назарыца болсын сазыўар,
Илтипат ет сеши қош яр әйледим.

Зарбыца, тарбыца қарап язарсаң,
Гар тап өзиц билмесец сорап язарсаң,
Қуллас бир ҳәптеде жуўап берерсец,
Раҳим бердим уйқыдан бийзар әйледим.

Бара бийпў не қыял болды кормейин,
Сөзлешмей, сырлашмай сырлап болмайын,
Қыла Сәпўра қапца парқын билмейин,
Сырым айттым, нешше әйкар әйледим.

* * *

2 сапар

Қапца әлин тым қылын,
Ҳәм пацқа я мубәрек,
Мәлеметин мийин алын,
Оўлан оўда мубәрек

Дәлалаттын зал алын,
Шәрмпў ҳайа мубәрек.
Дәлаўлы ўай алын,
Дәлалын дуға мубәрек

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул исимди йегитке,
Сана болсын мубәрек,
Тәрийпиң язмақтын,
Қалдым ҳайран ишинде.

Әшкара сырың йоқ,
Бәлким ниҳан ишинде,
Алдуғың пийри пәйкар,
Пәкте жәҳан ишинде.

Ғунша ағыр сәрўи қат,
Емиш инсан ишинде,
Бирий пәйкар шәккар ләп,
Мәшил ара мубәрек.

Бир хат йаздым иззетлеп,
Өткен айдың ишинде,
Ҳеш хабары болмады,
Толық айдың ишинде.

Ўақтында хабары болмай,
Көңлим ҳайран ишинде,
Кейбир суўық етти мәгәр,
Йа болмады ҳуўышында.

Итибар етмедиң ме,
Дедик муна мубәрек.
Ҳәсет дәрдийдин аман,
Кимсә отқа күйеди.

Пәсти қыя хабары,
Кимниң көзин ояды,
Тәкаббирим қудайым,
Даргаҳында қоймады.

Тәҳрий ғарап аларны,
Қоймады да сүймеди.
Иптаны елт шәртийга,
Әждий опа мубәрек.

Зейним етмейди десем,
Тәртибиң екке заҳыр,
Сен билмеген ҳөнер йоқ,
Белли иште маҳнур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пикириң гардапта қалды,
Рәҳим етмейик қатыр,
Қыз Сәпиўра билмесең,
Ақылың әлбетте қасыр.

Ақый йапып келиссан,
Йетсин қуда мубәрек.

3-сапар

Қазы Мәўлик көр йузинди шар олса,
Болырмуў жолыңа барабер енди,
Ҳақ дийип қудайым бир биридийин айрылса,
Сен ҳәм өз йолыңа барабер енди.

Қатты айтты дийип көңлиң қалмасын,
Сөзди билгеп қәдирданлар тыңласын,
Барын байаз еттим маҳбуў қалмасын,
Прийнитеге тизейин көребер енди.

Бир-екки пусқада атыңды көрдим,
Пәҳим әйлеп сейит зада затыңды көрдим,
Екиўин жерде жазган хатыңды көрдим,
Дегеп пәник беден сийман бер енди.

Бирге ошал мектеплериң хатларыңа қошылып,
Дийдам пурна ақлы әжеп қош келип,
Имтихан етмекке анда ҳуш келип,
Делип үш саўалға әра бер енди.

Хат пәнинин хабарны наҳы йуўшсам кетти,
Келип онге ҳәм корген билгенин айтты,
Де бим пәме деди сойла пәҳметти,
Оқ чеп айтайын тура бер енди.

Хат алып бир пешне сөзлер сөзледи,
Сәпиўраны көп пәнинен пәледи,
Мурапбаны қатып дийин тезледи,
Пәдым оны ойлап онле бер енди.

Пәсөнди, пәсынан, пәҳы мақтады,
Пәды ҳайран болып сөзден тоқтады,
Пәнаңа отырды, анық шықвады,
Қудайым өсиндеге ҳайа бер енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәўбе еттим, анша болдым пушайман,
Жайын таппай хат жазыппан бийгуман,
Хатымды қайтарғыл йолуққан ҳаман,
Қойдым ашналықты бара бер енди.

Әжайып бир саўда түшти башыма,
Зайыл болуп қайта келдим ҳуўышыма
Дедим сөзиң йалған, келме қашыма,
Қысмет етип деди қуда бир енди.

Пир табармыс ақыл даныштан сорап,
Азада бәриси қыйлын қыдырып,
Базар ишин қыдырып, көшеде йүрип,
Өз теңинди тапып ала бер енди.

Рәҳим еткен қызларыңа барар барар ма,
Ел гезген бийҳайа сайын төреме,
Базар бармақ бизге раўа болырма,
Қәлеген мийўаңды тере бер енди.

Жуўабымға әзиж болса саўалыңа,
Узур етсең көшермен бәрше пуқсаныңа,
Бизиң карам зыят көрмес заманын,
Мақтаншақлық емес биле бер енди.

Ағ йара билдирдиң ақлың нешиктур,
Пурасатың қандай пәҳмиң нешиктур,
Сырың изҳар еттиң наҳмың нешиктур,
Мәламетке қайым бола бер енди.

Бир дурре сәдепте турған мүшки едим,
Ҳәр мүшкил исти айттың ҳақарат едим,
Бий таҳаретлер билди изҳимни жойдым,
Мәўлим буў дәртимге даўа бер енди.

Йарап өзиң сақлайып бийәдеп қылма,
Гәр гәп болсам кеширгил, йүзимгә урма,
Сәпиўра нәзмиңни билмей гәп урма,
Қата сөзлер десем пана бер енди.

Қазы мәўликтиң жуўабы;

Айа дилбар саўалыңның жуўабын,
Ҳәм оқып ешитип тәкирар әйле,
Қата болды йа билмедим есабын,
Қатасы не болур, не муқтар әйле.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Инсанды инсандийин қалый демегил,
Сөзлемек ҳәркимниң ҳалы демегил,
Шигин данасыны шалый демегил,
Зергерге зер тапып қарыйдар әйле.

Сабырлен «сат» алып сапаға йетир,
Пырақтың «фе» алып панаға йетир,
Ўасылдан «ўаў» алып опаға йетир,
Йаки бизни ҳижранында зар әйле.

Рәмәўиздин «пе» алсаң раўа болар ма?
Ҳәўестиң «ҳ» алсаң ҳаўа қаларма?
Шулдур дәртинде даўа боларма
Наданларды сөзлемектин ар әйледи.

Данаға наданлар ықырарыйдур,
Бул кәмийне қай сөзинде разыйдур,
Ҳәрким өз заманында қазыдур,
Яки ҳүрмет әйле, яни қор әйле.

Яшым он секкизде деп йазыпсыз ба...
Еки йүзден алты ай йүрерлер тамам,
Биздин сана ошбуў дуғайын сәлем,
Өзиңни билдирип бизге бар әйле.

Алтымың төрт йүзде сексен күн болуўр,
Йүзде елли беш мың сәәтке толуўр,
Йяне он беш йерде йигирма болуўр,
Ҳисап ет, йа етме ықтыяр әйле.

Дақыйҳасы тоққуз миллион санағы,
Үш жүз отуз бир мың еки йүз тағы,
Бизди ҳайран етти йолның узағы,
Яки мында келип мин ахыйтар әйле.

Алты йылның беш ўақ намаз баяны,
Он мың алты йүз йигирма саны,
Муҳмин болсаң тарк әйлеме сен аны,
Өзиңни бул ишке иптиўзар әйле.

Он йүз йетмиш еки алты мыңнан нияз,
Жаҳыр оңур қалғанға шығарма ҳаўаз,
Алты мың қырық сәккиз йүз мыңнан-нияз,
Мақ буй көңул бийқарар әйле.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәҳәтидур алтмыш йетти мың әдет,
Тоққуз йүз де алты мың сәккиз ге сәнәт,
Оқысаң болыўрсаң қабыўлы әҳет,
Соңыра бир аллаға аҳыў зар әйле.

Енди оның жамғы тәғбири неме,
Еки жүз он төрт мың йеки йүз дәне,
Йәне йетмиш екки лазым ҳәр кимә,
Рәҳим етип билмекти сен қумар әйле.

Шул айтқан намаздың тасыйбын сорсаң,
Алты йүз он бир мың ҳесапқа турсаң,
Йәне жетти йүзну әсәп қылып көрсең,
Соңыра йәне он еккини бар әйле.

Паный адам йүрип өз ғамын йемуш,
Ҳәр күнде не муқтар дем алыўр демиш,
Йигирма бир мың да алты йүз демиш,
Аҳлы ҳикмет сөзни бисияр әйле.

Сәтте тоққуз йүз дем алыўыр инсан,
Дақыйғада он беш йүрүр бийгуман,
Буў сөзде не сыр бар,бәршеси аян,
Мәнна пинҳам сырын әшкар әйле,

Қырық сегиз сәне де не болуўр жуўап,
Йүз қырық тоққуз миллион әйледим есап,
Йәне беш жүз сексен мыңны бир санап,
Нуқсан тапып бизни шәрма сәр әйле.

Зарп етип тәрк етип ҳесап әйледим,
Мазмунлы бир йазып китап әйледим,
Буў сөз билен саңа жуўап әйледим,
Енди сен көңлимни бийқумар әйле.

Мақсетиң не йүрер ошбуў саўалдан,
Көп саўал әйлепсең әмирий ҳалдын,
Йәне саўал айтма бойла мәҳәлдин,
Бизге рухсат берип, бийазар әйле.

Кеўнинe келмесин, рәнжиттиң деме,
Рәнжиген уқшар деп зәрре ғам жеме,
Йақшы ығбал етсин ҳәр қуста кийме,
Ғәўсия ағзам бизни мәдеткар әйле.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўабыңа йазмаға йетишмес қолым,
Йел қузмети алды соғыўла солум,
Бәнәгә елиңе бир түшше йолым,
Уаслың ныкматыңа сазыўар әйле.

Күнде менің аш қолатым дараздур,
Өзим екки дурман пурсатым аздур,
Йақшыға ҳәр сөзиң дур, қыш күним йаздур,
Ғаўасларға мәз ҳәбиңни тар әйле.

Буў сөзлер муўаныҳ гәр болса саңа,
Тезлеп жуўабыңны йетиргил маңа,
Мен сениң тәрийпиң йешиттим йаңа,
Қәпну әйле йа бизни бийкар әйле.

Енди йазып маңа аўҳалың билдир,
Мужнан гирянына бағрымны тилдир,
Зулпың танап әйлеп, дарыңа илдир,
Йәкий шырмап гәрданаңа мар әйле.

Өзим отуз төртте, кеўним яш йүрер,
Йолыңда тасаттық әзиз баш йүрер,
Кеўнимиз йақындур арадаш йүрер,
Бир қысты йеберип хызметкер әйле.

* * *

Мәмбетнияз шайырдың (ақун) Төренияз болысқа айтқан жумбағы;

Шымбайдың ҳәкими ол Төрениязға,
Арзым бар айтайын буны тыңласын,
Ағалық ағладур көп билән азға,
Мәртебесин ашып игам оңласын.

Арзы айтпақтан мурад айтар сөзим бар,
Мәниси көп турур болсын қабардар,
Ол пәмәрсә бизге болып тур дәркар,
Шуў пәмәрсә буў хат ишинда аңласын?

Өзи ҳәким қолында бар лаўазым,
Арзы айтқанның арзын питкермек лазым,
Бийкар сөз емесдур бул айтқан сөзим,
Жәҳд әйләйун буның соңын соңласын?

Турко аты он жетидур әбжәтте,
Алты мың алты йүз фарсы, әлбетте,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Төрт йүз он иккидур араб нәүбетте,
Үш тил билән айтқан атын аңласын?

Өзиниң ағзы бар сексен беш башы,
Бәнти алты турур, он тоққыз йашы,
Көзи төбесидә, йоқ турур қашы,
Кирпиги тоқсандур буны аңласын?

Ҳәр кирпиги бир башыға бәнт болған,
Сәккизин ағзының үстинә алған,
Тәқ кирпик бул рәўиште жай болған,
Көзи төрт кеседур муны аңласын?

Өзиниң ағзы бир, йоқдур қулағы,
Кирә билмес йақын бирлә йырағы,
Ансат емес отырмағы, турмағы,
Өзи турар дейуп нәни қылмасын?

Бузылғанда алты бәнттен бузылар,
Язылғанда баш көзинен язылар,
Турғызмас турмаса баш-баша болар,
Адам уғлын андын кеўде қылмасын.

Ошбуў мениң айтқан сөзим ибиратдур,
Ҳәркимсе ҳаслыны билмесе матдур,
Адам әўладыға бир керек затдур,
Сахиб тәмиз болса, буны аңласын?

Қыйса бир ақшамға қаражетини,
Питкерердур сол сораған затымны,
Дуўры баян айламадым атымны,
Тымсал билән билсе муны аңласын?

Төрени орныға қойсаң Муҳаммәд,
Ниязға мүштәрек исмилә аҳдат,
Ҳәрким муны биләр болса данышмат,
Арзы етиўши исин баян әйлесин?

Бул хатты оқып ҳешким шеше алмаған. Хат көп ел аралаған. Буны Қулен болыстың қәйниси билгир, өткир адам Сейфулғабит ноғай деген шешкен. Ол хатты оқып көрип, «Мына хатта үйди жумбақ қылып жазыпты» — дейди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ОЙЫН—ДӘЛКЕҚ, ҲӘЗИЛ АЙТЫСЫ

Әжинияз бенен қыздың айтысы[1]

Әжинияз:

— Айтаман айт дегенде мен алўаны,
Жигиттиң топқа түсер ең палаўаны,
Көрген соң тақат етип туралмадым,
Төсинде екн бирдей қос алмаңы.

Қыз:

— Ҳаў, жигит бар ма жиниң, саў ма дениң,
Солма еди бойымдағы тапқан миниң,
Қисиге рухсатсыз қол саласаң,
Сорасаң жол ҳақы деп жоқ па тилиң.

Әжинияз:

— Шырайың жылтырайды, күлимлейди,
Өзиме жоқ ғой сирә миним дейди,
Қойнына рухсатсыз суқсақ тағы,
Қолыма қатты-қутты илинбейди.

Әжинияз бенен қазақ қызы Ырыстының айтысы

Әжинияз:

— Атынды мен билмеймен, қарағым қыз,
Қатады үш ай тоқсан болғанда муз,
Аганың бир жумысы келди түсип,
Қарындасым кешиктирмей таўып берсеңиз.

Ырысты:

Сорасаң мениң атым Ырысты қыз,
Қатады үш ай тоқсан болғанда муз,
Агаңа жумысыңыз келсе түсип,
Қайтеди екен жумысыңызды айтып көрсеңиз?

Әжинияз:

— Үйине қонақ келсе қондыра бер,
Көп сыйлап барлығына қой соя бер,

---

[1] Әжинияз қырға кетип баратырғанда жолда бир қыға ушырасып, оның көкирегине қол салады, оған қыз ашыўланады, сондағы Әжиниязды айтқан қосығы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы жерде бир қослас он кисимиз,
Оның да бәрин жыйып қондыра бер.

Ырысты:

— Ҳәриплес бизиң менен қас болдың ба?
Билмейтин сөз мәнисин жас болдың ба?
Қар жаўып, үй тигилмей жатқанында,
Қаңғырған кирейкешим мәс болдың ба?

Әжинияз:

— Көшеди мерген аўлы ылдый жаққа,
Қудайым не береди бизиң баққа,
Мени сен кирейкеш деп бунша күлип,
Сениң ағаң кирейкешлик еткен жоқ па?

Ырысты:

— Ата алмас мерген аңды қуўалайды,
Қылған соң қудай жарлы қуралмайды,
Мениң ағам кирейкешлик етсе дағы,
Қаңғырып тап сениндей қонақ асы сорамайды.

Әжинияз:

— Заманнан заман азған замандағы,
Отырған қарсы алдында ағаңдағы,
Егер қонақ асы сорап ише алмаса,
Есабын таба алмайтуғын жамандағы.

* * *

Бир күни Өтеш шайыр бир жақтан қайтып киятырса, бир ойда путында, тек диз кийими бар, оныңда балағын жоқары түрген, көйлексиз жалаңаш гүрбеңлеп егин егип атырған молла жийенин көреди. Қөриўден оған мына қосықты айтып, жийенин жеңип кеткен.

Алыстан көринеди дарақ ағаш,
Жарасар сонша ағашта нәрўан ағаш,
Бизлерге дизе көринсе гүна дейсең,
Өзиң неге жүресең жап-жалаңаш?

* * *

Омар шайыр Бийбиайша деген аўылының қызы аңкаўлық етип, алданып таза, дурыс жүрмегенлиги ушын, оған арнап «Бийбиаша» деген мына қосығын жазады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Бийбиаша:»

Бийбиайша қыз быйыл келди...,
Тум-тусынан ақша келди үйине,
Шүлен етип берин елдин бийине,
Шаңлақта шаң басып қалдың Бийбиайша.

Бийбиайша қыз быйыл келди ырайға,
Ҳешкимнен кем емес сықыл-шырайға,
Жүрер жолын таппай урды ылайға,
Лолы киби дәўран сүрди Бийбиайша.

Тазы ийттей сумпеңлеп кирди сарайға,
Уснәтдийин жетип келди араға,
Уснәтдийин сирә сени алмайды.
Әўерелеп сени жүр ғой Бийбиайша.

Ақша бәрген Аманбайда қалмайды,
Таң сәҳәрде есигинди тырнайды.
Айтқанын қылмасаң тисин қайрайды.
Түн уйқыңды төрт бөлипти Бийбиайша.

Узын қайыр бүгиндеги атаўды,
Ҳеш жерде көрмедим сендей аңқаўды,
Ниш геўек ғарры ағаштай ақаўды,
Жолың бузық болды сениң Бийбиайша.

Узын қайыр бүгиндеги мәканың.
Бақтыңыз ашылғай қурған дуканың,
Басыңа келип тур енди дәўраның,
Лолы киби дәўран сүрген Бийбиайша.

Бул қосыққа арланған қыздың туўысқан ағасы Рысназар Нурназарулы, қосық жазын, Омар шайырға жуўап қайтарады. Бирақ, бул қосықтың бир куплети ғана бар. Изи информатордың есинде сақланбаған. Мәселен, қосық;

Омар бир ағамыз ҳәддиңнен асна,
Жатырған жыланның қуйрығын баспа,
Ойнаслық қылыўға қызларың жасна,
Сүйреңлеме Сүгиримбеттиң Омары...

* * *

Ертеде Әмиў дәрьяның бойын жағалай қонып отырған қарақалпақ үйлериниң биреўинде, жаздың күни қара үйдиң артын түрип қойып, үйдиң ишинде бес қыз шарық ийирип отырады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир ўақытта үстине қара шекпен кийген, басында қара малақайы ҳәм аяғында қара пайкеми етиги бар, астына ат минген бир қара сынлы киси, атынан түседи де, қызлардың отырған үйиниң артына келип, отырады. Бул киси менен қызлардың әдеўир ўақытқа шекем иси болмайды. Қара кисиде қызлар менен иси болмай, тым-тырыс отыра береди.

Көп мәҳәллер өткеннен кейин, бес қыздың биреўи қара киси менен айтысады. Сондағы екеўиниң айтысы мынадай;

Қыз:

Туспегей ҳешбир ўақта есимизге,
Енбегей сендей адам түсимизге,
Қара атлы, қара шекпен, қара киси,
Қайдан келип отырсаң тусымызға?!

Қара киси;

Батырып сөз айтпайды, қәдир билген,
Туўады туўлақ өркеш, пар түйеден,
Заманлас шыққан жерим, сен сорасаң,
Туўры шығып киятырман одуньядан.

Қыз:

Аўылымыз дәрьяның ой жеринде,
Бекире балық ойнайды, сай жеринде.
Заманлас одуньядан келген болсаң,
Мениң әкем ушмаҳтың қай жеринде?

Қара киси;

Аўылым дәрьяның өринде еди,
Сутхордың бақа — шаян көлинде еди,
Үш күн удай ушмақты мен қыдырдым,
Сениң әкең ушмақта көринбеди.

Қыз:

Асырап-сақлап өсирген жаным әкем,
Қара жерден хан тутқан ханым әкем.
Намазы, оразасы дүзиў еди.
Қайда мәкән етти екен, мениң әкем?!

Қара киси;

Ертеде өтти дейди, Батыр Ақпан,
Жолсыз жүрген бендеге түсер қақпан.
Ушмақта көрдиң бе деп сен сорайсаң,
Шопаны деп еситиппедиң өли баққан!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Бир-бириниң изине ермей мекен,
Аўылында бас қосып жүрмей мекен?
Туўры шығып, одуньядан келдим дейсең,
Бир қаўымныҥ адамын билмей мекен?!

Қара киси;

Дуньяға жақсы-жаман ҳәрким келер,
Ҳәр адам теҥи менен ойнап күлер.
Үшмақта әкеҥ маған ушыраспады.
Жолықса қәдиримнен куда билер!

Қыз:

Түрли ҳасыл шығады, айдын көлден,
Туўрылап кетип еди, мадийнәдән,
Ушмақта сорлы әкем көринбесе,
Сорлы әкем, бир тилинен жазды мекен?!

Қара киси;

Заманлас айтқан сөзиҥ сындырмайын,
Ушмақтыҥ есигин мен тындырмайын,
Өлип қалған әкеҥди, сен қайғырсаҥ,
Сен ушын, ушмақты мен қыдырайын.

Қыз:

Алатаўға питеди, емен, қайыҥ,
Ҳәр истиҥ биледи, көрген жайын,
Ушмақта жан әкемниҥ жайын билсеҥ,
Заманлас тилегиҥди орынлайын?!

Қара киси;

Кеўлиме алған дәртим, молайтайын.
. . . . . .
Заманлас тилегимди орынласаҥ,
Әкеҥниҥ жүрген жерин мен айтайын.

Анықлап көзим менен көрдим әкеҥ,
Келеди керек болса, бүгин-ертеҥ,
Көп шерик, «кеҥ қайырда» кендир еккен,
Мәгар болса, сондағы сениҥ әкеҥ.

Шынында, айтысып отырған қыздыҥ әкеси тири. Ол ўақытлары суў болмай, халықлардыҥ күн-көриси қыйын бола-

www.ziyouz.com kutubxonasi

ды. Қыздың әкеси дийханшылық ислеў ушын, қолайлы егис жер излеп, үйинен шығып кетип еди. Ол «кең қайыр» деген жерде көп адамлар менен шериклесип, кендир егеди. Дийханшылық пенен шуғылланғанлықтан, онбес күннен аслам ўақытқа шекем, үйине келе алмайды.

Мийирманлы қыз әкесин әдеўир күнге шекем көре алмағанлықтан, оны сағынады. Сол себепли, көзине көринген адамның қайдан киятырғанлығын ҳәм оннан әкесиниң хабарын сораўлары усыннан еди.

Келип отырған қара киси қызға әкесиниң хабарын айтыўға келген, кендир шериги екен. Қыз оннан әкесиниң хабарын еситип, жүдә қуўанып қалады. Ең соңында қыз айтыстағы өз сөзине өзи байланып, айтқан сөзинен шығыў ушын, қара кисиге турмысқа шығыўға келисим береди.

Қыз:

Қарасам, Қусқананың таўы бийик,
Қатты кетсем асқынлан, мен қайтайын.
Ойнайды жан баўрында ақша кийик,
Күйеў бала, сен бул жақта неғып жүрсең,
Кетти ғой, қалыңлығың сартқа тийип!

Жигит:

Қарасам, Қусқананың таўы бийик,
Ойнайды жан баўрында ақша кийик,
Кетсе кете берсин, сартқа тийип,
Аларман сендей қызды неке қыйып.

Қыз:

Аларсаң мендей қызды неке қыйып,
Өзиңниң жөнсиз кеткен ләпсиң тыйып,
Әкеңниң сайлап берер, бир малы жоқ,
Аларсаң аўылыңның ийтин жыйып.

Жигит:

Аларман аўылымның ийтин жыйып,
Өзимниң артық кетсе, ләпсим тыйып,
Үйимде, «суңқар» деген бир ийтим бар
Бермеймен сендей қызға көзим қыйып.

Қыз:

Бермесең бермей ақ қой, көзиң қыйып,
Сақлай бер көшедеги ийтти жыйып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жыйнаған көп, ийтиҗниң сен биреўин,
Жата ғой, қойнына алып қыздай сүйип.

Жигит:

Жатарман қойныма алып қыздай сүйип,
Сезгенди өз кеўлиме беккем түйип,
Тамашасын мен көрип жүргенимде,
Сен жүрерсең майданда, ишиң күйип.

Мүйтен

(1-қосығы)

Мүйтен деген неме-неме,
Қақпашлары кеме-кеме,
Тоқ болсаң уўылдық жеме,
Балық ушын туўған Мүйтен.

Мүйтен билмейди арыны,
Ҳәргиз ишмейди тарыны,
Шортан балықтың қарыны,
Пышағыңның қыны Мүйтен.

Мүйтен аға ҳарма-ҳарма,
Қысқа қарай жабың бар ма,
Уўылдықтан туқым сеўип,
Жарынға туқымың бар ма?

Мүйтен қонар ойлы-сайға,
Сазан минип барар тойға,
Шортан балығы ол да жорға,
Қуйрығыңды бурма Мүйтен.

Мүйтен қызлары керилер,
Балық аспаға еринер,
Төринде қақпаш көринер,
Есигинди түрме Мүйтен.

Еңбегиңиз болмасын еш,
Көтерилип бул жерден көш,
Ҳалың келсе айтыс Өтеш,
Жағдай солай билсең Мүйтен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүйтен деген халық болар,
Уўлағаны балық болар,
Қәтқудасы алып болар,
Ендигиңе бек бол, Мүйтен.

Парқын билип айтқыл аның,
Қыймылдайгөр болса жаның,
Уўылдықтан жеген наның,
Билесең бе, Өтеш Мүйтен.

Мүйтен арбасын айдайды,
Сүўен май менен майлайды,
Жаман арба ўай-ўайлайды,
Өр жағымнан жүрме, Мүйтен.

Мүйтен деген қалың саяқ,
Сағаң боздур жериң аяқ,
Мерекеде жедиң таяқ,
Билесең бе, Өтеш Мүйтен.

Айтылды бул қосық сизге,
Дәлилин бериңиз бизге,
Шығарайын айтып жүзге,
Билесең бе, Өтеш Мүйтен.

Ата-бабаң көлде өтсе,
Жуўабын бер қолың жетсе,
Бир шортан салланлап кетсе,
Уай-ўай жаным деме, Мүйтен.

Мүйтен балығын тасыйды,
Асаў балығын қасыйды,
Ийислериң боқ сасыйды,
Шеп жағымнан жүрме, Мүйтен.

Балықларың қара бөрге,
Айдап салып шалаң жерге,
Аўынды сал ыққа, өрге,
Сен бас болып Өтеш Мүйтен.

Аймырзаныз даўдан өлди,
Айдос бий ҳәм жаўдан өлди,
Мүйтен көрсең аўдан өлди,
Билесең бе, Өтеш Мүйтен.

Мүйтен деген халық болып па,
Жүрегиңизде бақ болып па,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Уранлас бир жақ болыпа,
Қабарын бер Өтеш Мүйтен.

Атым Бердақ, әкем Қарға,
Сөз келеди зордан-зорға,
Миндиң бе атаўда жорға,
Жериң бийжай Өтеш Мүйтен.

Дийқаншылықты көрмеген,
Балықтан басқа жемеген,
Сал минип таяў сермеген,
Жигитиң бар Өтеш Мүйтен.

Айтқан сөзге келмес намыс,
Өтеш шайыр ҳаслың Абыз,
Өмиринше жаққан қамыс,
Қос-гүркели халқың Мүйтен.

Бердимурат ҳақтың қулы,
Саҳрада өскен бүлбүли,
Жас қырық бесте, сыйыр жылы,
Ҳикаятым Өтеш Мүйтен.

Балықшының отын жаққан,
Балықшыға қасын қаққан,
Торсылдақтан түйме таққан,
Қызларың бар, сениң Мүйтен.

Мингенлери жекен салды,
Салға минип балық алды,
Үш Мүйтеннен зурият қалды,
Жети Мүйтен бойдақ өлди.

Мүйтенлер қазасын салды,
Қақпашларын жесең палды,
Жаманлары үйде қалды,
Жақсылары суўда өлди.

Досмурат бабаң бар ма екен,
Есеналысы нармекен,
Тайлақ балыққа жары екен,
Дүркиретип айдап елди.

Әўел баслап Тайлақ өлди,
Салын суўға байлап өлди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазаларын майлап өлди,
Қәсибиңиз суўдан Мүйтен.

Тайлақтың өрге қашқаны,
Ылақадай аўзын ашқаны,
Балықты қорықпай шанышқаны,
Жүрегиниң түги Мүйтен.

Мүйтенлер ерте турады,
Аў-дузақларын урады,
Ермамбетти жин урады,
Тысқа шықпа, Өтеш Мүйтен.

Бир батпан қармақ темири,
Теңизде өтти өмири,
Бектемир ханның ҳәмири[1],
Бир жерге үй, гелле Мүйтен.

Мүйтен

(2-қосығы)

Тоба етемен, билмей айттым нетейин,
Кеўлиме йош кирип тағы сөйлейин,
Қулақ салып тыңлаң буны яранлар,
Мүйтен елатыны баян етейин.

Бекире, сазан ушын аўлары барды,
Қаст еткен кисиге даўлары барды,
Мүйтенниң Тербенбес таўлары барды,
Мүйтен елатына баян әйлейин.

Саўыт байдың жан-жағасы Саматты,
Балығынан аўқатлары абатты,
Қыз-жигиттиң шайнағаны набатты,
Мүйтенниң балықлы теңизи барды.

Жуўыстырып асып қояр қазанын,
Моллалары айтар бес ўақ азаныңы,
Барса алар көлдиң сары сазанын,
Олардың жарамлы жылымы барды.

Шарўа халық теңиздиң бойын жағалар,
Жерлери бай, отлақ жерин сағалар,

[1] Бектемир хан—балықшылықтың маманын „хан" деп айтады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүйтен менен бәс тутпаңыз ағалар,
Мүйтеннің Баймамбет пирлери барды.

Жылўа менен жаныңды алған көзлери,
Шекерден шийриндур айтқан сөзлери,
Оп төрт күнлик айдан зыят жүзлери,
Мүйтеннің не жанан қызлары барды.

Мерекеде ҳәрким айтқан рахмет,
Баймамбет пирлери қылар кәрамат,
Хожақтың баласы Палўан ҳәм Ахмет,
Атасынан артқан күшлери барды.

Ғайратланып ҳәммелери ис еткен,
Ерлери бар қол усласып бәс еткен,
Жылўа етип жигитлерди мәс еткен,
Мүйтеннің не жанан гөззалы барды.

Надаплардай бийәдеплик етпеген,
Әдепсиз, ойланбай сөзди айтпаған,
Бек, төре, хан ҳәм бийлерден қайтпаған,
Мүйтеннің Бийсепбай шерлери барды.

Абадандур Мүйтен халқы — ерлери,
Шарўаға жай, мал жаймаға жерлери,
Ашыў-тоғын билдирмейди көллери,
Мүйтеннің балықлы теңизи барды.

Қатыны балығын қақлайды дузға,
Тапсырып үйлерин бақташы қызға,
Қорықпастан минеди бир ели музға,
Соныңдай жигитлер Мүйтенде барды.

Талап етер бир-бирине жарысып,
Бирге ислеп барымына барысып,
Мүсәпир адамға бәрҳа қарасып,
Ис еткен Мүйтеннің жигити барды.

Түркистаннан келип теңиз жайлаған,
Жел болса да қорықпай қайық айдаған,
Жигитлери ўақты менен ойнаған,
Ақыллы жигитлер Мүйтенде барды.

Азан менен барып аўын қараса,
Еткен иси кеўилине жараса,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир мүсәпир барып балық сораса,
Қуры қайтармастай жигити барды.

Еситкен бул сөзди таппайды қыяў,
Кемели жүреди, жүрмейди жаяў,
Қолында ескеги үш қулаш таяў,
Мүйтеннің кемели жигити барды.

Қәри балық, оған қураллары саз,
Барлығы баҳадур, жаманлары аз,
Көлинде қасқалдақ, үйрек, қуба ғаз,
Дуньяның аңлары Мүйтенде барды.

Жаз айында жүрсең сулыў жағысы,
Әжайыпдур кемесиниң нағысы,
Қандай жақсы сулыў суўдың ағысы,
Балықлы хошпрей теңизи барды.

Шайыр Бердимурат алланың қулы,
Өмиринше саҳрада өскен бүлбүли,
Сөзимниң ҳеш ўақыт солмайды гүли,
Менің айтқан сөзим ҳәр жерде барды.

Бердақ бақсыға жуўап

Түбимиз Қоңырат туўысқан адам,
Алды-артын ойламас бәдҳасыл надан,
Қудадан бийумит ҳаслы бийинсан,
Алды-артынды байқап сөйле Қолдаўлы.

Мүйтен сениң қайсысыңнан кем болды,
Әкең Қарға, ылақаға жем болды,
Ал, алағой сазан балық ем болды,
Қор-зар болып өлген надан Қолдаўлы.

Ғарғабай, Найзабай әкеңниң аты,
Ели бай, көли бай, Мүйтен елаты,
Туўысқан адамлар, ҳасылы заты,
Ҳасылын билип айтқыл, Бердақ Қолдаўлы.

Өзинди ойласам ақылың асқан,
Сениң кеўилиң недур дәрьядай тасқан,
Айтыў-мерекеде өгизин қосқан,
Қызларыңның соры болды Қолдаўлы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қатынларың минип арба үстине,
Таяқ урып дағ салмадың етине,
Сидиги шашырап қызлар бетине,
Сидик пенен бетин жуўған Қолдаўлы.

Бий болып халқынды сорап Турымың,
Эспресе, соғып кетти зулымың,
Ажырасқанда жулып алып бурымын,
Малы көпке байлап бердиң Қолдаўлы.

Қәдирпди билмейсең кисини сайып,
Нәмәртиң қаяқта сөйлейтин тайып,
Балық жеген болса халыққа айып,
Тисиң неден шығып еди Қолдаўлы?!...

Ҳалың билмей ҳәрбир гәпти урасаң,
Кеўлиң дәрьядай шалқып барасаң,
Тийкарында Бердақ шайыр сорасаң,
Қул еди бабаңыз Бердақ Қолдаўлы.

Қулшар жора, алға қарай усындың,
Қарап турған кисиге кеп, бәс урдың,
Кулки Хожақ, топарыпа қосылдың,
Тийкарың патықдур Бердақ Қолдаўлы.

Әкеп жүрди Аққаланың жолында,
Өткен ҳалың сениң сондай бурында,
Қул боп жүрип сандаўлының қолында,
Неге шалқаясаң Бердақ Қолдаўлы?

Бай боп ата-бабаң сениң өтип пе,
Әўелҳа туўары оңға жетип пе,
Қулшар ҳалың билмей есиң кетип пе,
Солай, жай-жағдайың Бердақ Қолдаўлы.

Дәўқара — Алаштың қалың елинде,
Бөршиниң таўы бийик өринде,
Шешеңниң әкеси қаўын жеринде,
Туқым таппай арсар Бердақ Қолдаўлы.

Бир жақтылық саған келген емес пе,
Сандаўлы қолында жүрген емес пе,

---

[1] Кулки хожақ — урыў тийресиниң аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарқаранды[1] туқымға алған емес пе,
Ҳасылың натық айып билмес Қолдаўлы.

Сөйтип жүргениңде сен жаман туўдың,
Нақ он үш жасыңда белиңди буўдың,
Қулшардай әкеңниң талабын қуўдың,
Өзиң шегараңа Бердақ Қолдаўлы.

Халық тек демеслер Ережеп айың,
Айтқан жуўабыңа жуўабым тайын,
Қоспа емес, басқаңыздан айтайын,
Қулақ салың буған Бердақ Қолдаўлы.

Қолдаўлыда Қожаназар, Қосназар,
Өлгенинше ис иследи биїазар,
Екеўинен басқа жоқ па ес қосар,
Қазақ пенен сүргин салдың Қолдаўлы.

Өлгениңше халық деп қолын сермеди,
Намыс-арын өзи олмей бермеди,
Халықтың қәдирин ҳасла билмеди,
Айып билмес ҳаслың натық Қолдаўлы.

Халыққа бир күни қабары келди,
Қандай қорғаўшы еди Қосназар елди,
Ақыры Түркменде әрманда өлди,
Саўаш күни ҳаслың натық Қолдаўлы.

Өли өлип, елге хабар бере алмай,
Барған менен жаўдан қанын ала алмай,
Қожаназар жеке қалып журе алмай,
Ҳарып-шаршап арсар болдың Қолдаўлы.

Қалайынша Бердақ саған мен жатпан,
Кеўлинде кириң аўырға батпан,
Мүйтеннен барып аў бул Қара Сатбан,
Қосназардың қанын алды Қолдаўлы.

Билесең бе сүйегинди ким тапқан,
Намыс ушын Мүйтен еди ат шапқан,
Қан ушын түркменде қылышын тартқан,
Қара Сатбан — Мүйтен билсең Қолдаўлы.

---

[1] Бердақтың щешесиниң аты.
[2] Қара Сатбан — муйтен урыўының батыры.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оннан кейин Қолдаўлыда ел болды,
Алдында қазыўлы бәрҳа ор болды,
Аўылдың арасы өликке толды,
Басшыңды өлтирип надан Қолдаўлы.

Бердақ сөз таба бер кеўлиң жай болсын,
Қолдаўлы хан болып, елиң бай болсын,
Еки ниисин байлап берип Айдосын,
Хийўа ханға олжа болдың Қолдаўлы.

Айып айтсаң ҳәммемизге тегисти,
Кейнинде ким алып қалды сөгисти,
Байлап берип Мыржық пенен Бегисти,
Хийўа ханға олжа болдың Қолдаўлы.

Айдосың патшаның тилине ерип,
Ғулғула сөзине кеўилин берип,
Кеўили суўыпты патшаны көрип,
Айып билмес ҳаслың натық Қолдаўлы.

Сөйтип, посып халық елге келгенде,
Халық жылады еки батыр өлгенде,
Солай болып мүйтенде балық жегенде,
Сен шөбире шөпшеп жүрдиң Қолдаўлы.

Ҳаслым Мүйтен мен минемен қопаққа,
Сөз зая етпеймен сендей сопаққа,
Қызыңды Мүйтен ап жалғыз шабаққа,
Қолың жетип кеткен жоқ па Қолдаўлы.

Бердақ жора, айтқан сөзиң дегендей,
Адамыңды таптым әдеп билгендей,
Бир-биреўге сын тағысып күлгендей,
Жағдай жоқ, ойласаң Бердақ Қолдаўлы.

Бурынғы аўҳалың солай боп кетти,
Қайерде Қолдаўлы қолыңыз жетти?
Жер-жексен болған ярларың өтти;
Басшыңды өлтирип надан Қолдаўлы.

Өтип еди Қожаназар, Қосназар,
Халқына болып еди бийазар,
Соған мегзес болып туўып Ерназар,
Оларда Айдосша өткен Қолдаўлы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетер болғанында қолың мийуаға,
Босқа жүк артқандай болдың түйуаға,
Басшы болып қол салғанда Хийуаға,
Шайтанның сөзине ерген Қолдаўлы.

Ерназар қәдирин ҳасла билмедиң,
Сумлық әйлеп айтқанына жүрмедиң,
Билдирместен қуртыўға қол сермедиң,
Айып билмес ҳаслы натық Қолдаўлы.

Жағалап жабы ҳәм дәрья салманы,
Қарақум ийшаны халықтың — «дәрманы»,
Бирликке жегизсек дийип алманы,
Ерназарға, ҳаслың натық Қолдаўлы.

Ояқта Турымбий усы деп мураз,
Алпыс бий қуралды, басшысы Нияз,
Ант, суў менен алма жегизди бираз,
Айып билмес, ҳаслың натық Қолдаўлы.

Бул ғулғула шайтанлықтың нышаны,
Алма берип Қарақумның ийшаны,
Ерназар дос тутып ойламай аны,
Шериңди туқым қурт еттиң Қолдаўлы.

Ақыры тартарсаң заўалын дуздың,
Бола алмас жериңде мойнынды создың,
Сыртынан халық болып, ўәдеңди буздың,
Айып билмес, сын тағатуғын Қолдаўлы.

Усылайынша өткен ҳалды айтқанда,
Ҳеш кемис жоқ усы исти тутқанда,
Нан сындырып Хийуа ханнан қайтқанда,
Айып билмес ҳаслың натық Қолдаўлы.

Сумлық пенен ҳәрбир исти ойладың,
Ҳәрбир жерде шерлериңди қыйнадың,
Ерназарды алдаўлықта байладың,
Айып билмес, ҳаслың натық Қолдаўлы.

Орынлаўға умтылмадың исиңди,
Жаңадан жыйнадың Бердақ есиңди,
Ҳақың бардай маған қайрап тисиңди,
Халықтан озған шайыр, Бердақ Қолдаўлы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерназарға себеп боп аттырдың оқты,
Нәшаның шығарды сенің қуўлықты,
Қазы — кәтқуданың ықрары жоқты,
Ўәдесиз, ықрарсыз надан Қолдаўлы.

Қолдаўлыда не биреўлер зор болды,
Алдында қазыўлы бәрҳа ор болды,
Ақырында Ерназарың қор болды,
Шешесин жылатқан надан Қолдаўлы.

Қаран турып сен кисиге урындың,
Ханнан дәме етип, бийге бурылдың,
Бир нешеуиз гедейликтен қырылдың,
Бирликсиз, тәртипсиз, надан Қолдаўлы.

Ҳәммемиз Қоңыраттан шықтық аяқтан,
Сен де озған жүйрик болдың қаяқтан,
Бирақ ың урынып өлдиң таяқтан,
Айып билмес, ҳаслың надан Қолдаўлы.

Не бәле бар, ҳалын билип турғанда,
Натша емес не еки ниси турғанда,
Өлтирдим деп Хийўа ханға барғанда,
Қандай баҳа алып қайттың Қолдаўлы?!

Онда натша айтды; Айдос қарақалпақ,
Енди хийўалы болмаға ҳәддинде бақ,
Қолына ал да бир қайқы таяқ,
Олместен бурын сен олжа малды бақ.

Деп айтқанда қалды аўызын ашып,
Оны сийнетледи сөзлерин шашып,
Айдос натша дейин қуўанғанында,
Зорға аман қалды душпаннан қашып.

Дарағың кесилди бағлы, мийўалы,
Шер өлген соң жекке қаяқта ҳалы
Өлтириўге Айдосынды хийўалы,
Келген ўақта не қылып ең Қолдаўлы?!

Айдостың баласы батыр Ырзаны айт,
Оны айтқанда, қудықта өлген Төрени айт,
Сол ҳалды бил де сен ырайыңнан қайт,
Айып көрмес ҳаслың натық Қолдаўлы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кейингиден уран деген жол болды,
Ислегени еки қара пул болды,
Қолдаўлыға еки жетим қул болды,
Сениң бабаң еди Бердақ Қолдаўлы.

Мүйтен ағайин аталас Қыят,
Ақылың жоқ, ладанлық жағың зыят,
Ата тегин билмей айтысқан уят,
Қоспақ-қоспақ қазақлыдан Қолдаўлы.

Тасла Бердақ жора, усы пешенди,
Қулларға мегзеттим сениң мүшенди,
Атаң алды сениң сатып шешенди,
Туқым шопақ берип Қарға Қолдаўлы.

Балық көсним папаладым теңизди,
Аш болмаслық ушын ойлап негизди,
Нанды саған кимлер басып жегизди,
Айып билмес, ҳаслың натық Қолдаўлы.

Нияз бийдиң улы аталығыңды,
Мойынға алмайсаң қәтелигинди,
Ант сөз жаңылтбашың туталығынды,
Қарарсыз, ықрарсыз ладан Қолдаўлы.

Қалын қыраў тийип, Айдос муртына,
Өзин-өзи түйгишлейди уртына,
Көшип ылаң салып пайтақ журтына,
Хийўалыға олжа болдың Қолдаўлы.

Қылыш кесер болып сениң ийниңнен,
Ҳәр бәле табылды усы пейлиңнен,
Қуўып жетип, хан хийўалы кейниңнен,
Хийўа ханға олжа болдың Қолдаўлы.

Хийўалыда кетип қызыў-жесириң,
Соны еситип кеўилинди өсирдиң,
Барлық қарақалпаққа тийип кесириң,
Халық бүлдирген ҳаслың натық Қолдаўлы.

Хан етти ме Айдостыңды бардырып,
Хош сөз айтқан екен буған хан турып,
Жүкли ҳаяллардың ишин жардырып,
Хийўалыға қолдан бердиң Қолдаўлы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтқан шәртин патша журты келтирип,
Мен отырман өткенлерди билдирип,
Айдостыңды арсар етип өлтирип,
Шерпиди туқым қурт еттиң Қолдаўлы.

Он саўсағың-оң қолыңның саласы,
Қаныық емес екеўиниң арасы,
Айдостыңның еки бирдей баласы,
Көрисе алмай ҳайранда өлди Қолдаўлы.

Шайыр болсаң сен сөйлеме жалғанды,
Бизден бурын нешше шайыр болғанды,
Қағаз бенен сөзин хатқа салғанды,
Олар сөзин сынға салған емес пе?

Бабаңызды жутқан сарала жайын,
Қарғалар шоқыпты көзиниң майын,
Қаранық еткизип бөркиниң сайын,
Қырдағыңды суўға алған емес пе?

Бердақ жора қоржыныңды арқала,
Ҳешўақыт болмасын кеўлде ала,
Аржағыңыз Аққум менен Аққала,
Бабаң балық ушын салған емес пе?

Жас ўағыңда өр жағына панаңды,
Ҳақ кеширмес сениң еткен гунаңды,
Сени туўған жатыры жаман анаңды,
Қарқаранды шопаққа алған емес пе?

Көнгеп ала алмайсаң бул сөзден орын,
Бөтеке бетлисең, бирақ зоң мурын,
Шешенлер көп өтти бизлерден бурын,
Соннан үлги алыўың дәркар емес пе?

Мақтымқулы мағрип басқалар өтти,
Гыйбат сөзли пасық шайтан не етти,
Тилге келсе өлгенлерди сөйлетти,
Мағрыпы Мақтымқулыдан қалған емес пе?

Мен бир сөз айтайын Бердақты мақтап,
Кимге сын тағасаң дуўтар қушақлап,
Өкениз Ғарғабай қаўынды сақлап,
Қарқаранды шопаққа алған емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ядқа алып сөз жазаман ийемди,
Бердақ ўәжди тыңлаң, тилди тый енди,
Атым — Өтеш, бабам аты — Жийенди,
Халыққа сөзи үлги болған емес пе?

Жерим қарабарақ, теңиз жағасы,
Отырғаным Көк өзектиң саласы,
Ҳаслым қарақалпақ Мүйтен баласы,
Уллы жыйын тойда болған емес пе?

Бердақ шайыр мен билемен кәринди,
Жел сөз бенен қайырдым ба әринди,
Ерназарға алмас едим бәринди,
Саныңбар, сапаң жоқ болған емес пе?

Жақсылардың сөзлери бар шекердей,
Жаманлардың сөзи ашшы зәҳәрдей,
Ҳақ жолына жүрген Әбиўбәкирдей,
Олар сөзим сынға алған емес пе?

Ўәжден қалғаннан соң көз жасың тамыз,
Урыўым Қоңырат, бир болар намыс,
Ҳасылым Мүйтен, тийреси Абыз,
Бүгин саған сөзи үстем емес пе?

* * *

Бурын бир адамның алты баласы болады. Усы алты баласының бәри де таз екен. Үлкен баласы бир қызға үйленеди. Соннан баслап, үйленген жигиттиң үйинде өлимшилик көп болыпты.

Түскен келиниң атасы өлимшиликтиң көп болыў себебин келининен көреди. Усы ўақыяға байланыслы атасы менен келининиң айтыслары:

Атасы:

Мен өзим бурынғыдай болалмадым,
Атам қөнған қонысқа қоналмадым.
Өлген-житкен меники бола берди,
Усы келин келгели оналмадым.

Келини:

Мен атамның үйинде енжар едим,
Алты тазға тийдим деп әрманда едим.
Алты баланың алтаўы да таз болғанда,
Мен қасында балларының барма едим?!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеде қой бағып жүрген бир шопан, суўықтан қатты тоңады. Жылынып алыў ушын, бир байдың үйине барады. Байдың қызы қолын жуўмай ақ, бурын писирилип табаққа салынып қойылған гөштен, үлкен бир бөлек гөшти шопан жигиткө алып береди. Шопан қыздың қолын жуўмай гөшти алып бергенлигин долийпл етип, онын менен айтысады. Сондағы екеўинин айтысы мынадай:

Шопан:

Қыз Шөкен, табағыңа қол саласаң,
Қол салсаң, табағына мол саласаң,
Атыңды молла Шөкен деўши еди.
Табаққа неге жуўмай қол саласаң?

Шөкен:

Дүзелсе екі қулақ болады саз,
Сөзиди таўып сөйле, қыдырмай таз,
Қолымды жуўған менен не исиң бар,
Отырман дәрет алып, оқып намаз.

Шопан:

Ортасы екі аўылдың дәрья толмас,
Кисиге пасақ таққан адам онбас,
Дәретти алған болсаң, барда шығар,
Ҳаялда намаз болар, дәрет болмас,

Шөкен:

Баяларлын пайтақ жатқан гүйеси бар,
Ҳәр сөздин таўын айтсаң, жүйеси бар.
Сен ширкин, пашарсаң деп пасақлайсаң,
Екеўдин ушеўи болса да, нйеси бар.

Шопан:

Байды да, шопанды да, теңдей көрсеш,
Шаныңды майда таран, санаң өрсеш.
Ойынен зыят болса, неге керек,
Екеўдин биреўинин маган берсеш.

Шөкен:

Жуўырар қойға қошқар мекиренип,
Сөйлейсеңе қыдырмай таз екиленип,
Сен ширкин айнысаға келиспедин,
Өкеңнин сом қайрағы сыяқланып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шопан;

Түйеден арқан менен қомланайын,
Мергендей ататуғын оқланайын
Әкеңниң сомқайрағы мендей болса,
Шешеңниң жарын кетер қағанағын.

Муҳаббат айтысы

Шайыр:

Саған жетер мекен сәўбетим сазым,
Сәҳәрде ышқында шағласам сениң,
Тыңламасаң барма мениң илажым,
Шайыр шағлап турса, бағында сениң,

Қыз:

Пәрўаз етер сен шағласаң бүлбилим,
Сен зарлама, сенде мениң кеўилим,
Қайғы-ҳәсирет менен өткен ҳәр күним,
Сийнем пара болсын жолында сениң.

Шайыр:

Қайғы-ҳәсирет қаплап жүрек қанымды,
Бөлип жесем ҳәрне тапқан панымды,
Жолыңызға пидә етип жанымды,
Шөллерде күйер мен дағында сениң,

Қыз:

Түнде зарлап қара шашым тарайман,
Кеше-күндиз жолыңызға қарайман,
Өткен-кеткен жолаўшыдан сорайман,
Жүрегим жалынлап пырағында сениң.

Шайыр:

Машақатлар шегип шықсам майданға,
Жүрегим ҳалласлап, жәбир етип жанға,
Қызыл қыяларда шоласып таңға,
Сарғаяды жүзим дағында сениң.

Қыз:

Сәҳәрде зарыңа қулақ салмаға,
Ҳаўазыңды еситип рәҳәтланбаға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзим тутсам ағып турған салмаға,
Бул жүзиң көринер сийнемде мениң.

Шайыр:

Таўназарларыңа бар барайын десем,
Барып мойнына қол салайын десем,
Ақ жүзиңнен поса алайын десем,
Шеддес ағаң екен Зарымың сениң.

Қыз:

Айбынбай-ақ қойың Зарым ағамнан,
Тилеўмурат ағам турып табаннан,
Жақсымурат алдырмайды жағаннан,
Тартынбай-ақ келе бер, елиме мениң!

Шайыр:

Шалеке, Қалеке желбегей шапан,
Нерсе билмейтуғын Нәреке ладан,
Қызға күйеў келсе, болар қызыл қан,
Соплықтан, елиңе бармайман сениң.

Қыз:

Ҳасла қорықпа, Нерекедей ладаннан,
Айбынба қыз Абыл-Қабыл ағамнан,
Бир қылын бар қалған ата-бабамнан,
Сол қылын ойнасын қолында сениң.

Шайыр:

Күнхожаның сөзин ҳалқым жаратты,
Әжиниязды да даңқын қосық таратты,
Бирақ, билмес елиң Бердимуратты,
Бүлбил гоя болған жолыңда сениң.

Қыз:

Көрин арқамыздан қысқан аязды,
Нерўаз етип жазған күшли баязды,
Ата-анам айтса, Әжиниязды,
Бердақты да билер елатым мениң.

Шайыр:

Пайданы сен билин елиң билмесе,
Ағаларыңа бизди көзге илмесе,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ладан аған есигинди ил десе,
Муҳаббатым ойран болмайма мениң.

Қыз:

Ким билмейди муңлы қыздың қыялын,
Ата-анам сүйер дуньяның малын,
Ҳәм сен сорамасаң ярыңның ҳалын,
Жүзим сарғаяды жолында сениң.

Шайыр:

Қолда гүмбирлеген дуўтар қарыўым,
Бир ҳәптеден кейин мүмкин барыўым,
Ашық болсаң сабыр эйлеп тур арыўым,
Берген посаларың ядымда мениң.

Қыз:

Сабыр ет десеңмен сабыр етермен,
Жылдам келсеңмен мурадыма жетермен,
Кешиксеңиз басымды алып кетермен,
Мың саўда бар билсеңмен, басымда мениң.

Шайыр:

Турли саўда болса басыңа түскен,
Бул саўда мениң де басыма түскен,
Кем-тарман билсеңмен алтын, гүмистен,
Мөңке толған мардан арқамда мениң.

Қыз:

Өмиримше қәлемеймен урысты,
Төребегиң бузғыш екен турмысты,
Олар билсиң Сергей деген орысты,
Мәрдана достым бар жанымда мениң.

Шайыр:

Сескенбей ертип кел достын Сергейди,
Елден ҳеш насақ сөз саған ермейди,
Келсеңмен кеўилимди шадлық кернейди,
Қыйналсаң күш берер ҳалқымда мениң.

Қыз:

Мақпалданда жақсы марданың маған,
Сонлықтан да, ашық болдым мен саған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң менен шадлы турмыс жасасам,
Мақсет-мурадыма жеткеним мениң.

Шайыр:

Мениң марданымды тек сен сүйерсең,
Халқың қуўса қутыла алмай күйерсең,
Ўайым жеп қабағыңды үйерсең,
Сол жағы турсын қыз, ядында сениң.

Қыз:

Сен мардан тоқысаң менде тоқырман,
Сен китап оқысаң менде оқырман,
Сени сүйдим, бирақ, кеўли соқырман,
Жүрегим жалынлар ышқында сениң.

Шайыр:

Шайыр дейсең, сөзге шебер емеспен,
Шынлап сүйсең менде басқа демеспен,
Жарлыман деп киси ҳақын жемеспен,
Мийнетим, роҳәтим — бақытымда мениң.

Қыз:

Сен қосық айтқанда дуўтар шертермен,
Гүлпрештин халықты изиме ертермен,
Сениң менен мәқсетиме жетермен,
Мийнет сазын шертсе дуўтарың сениң,

Шайыр:

Гүлдин күни көлдеп қамыс орамыз,
Қыста пар қамыстан болар қорамыз,
Торта, шаўақ жеп, күн көрип турамыз,
Бир қысым дәним жоқ урамда мениң.

Қыз:

Сен мал бақсаң, менде малды бағарман,
Сен суў кешсең, менде отты жағарман,
Турмыстың керегин өзиме табарман,
Сыйыр да байлапар қорада сениң.

Шайыр:

Атаўдан кемели балық аўлаймыз,
Даўылда таяўды алға таўлаймыз.
Жазда көлдеп пишеп орып байлаймыз,
Шортан, сыла, бөрге, асымда мениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қ ы з:

Сен таяў таянсаң, ескек есермен,
Қалың толқынларды бөлип кесермен,
Сен жайын шанышсаң мен жәрдемлесермен,
Сүйсең қостарынман қасында сениң.

Ш а й ы р:

Қалың малсыз үйленипти Қарғабай,
Таўдай тасқынлардан өтип дәрьядай,
Мени асырапты етип марқадай,
Соларды саламан ядыңа сениң.

Қ ы з:

Сүйгеним сен сөзлериме қулақ сал,
Мениң ушын бермей ақ қой қалың мал,
Ашық болып сүйсең мени бүгин ал,
Мийнеттен күн көриў тилегим мениң.

Мысал (тымсал) айтысы

Күнхожаның түйеден сораўы

Шөк дегенде шөгермисең?
Көп жасаған түйе екенсең,
Тохтамыстан аррағырақ,
Шыңғыс ханды билермисең?

Сизге айтаман түйе жора,
Бир көзиң гөр, арқан жара,
Пириниздур Ойсыл қара,
Оны нарым билермисең?

Жанлық пири — Шопан ата,
Малдың пири —Зәнги баба,
Жылқы пири — Жылқышы ата,
Оларды ҳәм билермисең?

Патшалық жол соннан қалған.
Қусты жыйнап заўал салған,
Жер жүзине патша болған
Сүлейманды билермисең?

Түйе болсаң малдан озған,
Буўра көрсең арқаң қозған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шилпе-шилге көзиң тозған,
Бәрин түйем көрермисең?

Қозғалмайсаң тийгендей оқ,
Мойныңда әжел қурық,
Айтқанымнан хабарың жоқ,
Бир жуўабын берермисең?

Шылбыр емес, буйдаң аўыр,
Қуртлар жеген қатпа баўыр,
Өзиң арық, арқаң жаўыр,
Туўғаныңды билермисең?

Шыңғыс ханнан беррегирек,
Мәдеминнен аррағырақ,
Кийин өткен зер-зербарақ,
Мәдирейим ханды билермисең?

Адамзат пенен исин жоқ,
Пйелер сени кисиң жоқ,
Аўзында жалғыз тисин жоқ,
Жаңтақ жеўди билермисең?

Ойлан, ойлан, ойлан турсам,
Шәҳәрге пайтах жар урсам,
Тобелеп ет қылып сойсам,
Пасыбай пулы болармысаң?

Патшаның сенсең жас малы,
Уқсаған малға дусмалы,
Мәдемин ханның бас малы,
Жети атаңды билермисең?

Жаҳанның келген анаты,
Шахнан берген бизге аты,
Хийўа ханның зиянаты,
Жол қорежет болармысаң?

Семирсин деп жем берди ме,
Жем берсе де кем берди ме,
Қаңтарыпты, дем берди ме,
Буны нарым билермисең?

Кел дегенде келермисең,
От жеймен деп жүрермисең,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзиң соқыр, суўсармысаң,
Усы ўақытта өлермисең?

Сенде қуўрап қалған тикеш,
Ат қошшылар, буйдасын шеш,
Қара буўра, қыйсық өркеш,
Заманында түйе екенсең.

Өспей, шықпай қалған жүниң,
Өзи жасық, арық етиң,
Ҳарам өлип, дүзде көниң,
Қалатуғын түйе екенсең.

Күлки болып ярға, досқа,
Шежиредеги қалған нусқа,
Буннан жақсы кеткен босқа
Көп жасаған түйе екенсең.

Айыры өркеш, келбетиң зор,
Көп жас минип, қурыпты тор,
Қартайғанда болыпсаң қор,
Заманында түйе екенсең.

Сеннен туўған тайлақ болса,
Бул да берген сыйлық болса,
Төлиң менен байрақ болса.
Өнип-өсер түйе екенсең.

Көп жасаған түйе олжа,
Мақтымқулыдай алдың болжа,
Әўере болған Күнхожа,
Көп жасаған түйе екенсең.

Сарыбай Оразша улы

(1830—1898)

Шымшық пенен айтысыў

Сарыбай:

Палапаның қызыл шақа,
Шымшық кәриң недур сениң?
Сенлерге мегзес қурбақа.
Айтқанымды есит менің?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул не заман, бул не пәсент.
Сенлерге не болды кесент?
Мен берейин буған писент,
Қулақ сал сөзиме мениң?

Шымшық:

Етимди шақты сур жылан,
Мен де сендей жәбир улан,
Булар шаян — мийде болған,
Сорасаң жуўап айтарман.

Сарыбай:

Қалай қылажақ нийетиң,
Өлгенге мегзер келбетиң,
Пәрсиз, қызыл шақа етиң,
Соныңды көрип, айтарман.

Шымшық:

Қалай сизиң жолларыңыз?
Жетип турма қолларыңыз?
Меншен тәўир ме балларыңыз?
Соны айт, мен де айтарман.

Сарыбай:

Ондай болса, қара, шымшық,
Қасыңдағы турған тық-тық,
Сөйлесер болсаң, бермаған шық,
Бул тәнги саған айтарман.

Шымшық:

Не туўралы сорадың сөз,
Көрип турады бизлерди көз,
Турпатымнан гүдериңди үз,
Зарымды саған айтарман.

Сарыбай:

Екп қанат — тәрезиң бар,
Сениң неден гәрезиң бар,
Бир уяда бир өзиң бар,
Сорасаң, жуўап айтарман.

Шымшық:

Сөзимди жақсы тыңлап көр,
Мәнисин терең аңлап көр,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз аш болдық, дән әкеп бер,
Усыны саған айтарман.

Сарыбай:

Керек дәнлердинде ўағы,
Табылар кепек, қаўығы,
«Тарысы пискениң таўығы»
Сол жағдайларды айтарман.

Шымшық:

Айтқан мәзи сөзиң екен.
Қызыл шақа өзиң екен,
Жаўдыраған көзиң екен,
Дән таппасаң сен Сарыбай.

Сарыбай:

Айтсам қайғы молайтарман,
Саған зарымды айтарман,
Жутымның илажын қәйтермен,
Ойлап, ҳеш бир иләжым жоқ.

Жарғанат пенен айтысыў

Сарыбай:

Қарап турсам келбетиңе,
Жетпегендей нийетиңе,
Қып-қызыл шақа етиңе,
Жардағы турған жарғанат.

Жарғанат:

Басында жаман малақай,
Сөйлегениң қалай-қалай?
Сын тағасаң ҳеш ойламай,
Абайлап сөйле адамзат.

Сарыбай:

Жарда отырсаң жарбыйып,
Аяғың жаман тарбыйып,
Қазақы қаптай тырбыйып,
Неғып отырсаң жарғанат?

Жарғанат:

Қалай-қалай атқан сөзиң,
«Жин» урғандай еки көзиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қазақы қаптай сенің өзің,
Абайлап сөйле адамзат.

Сарыбай:

Сен отырсаң үлкен ойда,
Бұннан қандай таптың пайда?
Гүлдөп пәрің қалды қайда?
Жардағы турған жарғанат?

Жарғанат:

Жуўап берсем усы сөзге,
Мен жөнимди айтсам сизге,
Қысым еткен патша бизге,
Пәрим жоқ болды адамзат.

Сарыбай:

Күплердің жүзи думанда,
Сол патша барма буманда,
Ис сорады қай заманда,
Жардағы турған жарғанат?

Жарғанат:

Тәгдиримге мен жылайман,
Бурын бизге қысым қылған,
Патшаның аты — Сулайман.
Пәримди жулған, адамзат.

Сарыбай:

Сулайман ба еди патшаңыз.
Қалдырған қуйрық қанатсыз,
Не еди сонда гүнәйыңыз?
Соннан хабар бер жарғанат?

Жарғанат:

Қусларды патша жыйнаған,
Шийрин жанларын қыйнаған,
Дәслеп бизиң пәрди жулған,
Себеби, солдур адамзат.

Сарыбай:

Не себеп, патша жулдырған,
Сөйтип, сағынды сындрған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәриңнен не зат болдырған,
Вуннан хабар бер жарғанат?

Жарғанат:

Мен айтсам патша тилегин,
Көтерген қайқы ийегин,
Гүллән қуслардың сүйегин,
Жыйнамақ болған адамзат.

Сарыбай:

Сонша қусты қырдырғанда,
Жас жанларын қыйдырғанда,
Қус сүйегин жыйдырғанда,
Не қылар екен жарғанат?

Жарғанат:

Қустың сүйегин жыйдырып,
Хәммесин жерге үйдирип,
Күл қылып, бәрин қуйдирип,
Жоқ етпек патша, адамзат.

Сарыбай:

Арқа жаққа аўыстым,
Бул жерге зордан қуўыстым,
Айтып сөзимди таўыстым,
Жолларың болсын жарғанат.

Алтын менен Сейдәлиниң айтысы

Алтын — өз дәўиринде қарақалпақ халқының атақлы шайыр қызы болған. Оның шайырлық даңқы пүткил қарақалпақ елине ғана емес, дөгерегидеги қазақ елине, Жайық, Сыр бойларына кеннен таралған. Алтынның Сейдәли менен айтысын ғана жариялап отырмыз. Оның басқа айтысларын табыў, өмири менен шайырлық өнери белгили изертлеўди талап етеди.

Сейдәли Ақтөбе областының Табын аўданында туўылған. Урыўы табын. Оның туўылған жери қайтыс болғанлығы ҳаққында материаллар ҳәзирше қолда жоқ.

Сейдәли:

Мен бир жүрген шабылған,
Шапсам оздым тобымнан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мерекели жыйында,
Ҳасылдан шапан шамылған,
Қудайдың берген жел сөзи,
Өз жанымнан табылған.
Урыўымды сорасаң,
Урыўым мениң Қаражон,
Мен Сейдәли шайырман.
Шыққан жүйрик табыннан.
Алтын қыз барма бул үйде,
Орын алсын жаныманан.
«Айтысаман» деп келдим,
Айтқан сөзден жаңылман,

Алтын:

Жолаўшы сөйле оңланып,
Қонатын қуўдай қомланып,
Ормада қалған кисидей,
Даўысың қалай шығады.
Көп ишинде зарланып,
Текедей тик жөнелмей,
Абайлап сөйле барланып,
Бул сөзим мақул емес пе,
Қаранды өзиң ойланып,
Атыңның жалы жатыңқы,
Қабағың жаман қатыңқы,
Жол босын сеннен сорайын,
Келесең қайдан сайланып?

Сейдәли:

Мен сөйлейин балалар,
Ақылға жетик даналар,
Қулақ салып тыңланыз,
Жыйылған көп ағалар!
Жоқ қыдырған мен жоқшы,
Бул тойда қандай хабар бар?
Меннен бир байтал жоғалды,
Төрт аяғы ала аяқ,
Тобығының агы бар,
Қалем менен жазғандай,
Жүзинде сулыў мени бар,
Қулағының артынан,
Жаңада ойық ени бар,
Азырақ серлеп қарасаң,
Танаўының шеги бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Менинҗ сондай жоғым бар,
Той қыдырған тойшылар,
Жоқшының сөзин уғыңлар?

Алтын:

Жолаўшы сөйле сөз келди,
Аўызында сөзиҗ бар болса,
Сөйлер жериҗ гез келди,
Пирлериҗ бүгин Яр болса,
Менде бир байтал бар еди.
Бурнағы жылы гүз келди,
Жаз жиберип тепсеҗге,
Қыс аламан бағымға,
Қайдан алдыҗ жоғыҗды,
Қолыҗда туўған малыҗ ба?
Сүйиншиге не айттыҗ?
Берер жериҗ барыҗда,
Ала алмайсаҗ сонда да,
Жығылыс таппай, жалынбай!

Сейдәли:

Менинҗ атым Сейдәли,
Малға жарлы тилге бай,
Келер жериҗ кеҗ қылсын,
Тилекти берди бир қудай!
Биреўдиҗ малы жатар ма?
Излеген жоғым табылды-ай!
Алып едим тамырдан,
Денем сүйген малымды,
Сүйиншиге жоқ еди,
Қалаўлы нәрсе қайымлы.
Сүйиншиге берейин,
Бир жабағы тайымды,
Жабағы тай жемиҗе,
Бер қолыма малымды!
Ерегиссем аларман,
Сирәдә саған жалынбай!
Тәўекелиҗ сай турса,
Айтысып көр тайынбай!

Алтын:

Менинҗ менен айтыссаҗ,
Аўызыҗ қалар жабылмай.
Мен арғымақ баласы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еле қыз бан шабылмай.
Айтысып көр қазағым,
Тәўбеңизден жаңылмай!

Сейдәли:

Айтысамын дегенге,
Келмесин шырақ намысың.
Шуў дегеннен байқадым,
Жақсы екен аяқ алысың.
Әлги айтқан сөзиңде,
«Аргымақпан» деп мақтандың,
Аргымақта болсаң байталсаң,
Қара көриним жер шабысың,
Еситип келдим мен сени,
Қулағыма тийген соң,
Алтын деген дабысың.
Алтын деген дабылың.
Шығартын деп келдим,
Дойнағымның шабысын!

«Излеп келген адам екен ғой» деп бир кесе шайды қолына алып, сәлемлескеннен кейин далаға шығып, мына өленди айтады;

Алтын:

Астымда алып минген сур қарагер,
Ағады сур қарадан сорғалап тер,
Көриспек, қолалыспақ сүннет дейди,
Жолаўшым, көрисейик қолыңды бер!

Сейдәли:

Айтаман айт дегеннен, қыз аў Алтын,
Лебиң пал, аўзың шекер, жүзиң жарқын,
Көргенимиз, көрискенимиз болады да,
Аманба ата — енең, ели — халқың?
Бул тойға мен қыдырып келип едим,
Алтын қыз, байқадың ба сөздиң парқын.
Берсеңши бағанағы байталымды,
Жоғалтпай жуўап пенен сөздиң артын!

Алтын:

Жолаўшы, айтар сөзиң биле алмайсаң,
Жала етип дәнемени таба алмайсаң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзимниң қолда туўған байталым ол,
Бизлерден гүўә өткизбей ала алмайсаң.

Сейдәли:

Аўа, бәси айтар сөзим таба алмайман,
Шала етип ҳештемени таба алмайман.
Байталды «сеники» деп айттың өзиң,
Ўәдеңнен ант ишсеңде тана алмайсаң.

Алтын:

Барады көшип аўылым Қаражарға,
Сонарлап қусым салдым қалың қарға,
Аласаң байталыңды айғыр берсең,
Алашқа шашып жүрген малым бар ма?

Сейдәли:

Барады көшип аўылың Қаражарға
Сонарлап қусың салдың қалың қарға,
Байталды бир бересең, бир аласаң,
Сөзинде сен шайтанның паным бар ма?
Бар еди бир айғырым кер қаражал,
Ала ғой, аяйтуғын жаным бар ма?

Алтын:

Жолаўшы байталымды бердим саған,
Ийнедей айыбы жоқ нансаң маған.
Биреўдиң тапсырған бир аманаты,
Ийесине тапсырайық есен-аман.

Сейдәли:

Бир байтал сенен қалеп алғаннан соң,
Бир айғыр өз қолында қалғаннан соң,
Байталың айғыр түўел майып болар,
«Туўсын» деп арғымаққа салғаннан соң.

Алтын:

Жолаўшы өз айғырың өзиңизге,
Байталым тура қойсын өзимизде,
Аяғын думаңлатып, еликтирген,
Исенбедик мынаў айтқан сөзиңизге.

Сейдәли:

Аўа, бәси, өз айғырым өзимизге,
Байталың тура қойсын өзиңизде,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсиўге шыдар едим тезицизге,
Байқайман, пәтиўә жоқ сөзицизде

Алтын:

Қожа ели қой айдадым базарына,
Жаманның жақсы қуман ажарына,
Отырған орынымнан садаға кет,
Алмаспын сен қазақты нәзериме?

Сейдәли:

Байқадым ҳәў дегеннен әўеницди,
Билмейтин жан екенсең өлецинди.
Ыршыма, саған мениң ҳәўесим жоқ,
Ҳәр сөзим кесседағы көмекейинди.

Алтын:

Ҳаўадан қатар ушқан ғаз болмасын,
Қуданың қысы кетип, жаз болмасын.
Қазақтың түси бозғылт көринеди,
Қудай аў, усы адам таз болмасын!

Сейдәли:

Дурыс-ақ, қатар ушқан ғаз болады,
Жигиттиң қас мырзасы таз болады.
Таңланып таздың несин айыпладың,
Таз көрсе қыз көңили жаз болады.
Үйинде әкең де таз, шешеңде таз,
Байғусаў, не нәрсеге боласаң мәс,
Күйеўиң атастырған ғарры Жәкең,
Отыңның басы толған оренде таз.

Алтын иркилип қалады. Сейдәли өлеңин жалғап;

Алтын қыз, билмедиң бе айтарымды,
Бул тойдан айтып өлең қайтарымды,
Бағана «жеңилмеймен» деп өзиң ғой,
Шаба бер тарбаңлатып байталыңды!

Қыз усының менен тоқталып қалғаннан кейин қасындағы жеңгеси өлеңди даўам ете береди.

Айтаман айт дегеннен ҳарма, қайным,
Тассаң да төгилерсен толма қайным.
Қурбыңды көп ишинде сонша уялттың,
Кегиниң питкен жери солма қайным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сейдәли:

Ар қандай, ақыл қандай, намыс қандай,
Жүйриктиң бири озады жарысқанда ай!
«Алтыныңды журт жеңбеген жеңди» деген,
Шашылған ҳәрбир елге дабыл қандай?
Басыма мениң кийген төбетейим,
Өлең айтсам келеди елекейим,
Тапқанша алты бала әйги болып,
Жүрме еди ң айтып өлең, жеңгетайым?

www.ziyouz.com kutubxonasi

3-бөлим

СОВЕТ ДӘЎИРИНДЕГИ АЙТЫСЛАР

Совет дәўиринде́ги шайырлар айтысын жыйналған қолдағы бар материалларға сүйене отырып, мынадай түрлерге бөлип анализ иследимиз;

1-Ж у м б а қ а й т ы с ы. Жумбақ айтысы — айтыслардың ишиндеги ең қыйын түри. Бул айтысты еки айтысыўшы тәреп бир-бирин тез жеціў ҳәм бир-бириниң ой-түсинигин, ақыллылығын, билгирлигин, тез тапқырлылығын ҳәм билим дәрежесин т. б. сынаў мақсетинде қолланады. Жумбақ айтысында жумбақты айтыўшыға қарағанда шешиўшиниң мийнети қыйынырақ болады. Өйткени, айтыўшы өзиниң күн бурын ойлапып, жуплап қойған астарлы мәнисиндеги жумбағын айтады. Шешиўшиниң буннан хабары болмайды. Ол берилген жумақты қалай болмасын тез, иркилмей шешиўге тырысады. Соның ушын да жумбақты айтыўшы да, шешиўши де турмыстың барлық тараўларын жақсы билетуғын, терең ойлы, ақыллы, билимли, билгир ҳәм тез тапқыр адам болыўы керек.

1926—27-жыллары аўылдың үлкен бир тойында Рамберген Арзы улы Садық шайыр менен ушырасып қалады. Тойдағы жыйналған халық еки шайырды айтыстырыўды ойлап, бул екеўиниң айтысыўын өтиниш етеди. Әлбетте, еки шайырға да, халықтың бул өтинишин, тилегин орынламай кетиў мүмкин болмайды. Солай етип, еки шайыр айтыспақшы болады. Рамберген бирден қыйын жумбақ айтсам, айтыста жеңип, бир үлкен абырайдың үстине шықпаспан ба екен деп ойлайды. Усы мақсетте шайырға;

Иргим салпаў,
Төрт лаў-лаў,
Ялғыз шыбыжың

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки дүн-дүн,
Ол не болар? —

деп жумбақ айтады. Сол ўақытта шайыр көп ойланбай-ақ, бирден айтыстың дизгинин жаздырып жиберип, былай деп төгип таслайды:

Иргим салпаў дегениң,
Мен ойлайман наўа деп.
Төрт лаўлаў дегениң
Суў жалақ пенен қыр жалақ.
Көмеш пенен ширишиң,
Сонда төртеў болады,
Излеп жүрсең даўа деп.
Ялғыз шыбыжық дегениң,
Шығырға қосқан байталың.
Сен отыра бер аўа деп.
Еки дүц-дүц дегениң,
Ўортаның екп басы екеп,
Бузылып кетсе жылайсаң,
Я наплаж баба деп.

Шешим шайыр тәрепинен аўызеки қайтарылмай, саз даўысқа салынып, нама менен айтылады. Қарақалпақ халқы колхозластырыў дәўирине шекем жерди шығыр менен суўғарып, дийқаншылық ислейтуғын еди. Халқымыздың усы жер суўғарыў қуралы шығыр Рамберген тәрепинен жумбақ етип берилип, Садық шайыр тәрепинен дурыс шешилгенин көрип отырмыз. Айтыста Рамберген жеңиледи. Усыннан баслап Садық шайырдың даңқы узақ жерлерге тарайды.

Халық оны Садық шайыр деп атай баслайды. Садық ағаның «Садық шайыр» деп аталыўына усы кишкентай ғана айтыстың өзи де әдеўир себепши болады.

Туўысқан қазақ халқының көрнекли жазыўшысы ҳәм Илимлер Академиясының академиги марҳум Сәбит Муқанов өзинин «Халық мийрасы» деген мийнетинде былай деп жазады; «Шынында да, «айтыс» жанры ақынның атына тығыз байланыслы. Көшпели қазақ тур мысы жағдайында, жазба әдебият болмаған гезде шайырға «Шайыр» деген атақ әперетуғын ең баслы «байқаў» айтыс болған. «Шайыр» атағын алыў ушын ол өзиниң шайырлық күшин көпшилик алдында танытыў керек, ал шайыр болғысы келген адам өзиниң шайырлық жарыстырып, көптиң сынына түседи. Егер усы жарыста өтырғанлардан мақуллаў тапса, оның көпшилик алдында

www.ziyouz.com kutubxonasi

танылғаны, ал көптің кеўли толмаса, «шайыр» деп танылмағаны»[1].

Мине, усы айтылғанды бизиң шайырларымыз туўралы да толық айтыўға болады. Садық ағаның жоқарыдағы айтыстан халқымыз тәрепинен бирден шайыр деп аталыўы, қарақалпақ халқының айтыс жанры ның бурыннан киятырған дәстүрине байланыслы келип шығып отырғанлығы көринеди.

Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Аббаз Дабылов 1939-жылы партия менен ҳүкиметимиздиң жәрдеми менен СССР дың пайтахты Москваны барып көреди. Усы жылы қарақалпақ халық шайыры ҳәм жазыўшысы Жолмурза Аймурзаев Аббаз шайырға қосық менен бес жумбақ жазып, жумбағын шешип бериўди өтинеди. Аббаз шайыр бул жумбақты дурыс шешип береди.

Жумбақ айтысы ҳәрбир совет адамын, әсиресе жасларды патриотизм, гуманизм ҳәм интернационализм руўхында тәрбиялаўда улкен әҳмийетке ийе. Өйткени, Ўатанымыздың пайтахты Москва, көсемимиз Ленин, СССР ҳәм буған киретуғын он бир союзлық республика (сол ўақытта он бир еди), дуньядағы ең, бай, аўызбиршиликли, дос ел жумбақтың обьектиси етип алынған. Мәселен, дуньядағы ең бай, аўызбиршиликли, дос қайсы ел? — деп сорағанда оған Аббаз шайыр бул бизиң СССР ели, оның жүреги Москва деп үлкен йош менен жуўап қайтарады.

Айтыста Москва былай жуўмақланады;

Бир қала үстинде бес жулдыз жанған,
Ўатан халқы азат еркин оянған,
Жерлери жайнаған теңизи тасқан,
Қала атын билиўди қумар әйледим.

«Аталы-балалы» дегендей, СССР ды он бир союзлық республиканың атасы (отец), он бир союзлық республыканы бир атадан туўылған балалар деп СССР халықларының мийтиндей ажыралмас туўысқанлық байланысын «төрт ҳәриптиң бардур онбир баласы», — деген қосық қатарлары менен көркем образлы сүўретлейди.

Уллы Ўатандарлық урыс жылларынан кейинги дәўирде дөреген, авторы белгисиз бир жумбақ айтысында бизиң социалистлик мәмлекетимиздиң қурылыс системасы, соның менен бирге Совет Армиясының қуралы станковый пулемет жумбақ етип қурылған. Бунда айтыс «төрт тулға бир денеге ба-

---

[1] **Сәбит Муханов.** «Халық мийрасы». «Қазақстан» баспасы, Алматы, ты, 1975, 143-бет.

[1] **А. Дабылов.** «Шығармалары», I том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1959, 38-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

сын иймек» деп басланады. Бир дене дегени мәмлекет, төрт тулға — дегени армия, ақша, жер, класс. Булардың жеке сиясий рольге ийе екенлиги айтылады. Жумбақ айтысының берилиўи менен шешилиўинен еки шайырдың да сиясий саўатлы екенлиги айқын көзге түсип турады. Алтынай менен Елмураттың жумбақ айтысы, 1957-жылы биринши майда Қарақалпақтың Қыят урыўының қызы мойнақлы Алтынай Совет Армиясы қатарында ўазыйпалы хызметин атқарып атырған сүйген жигити Елмуратқа жигирма шуўмақтан (куплеттен) ибарат жумбақ айтысын жазып жибереди. Елмурат қыздың жумбағын дурыс шешип, жигирма үш шуўмақтан ибарат қосық пенен жуўап қайтарады.

Жумбақ айтысын айтыўшы да, шешиўши де совет мектебинде оқып, орта билим алған саўатлы жаслар. Булардың географияны, анатомияны, математиканы, биологияны, жер асты тәбийғый байлықларды, коммунистлик моральди т. б. жақсы билетуғынлығы көрипеди. Жумбақта география пәни үйрететуғын; жер жүзинде қурғақлық көп пе, суў көп пе, суўлық көп пе, ыссықлық көп пе, жер жүзиндеги ең бийик таў қайсы, Сахалин атаўы жер шарының қайсы тәрепинде жайласқан, оның көлеми қанша, ең уллы дәрья қайсы жерде жайласқан, оның аты не, ол сағасын қайдан алып, қайда қуяды, дәрьяның узынлығы қанша, пүткил жер жүзинде қанша халық турады, қайсы мәмлекеттиң халқы көп, қайсы мәмлекеттиң халқы байлықтан биринши орындыийелейди, жер шарында қайсы шәҳәр үлкен, сол қаланың қанша миллион халқы бар, адамлары неше этажлы жайда турады? — деген сораўлар ортаға тасланады.

Екиншиден, математика пәни үйрететуғын; бир жылда неше минут, неше секунд бар? — деген сораўларды береди. Үшиншиден, адам анатомиясы үйрететуғын; адам бир минутта қанша дем алады. Сонда бир айда, бир жылда қанща болады, адамның орта есап пенен уйқы менен қанша ўақты, кетеди? Төртиншиден, биология пәни үйрететуғын; жүйрик аттың мүшеси қандай болады? Бесиншиден, жер асты тәбийғый байлықлардан мыс пенен гүмистиң парқы қандай? Алтыншыдан, мораль темасына байланыслы жақсы адамның минез-қулқы қандай болады, адам жақсы ҳәм жаман деген атақты қалай алады? — деп сорайды. Мен басымды бәйгиге тиктим. Қим де — ким мениң усы сораўларыма дурыс жуўап берсе, мен сол адамды сүйемен ҳәм сол адамға өмирлик жолдас боламан, — деген сезим билдиреди.

Шынында да, қыз өзиниң сүйген жигитиниң ақыллылығы менен — билим дәрежесин сынап билгиси келеди. Бул жумбақ айтысының ең баслы әҳмийети совет адамларын билим-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нин барлық тараўларын билиўге, соның менен бирге тәрбияланған жақсы адам болып шығыўға үйретеди.

Жаңа жыл ёлкасы, тек ғана бизиң елимиз емес, пүткил СССР халықларының турмысында белгили традициялық байрам болып енди. Бул бәрҳа жаңа жылдың басында мәкеме, кәрхана, завод-фабрика, мектеп, оқыў орны, балалар бақшасы, ясли т. б. барлық өндирис ҳәм оқыў орынларында алдынала таярланылып, үлкен салтанат пенен өткериледи. Буған сол мәкеме менен өндирис орынларының адамлары, әсиресе, балалары қатнасады. Түрли шырайлы ойыншықлар менен безелген елка ағашларының қасына басына ақ дегелей, үстине жыллы узын сеңсең тон (постын), аяғына жыллы байпақ кийип, жетпис-сексен шамасындағы Аязбаба келеди. Қасында аппақ ақ көйлек кийген қар қызы болады. Аязбаба ёлканың қыр дөгерегине жыйналып ойнап жүрген балалардан жайжағдай, аўҳал сорайды. Жаңа жылдағы ерискен табысларды, Мийнет Қаҳарманларын, жумбақ айтысы мәнисинде сорайды. Оқыўшылар ойланып жуўап қайтарады. Аязбаба өткен жылдың республикада, өндирис орынларында үлкен мийнет жеңислери менен табыслы жуўмақланғанын, жаңа жылда жаңа табысларға ерисиўдиң керек екенлиги жөниндеги т. б. ўазыйпалары айтылады.

Аязбаба — бул бизиң гөне жылымыз. Оның қар түсиндеги аппақ ақ кийимлери, ақ сақалы бизге ғаррылықтың нышанын көз алдымызға елеслетеди. Елкада балалар сыйлықланын болғаннан кейин ең соңында ортаға Жаңа жыл шығады. Бул жылды балалар:

Бул ма, жаңа жылыңыз?
Өзимиздиң биримиз,
Келген сайын жаңа жыл,
Шадлы болар елимиз, —

деп қуўанышлы күтип алады.

Елкадағы Аязбаба менен оқыўшылардың жумбақ айтысы — бул олардың тыннан, өз ядынан шығарып, суўырып салып айтқан (импровизаторлық) айтысы емес. Олар алдынала шайыр тәрепинен елкадағы Аязбаба менен оқыўшыларға арналып шығарылған тайын айтысты ядлап алып айтады. Соңлықтан да булар айтыс қосығын атқарыўшылар ҳәм халық арасына кеңнен таратыўшылар болып есапланады. Елкадағы айтыслар жылда тәкирарланып айтылады. Айтылғанда ҳеш өзгертилмей емес, оның айырым қатарлары жаңа жылдың талабына ылайықлы толықтырылып, қысқартылып, өзгертилип отырады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайыр Сағыйдулла Аббазовтың «Аязбаба, кел баба» деген қосығындағы Аязбаба менен оқыўшылардың жумбақ, айтысында Аязбаба жаңалық табысларды, пахта исиндеги академик Шамурат атаны, ҳаял-қызлардан корабльди биринши болып айдаған Айым Қамалованы, даңқы шыққан шопан Самбай Қошмуратовты, атақлы салы устасы Кан Алексейди, атағы шыққан белгили балықшы Аянты жумбақ етип, булардың атларын айтып бериўди талап етеди. Мәселен, Аязбаба:

Қәне кимниң есинде,
Көринген пахта исинде,
Академик ким еди,
Алтын жулдыз төсинде? —

деп сорағанда балалар:

Шымбайдың шамшырағы,
Мол зүрәәт мурады,
Қаҳарман ата Шамурат,
Мәңгиге ядта турады, —

деп жуўап қайтарады. Тағы Аязбаба:

Жаңалықты қошлаған,
Қызларға уран таслаған,
Көк корабль айдаўды,
Ким биринши баслаған?

Балалар:

Мийнетинен бахтын тапқан,
Орын алған алғы саптан,
Билемиз Айым апайды,
Жумыртаўға шырақ жаққан[1], т. б.

изи де усындай айтыс болып кете береди. Айтыстың бизиң елимизде мийнеттин абырай, атақ, даңқ екенлиги, мийнетте танылған адамлардың атлары, халықлық байрамларда дәстан болып жырланатуғынлығы айқын көринип турады.

Қарақалпақ халқының шайыр ҳәм жазыўшысы Қәраматдин Султанов тәрепинен 1970-жылы жазылған «Аязбаба менен Елкажанның айтысы» жаслардың арасына кеңнен тарап кетти. Айтыс жылда жасларымыз тәрепинен жаңа жыл елкасында атқарылып киятыр. Бул жумбақ айтысындағы жумбақ болған обьектлер; қарақалпақ халқының тийкарғы кәсиби «ақ

[1] Автордың үй архиви.

www.ziyouz.com kutubxonasi

алтын» есапланған пахта, Арал теңизинен аўланып атырған «сары алтын» есапланған балық, Үстиртимизден шығарылып атырған тәбийғый байлықларымыздан нефть, газ, т. б. лар.

2-Мухаббат айтысы. «Қыз бенен жигиттиң айтысы» (1946) деген айтыста совет дәўиринде туўылып өсип ержеткен, совет мектебинде тәрбияланып, билим алған еки жас арасындағы бир-бирин өмирликке сүйиўшилик сезим айтыстың мазмунын қурайды. Бул айтыста совет дәўириндеги санасы өскен зыянлы ески дәстүрдиң бир-бирин сүйген еки жастың еркин қосылыўына тосқынлық жасайтуғынлығы жөнинде пикирлери сөз болады.

Айтыстың ең характерли жери қыз сүйиўшиликти жәмийетлик мийнетке байланыста сөз етеди. Ол жигитке; «Мен десең мийнетте ҳәмменің алдында бол. Жалқаўларға исиң менен үлги бол. Айрықша ислеген ҳадал мийнетиң менен адам болыўды ойла», — дейди. Қолхозда ағза болып ислейтуғын еки жастың да жәмийетлик мийнетке болған көзқарасын, патриотлық сезимин айтыстың мына қатарларынан анық көриўге болады:

Жигит:

Мен ислеймен, сен де қаран жатпағыл,
Жалқаўдың ийетин маған айтпағыл,
Қолхозда ҳәммеге өрнекти көрсет,
Мийнет ет басқаға кеўил бақпағыл.

Қыз:

Мийнет ет ағызып маңлай теринди,
Қолдан келсе көтер туўған елиңди,
Сен не десең мен де соған еремен,
Қаран жатады деп таппа минимди.

Бул айтыста партия менен ҳүкиметимиздиң жәмийетлик мийнетке үлкен әҳмийет берип қарайтуғынлығы да жыр етиледи. «Қайқы жигит менен қыздың айтысы»нда (1946) турмысымызда сийрек ушырасатуғын айырым көрсе қызар, жеңил ийнезли, турақсыз жигит қатты сынға алынады. Жигит бир сулыў қызды көриўден оған ашық болып; «Мен мақул десең дилимди жиберин, сени алар едим», — дейди. Сонда қыз оған; «Жақында ғана сүйип, қәлеп алған ҳаялынды таслаңдай оның қандай айыбы, жазығы болды? — деп соранда, ол; «Мен сени оннан сулыўырақ көремен», — деп жуўап береди. Жигиттиң қандай жигит екенлигин терең түсинген қыз оған;

www.ziyouz.com kutubxonasi

Исти сайыз ойлап жүрмеңиз еркин,
Турмыс кеширер ме рәўиш көрким,
Бул сөзиңиз жақпас, аўлақ жүребер,
Ҳешкимге унамас мына әдетиң, —

деп ашық жуўап береди.

Бул сатиралық айтыс бир ғана усы қайқы жигит емес, турмыста ушырасатуғын басқа да усы сыяқлы бир неше қайқы жигитлерге үлкен дәкки болып тийеди.

1958-жылы жазған Садық Нурымбетовтың «Айтыс» қосығында да муҳаббатты мийнетке байланыслы сүўретлейди. Айтыста қыз бенен жигит өз-ара дәсме-дәс айтысып, бир-бирине ашықлығын билдиреди. Қыз жигитке; «бирақ сениң жумыста арқайын болғанлығына көнбеймен» дегенинде жигит;

Муҳаббаттан не зат күшли,
Пәсеңлетип алдым исти,
Кемшилигим бар болса да,
Туралмайман көрмей сизди, —

деп жуўап қайтарады. Ең соңында қыз:

Не пайда бос муҳаббаттан,
Орын алып исте арттан,
Мени сүйсең мийнетти сүй,
Бер қолыңды азаматсан, —

деп айтысқа жуўмақ ислейди. Шайыр айтыста ашықлықты ҳәм усыған байланыслы мийнетти сүйиўшиликти диалектикалық материализм көзқарасынан да, жәмийетлик көзқарасынан да қарап, дурыс сүўретлеген. Өйткени, тек муҳаббаттан күшли ҳешнәрсе жоқ деп ашықлықтың ышқына берилип кетип, жәмийет алдындағы ўазыйпалы жумысын төменлетип алса, сүйиўшиликтиң жарасықсыз болатуғынлығын жасларға ескертеди. Ашықлық пенен қатар мийнетти де сүйиў — бул халқымыздың турмыс талабы, жәмийетимиздиң де талабы,— дейди.

Шайыр Рамберген Хожамбергенов 1975-жылы 17-октябрьде «Қомбайншы Көлбай менен салыкеш қыз Сулыўдың айтысы» деген шығармасын жазады. Айтыста жигит те, қыз да мийнетти жоқары баҳалайды. Ҳәрбир адам мийнети арқалы ғана сулыў көринеди. Ҳинжи салымыздың маржан гүриши халқымыздың байлығы, елимиздиң ырысы, дастурханымыздың көрки, дослығымыздың сәни болып табылады. Сонлықтан да механизм күшлеринен пухта пайдаланып, ҳадал маңлай терден бинә болған салыны сепситпестен телекке жыйнайық. Бы-

www.ziyouz.com kutubxonasi

йыл да тоғызыншы бес жыллықтың ең соңғы жуўмақлаўшы жылында алынған социалистлик миннетлемемизди артығы менен орынлап, алдымыздағы болатуғын данышпан партиямыздың XXI сьездин ылайықлы күтип алайық», — дейди...

Усы мазмунда айтысқан еки жас та өзлериниң бир-бирине болған ашықлығын, өмирликке қосылыў тилегин, мийнети арқалы ерискен үлкен абырай менен жарасықлы күтип алыўды әрман етеди. Бул жөниндеги екеўиниң де өз-ара ўәдеси айтыста былай сүўретленеди:

Қыз:

Ойлап көрсем өзиниң де, менің де,
Абырай — даңқ, бахытымыз егинде,
Жуўмақлаўшы жылы жетсең жеңиске,
Табылар Сулыўың, қыпша белинде.

Жигит:

Ер жигиттің аўыз бенен айтқанын,
Көргеним жоқ орынламай қайтқанын,
Олай болса қолыңды бер Сулыў қыз,
Егер ырас болса усы айтқаныңа?..

3. Ойын — дәлкек, ҳәзил айтысы. Қарақалпақ совет әдебиятының баслаўшыларының бири, совет әдебиятында белгили орынды ийелейтуғын талантлы шайыр Аяпберген Муўса улының Мәтен шайыр менен айтысы бар. Бул айтыс Октябрь революциясынан кейинги 1920-жыллардан 1936-жыллардың аралығында жазылған.

Айтыстың дөреў тарийхы мынадай; — Шайыр Аяпбергеннің аўылындағы бир қыз бурын қалың малын берип, атастырып қойған теңи емес, жигитин қәлемей, өзиниң сүйген бир жигити менен қашып кетип қалады. Усы ўақыяға арнап Мәтен шайыр «Ойын-дәлкек» қосығын шығарады. Бир күни Аяпбергеннің аўылынан Мәтеннің аўылына бир адам қыдырып барғанында Мәтен қызға шығарған усы қосығын айтып, қатты уялтады. Бул адам Мәтеннің күлкили қосық шығарғанлығын Аяпбергенге айтып еситтиреди. Аяпберген қосықты Мәтеннің аўзынан еситиў ушын Мәтенди аўылынан үш ирет шақыртқан. Мәтен үшинши иретки шақырғанына келеди. Аяпберген отырыспада Мәтенге қосық айтып отыр», — деп тилек етеди. Мәтен Мәтеке тазға шығарған т. б. қосықларын айтады. Аяпберген «қызға» шығарған қосығынды айт десе, Мәтен Аяпбергеннен тартынып, ол қосықты айтпайды. Бун-

www.ziyouz.com kutubxonasi

нан кейин Аяпберген «Мәтен шайырға» деген қосығын айтқан»[1], — дейди, информаторлар.

Аяпбергенниң бул айтысын алдын-ала жазып шығарғаны ямаса бирден ядынан суўырып салып (импровизация) айтқаны белгисиз. Өйткени Аяпберген суўырып салып та айта беретуғын ақпа шайыр болған.

Аяпбергенниң «Мәтен шайырға» деген айтыс қосығында; «Сен билимли болсаң журтқа тил тийгизбе, бир-биреўдиң айыбын айтпа, ҳәрким өз ҳалын билиўи керек.

Жигит болсаң жаман деме елатты,
Сен билмейсең әдеп пенен уятты,
Жаманлапсаң Ашамайлы Қыятты,
Ҳаслымыз бир қарақалпақ емес не?, —

дейди. Тағы; «Мен сениң елиңди жаман демеймен. Мин айта берсең ҳәр кимнен де табылады, егер мен сениң мининди айтсам; «Атаң ертерек өлип, шешең жесир қалды. Шешеннiң ашықлық дәрти қозып, қартайғанда жора тутты. Ели — халқы менен ул-қызынан уялмады. Сум нәписин тыймады. Бир қазақ ғарры суўны менен жўрди. Әбдиқалығың суўпыдан пара алып, бул иске себепши болды. Бул ел — халыққа еситилди. Еки ағаң суўпыдан алған параға таласып, бир-бирине балта алып жуўырды. Араларына кәтқудалар түсип, үлкен бийабырайшылыққа ушырады.

Туўысқан еки ағаңның еки қызы бир журтқа қашып кетти. Биреўи аз күн қатын болып қайтып келди. Кейин некасы менен тағы басқа биреўге турмысқа шықты. Сен дәслеп өзиңе қара, сен халықтың қызына не деп күлесең. Буныңдай ис өзиңниң басында бар емес пе? — деп Мәтенди қайтып сөйлей алмастай етип гүм қылады.

Мәтен «қызға» шығарған қосығында; «Аяпбергенниң елине (Қыят-Ашамайлы) қыз-жигитине күледи. Булар ҳәддинен асып, өз билгенине кетипти. Пара алып, некалы қызды балықшы жигит пенен қашырып жиберди т. б. деп ойын-дәлкек, ҳәзил айтады. Мәтенниң айырым сөзлери ойын-дәлкек болса да, Аяпбергенниң елине, ел жигит-қызларына қаттырақ тийеди. Әсиресе елдиң белгили шайыры Аяпбергенге де айрықша тийгизип айтқан. Сонлықтан да Аяпберген Мәтенге; «Сен кимиў, мен кимиў ҳалынды билгил, өз қатарың билен ойнайып күлгил», — дейди.

Аяпберген айтысының ең соңында; «Елимизде шадлы заман орнады. Ҳәрким өз еркине ийе болады. Енди ҳаял-қызлар өз сүйгенине еркин кете алады. «Қалың мал» төлеў арқалы

[1] Автордың дала жазыўынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

қалай болмасын, сүймеген қызын зорлап алыў сыяқлы шарияттың ескі нызамы енди жасай алмайды», — деп Мәтенге ескертеди.

Мәтен саўатсыз болады. Ол қосықты аўызша шығарып, ядлап үйренип алып, көпшилик арасында ядтан айтатуғын болған. Аяпергеннің орынлы өткир сөзлери қатты батқанлығынан, сөзден жеңилген Мәтен, соннан баслап қосық айтыўды пышақ кести тоқтатқан», — дейди.

Ибрайым деген суўны (Аянбергеннің жорасы, ел оны молла деп те атайды) Аянбергенди сөзден, басқыдан жеңиў мақсетинде өзине қатарларынан төрт-бес жигитти ертип алып, Аяпергеннің үйине барады. Суўны қасындағы жигитлерге; «Мен Аяпергенге тийгизип пени айтсам, соны мақуллап; «ўа-ҳа-ҳа ўа-ҳа-ҳа» — деп күле берің», — деп алдын-ала түсиндиреди. Солай етип, Аянбергенди бир майдан басқылап күлисеп. Басқыда шайырды кемситеди.

Айтыстың гелеги өзине қараған ўақытта ақпа шайыр бирден үш шуўмақ қосық шығарып, жорасы Ибрайымды жеңип таслайды. Айтыста шайыр Ибрайымның қырық жасқа келгенде өмир турмыс қурғанын, оның пара менен, урлық пенен шуғыллапатуғынлығын, суўыпман деп кисиниң ҳақын жейтуғынлығын бетине оасады. Оның алдан халықтың ҳақын жейтуғынлығын жек көреди.

Бул ойын дәлкек айтысынан партия менен ҳүкиметимизгеги ири ийелерине ҳәм пара алыў сыяқлы ескиниң қалдығына қарсы күреси менен байланыста дөреп атырғанлығы себепли. Айтыс 1929-жыллары дөреген.

Валюдлин менен Дәўлетиярдың айтысы». 1934-жылы Валюдлин деген татар жигити Тахтакөпир районының райком секретары болып иследи. Ол күлдирги сөзли, ойын-дәлкекшил, күлки менен кеўилли жүретуғын адам еди. Мен 1905-жылы, ол 1904-жылы туўылған. Қатарлықта екеўмиз дәлкекленип, ойнап өсретуғын едик. Мен ол ўақытта райисполкомның секретары болып исленетуғын едим. Бир күни ол маған; «Фора, сен оннинги таз оасына бир қосық шығарсаңа», — деп қоймады. Қоймағанлы кейин сол ўақытта бир шуўмақ қосық шығардым. Ертеннинде таңы «оасына шығарған қосығыңды айтып бер» деп таңы қоймады. Соннан кейин шығарған тағы шуўмақ қосығымды оқып бердим»[1], — дейди марҳум автор Дәўлетияр Қасымов.

Дәўлетиярдың оасына шығарған қосығының мазмунында;

«Жигитлерим гедей, жарлы болдым. Байлардың күни-түни

[1] Автордың дала жазыўынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ылағын бағып күн кеширдим. Басымды ўақтында жуўып, тәрбиясын бере алмадым. Сонлықтан да басым таз болды. Басыма қурт түсип жылтырады. Ҳәзир ол күнлерим умыт болды. Қараңғы қайғылы заманнан жақтылы, шадлы заманға шықтым:

Сендей болып еди мениң аўҳалым,
Сиз бенен сырласыў еди қыялым,
Сен де мендей муңлы болған қусайсаң,
Айт Валюллин жора, не болды ҳалың?[2], —

дейди. Себеби, Валюллинниң бети бужыр еди. Шайыр; «Сен де бетиңниң бужыр болыў тарийхын айтып бер, — деп оннан сорайды.

Валюллин де бетиниң «қорасан» шыбын жеп, бужыр болғанлығын айтып жуўап қайтарады. Буннан кейин де шайыр Дәўлетияр айтысты даўам етип;

Бизиң бастан сизиң бетке өтипти,
Барлық апат ексўнмизге жетипти,
Сизге түскен қуртлар жалқаў ма деймен,
Шўдигарлап мала баспай кетипти.

Бизиң бас жалтырайды ирең бергендей,
Қарағанда ҳәрким жүзин көргендей,
Мен басымды сынап көрсем теп-тегис,
Сениң бетиң трактор менен сүргендей, —

деп ойын-дәлкек етеди. Ең соңында қатарлықта айтылған ойын-дәлкек ҳәзилине кешерим сорайды.

Әлимбет пенен Дәўлетиярдың айтысы (1937-жыл). Дәўлетиярдың урыўлас апаларын алған жездеси казақ Байманов Әлимбет пахта ҳәм жоңышка егисиниң қызып атырған ўақтында Қасымовқа үш шуўмақтан ибарат сәлемнама хат жазады. Хатында колхозларда егиске таярлықтың кеўилдегидей емес екенлигин айта келип, ең соңында;

«Апаңыз жибериўге ықтыяр емес,
Үстиме келмеди деп кеўлиңе алма,
Азырақ ҳәзиллесип өлең жазған,
Жезденнен бир-еки аўыз сәлемнама»[2], —

---

[2] Өз ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Филиалының китапхана фонды, инв. № 34658, 181-бет.

[2] Бул да сонда, инв. № 34658, 178-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

деп жазады. Шайыр Дәўлетияр Қасымов жездесиниң жазған солемнама қосығына жети шуўмақ қосық пенен жуўап қайтарады. Жуўабында; «атызлардың пахта ҳәм жоңышқа егисине таяр емес екенлигин, МТСтан май алдырып, трактор менен тез жерлерди айдаўдың кереклигин т. б. айтып, жездесиниң оул ислеке қатты жуўапкер екенлигин ескертеди.

Шайыр қалай болмасын, егисти мүддетинде егип болыў мақсетинде оның не айтса да, ойын — дәлкекти көтериўге тийисли екенлигинен пайдаланып, оған қатты қорқытпа, абай иследи.

Өнимди арттырыўға жуўапкерсиз,
Шыққан соң агроном деген атқа.
Бул сизге президимнан задание,
Скоро выполняйте қалма уятқа.
Апрель двадцато питкермесең,
Я, акт составляю даю сотқа[1].

Олимбет пенен Дәўлетиярдың айтысы 1937-жылы Қарақалпақстандағы советлик дүзимди, халқыміздың колхоз хожалығы, пахташылық, жоңышқашылық пенен шуғыллана тутынылығын, колхоз хожалықларының Машина-Трактор Станциясы тәрепинен керекли техникалық қураллар пенен тәмин етилетуғынлығын т. б. көрсетеди.

Қоңырат районындағы «Биринши май» колхозының ағзасы (ҳәзирги Ленинабад районындағы Свердлов атындағы совхозының «Биринши май» бөлими) Әжимурат Өтемуратов Улы Ўатандарлық урыста Совет Армиясы қатарына алынады. Оның семьясында анасы менен туўысқан қарындасы Оразгүл қалады. Ол жылларғы колхоздың айырым басшылары саўатсыз еди. Улы Ўатандарлық урысқа қатнасыўшылардың семьясы менен қалай иследиўдиң жолларын билмейди. Бирде де жеке олиниң ыңқыназлығына берилип, мәмлекет алтынды ўазыйпасын орыпламайды. Керисинше, бузық ниетин ислеке асырыў мақсетинде; «Сизлерге мениклы егис жер бермеймен» деп қорқытады. Колхоздағы жумысқа тийисли тәртип бойынша жумсамай, ат үстинде қамшы көтерип абай етеди. Миниң айтып кемсетеди. Усылайынша зәребесин үйирип жүриш, сөз де салады.

Бугин Оразгүлдиң қатты ашыўы келеди, арланады. Жоқарыдағы айтылған ис-ҳәрекетлерин айтыста көрсетип, бузық ниетлиги колхоздың басшыларына өткир тили менен есинен шығынстай дәккі береді. Мәселен, шайыр қыз атанған Оразгүлдиң айтысындағы;

[1] Сотқа судқа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит болып киятырған баласаң,
Не себептен қыз-кемпир деп шаласаң,
Закон менен сизлер бизди жумсамай,
Қалай аға, ат алдына саласаң?

Армияның семьясы бизлермиз,
Жер бериўге миннетлилер сизлерсиз,
Егистиң ўақтында айтысқа шығып,
Енди қайдан туўры басшы излермиз?[1], —

деген қосық қатарлары жасы алпысқа келген колхоздың баслығына қатты тийеди.

Асан Бегимов пенен Дәўлетияр Қасымовтың айтысы. Асан Бегимов 1951-жылы Қарақалпақстан Областьлық партия комитети тәрепинен Тахтакөпир районының Димитров атындағы колхозына пахтаныслық бойынша ўәкил болып барады. Жаяў жүрип колхозларды аралаған шайыр жақын жорасы Дәўлетияр Қасымовқа қосық пенен хат жазып, минип жүргендей ат сорайды.

Еки шайырдың да бир-бирине жазған қосығы жүдә қызықлы, ойын-дәлкекли мәнисинде сүўретленген. Мәселен, Асан жорасы Дәўлетиярдан; «Өзи жорға жүрмел, саўыры қақпақтай, жумыры бел, ер-турманы саз, ўәкил мингендей ат жибер деп сорайды. Буған Дәўлетияр да:

Суўлық салмай аўзын ашқан,
Мине шапсаң ала қашқан,
Сегиз айлықты бир басқан,
Өзи бедеў наз жибердим.

Байқап шап достым асаўды,
Қутқармайды қашқан жаўды,
Тыңламайды Қара таўды,
Көзсиз батыр ат жибердим[2] т. б., —

деп жуўап қайтарады. Айтыстан совет адамларының арасындағы жолдаслық, туўысқанлық, дослық қатнасықларды, мәмлекетлик планның орынланыўын тәмийин етиўге болған қызығыўшылығын көремиз.

---

[1] Өз ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Филиалының китапхана фонды, инв. № 34658, 29-бет.

[2] Сонда, инв. № 34658, 18-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тилек, сораў — жуўап айтысы

«Көкнарны менен ҳаялының айтысы» бул екеўиниң өз ядларынан шығарып айтысқан айтысы емес. Бул айтысты ким жазса да бир шайыр жазған Ол бизиң советлик турмысымызға жат, керексиз, бул адамлардың денсаўлығына, семьялық турмысына т. б. үлкен зыян екенлигин айта келип, шайыр оларды еңиў пайдалы мийнет ислеўге шақырады.

Көкнарының ҳаялы ерине; «Күнине үш мезгил лаўабый кесе менен көкнарды езип ишесең. Саратанның қайнаған ыссысында этаптанға от жақтырып, тум-тусыннан теринди ағызып отырғаның. Күни-түни мүлгип басыңды көтермейсең. Көкнарды көре гойсаң есиңнен айырылып, атыздағы нормалы жумысыңды умытып кетесең. Күнде адамлардың бәри жумысына кетеди. Мен бәрҳа сени өли баққандай бағып, жумысымнан қалып болдым. Сен-ақ мениң шашымды ағартып, күйдирип болдың гой»[1], — дегенинде ери; «Мениң жинимди келтирмей, қасымнан кетип жоқ бол! Көкнар — бул мениң оң торт жасымнан жолдас болған достым, ишсем мийрим қанады. Соннықтан да, бул нәшебентлигимди қоймайман, сары майға палаўыңды асып, маған таярлап бер де жумысыңа кете бер. Мениң пайымды да ислеп қайт», — деп бақырады.

Мине, бул пағыз көкнарының қылўасы. Солай да болса семьялы хожалығын бузғысы келмеген саналы совет ҳаялының ерине болған отинин — тилеги менен нәсияты айтыста ойлай сүўретленеди;

Қостарым тыңлағыл, қурысын көкнары,
Мийнетти сүй, турмысыңның гәўҳары,
Мийнет — паҳыт, жеткереди муратқа,
Мийнет қылсаң тарқар кеўил қумары.

С. Нурымбетовтың «Екеў достың айтысы» шығармасы 1961 жылы жазылған. Бул айтыс пағыз бизиң турмысымыздың талабына ылайықлы жазылған жәмийетимизде ишимликти ҳеш қандай ишпе деп зорлық менен тыйым салып қойған жоқ. Ҳәрким қәлесе ишсин. Бирақ орны менен, белгили нормасы менен саналы, есинли, өзинди жақсы сезе алғандай дәрежеде ишсе, айтыста, ақыл нәсият айтады.

Бирақ, өзиниң ҳәрторепленме өсип жетискен мәдениятлы елимизде айырым адамлар орынсыз көп ишип, алькогольликке бериледи. Өзиниң ишиўди қәлемейтуғын достын өзиниң

1 Өз. ССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Филиалының китапхана фонды, инв. № 4116, № 2 тетрадь. С. Камаловтың дала жазбасынан

www.ziyouz.com kutubxonasi

ишиўге болған лепсиси көз қарасынан қарап, орынсыз зорлап қыйнайды. Ишиўдиң зыянлы, пайдасыз екенлигин билсе де, «шийшени сениң ушын алдым. Бул шийше емес, алтын шийше, ҳеш болмаса аўыз тий ямаса егер сен қатардағы жигит болсаң қағыстырып тартып жибер. Мениң ушын тартпасаң болмайды» т. б. деп емирепип зорлап мийинди теседи.

Жорасы «ишиўшиликти сүймеймен, ишсем деп саўлығым болмайды», — деп ишпейтуғынлығын билдирсе де зорлай береди.

Шайыр айтыста алькоголь жорасының мәдениятсыз екенлигин, оның ақыл-ойын, санасын ишиўшилик бийлеп кеткенлигин реаль көрсеткен. Онындай адамның жөнсиз зорлаўына;

Қыйнамағыл мени зинҳар,
Жумысыма кесенти бар,
Халқыма шерменде қылар,
Ҳасла ишпеймен, ишпеймен[1], —

деп бети-жүзине қарамастан конкрет жуўап қайтарған мақул деген пикирди билдиреди.

С. Нурымбетовтың 1961-жылы жазған «Көкнаршы менен көкнардың айтысы»нда көкнар ишиўшиликтиң анық зыян болатуғынлығын билген айырым көкнаршының көкнар ишиўди бирден қойып кеткенлигин жазады. Айтыста көкнаршы; «— Сен маған отыз жасымнан баслап жолдас болдың сени дорба қалтама салып, қасымнан қалдырмадым, палаў асымнан да жақсы көрдим, алпыс екі тамырымды жайлап, мени шылбырсыз-ақ тас етип байладың, сен мени қолыңа түсире алмай жүрмедиң, сениң буныңдай пялас екенлигинди мен билмей қалдым, неге маған бул жөнинде бурынырақ айтпадың, бүгинли күни мени ҳайран еттиң, басымды саўдаға салдың, сен маған аўыр мусаллат болдың», — дегенинде көкнар оған былай деп жуўап қайтарады;

«Сен дурыс айтасаң, сениң қастың менде болды, мен дегенде қулқыныңызды ашып, уйықлағаныңызда мени көпшик етип дастанып жаттыңыз, маған қатты аңсарыңыз аўды, мени жоқ жеринен таўып алып ишетуғын болдыңыз. Мен де сени этештанның басында терлетип, қыс күнлериңди жаз еттим. Меннен талай ирет ҳәз көрдиңиз. Сениң көзиңе меннен басқа дәри көринбеди изиме қунтыйып түсип алдың. Енди қанша өкинип жыласаң да пайда бермейди, исиң өтип кетти, бизден сениң қутылмағың қыйын болды.

---

[1] **Садық Нурымбетов.** Шығармаларының толық жыйнағы, II том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1972, 43-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буннан ким болмасын көкнар ишиўге әдетленип, оны бойына сиңирсе, оннан қутылыўы қатты қыйын екенлигин, көкнардың адамға пүткиллей зыян болатуғынлығын жақсы түсине аламыз.

Шайыр айтысты көкнаршының мына сөзи менен тамамлайды:

Мен неге қызбайын күйинип писип,
Ҳеш абырай алмадым көп жыллар ишип,
Тап сени қояман өлсем де исни.
Арамыздан атың өшсин көкнарым![1].

Бул айтыс қатарларының үлкен тәрбиялық әҳмийети бар. Өйткени, бул арқалы шайыр қәлеген көкнаршының кейип, пошебенликти ақылына жендирсе, көкнар ишиўди қойып кетиўине сөзсиз болатуғынлығын есине салады.

С. Нурымбетов күнделикли турмысымызға өзиниң көркем шығармалары менен актив қатнасатуғын актив шайырларымыздың бири еди. Оның партия менен ҳүкиметимиздиң келешегимиздиң гүли есапланған жасларымызды тәрбиялаўға жыл сайын ислеп отырған аталарша ғамқорлығына жуўап претинде жазған «Бир бөбектиң анасы менен айтысы» (1962) деген шығармасы бар. Бунда ол ескерген, ҳәзирги дәўиримиздиң талабына жуўап бере алмайтуғын бесикти қолланбаўға шақырады. Ескерген бесиктиң ети қатпаған жас бөбектиң өзлик организмлериниң таланқа ылайықлы өсип раўажланыўына зыян келтиретуғынлығын, бөбектиң анасына берген саўалы арқалы ашып көрсетеди.

Бөбек — ески бесикке аяқ-қолымызды қолбаў менен тас етип байлайсаң. Қыймылдаўға ҳалым жетпейди. Қансорпа болып терлеймен. Тердеп жаўырным ашыйды. Еки қолтығым қаныман кетеди. Қаўызы денемди қышытады. Аўырсынып еки аяғымды тартып жылағанлықтан тақымымды сүмек алып кетеди. Етим қатпаған мени бүйтип таңғышлап бөлеме, жайнап-жасап осейпи, мени бесиктен кроватьқа көшир, — деп анасынан сорайды.

Анасы; «Устаның тәўприн сайлап, ҳасыл, жақсы ағаштан пағыпларын ойдырып, қолбаўларын жипек-мақпалдан ислеп, атлас, шайы көрпе жаўып, түрли жақларын келистирип, бул бесикти саған арнап соқтырып едим;

Саған зыянын билмедим
Соған өкпелеп жүрмедиң,

[1] С. Нурымбетов. Шығармаларының толық жыйнағы. II том, ҚҚ МБ, Нокис, 1972, 45-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсинбеўимнен ол менің,
Жоқ етейин бул бесикти.

Әперейин кең кровать,
Еркин жатып, көр рәҳәт,
Жаса перзентим саламат,
Көрсетпейин бул бесикти[1], —

дейди. Баланы тәрбиялап өсириўдеги турмысымыздың тәжирийбеси бойынша да, совет врачларының айтыўы бойынша да, баланың аяқ-қолын тас етип таңып таслаў — баланың өкпе-жүрегиниң жақсы өсип раўажланыўына, басқа да дене қурылысларының еркин өсип раўажланыўына үлкен зыянын тийгизеди. Сонлықтан да баланың нормалы жыллылық беретуғын одеяллар менен оралып, еркин ҳәрекет етип, жатып уйықлайтуғын жыгылып кетиўден қоўынсыз кроватьларда (кашка) уйықлатыўға болады. Қысқасы, балаға қолайлы, азарсыз болыўы керек. Шайыр усы идеяны билдирип, көпшилик ата-ананың ески зыянлы бесикти қолланбаўына жәрдем етти.

Пахташылық 1930-жылы да, Қарақалпақстан халқының тийкарғы кәсиби еди. Усы кәсип бойынша пахта таярлаў планын орынлаў үлкен әҳмийетке ийе болған мәмлекетлик ис болды. Ҳәрбир колхоздың ағзасы колхозы бойынша пахта таярлаў планын табыслы орынлап, үлкен абырайға ерискенлигин жақсы көреди ҳәм оның мәнисине терең түсинди.

Усындай бир ўақытта айырым колхозшының семьяларында мәмлекетлик пахта таярлаў исине бир қанша зыянын тийгизген семья ағзалары да болды. Олар саўатсыз, еле социалистлик жәмийетиндеги мәмлекетлик истің әҳмийетине жетерли түсинбейтуғын еди. Совет мәмлекетиниң планды орынласа, кийимлик товарларды да, ишип-жейтуғын продукцияны да керегинше таярлап беретуғынлығына санасы жетпейди. Жетсе де өзиниң бурыңғы жаман, қарақгылық әдетин тасламайды. Булар көп айтып түсиндириў арқалы зорға жолға түседи. Усы идея Садық шайырдың 1930-жылы жазған «Бала менен анасының айтысы» деген шығармасында жақсы сүўретлениўин таңқан. Айтыста баласы анасына мына сөзлерди айтады; «Апа, түнде урлап жерге көмип жасырып қойған пахтанды әкелип тапсыр. Сен шарық йирип, қозақ тоқыўыңды қой. Буннан ҳеш пайда таппайсаң. Бул ислериң нызамға сыймайды. Қөптиң алдында жүзиң төмен болады. Дүканларда арзан товарлар толып тур. Жүдә керек десең заводтан ис-

---

[1] **С. Нурымбетов**. Шығармаларының толық жыйнағы. II том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1972, 123-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ленип шыққан тай пахталар бар. Соларды неге сатып алмайсаң. Урлық етсең уят болады. Кейинен неге иследим деп бармағыңды тислейсең. Үлкен жаманатқа қаласаң. Бузық нәпси адамды отқа салады. Бираз кемпирлер пахта урлайман деп судланып кетти. Ойлан, ақылыңа кел, өзиңди ая. Аныҳ бермейтугын болсаң дизимге аламан. Ақсақалдан күш алып, бәрибир излеп табаман. Тоқ етерин айтқанда, қашып қутыла алмайсаң. План жүзге толмағанша сизде қалдырмайман», — деп қатты келген ўақытта, анасы баласына келисим береди. Баласы келисим бергеш ушын анасына алғысын айтады.

Баласының жоқарыдағы мазмунда айтқан сөзлерине анасы былай деп жуўап қайтарады:

Анасы:

Қәйтейин енди жан балам,
Азғана пахтам бар балам,
Урлықтың жолы армаған,
Аныңды кеширсең петти?

Бала:

Рахмет, ана, ырзаман,
Кешиктирмейин бир заман,
Олпеновей қалса дым жаман,
Тезирек корсетсең петти.

Шайырдың бул айтысы сол дәўирдеги пахта планының орынланыўына зыянын тийгизиш жүрген көплеген адамларды жоқа салыўда үлкен әҳмийетке ийе болды.

«Абоғ өсиет Бердақтың сораў — жуўап айтысы» Улы Октябрь социалистлик революциясы — өмиринше еркин, ашлық, теплик кормей, аўыр азапта езилип келген қарақалпақ халқына тепи-тайы жоқ, баҳалаўға тил жетпестей олхы алып өсерди. Егер Октябрь революциясы болмаған болса, қарақалпақ халқы өз алдына миллет болып қәлипленбес еди. Бул халықтың өткендеги мәденияты, әдебияты, тарийхы, сизсин экономикалық жағдайы жазылмай, белгисиз болып қалар еди. Қарақалпақ халқының өткендеги баҳалы алтын фонды есаплананғын бай аўыз әдебияты, не бир дайынлап ойнылы, шешен, халық шайырларының баҳалы шығармалары жарық көрмей, жоқ болып, умытылып кетер еди. Оларын аты-заты да бара-бара умытылар еди.

Улы Октябрьдың нурлы қуяшынан бахытқа бөленген қарақалпақ халқы өз алдына миллет болып, өзинің ҳәртәреп-

1) Нурымбетов. Шығармалары. I том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1960, 31-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

леме гүлленин өсип раўажланыўына еристи. Данышпан партиямыздың басшылығы астында марксизм-ленинизм көрсетпелерине тийкарланған бизиң халқымыз өткен әдебий мийрасларды жыйнаў ҳәм оны басып шығарыў, солай етип, халық арасына кеннен ен жайдырыў мәселесине үлкен кеўил бөледи. Буған XIX әсирде жасаған қарақалпақ халқының көрнекли шайыры Бердақ Ғаргабай улының өзи буның бир мысалы бола алады.

Қарақалпақстанда Совет ҳүкимети орнағаннан кейин Бердақ Ғарғабай улының шығармаларын халық аўзынан жыйнап бастырып шығарды. Бердақтың өзи жасаған дәўириндеги әмийетлик ролин халқымызға кеннен танытты. Жазба нусқаларының болмаў себеплерине халық арасында умытылып жоқ болыў ҳалына келген шайырдың шығармаларын тезден халық арасындағы билетуғын жасы үлкен адамлардан сорап, жыйнап, бастырып шығараў арқалы Бердақты қайта тирилтти. Белгисиз болып қалған Бердақтың қәбирине естеликлер орнатты. Езилген халық ушын, езилген халықлардың келешек арманы ушын жырлап, бәрҳәма сол халық тәрепинде болып, өлип кеткен халық шайырын партия менен ҳүкиметимиз жоқары баҳалады. Портрети соқтырылып, мәдений орынларда илдирилип қойылды. Айырым мәдений мәкеме менен көшелеримиздиң атлары Бердақтың атына қойылды. Бердақ атындағы сыйлық белгиленди Ол тек қарақалпақ халық емес, пүтин союзымызға мәлим болды. Солай етип, Бердақтың аты мәңги умытылмайтуғын дәрежеге ерисилди.

1950-жылы Бердақтың қайтыс болғанына елиў жыл толыў күнин белгиледи. Усы елиў жыл толыў күнине арнап Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Аббаз Дабылов «Аббаз бенен Бердақтың саўал-жуўап айтысы» деген шығармасын дөретти. Бул айтыста шайыр қарақалпақ халқының Уллы Октябрьден бурынғы турмыс аўҳалы менен Октябрьден кейинги турмыс аўҳалын ҳәм уллы шайырдың совет лик дәўирде ғана партия менен ҳүкиметимиз тәрепинен баҳаланып отырғанлығын толық айтып бермекши болады. Айтыс бир поэмалық шығарманың мазмунын билдиреди. Айтысты еркин поэма жанрына жатқарыўға болады.

Айтыстың қысқа мазмуны мынадай; «Шайыр Аббаз түсинде гүл-бағша менен оранған қәбирди көреди. Гүлдиң арасында бүлбүлдей сайрап жүрген ақсақаллы бир адамды көрип, оннан аты-затын, қарақалпақтың тарийхынан, шайыр Бердақтан хабар бер деп сорайды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дабыл улы, атым Аббаз сорасаң,
Сизге рухсат ата, алдымды орасаң,
Я бағмансаң, яки гүлге қонасаң,
Сиз жуўап берсеңиз, мен саўал бердим[1].

Шайырдың сораўына ақсақаллы адам жуўап қайтарады. Сонда ол өзиниң Бердақ екенлигин, XIX әсирде жасағанлығын, сол дәўирдеги қарақалпақ халқының аянышлы турмыс аўҳалын, олардың Хийўа ханы, бай, бий, молла-ийшанлар тәрепинен аяўсыз езилип келгенлигин, жаңа заман орнағаннан кейинги гөриниў гүл-бағшаға айналғанлығын, соның менен бирге, советлик дәўирдеги бахытлы заман көринисин кең мазмунда айтып береди. Бердақ сөзиниў изин былай деп тамамлайды;

Аббаз шайыр, елли жылда тирилдим,
Сөзлериме сен ҳақыйқат берилдиң,
Бүгин саған мен түсинде көриндим,
Оята-оята турған Бердақпан[2].

Бул айтыс қатарларынан Аббаздың да Бердақ шығармаларын жуда қызығыўшылық менен оқып, оннан қосық жазыўға үлги алғанлығын көре аламыз.

Кегейлиниў қыссахан шайыр Рам Арзы улы 1926-жылы бир неше рет Садық шайыр менен айтыспақшы болып, сыртқан тийисне етеди. Бирақ, оның менен халық алдында ашық айтысыўға қорқады.

Рамның бул ҳәрекетине жуўап иретинде Садық шайыр «Айтыс» қосығын жазады. Айтыста Садық Рамның қысса оқыўға шыққан бир сапарын тәриплеп жазады. Оның Кегейлиден шығып, жол-жөнекей Қосберген зергердиң үйине барып, оны қорқытып, өзинеийруўза жүзик соғып бериўине буйырық бергенлигин, темирши Қосымбет устаны жазықсыз соғып өлтирилгенлигин, Бердиханның бағында бир қыз бенен ўәделескенлигин, ол қыздың басқа биреў менен қашып кетип, қыздан пайда жеп қалғанлығын, Қаўсидер қыссахан менен Отеген қарыйды устаз етип, олардан қосық айтыўды үйренгенлигин, солай етип, ел гезип қысса оқыйтуғынлығын, үйленбей жүрген қақай екенлигин, ҳалын билмей «шайырман» деп мақтаныпатуғынлығын, өткир сатиралық тил менен жаныма тийгирип айтады. Рамның дене қурылысына мин тағып күледи. Минезиниў жаман екенлигин айтып, оны әшкара етеди.

«Екп шайыр көпке түспей сыналмас» деп Рамды халық-

[1] А. Дабылов. «Шығармалары», III том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1972, 31-бет.
[2] Сонда 85 бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

тың алдында айтысыўға шақырады. Садық бир неше ирет оның қыдырып барған жерлерине барганында ол қорыққанынан қысылып албыран қалады.

Барып түскен жериң сениң Қулмурат,
Биз барғанда неге қорықтың албырап?
Жараған түйедей ериниң салбырап,
Әжимди алдыңа салған усайсаң[1].

Айтыс мазмунлық жағынан қарақалпақ халқының ески традициялық айтысларына усайды. Айтыста қарсыласының минин айтыў, мин тағыў, өзин жоқары қойып, қарсыласын кемситиў, қорқытпа абай етиб т. б. сыяқлы мотивлер басым көринеди. Мәселен, «Ҳалыңды шақламай илдиң аяқтан, Айтысқандай шайыр болдың қаяқтан», Ҳәр бир пусқалардан масақ сөз терген, Сен қурама шайыр болған усайсаң», «Шайыршылық тайсалақлаў болмайды», «Ҳалың билмей ҳәлек болып жарысна» т. б. деп абай етеди.

Ҳаўазың қорқытар пайлы шылымдай,
Қашын айтысасаң қатын Тынымдай,
Аўзыңа қарасам үлкен жылымдай,
Шийелге де қыялланған усайсаң[2], —

деп Садық Рамды қатты күлкиге алады. Биз бул айтыстың ески традициялық айтыслардың үлгисинде 1926-жылы Рамның жағымсыз минезине байланыслы дөреп отырғанлығын көремиз.

1953-жылы июль айнының ишинде бурынғы Кенес районлық партия комитетиниң биринши секретары жолдас Энти Махмудовтың тапсырыўы менен Минәж Мәтсапаев Қ. Маркс атындағы колхоздың № 3 бригадири Зийнелдиң еккен пахтасын барып көреди. Көрсе бригадир тоқсан гектар жерге пахта еккен. Еккен пахтасынан үш ярым айға шекем хабар алмаған. Сеялканың изи елеге шекем бузылмаған. Жабайы отшөп басқан. Пахталар тырбыйып өспей қалған. «Қой... қуры көзим менен көрип, денем менен сезип кете бермей, пахталардың өзи менен де сөйлесип, аўҳал сорасайын. Олар өзлериниң аўҳалы ҳаққында не айтар екен. Мүмкин, пахталардың да айтажақ муқы бар шығар, деп пахтаға қарап былай сөз басладым»[1], — дейди Минаж аға.

«Ақ алтын, сен қулағынды салып мениң сөзимди тыңла. Сен алтын гөзийнениң уллы кәнисең. Сен елимизди нурға, же-

---

[1] С. Нурымбетов. Шығармалары, I том, ҚҚ МБ, Нөкис, 1960, 22-бет.
[2] Сонда, 23-бет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

римизди гүлге бөледиң. Ўатаным, халқым сениң тилегинде. Не себепли сениң жапырағың сарғайып, жүзиң солып тур. Сениң бундай болыўыңа не себеп болды. Шайыр ағаң сениң ҳалыңды сорап келип тур. «Ақ алтын» сен жетиспей турған кемисликлериңди маған айт. Быйыл аўқат-жемислериң жетпей турма? Бригадтың кемшиликлерин мойнына қой. Сен не себептен өспей турысаң?».

Буған пахтаның қайтарған жуўабы; «Усы партаўға мени әкелип екти де, меннен үш ярым айдан бери хабар алмады. Мениң тамағымнан жабайы шөп буўып, оны жаздыра алмай қыйналып турман. Мына турған Бесжантан бир қасық та суў ишпедим. Суўдан шөллеп, таңлайымыз кеўип тур. Басқарманың маған мийрими түспеди. Олар көзиниң қырын да салған жоқ. Агрономлар хабар алмастан кетти. Усы себеплер менен мен өспей қалдым». Мәселен, шайырдың жоқарыдағы мазмундағы пахта менен айтысының үлгиси мынадай;

Минаж:

Жапырағың сарғайып, жүзиң солып тур,
Бунша саған қандай аўҳал болып тур?
Ҳалыңды сорап шайыр ағаң келип тур,
Не себептен өспей турғаның сениң?

Пахта:

Басқарманың маған мийрими түспей,
Сол себепли қалды бойымыз өспей,
Мына Бесжантан бир қасық суў ишпей,
Сол себепли өспей турғаным мениң.

Айтыстың ең изинде шайыр пахтаға; «Халқымызға абырай, ғанқ алып беретуғын «ақ алтын» есапланған сениң усынрай, қарайсы турған қорлықлы аўҳалыңды районға барып айтпаман», деп оылдиреди.

Минаж, Мәтсанаев усылайынша айтыс жанрынан пайдалапып, мәмлекетлик ислке жуўапкерсизлик менен қараған басшылардың жатымсыз сырын ашып таслайды ҳәм бунындай кемшиликлерди тез жойыў ушын гүрес алып барады.

Айтыс қарақалпақ халқының Октябрь революциясынан бурынғы дәўиринде ең сүйикли, қызық жанры болып келген болса, Октябрь революциясынан кейинги дәўиримизде де ең сүйикли, қызық жанры болып есапланады. Бул жанр советлик дәўирде халқымыздың басынан кеширип отырған өмир турмысына, әдет — салтына байланыслы көплеп дөреп, раўажланып атыр. Совет дәўириндеги айтыстың бурынғы айтыс-

www.ziyouz.com kutubxonasi

лардай аўызша ҳәм жазбаша өсип раўажланып отырғанлығын көрип отырмыз.

Совет дәўириндеги айтыс Уллы Октябрь революциясынан бурынғы айтыстан үлкен өзгешеликлери менен айырылады. Бурынғы айтыста бир-бириниң минин айтып кемситиў, даўтартыслар т. б. басым келетуғын болса, ҳәзирги айтыста жаңа өмир, социалистлик ҳәм коммунистлик мазмун жаңа тарийхый табысларымыз жырланады. Бул айтыстың тематикасы оғада бай, мазмуны кең жәмийетлик роли жақларынан озық болып келеди. Мәселен, Уллы Ленин, Ўатан, Москва, коммунистлик мийнет, дослық — туўысқанлық байланысымыз, мәмлекетлик қурылысымыз, жер асты тәбийғый байлықларымыз, илим ҳәм техникалық қуралларымыз, өсип жетискен жоқары сана сезимимиз, коммунистлик мораль, еки жастың арасындағы муҳаббатлық сезим, республикамыздың негизги кәсиплери болған пахташылық, балықшылық, салыгершилик, мал шаруашылық сыяқлы әҳмийетли темалар айтыстың негизги арқаўы болады.

Дин, қалың мал, урлық, пара, жолы бузықлық, менменлик, көкнар ишимлигине берилип кеткен кейипшил нәшебентлер, мәдениятсызлық сыяқлы коммунистлик моралимизге жат болған өтмиштиң сарқытлары айтыстың қатты сынына алынады.

Мине, усы айтылғанлардың өзи нен-ақ совет дәўриндеги айтыстың жаңа мазмун, жаңа сыпат, жаңа түрге ийе болғанлығын бизге жақсы таныта алады.

Айтыс жанры елимизде коммунизм жәмийетин қурыўда ийгиликли хызмет ислейтуғын үлкен әҳмийетке ийе болған халқымыздың руўхый қуралы болып отыр.

Садық шайыр менен Рам шайырдың жумбақ айтысы

Рам шайыр;

Иргим салпаў,
Төрт лаў-лаў,
Ялғыз шыбыжың,
Еки дүң-дүң,
Ол не болар?

Садық шайыр;

Иргим салпаў дегениң,
Мен ойлайман наўа деп.
Төрт лаў-лаў дегениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўжалақ пенен қыр жалақ,
Қөмеш пенен ширишиң,
Сонда төртеў болады,
Излеп жүрген даўа деп,
Ялғыз шыбыжың дегениң,
Шығырға қосқан байталың,
Сен отыра бер аўа деп.
Еки дүн-дүн дегениң,
Ўортаның еки басы екен,
Бузылып кетсе жылайсаң,
Я нәйлаж баба деп.

Рахманберген менен айтыста ярымда қалғанлары

Кегейлиден шықтың Жаңабазарға,
Зергер менен темиршини жазарға,
Болысын теңгерип Қудайназарға[1],
Орамға лап урып келген усайсаң.

Шайырман деп ат үстинде шаңкийип,
Қойдағы ешектей турдың ҳәңкийип,
Олыйып қарайсаң аўызың пәңкийип,
Лўлақта сәўлеңнен қорыққан усайсаң

Белбеў ушы менен ерниң сыйырып,
Әжим жолдасың да мурнын жыйырып,
Еркеше орнына ҳзик шыйырып,
Бекановтай сен далыйған усайсаң.

Улт айырып сөз айтасаң араздай,
Өгизлик қылсаң кимге Ораздай[2],
Кекилиң салбырап түйе қораздай,
Ернинди жаздырып күлген усайсаң.

Шуғылдай адамның үстинен сайып,
Қумсадай қашасаң қыздан муңайып,
Үйленсең кетер ме дәўлетиң тайып,
Жалғыз басың еле жүрген усайсаң.

Қолларың жабадай кеткен тарбайып,
Қыз айттырсаң бос қаласаң сарғайып,

Қудайназар кандилет.
[2] Ораз — белгили аталық.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳалың билмей ат үстинде шалқайып,
Шомақ қызға бир ым қаққан усайсаң.

Гейде адам қусап жуўап айтасаң,
Алып қаш дегенде қорқып қайтасаң,
Жағдайынды билмей неге өйтесең,
Аласардай деңип қашқан усайсаң.

Хорезмнен қыз алсам депсеңиз сайлап,
Өлгенде табарсаң өзиңе тайлап,
Паризди питкерсең үш жерден байлап,
Замийиннің астынан алар усайсаң.

Тыныш тура алмайсаң ҳалынды билип,
Бир қыз алалмадың соңша жыл жүрип,
Мәткеримди[1] жақлап көнектей үриң,
Ҳәрким менен мәлеллескен усайсаң.

Пейлиңнен көп жедиң журттың таяғын,
Отырсаң астыңа сыймас аяғың,
Қызлар қәлейтуғын сениң қаяғың,
Саранаўдай сегбир тартқан усайсаң.

Еки шайыр көпке түспей сыналмас,
Анасының нәсиятын дым алмас,
Аўызын ашса бир саат та қымалмас,
Қосық айтаман деп бүлген усайсаң.

Аяғың сес берер жүрсең маладай,
Атаң Арзы қәлдур шайбас танадай,
Аўызынды кемситип сейисханадай,
Өкпелеп бир баяз айтқан усайсаң.

Асаў тайдың жылаўынан қағасаң,
Пәтқумар қалдым деп бизге шабасаң,
Ҳәптеде ойланып бир сөз табасаң,
Кеўлим ырзаман деп жүрген усайсаң.

Ҳалынды шақламай илдиң аяқтан,
Айтысқандай шайыр болдың қаяқтан?
Ҳәр жерлерде сыйың питип таяқтан,
Әтешкүрге гүлхан болған усайсаң,

---

1 **Мәткерим Беканов** — ағайынлы адам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жөнекей тапқаныҥ Қосберген зергер,
Бийғуна адамды не себеп тергер,
Дәўсебендей даўрығысаҥ болып шер,
Сен бираздыҥ түсине енген усайсаҥ.

Лақабыҥ кимдур деп жаздыҥ атыны,
Қосберген зергердиҥ қорқып қатыны,
Бузысаҥ көригин алып затыны,
Әкеҥ меншигиндей қылған усайсаҥ.

Хәм оныҥ үстинен актлер дүзип,
Қыңырдай аўнаысаҥ дуқанды сүзип,
Зергерге буйырдыҥ пийруўза жүзик,
Қайсы бармағыҥа салған усайсаҥ.

Айтқан сөзиҥ толы журттыҥ ғырнағы,
Ылапыштай туўлайсаҥ жатқан қырдағы,
Гилмаладай тырнар хәрбир тырнағы,
Мазандаран бәлесине усайсаҥ.

Ийшан слатында Қосымбет уста,
Оқыйман деп шақырысаҥ бир қысса,
Қосықты шығарып күн батар туста,
Полатларын темир қылған усайсаҥ.

Темиршиниҥ сен сөгинсеҥ Даўытын,
Түйе болсаҥ қоймас ениҥ хаўытын,
Чаржоудан жүклесеҥ таўар маўытын,
Үлектей бурқырап гезер усайсаҥ.

Жолдасыҥ Әжим де турды хаў менен,
Ерниҥ тесип жетеклесеҥ баў менен,
Төрткүлден айдасаҥ Қаратаў менен,
Мүмкин Урысайда шөгер усайсаҥ.

Хаўазыҥ қорқырар найлы шылымдай,
Қашып айтысасаҥ қатын Тынымдай,
Аўызыҥа қарасам үлкен жылымдай,
Шийелге де қыялланған усайсаҥ.

Бир гөззал көрдим деп жаман жағынан,
Шыдай алмай сийнесиниҥ дағынан,
Хабар алып Бердиханныҥ бағынан,
Бир қыз бенен ўәделескен усайсаҥ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Терең ағып сен жуўаздың оғындай,
Қозғалмайсаң байлар берген соғымдай,
Еңсең түсип ҳәги кеткен тоғындай,
Қыслаўын айналып жүрген усайсаң.

Палўан екен дейди сыртыңды көрген,
Батыр екен дейди муртыңды көрген,
Узатқан қызлардың журтыны көрген,
Соның менен аўқат еткен усайсаң.

Алып қашқан Дилим ярын сол ақшам,
Жете алмайсаң енди қуўып ат шапсаң,
Әўлийе екенсең сол қызды тапсаң,
Қәлпедей алаңлап жүрген усайсаң.

Үшбас аўылыңа қайттың сол күни,
Қыйын болды денсең қыздың сургини,
Шыдай алмай тағы атланып бир күни,
Сыр бермей елатта бүлген усайсаң.

Шайырлыққа сен шайырлық қостың ба,
Ойласыпсаң Боранбайдай достыңа,
Гейбир дос бар, сабан тығар постыңа,
Сен масқара болып келген усайсаң.

Мудам исип жүрген өкпе қолқасы,
Бир тислем нан болған шайдың ҳалқасы,
Тай минип жүргениң халықтың арқасы,
Қызларына ыза берген усайсаң.

Албырап Өтеген қарыйды көрген,
Устазым деп үш күн жетеклеп жүрген,
Ҳәрбир нусқалардан масақ сөз терген,
Сен қурама шайыр болған усайсаң.

Сендей адам өзин әшкара етер,
Көпшиликке күлки масқара етер,
Өтеген қарыйың қанша үйретер,
Сен оған сүйенип жүрген усайсаң.

Шайыршылық тайсалақлаў болмайды,
Жас уллыны ҳүрметлейди, сыйлайды,
Төрт аўыз қосығың ишке сыймайды,
Жүрегиң шәўкилдеп жүрген усайсаң.

Үшбас — урыўдың аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жума ақшамы кеттиң Қарасыйрақтан,
Қус қашырған қәлпе яңлы ат шапқан,
Бозкөлден айналып Есебийжақтан,
Тағы бесиншиге келген усайсаң.

Барып түскен жериң сениң Қулмурат, —
Биз барғанда неге қорықтың албырап?
Жараған түйедей ерниң салбырап,
Әжимди алдыңа салған усайсаң.

Адам жоқта шайырман деп лаф урдың,
Ешегин жаманлап Юсуп қотырдың,
Бизди көрип сен қыйпаңлап отырдың,
Қандай жумыс пенен шыққан усайсаң.

Ҳалың келмей ҳәлек болып жарысқа,
Лўызыңды ашсаң ерниң кетер қарысқа,
Өгиз болсаң сыймас едиң арысқа,
Шүкир әйлениз инсан болған усайсаң.

Бир жаз мәкан еттиң Нариманның тутын,
Қыз келсе дөнтердиң астында қутың,
Қолың Қорасанда, Бухарда нутың,
Соныңдай мәс қақай адам усайсаң.

Хорезмде жоқдур сениңдей ақмақ,
Жоқарысы Питнек, төмени Тоқпақ,
Геўденди көтерсең қазылар соқпақ,
Мәгер дәўге шатас болған усайсаң.

1926-жыл, Кегейли.

* * *

Сораў —

Аббаз шайыр туўдың ата-анадан,
Орын алдың заманында жаңадан,
Сизден саўал сораў ушын хат жаздым,
Хабар әйлең Москвадай қаладан.

Бир қала үстинде бес жулдыз жанған,
Ўатан халқы азат-еркин оянған,
Жерлери жайнаған теңизи тасқан,
Қала атын билиўди қумар әйледим.

Қулмурат — баққал.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяда аныклап гүреслер ашкан,
Көпшилик халкымның күшлери таскан,
Хәзирде өзи жок, иси ең шашкан,
Атын билиў ушын кумар әйледим.

Хакыйкат шынлыктың жолын услаған,
Устазының саррас жолын хошлаған,
Миллион-миллион халыкка жолды баслаған,
Атының дурыслығын дәркар әйледим.

Төрт хәриптиң бардур онбир баласы,
Ўатанымның байлык-бахты, данасы,
Күн-күннең күшейип аўыл каласы,
Туўысканлык исин керек әйледим.

Бир пайтах, гигант байлыкка баткан,
Океан, теңиз, атаў, дәрья, көл жаткан,
Бирликтиң, дослыктың дәмлерин таткан,
Сол еди билиўге кумар әйледим.

Бес саўал бердик биз күтемиз жуўап,
Бирдей отырмадык, биз сизди сынап,
Жуўабының пүткил халкына унап,
Көргенинди айтып баян әйлегил.[1]

Жуўап —

Шайырлар сөз айтса кеўилден табар,
Москваға мен өзим бардым бир сапар,
Билгенимди айтып қағаз жүзинде,
Саўалыңа жуўап берейин хабар.

Саўатсызбан, менде қандай сезим бар,
Жасымнан писпеген шийки гезим бар,
Әдепки саўалга көбирек айландым,
Москва үстинде бесжулдызы бар.

Бардым бир күн Кремльге жол асып,
Нәўбет күтип хәмме турды қарасып,
Кремльдиң күн шығары қасында,
Бир айшық көринди турған жарасып.

Бизден бурын азат болып оянған,
Мәңгилик бахытқа шад боп тойынған,

[1] Шайыр хәм жазыўшы Жолмурза Аймурзаев тәрепинен сораў берилген.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мавзолейдиң күн шығары астында,
Алтын саат пенен айшық қойылған.

Петербурға келип, гүреслер ашқан,
Дослары қосылып, душпаны қашқан,
Әдеп келди Ленин жолдастың өзи,
Мийнеткеш жол таўып, байлар адасқан.

Гүрес жасап Қызыл туўды услаған,
Бир душпанды бир душпанға қоспаған,
Мийнеткешти бай қолынан қутқарып,
Тусаўларын шешип, ўақтын хошлаған.

Төрт ҳәрип деген СССР дың ҳәриплери,
Байлыққа, бахытқа жеткен жерлери,
Туўысқан, дослық пенен жетип барады,
Күнбе-күн өседи қай өнерлери.

Еңбекшиниң бирлик еди тилеги,
Күшке толды мийнеткештиң билеги,
Бул Москва жеримиздиң киндиги,
Жоне тағы СССР дың жүреги.

Партиямыз саррас жолды баслады,
Ленинниң байрағын бийик услады,
Қандай жаўлар көз алартып келсе де,
Батыр халқым ҳеш душпаннан саспады.

1939-жыл.

* * *

Мойнақлы Алтынай деген қыздың әскерий хызметтеги сүйген жигити Елмурат деген жигитке қосық пенен жазып жиберген саўаллары;

Елмурат мен саған арнап жаздым хат,
Сениң менен дослық қумарым барды.
Мына саўалларды шешсең атма-ат,
Ҳәммесин билмеге қумарым барды.

Жер жүзинде қурғақ көп пе, суў көппе,
Қай жерде суўықлық, қай тәреп бетте,
Қай жерде ыссылық қай тәреп бетте,
Буларды билмеге қумарым барды.

Жер жүзинде бийик болар қайсы таў,
Қайсы тәреп бетте Сахалин атаў,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оның қай жағы қыр, қай жағы матаў,
Кеңлигин билмеге қумарым барды.

Ең уллы дәрья қай жерде болар,
Сағасы қай жерден қай жерге қуяр,
Ол уллы дәрьяның аты не болар,
Узынын билмеге қумарым барды.

Пүткил жер жүзинде қанша халық турар,
Қайсы мәмлекеттиң халқы көп болар,
Қайсысы бай, уллы орынды алар,
Буны да билмеге қумарым барды.

Жер шарында үлкен болар қай шәҳәр,
Қай қаланың қанша миллион халқы бар,
Адамлары қанша қабат жай салар,
Буларды билмеге қумарым барды.

Бир жылда неше ай, неше күн болар,
Неше минут өтин нешеси қалар,
Онда неше саат секундқа толар,
Буларды билмеге қумарым барды.

Адам бир минутта қанша дем алар,
Демалыс бир айда қаншаға толар,
Бир жылда ҳәммеси қаншаға барар,
Оны да билмеге қумарым барды.

Адам тиришиликте қанша жыл өтер,
Оның мийнет пенен қаншасы кетер,
Адам қалайынша бахытқа жетер
Буларды билмеге қумарым барды.

Адам өмиринше қанша аўқат жер,
Үстине қаншелли таўарлар кийер,
Қирпик бир-бирине неше ирет тийер,
Есабын билмеге қумарым барды.

Жақсының қандайды минези-қулқы,
Арзаныў-қымбаты сөзиниң парқы,
Абадан шадлықта жасайды халқы,
Буларды билмеге қумарым барды.

Қыз таңлаған жигит болар қандайын,
Жигитликтиң сынап көр бир ҳал-жайын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы адамның пыйғалы ҳәм шырайын,
Пыйғалын билмеге қумарым барды.

Қандай адам жақсы яр-дос болмаға,
Сүйек берип, тағы сүйек алмаға,
Өлгенше қатнасып тамыр болмаға;
Мәртлигин билмеге қумарым барды.

Қандай адам жаман деген ат алар,
Кимлерден күш алып, кимнен пәт алар,
Неге олар өз тилинен шаталар,
Буны да билмеге қумарым барды.

Қандай болар жүрик аттың мүшеси,
Жемлерин қалай жер, қандайды сести,
Көкке қарай гүлдир-гүлдир киснейди,
Тәрипин билмеге қумарым барды.

Ең жақсысы қандай болар жүзиктиң,
Жасаўға қолайлы қандай турмыстың,
Мыстан гөри парқы қалай гүмистиң,
Баҳасын билмеге қумарым барды.

Усы саўалларға жуўап күтемен,
Шешсең шыбын жанды пидә етемен,
Билмеймен мақсетиме қашан жетемен,
Бир ғошшақ жигитке қумарым барды,

Урыўым Қыят-ты, атым Алтынай,
Мойнақтың қаласы бизиң мәкан-жай,
Саррас 40 жыл мине бүгин Биринши май,
Мениң артисткалық талабым барды.

Нашарлық басымды бәйгиге тиктим,
Саўаллардан өтсең жуўабын күттим,
Байлығын сорайман сеннен ҳәр ултты
Буларды билмеге қумарым барды.

Елмурат фронтта, өзим Мойнақта,
Әскерлик хызметин үйрен ол жақта,
Жолларыңа қарай күн-түни бул жақта,
Алтынайдың дослық қумары барды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елмураттың Алтынайға қайтарған жуўабы:

Дослық зинҳар әйлеп сәлем хат жазсаң,
Нийетинди қабыл алсам керекти,
Саўалларың бирим-бирим шешпеге,
Қолларыма қәлем алсам керекти.

Бир қырда төрт бөлек дуньяның жүзи,
Ең ыссы атайды Саҳара шолин.
Суўық дейди Антарктида жерлерин,
Онда адам жасаса керекти.

Памир таўы болар дуньяда бийик,
Төбеси тур дейди аспанға тийип,
Басында ойнайды қулапыў-кийик,
Ол да Тәжикстанда болса керекти.

Сахалин атаўы Узақ Шығыста,
Оны теңиз оран алған шығыстан,
Оның суўы қатнай қысы, жазы да,
Төрт этираны теңиз болса керекти.

Уллы дәрья болар СССР да
Биринши орынды алған дуньяда,
Узынлығы оның мыңнан зыяда,
Аты бизге Волга болса керекти.

СССР-ым болар дуньяның байы,
Нағышлап салдырған сарайы,
Ортасында Москвам бар орайы,
Бир үйге бир машин болса керекти.

Москва пайтахтым ең уллы қала,
Көп этажлы жайлары бар қалада,
Бир жайы цементтен, бир жайы қола,
Көп миллионнан асса керекти.

Жыл — он еки ай, үш жүз алпыс күн болар,
Елиў мың алты жүз саатқа толар,
Және де төрт саат аўысып қалар,
Минуты бес мыңнан асса керекти.

Адам он минутта он үш дем алар,
Үш жүзде алпыс мың бир жыл да болар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты жүз миллион дем бир айда толар,
Тағы алты мыңы асса керекти.

Адам жасар жетпис сексен арасы,
Мийнет пенен өтер көби шамасы,
Бирақ биреўлердиң жасы жетпей ақ,
Дүньядан ўақытсыз өтсе керекти.

Халқымызға бийдай керек ишпеге,
Жасаў ушын товар керек киймеге,
Кирпик шети бир-бирине тиймеге,
Шама менен мүмкин болса керекти.

Жақсы адам аз сөйлеп, көп ойланар,
Жақсы жигит билип кеңнен айланар,
Биреў жәбир көрсе оған қыйланар,
Данышпан досы болса керекти.

Сулыў қыздың күндей күлер, көзлери,
Қаслары қундыздай, айдай жүзлери,
Палдан шийрин болар айтқан сөзлери,
Шаны өкпесине түссе керекти.

Өзи сулыў ҳәр минутта наз етсе,
Ҳәр келгенде алты ай қысты жаз етсе,
Айттырмай-ақ барлық исти жай етсе,
Бир жигитти адам қылса керекти.

Жигит жақсы болар досы көп болса,
Еки сөзиниц бир айтқаны гәп болса,
Келгенди сыйласа ҳақ талап қылса,
Аты журтқа ага болса керекти.

Яр-дос болсаң мәртлерге қос басыңды,
Қыйланбай бер қонағыңа асыңды,
Өлги етсиц сениц еткен исиңди,
Жақсы тамыр жандай болса керекти.

Көшпиликке басын қосын бир жүрмес,
Қара қайғы басын бир жайнан күлмес,
Көшпилик отырған жерлерге келмес,
Өз үйинде гүмира болса керекти.

Жақсы аттың жалы болар қуўрайдай,
Төрт аяғы ойға тиккен отаўдай,
Жалы төңкерилип турса атаўдай,
Туяғы қоладан болса керекти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жумыстың жақсысы колхозшы болсақ,
Кетпен урып удайына ис қылсақ,
Кеште өз үйинде гүмирада болсақ,
Патшалықтан артық болса керекти.

Саўалларың шештим ҳалым келгенше,
Еле саўал жаза бергил бир неше,
Бизге қас душпанлардың үнлери өшсе,
Мен де усы тойда болсам керекти.

Сен мийнет фронты — исте Алтынай,
Хат жазаман саған арнап бир талай,
Жазған саўалларың кеўлиме бәржай,
Өмирлик ўәдени бериў керекти.

Қосық пенен шығарайын атыңды,
Алдым конверттен саўал хатыңды,
Қабыл алып сениң шабатыңды,
Бир-биреўди ҳүрмет етиў керекти.

Жер жүзинде түрли өнер илим бар,
Жер жүзинде икимиятлы билим бар,
Мойнымда мүддетли еки жылым бар,
Аман барсақ дәўран сүриў керекти.

Мамық қыз бенен молла Омардың жумбақ айтысы

Мамық қыз;

Қырым деген шәҳәрдиң,
Ишинде көрдим қырқ қонақ,
Алпыс қасқыр аналы,
Жетпис қасқыр балалы,
Ислер иси бәриниң,
Жыйналып жүрип қой қырмақ,
Тоскейден асаў тоқтаттым,
Буғалықсыз қур-қурлап.
Бәйбишени байға ояттым,
Ишарат пенен тур-турлап,
Үйге бақан тиредим,
Бес-бестен отыз сыр-сырлап.
Тоқсан үйрек, отыз ғаз,
Ушады, көлден пыр-пырлап.
Еки лашын, бир суңқар,
Ушады қайта ғанқылдап.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Муны шешкен жигитлер,
Ақтөске минер ыңқылдап,
Шеше алмайтуғын келлелер,
Мазамды алма қыңқылдап,
Байсарының қызыман,
Ылайықсыз сөз айтып,
Не қылайын сыңқылдап.

Омар:

Сөз тыңлап оқып көрдим сизиң хаттан,
Сораған шашын қабар ҳәр елаттан,
Айтыўшы Байсарының қызыман деп,
Бир аўҳал аңлатыпсаң жағдай аттан.
Табатын талантты ерге аўыр кейип,
Ҳәр журттың азаматын тоңырқатқан.
Аңқыған ақ бөкендей жумбақ екен,
Мергенге гезлеспейтин көзден атқан.
Қәдимги қыз бен жигит ҳәзиллеспек,
Қалған соң бурын мийрас жазыў ҳақтан.
Мендағы өз халқыма шештим былай,
Болармаң я унамай, я унатқан.
Усы екен Қырым деген шәҳәриниз
Дуньясын биреў алып, биреў сатқан.
Қырқ қонақ қыздың жанын мысал қылып,
Пақылға сөзиң екен ыңғайлаткан.
Аналы алпыс қасқыр асыўлығын,
Көзинди көрингенге алақлатқан.
Балалы жетпис қасқыр нәпсин шығар.
Аўзынды ҳәр ышқыға қамап жатқан.
Бәйбише деген сөзиң ашыў шығар.
Жумысқа қайда бузық жақыплатқан,
Бес жас пен, отыз жастың арасы ғой.
Бир суқар, еки лашын қанат қаққан.
Жүргенде айнала ушып ақыр алар,
Қыз бала ер өзине некалатқан.
Өз атың ойларымша Мамық шығар.
Шешилсе, шешилмесе өзи билсин,
Молла Омар усылай деп жағдайлатқан.

* * *

Омар шайыр менен Ермағамбет шайырдың жумбақ айтысы

Ермағамбет:

Қысырақ саны өнеки кетти ыдырап,
Еситип жоқ қабарын шықтым сорап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сорадым бағыўшыдан буўазларын,
Басқасы сегизинен екен қысырақ.

Екеўи төрт қысырақтың қуда туттым
Келгенде кеўли ушын услап сойдым,
Екеўин мәзи адамға берген менен,
Кетеди кеўли толмай, минбей таслап,

Екеўин буўазақтың ҳаял минеди,
Болған менен жасы ғарры жолы жас деп,
Жаныўардың үйири бир, түси—турли-турли,
Шешеди билген адам неге нусқап,

Дуньяда жоқ нәрсени ҳешким жазбас,
Шешкенде тап қойғандай қол менен услап.

Омар шайырдың шешиўи:

Шешиўин мен ойласам бул жумбақтың,
Мәнине салыстырып кеўил шадтың,
Келеди қолайласын сөз жүйеси,
Онеки жилигине ҳайўанаттың;

Жиликте он еки жаўрын, онеки жанбас,
Төртеўи туўел болды қысырақтың
Жаўырын сүйексиз ас деген шығар,
Берген менен кеўли питпес, қуры жек жаттың.

Белгиси сондай болды тәрбияттың,
Буўаз деп майы барын мегзетемен,
Уйғарып сөз мәнисин бул жумбақтың.
Тағы бар аты машҳур бул халықтың.

Оларға қажети жоқ, сөз айтқанның,
Ырас ол жаныўардың үйирими бир,
Түси түрли-түрли, түрли-түрли,
Усылайша жаратыўшы жаббар ҳақтың,

Табылса, табылмаса мейли билсин,
Бир нәрсе жазып солай жағдайлаттым.

* * *

Берилиўи:

Төрт тулға бир денеге басын иймек,
Келмесе бир-бири төрт тулғаның,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Питимге жарамайды алып бермек,
Төртеўдиң төрт тарыйха жумысы бар.
Жәмийетке бул төртеўи күтә керек,
Күши бар қәҳәрленсе жан шыдатпас,
Тәбият берген қуўат күтә бөлек!

Ш е ш и ў и:

Мегзетемен бул жумбақты мәмлекетке,
Армия, ақша менен жери болмақ,
Төрт дене сонда ғана түўелленеди,
Қосымша үшеўине ақша қоссақ,
Төртеўи ҳәр жумысты атқарады,
Соның ушын етер иси бөлек-бөлек,
Армия ел қорғаны Ўатан ушын,
Керегин жәмийеттиң ақша атқарады,
Жер болса уллы Ўатан халық ушын,
Соплықтан жер көлеми керек қылмақ,
Атағы мәмлекеттиң сонда шығады,
Жоқарғы үшеўине классты қоссақ,

Б е р и л и ў и:

Ойланып бул жазғаным және жумбақ,
Салмағы елиў дана жейтуғын жемис,
Жансыз зат жәмийет ушын күтә керек,
Буўрадай көлдеги түссе жуни,
Алдынан жан шығармай етип бөлек,
Мың түги бир силкинсе төгиледи,
Сонда да ҳалын сақлап кетпес бөлек.

Ш е ш и ў и:

Жүгирттик айтып жумбақ ҳәр тәрепке,
Шешермен болса мәдет тил менен жаққа,
Салмағы алпыс алты дегеннен соң,
Усаттым станковый пулеметқа,
Корпусы алпыс алты болса кило,
Дегенин қос дөңгелек тиреў болмақ,
Екі жүз елиў дана болса жеми,
Ол оқ ғой лентадағы қойған санап,
Бир мың оқ минутына атылады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдынан адамийзат қалмай шыққан,
Шыдамлы бузылмастан қәлпин сақлап.

Ермағамбет;

Төрт аўыз ой менен, ойлап жаздым жумбақ,
Ким тапсын, есинде болмаса, бермесе бақ,
Бүгинде адамлардың бәри билгиш,
Бизде емес ҳәр кимде бар, түрли шатпақ,

Мәгәрде таўып биреў шеше ғойса,
Бизлерди недер еди, демей ақмақ,
Тағы бар буны тапсаң екиншиси,
Мүшкил ис ҳәркимге де буны таппақ.

Теңизден терең, қайсы жерден,
Не болар палдан татлы, жерден жалпақ,
Төртеўи туўел болды түсингенге,
Жүйрикке сөз өлшеўи түсер салмақ.

Жаҳанда жоқ нәрсени ҳешким жумбақ қыла алмас.
Қорқытып тек абай менен жүйрик алмақ.

Омардың шешиўи:

Бизлерди көп ҳарытпай шалкылатып,
Аяғын тай қуландай болып көбен,
Жағдайын жас баланың байқаў ушын,
Жазыпсаң төрт аўыз сөз тағы жумбақ.

Айтыссам айбатына абай қылып,
Толық жуўап бериўге келмес шапшаң,
Дәлиллеп таппасамда жаздым былай,
Тәўекел ендигисин енди көремен.

Теңизден терең қайсы деп жазыпсыз,
Адамда ҳешнәрсе жоқ ойдан терең,
Не нәрсе желден жылдам тағы өзиң,
Қолында Мустапаның жазған қәлем,

Бир сөзиң палдан татлы және де бар,
Нәрсе жоқ ўйқыдан татлы бул дуньяда,
Бар екен үш кәрамат жерден жалпақ,
Айтқаным ҳәр қайсысын болар еди жөн,
Айтпасаң сен айырып ҳәр қайсысын?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ермағамбат:

Еккеним бир шанаққа жалғыз бийдай,
Кемалға суў ишпесе турар келмей,
Бир күни суўға мийри қанып алса,
Турады қанасына ҳешбир сыймай.
Ойласам булай емес, бул аманат,
Отырар ийеси келсе көзи қыймай.

Қыз:

Сүйегин жалатыпты ҳасыл тастан,
Ләпсиге жақын турады қарындастан,
Пышақсыз терисин теспей сорып,
Қулыпсыз еки тастың аўызын ашқан.

Еримбет шайырдың жумбағы

Әлеўмет сөз айтаман салса қулақ,
Болмайды адамзатқа дүнья ортақ.
Бир аўыз келди жумбақ қыялыма,
Сорасаң буның аты мәки жанғақ,

Қулып жоқ, яки аўзы бир қара сандық,
Ҳешқандай қолдан келмес аўзын ашпақ.
Омар шайыр буны адамның жаны деп шешеди.

* * *

Шайыр:

Алтын жүўен ат минип,
Бедеў минген бар мекен?
Табанына тас қойып,
Баҳәр еткен бар мекен?

Жол үстинде жоқшылқаға,
Ат семирткен бар мекен?
Көл ишинде шоқ жекен,
Басын буўған бар мекен?

Қыз:

Алтын жүўен ат минип,
Бедеў минген ол батыр,
Табанына тас қойып,
Бәҳәр еткен ол батыр,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жол үстинде жоқышқаға,
Ат семирткен қараўыл.
Көл ишинде шоқ жекеп,
Басын буўған балықшы.

* * *

Ёлка мине безелди,
Сақланып тәртип, тежелди,
Ҳәр қыйлы шамлар жарқырап,
Әтирап жайнап өзгерди.

Ақ дегелей басында,
Жетпис-сексен жасында,
Аяз баба келип тур,
Қар қызы бар қасында.

Аяз баба:

—Аманысыз ба балларым,
Қалай, аўҳал-ҳалларың?
Жаңалық, табыс ҳаққында,
Айтыўға маған ғамланың?

Зәўре:

Бар еди бурын қос орден,
Енди болды үш орден,
Халқымның исин баҳалап,
Буны партиям берген.

Азат:

Мол бердик быйыл пахтаны,
Бизлер де қарап жатпадық.
Жәрдемге ата-анаға,
Атызларға қатнадық.

Сапаргүл:

«Сары алтын» деймиз салыны,
Планнан артық алынды,
Көргенде ҳайран қаласыз,
Қой менен қара малымды.

Сәлим:

Мойнақлы дослар балықты,
Көп етип уўлап алыпты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Выйыл да мәртлик көрсетип,
Қуўандырар халықты.

Шынар:

Оқыўды салсам еске мен,
Оқыймыз төрт ҳәм бес пенен,
Күнделиктен табылмас,
Ҳәттеки баҳа үш деген.

Аяз баба:

Қәне кимниң есинде,
Көрилген пахта исинде,
Академик ким еди,
Алтын жулдыз төсинде?

Балалар:

Шымбайдың шам-шырағы,
Мол зүрөөт мурады,
Қахарман ата Шамурат,
Мәнгиге ядта турады.

Аяз баба:

Жаңалықты хошлаған,
Қызларға уран таслаған,
Көк корабль айдаўды,
Ким биринши баслаған?

Балалар:

Мийнетинен бахтын таңқан,
Орын алған алтын сантан,
Билемиз Айым анайды,
Жумыртаўға шырақ жаққан.

Аяз баба:

Қыялы қумлы жайлан жүрген,
Жайлаўларда айлан жүрген,
Дөнгы шыққан қайсы шопан,
Сүриўлеп қой айдан жүрген?

Балалар:

Пысер-посер жаўындда да,
Қарсы қыс ҳәм даўылда да,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қой өсирген Самбай аға,
Жайлаўда да, аўылда да.

Аяз баба:

Әсиресе, соңғы ўақта,
Төктиң таўы, Қыран жақта,
Қим еди салы устасы,
Ийе болған үлкен даңққа?

Балалар:

Питик болар еккен жери,
Маржан болар төккен тери,
Тонна-тонна сары алтыны—
Қан Алексей ердиң ери.

Аяз баба:

Ғайратланып күни-түни,
Ҳүрметинде халықтың,
Атағы шыққан балықшы,
Аралдағы алып, ким?

Балалар:

Шеберликти меңгерген,
Ҳинжи таўып, мол берген,
Ҳүрметли Аяп ағамызға,
Таўдай толқын жол берген.

Аяз баба:

Болды, болды, болғаны,
Бабаңның кеўли толғаны,
Рахмет, рахмет сизлерге,
Алыңызлар саўғаны.
Иши қызыл-жасыллы,
Саўға қалта ашылды,
Тас төбеден ҳәммеге,
Шадлық дүри шашылды.

Сазға сай қәдем тасланып,
Қолларға қол усланып,
Аяз баба ортада,
Кетти ойын басланып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтылды шадлы қосықлар,
Балалар жүр йошланып.

Балалар:

Мудам жассаң, жасылсаң,
Қодирлисең, ҳасылсаң,
Байрамлардың басысаң,
Ёлка, ёлка ёлкажан.

Көк лиҳаслар жамылып,
Көп безенип тағынып,
Оранысаң малынып,
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Мысал менің заманым,
Жадыраған жамалың,
Шадлығы ҳәр баланың,
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Айтын қосық ойнаймыз,
Шырайыңа тоймаймыз,
Шарнағанна қоймаймыз,
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Жаңа жылды баслайсаң,
Жүзиң жарқын жаснайсаң,
Уақтымызды хошлайсаң,
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Сәўлатыңа соз барма,
Коркиңе тояр коз барма,
Шарнайтуғын оз барма,
Ёлка, ёлка,ёлкажан.

Ата:

Бизиңшелердиң билгиши,
Дүньяда тек, бир киси,
Ойлаңыз айтын балалар,
Таныйсыз силе бул киси?

Балалар:

Таныс, таныс, ол таныс,
Ол биздердиң атамыз,
Жәҳәниң дана Ильичи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Мынаны тағы айтыңыз:
Қуяшлардың қуяшы,
Дүньяда биреў қулласы,
Ойланып айтың балалар,
Ол не екен шамасы?

Балалар:

Айтсаңыз оны жетпес тил
Өмиримизди еткен гүл,
Ленин Компартиясы.

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Мынаны тағы айтыңыз:
Нызамлардың Нызамы,
Дүньяда биреў озалы,
Ойланып айтың балалар,
Ол қандай Нызам мысалы?

Балалар:

Конституция ол бизиң,
Қызықтырған жер жүзин,
Өшпес бахыт нышаны.

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Мынаны тағы айтыңыз:
Жолы нур-көзге тотыя,
Ойланып айтың балалар,
Ол қандай күш өзи, я?

Балалар:

Ол әлемде жарқын ис,
Ол жеңилмес ақыл күш,
Ол Ленинлик идея!

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Мынаны тағы айтыңыз,
Қудиретли барлық Ўатаннан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дүньяда бир Уатан бар,
Ойланып айтың балалар,
Ол қандай ел аталар?

Балалар:

Жоқ ҳеш қандай теңлеси,
Ол СССР үлкеси,
Дүньяда бир ел саналар,

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Мынаны тағы айтыңыз:
Жулдызлардың жулдызы,
Дүньяда биреў нур жүзли,
Ойланып айтың балалар,
Қайсы елде ол өзи?

Балалар:

Ол жулдыз жарқын бахтымыз,
Кремль шырақ жақтымыз,
Ислам алған жер жүзи.

Ата:

Таптыңыз, ҳә таптыңыз,
Жайнаған бизаң бахтымыз.

* * *

Аяз баба:

Орын алынсаң ортадан,
Жаныратын гүмис торқадан,
Қар жаўдыма таўларға,
Ана аҳ таў не елкажан?

Елка:

Аяз баба, ер баба,
Мийман болсаң кел баба,
Аҳпахтаны таў қылдық,
Үстинде мини көр баба!

Аяз баба:

Үстирте қоныр жер көрдим,
Аллатын ерте түрегелдим,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурылыш атыр көп шатыр,
Көшип жүрген ел көрдим,
Бул не болар елкакан?

Елка:

Әмиўдиң бойы көп шатыр,
Москвалы гил батыр,
Үстиртимнен нефть, газ,
Шығараман деп атыр.

Аяз баба:

Қара бултқа болып тән,
Теңизге қарай қалыппан,
Таў жасай ма сизиң ел,
Суўда жүзген балықтан?

Елка:

Мойнақтың гүзи өзгеше,
Ғайратқа минер гүз десе,
Таў қылады бир күнде,
Көп балыққа гез келсе.

Аяз баба:

Бир жыл гездим дуньяны,
Көрмедим бундай олжаны,
Болғым келе береди,
СССР дың мийманы.

Ойын—дәлкек, ҳәзил айтыслары

Мәтен шайырға

Ҳалынды бил еен Шөмишли Балғалы,
Айыпсыз бир яратқан өзи емеспе.
Бир-биреўдиң айыбы болса айтмалы,
Айыбым йоқ деген ялған емес пе?

Бүлген елге бүкир бала табылып,
Атқа ерип бәдҳасыл ябы шабылып,
Аспаныў-зәмийиннің асты қапылып,
Мәтен жыртық шайыр болған емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен кимиў, мен кимиў ҳалыңды билгил,
Өз қатарың билен ойнайып күлгил,
Ендигиден былай қарап тек жүргил,
Ақыл адам ҳалын билген емес пе?

Айтыссаң кел берман, қандай күшиң бар,
Шайыр болсаң мениң менен не исиң бар,
Мен саған не қылдым, неден өшиң бар,
Өз ҳалын билмеген ладан емес пе?

Жигит болсаң жаман деме елатты,
Сен билмейсең әдеп пенен уятты,
Жаманлапсаң Ашаймайлы Қыятты,
Ҳаслымыз бир қарақалпақ емес пе?

Бизиң елди туўры жолдан шашты деп,
Қыз-жаўаны көп ҳәддинен асты деп,
Пара берип балықшы алып қашты деп,
Сизиң елде ондай болған емес пе?

Журтқа тил тийгизбе болсаң билимдар,
Бенде болсаң бастан аяқ мениң бар,
Ғыйбаткеш жаманның болар пейли тар,
Шуўғыл жоҳәннемде қалған емес пе?

Мен жаман демеймен сениң елинди,
Бастан аяқ мен айтайын мининди,
Екиленип тартып сөйле тилинди,
Атаң бурынырақ өлген емес пе?

Өлмейин не қылсын әжел келген соң,
Қазан урып ғумна гүли солған соң,
Атаң пақыр жаслығында өлген соң,
Анаң ғәрип жесир қалған емес пе?

Атаң жаслығында өзи өлген соң,
Анаң пақыр ҳәспретинде қалған соң,
Кеўлинде ашықлық дәрти болған соң,
Қартайғанда жора тутқан емес пе?

Салланып, доланып үйге сыялмай,
Ели-халқы, ул-қызынан уялмай,
Әдира қалғыр сум нәпсини тыялмай,
Бир қазақ суўпыға барған емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Оны көрип ҳәркимселер көз салып,
Қылўат жайда кете алмады қыстанып,
Бир күни сол суўпы менен усланып,
Бир ақшамда қолға түскен емес пе?

Сол көшеде терис көрди ел-халқың,
Өлгенше паш болды йўзге қылығың,
Сол ақшам суўпыдан Әбдихалығың,
Үш-төрт шырўан пара алған емес пе?

Жуўса кетпес ақ йўзиңниң қарасы,
Ғарры суўпы кемпириңниң жорасы,
Шул Әбдихалығыңның алған парасы,
Бир күнлери сыртқа шыққан емес пе?

Ҳадал мекен бул пулларды жемеги,
Ырас болса алымлардың демеги,
Қардаш туўған еки аған әмеки,
Найзаласып урыс салған емес пе?

Ара кәтқудалар жолдан үгирип,
Нәлет айтты, жүзлерине түкирип,
Бир-бирине балта алып жүгирип,
Уллы бийабырайлық болған емес пе?

Айтып ада болмас бул сөздиң изи,
Көрмесин, кор болсын рәкифтиң көзи,
Өзиңниң қыз синлиң, ағаңның қызы,
Екеўи бир журтқа қашқан емес пе?

Бирин алған өз абырайын өйлайып,
Ели-журты жас үлкенин сыйлайып,
Бир неше күн қушып қатын әйлейип,
Ол жигит қайтарып берген емес пе?

Көриспей анасы атасы менен,
Бийтоба кетипти қатасы менен,
Мойнында биреўдин некасы менен,
Ери Мойнақ барып жүрген емес пе?

Көзиңди ашып қара, әўәл өзиңе,
Уяларсаң халыққа айтқан сөзиңе,
Сен не деп күлерсең халықтың қызына,
Өзиңниң басыңа келген емес пе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәрип айтур шәҳәримиз бул Қоңырат,
Ашамайлы тийреси, урыўымыз Қыят,
Ҳәркимде ҳуқуқ бар, заман ҳуррият,
Жыйылған аўғанға күлген емес пе?

Қыз жигитлер айтысы

Жигитлер:

Гөззал қызлар, ҳүр қызлар,
Гил сайланды жулдызлар, –
Бәриңиз де ылғаллы,
Әттең жалқаў бир қыз бар.

Қызлар:

Көтермелеп қыз мақтап,
Неге жүрсиз қыйпақлап,
Бизде ондай жалқаў жоқ,
Күле бермең жыртақлап?

Жигитлер:

Мәлеллеспең, тарыспаң,
Бизлер күшли арыслан,
Нәзик сулыў жананлар,
Қалып қоймаң жарыстан.

Қызлар:

Дәў болса да денеңиз,
Жарыссаңыз, жеңемиз,
Гибиртиклеп арқада
Қалған жоқбыз еле биз.
Биз тәрбия беремиз,
Бизлер пахта теремиз,
Тәлли-пәлли тәсилди,
Жигитлерден көремиз.

Жигитлер:

Сизде де бар ериншек,
Пазым деген келиншек,
Зыпберип жүр жалт ети
Уялады көринсек.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қ ы з л а р:

Гүрилдейди трактор:
Нуран пьян қарап тур,
—Жалқаўға қор болдым,—деп
Тракторы жылап тур.
Ол араққа тоймайды,
Қыз трактор айдайды.
Ондай менен иси жоқ,
Тек жумысты ойлайды.

Ж и г и т л е р:

Назым жеңгей ыңқылдап,
Жатыр екен тыҗ-тыҗлап,
Шақырғанда докторды,
Тура қашты тоқылдап.

Қ ы з л а р:

Болма́саңыз алдақшы,
Сын айтысыў жәп-жақсы,
Гей жигитлер ғаррыдай, —
Я табельщик, я сақшы,
Аўыр хызмет жақпаған,
Өзин-өзи мақтаған,
Арысландай жигитлер,
Қаша көрмеҗ пахтадан.

Ж и г и т л е р:

Даңқ көтердик қазыўда
Ғайрат еттик жазында.
Бундай сөзди айтыңыз
Бизге емес. Назымға.

Қ ы з л а р:

Биз қоймаймыз дүземей,
Ис жанланбас тежемей,
Сизлер неге жүрипсиз,
Шубырысқан шөжедей.

Ж и г и т л е р:

Қызлар сөзден жеңдиниз,
Ҳәўижлендик енди биз,
Бирге ғайрат салайық,
Қутлы болсын келди гүз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәммеси:

Истиҳ пәти қызғанда,
Даңқ, жарыста озғанда,
Ҳеш қошжақпас болмасын
Жигиттен де қыздан да?

1958 жылы қарақалпақ халық шайырларынан Тилеўберген Жумамуратов ҳәм Тәжетдин Сейтжановлар республиканың районларына командировкаға барады. Сонда районда жасы әдеўире келсе де турмысқа шықпаған Салийма деген қыз бар екен. Ол Тәжетдинди таныйды екен. Кешки отырыспада Салийма Тәжетдинге: «Мени мақтап қосық жаз», — деп дәлкек етеди. Сонда Тәжетдин:

Селкилдейди Салийманың жаўлығы,
Еле кетпеген бе мойынтаўлығы,
Усы ўаққа дейин байға тийген жоқ,
Көбейсе де журттың ақлық-шаўлығы, —

деп қосық айтады. Отырыспада бирге отырған Тилеўберген Жумамуратов тағы

Пегыласаң тәбияты алмаса,
Мүмкин, кемис шығар деннин саўлығы, — деп

бирден суўырып салып айтып жибереди.

Буннан кейин Тәжетдин қызға тағы мына қосықты шығарады:

Салийма қыз жүриўши еди сызылып,
Сырттан қарап, көрген адам қызығып,
Ендигиден былай байға тиймесе,
Кетеди ғой гүлабыдай бузылып.

Бул қосықты еситкен қыз Тәжетиндинге: «Сампылдама», — деп ашыўланады. Қыз: — Тилеўберген аға. Сиз менің ушын Тәжетдинге бир аўыз қосық шығарып жиберің», —деп өтинеш етеди. Сонда Тилеўберген ойланып турмастан, иркилмей мына қосықты айтады.

«Сампылдама» Тәжет кеттин қатыға,
Тиймегени бир жерице батты ма?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қатынынды таслап, мени ала ғой, —
Деп көсилип, төсегинде жатты ма?

Бул қосықлардың ҳәммеси де бирден суўырып салып айтылған, дәлкек қосықлары.

* * *

Тилеўберген — халықлық мотивинде қосық жазып, қосық айтатуғын төкпе шайыр. Жыйналысларда, жазыўшылардың бас қоспа отырыспа, мерекелеринде өзиниң гейпара сезгени менен көргенине сол жерде турып-ақ ушқыр қатарлар менен қосық шығарады. Ол бир мәртебе Қазақстанға барғанында белгили қазақ шайыры Кенен Әзирбаев менен ушырасып қалады. Ол: «Сизиң жақ бизлерди биле ме?», — деп сорағанында:

Ким билмейди қарт ата Кенемди,
Көп еситтим, әниқди өлеқинди,
Нөкистиң радиосы жаңғырын тур,
«Арам қатқыр көк шолақ»
дегениқди,» —

деп Тилеўберген аға қолма-қол жуўап береди. Бундай мысалларды көплеп келтириў мүмкин. (Ғалым Сейтназаров «Талай-талай дубири бар алдында» мақаласы, «Совет Қарақалпақстан» газетасы, № 60, 25-март, 1967-жыл, 3-бет).

* * *

1962-жылы қарақалпақстанлы шайырлар Қазақстанға декадаға барады. Сонда Өзбекстаннан барған делегация составы Қазақстандағы Аллабергенов председательлик еткен колхозда қонақ болады. Колхоздағы планластырылып салынған екі этажлы жайларды, кино-театр ҳәм моншаны, буннан басқа да мәдений орынларды барып көреди.

Қонақларға зыяпат берилген ўақытта, тост айтыўды Тилеўберген Жумамуратовқа береди. Сонда Кенен Әзирбаев «Тилеўбергенжан Тосты өлең менен айтсың» —деп усыныс етеди. Сондағы Тилеўбергеннин айтқан тосты: (Тос бирден суўырып салып айтылған):

Жол бойы Ташкентти де көрип келдим,
Жүзимди Алматыға берип келдим,
Елиме барған қазақ алып кетип,
Жүрегимниң изинен ерип келдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийик таў, асқар шыңнан өттим асып,
Сағынғанға узақ жол емес қашық,
Жеримдей мийрими кең баўырмаплар,
Сүйистим аэропортта қушақласып.

Еңбекте Қажымуқандай палўан қазақ,
Айқаста жаў жүрегин жарған қазақ,
Биржандай Көкше таўдан ән шырқаса,
Дабылы бизиң елге барған қазақ.

Екп қабат үй ылғый есик алды,
Көринген коммунадан несип алды,
Бир колхозда он алты герой көрдим,
Барлығы герой болмай неси қалды.

Қазақстанлы шайыр Кенен Әмирбаев: «Қазақ шайырларының шығармалары қарақалпақлардың сахнасында да айтылып тура ма? — деп Тилеўбергеннен сорайды:
Сонда ол:

Кең сахнада көрип қазақ баўырды
Тынышсызлық алды меннен сабырды
Қарыйбулла, Розалар сайрады,
Ертпцине алаңаным аўырды,

деп иркилмей жуўап береди. Буннан Кененниң қазақ шайырлары шығармаларының қарақалпақ сахнасында кеңнен пропаганда етилетуғынына кеўли питип, оған былай деп жуўап қайтарады:

Тилеўберген балама,
Жүрегимнен қала ма?
Бизиндей қарт атанды,
Сен де бөлек санама?

Ўатан шерик, жерим бир,
Келип турың араға.
Барсаң дуғай сәлем де,
Жийдели Байсын жеринде,
Қоңыраттың елинде,
Аўыл менен қалаңа.

* * *

Декада ўақтында қазақстанлы Бүркит Исқақов шайырға қарақалпақстанлы Тилеўберген шайырдың ҳәзил айтқаны:

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сенин атың Бүркит пе?
Усайсаң нағыз бүркитке.
Бүркит болсаң, бүркит бол,
Адамларды үркитпе?!

Бул айтылған ҳәзилге Бүркит қайтарып қосық айта алмайды. Тилеўбергеннин Сырбай Мәўленовқа айтқан ҳәзили:

Ассалаўма әлейкум Сырбай жора,
Өзин бир, жазыўшысаң дырдай жора!
Айтыссаң берман қарай, бетинди бур,
Өлтиремин сөз бенен урмай жора!

Қазақ шайыры Сырбай Мәўленовтың Тилеўбергеннин ҳәзилине қайтарған жуўабы:

Қарақалпақ шайыры Тилеўберген,
Өзин бир тири жансаң, жүдеў келген,
Шайырлықтан алдына адам салмаўшы деп еди,
Әттең, шеп аяқ, оң аяққа тиреў берген.

Сырбайдың бул айтқанынан кейин шайыр Тилеўберген аўзын оң қолы менен бир сыйпап, енди айтыўға аўыз жасқанып атырғанында, арадағы бир жас үлкени айтысты даўам еттирмей тоқтатады. Булар қонақ болып келип отыр. Айтысса басқа ўақытта екеўи айтысар. Ҳәзир керек емес, — дейди.

Тилеўбергеннин Балтабай менен айтысыўы

Аңлап сөйле Балтабайым,
Түсип қалар абырайың,
Я болмаса елиттиме,
Атқан ашшы насыбайың.
Я, ҳақыйқат шайырмысаң,
Айтысыўға тайынбысаң,
Әрўақ қызып кетеғойса,
Ерегиске қайылмысаң.
Сырттан айта берме өсек,
Тулпарға тең келмес ешек,
Онбес болып жабылсаң да,
Мың ғарғаға жалғыз кесек

Әдепсизлик еткен исин,
Ерегиссең сынар тисин,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ең әўеле шайырлардың,
Жазғанларын оқып түсин.

* * *

Байманов Әлимбет Дәўлетяр Қасымовқа қосық пенен хат жазады Ол киси жездеси болады. Жумыстың қызыў пәтинде:

Қасымов қайдан келдиң, ҳарма-ҳарма,
Бозжаптың жайы қалай, суўы барма,
Мен келдим шаршап Ленин колхоз жақтан,
Булардың иси қурысын қарма-жарма.

Питкен жоқ жер сүриўи, я атызы,
Шабыўға онды айналды бүгин салма,
Бузылып трактор да қалды бүгин,
Қолымнан келмеген соң ылаж бар ма?

Апацыз жибериўге ықтыяр емес,
Үстиме келмеди деп кеўлиңе алма,
Азырақ ҳәзиллесип өлең жазған,
Жездеңнен бир-еки аўыз сәлемнама.

Шайыр Дәўлетияр Қасымовтың жездесине қайтарған жуўабы:

Мен шықтым бүгин қонып Қоңыратқа,
Асығып қамшы урып буўрыл атқа,
Кеңсеге келип жыйылыс биз өткердик,
Сүйенип райкомнан келген хатқа.

Срогы пахта егистиң өте қыстаў,
Қайбир ис жайғасқандай сиясатқа,
Бозжаптың суўы жақсы ағып жатыр,
Қызыл жол күте алмайды барып тықпа.

Атызы Өтекеңнің айўан-жайўан,
Күтип тур аққан суўды шаққа-шаққа,
Сен келип Өтекене басшылық ет,
Болмаса сасып жүрип жығылар боққа.

Көмек бер шаршасаң да Өтекеңе,
Барайық түрге жезде атыз жаққа,
Апайды дәлел қылып жатып қалма,
Өлсең де өлимтигиң тасла аўлаққа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тез оңлат тракторды сындырсаң да,
Утром жетискеннен жибер ходқа,
Бес гектар жоңышкасы ҳәм пахтасы,
Барлығы суўдан шығып келген тапқа.

Май алдыр азан менен МТС тан,
Арбаны қосдөңгелек қосып атқа,
Бир айдат, екинши айдат, үшинши айдат,
Айрықша жуўапкерсиз зүрәәтке.

Өнимди арттырыўға жуўапкерсиз,
Шыққан соң агроном деген атқа,
Бул сизге президиумнан задание,
Скоро выполняйте, қалма уятқа.
Апрель двадцатого питкермесең,
Я, акт составляю, даю сотқа.

* * *

Валюллин деген райкомның секретары маған өзиңнин таз басыңа қосық шығар деп қоймады. Ол ўақытларда мен райиспалкомда секретарь болып истейтуғын едим. Сол ўақытта бир куплет қосық шығардым да ертеңине қоймағаннан кейин қосықты оқып бердим. Ол мынадай еди:

Быйыл келдим дурыс отыз жасыма,
Гедейшилик жолдас болды қасыма,
Жас күнимде қурт түсипти басыма,
Тәбийғый апатқа жолықты басым.

Мен нәйлейин жалғыз басым таз болды,
Жас күнимде тәрбиясы аз болды,
Қысы кетип, ҳәзир күним жаз болды,
Жылап жүрип қабыл болды көз жасым,

Ишкеним быламық, баққаным ылақ,
Қанша азап берди маған бай—кулак,
Төбемнен қол жазбай туўры қырық таяқ,
Сол себепли жалтыр болды бул басым.

Сондай болып еди менин аўҳалым,
Сиз бенен сырласыў еди қыялым,
Сен де мендей муңлы болған қусайсаң,
Айт, Уәлюллин жора не болды ҳалың?

www.ziyouz.com kutúbxonasi

Шайыр Қасымовқа Ўәлюллиннің жуўабы:

Айтайын ҳалымды менің сорасаң,
Менің аўҳалым да болды орасан,
Сениң басың таз атағын алыпты,
Менің бет-аўзымды жеген қорасан.

Қасымов тағы Ўәлюллинге жуўап айтысын жазады:

Бизиң бастан сизиң бетке өтипти,
Барлық анат екеўимизге жетипти,
Сизге түскен қуртлар жалқаў ма деймен,
Шудигарлап мала баспай кетипти.

Бизиң бас жалтырайды ирең бергендей,
Қарағанда ҳәрким жүзин көргендей,
Мен басымды сынап көрсем теп-тегис,
Сениң бетиң трактор менен сүргендей.

Таз бенен қорасан жолдас емес пе,
Бетте қуйқа бәри бир бас емес пе,
Сиз бесинши, биз төртиншши жыл туўылған,
Ҳәзилди кешириң қурдас емес пе?

1934-жыл.

Ат жибер

Асан Бегимов 1951-жылы Димитров атындағы колхозға ўәкил болып барады. Сол колхозда ўәкил болып жүргенинде жақын жорасы Дәўлетияр Қасымовқа қосық пенен хат жазып, минип жүргендей ат сорайды:

Сәлем жаздым Қасымовқа,
Бизге бир семиз ат жибер.
Мен келип едим ўәкилликке,
Минип жүргендей ат жибер?

Келдим мында ўәкил болып,
Мен жүрмен колхозды көрип,
Қайтаман план бежерип,
Бизге бир жақсы ат жибер?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болсын өзи жорға-жүрмел,
Қақпақ саўырлы, жумыр бел,
Ер-турманы менен алып кел,
Ўәкил мингендей ат жибер?

Келдим сениң аўылыңа,
Кирдим сениң қаўымыңа,
Мен минбеймен жаўырыңа,
Арқасы пүтин ат жибер?

Жаяў қалдым бул сөзим шын,
Аралап жүрмен күни-түн,
Ер басына қамшысын,
Илдириў менен ат жибер?

Дәўлетияр Қасымовтың сәлем хатқа қайтарған жуўабы

Ат сораттың Асан жора,
Ер-тоқымын саз жибердим.
Сизге апарып берсин деп,
Түк шықпаған боз жибердим.

Жалғыз көзли, жалтыр шеке,
Ҳаслын сорсаң Ақал теке,
Өмиринше көрген мереке,
Озып жүрген боз жибердим.

Суўлық салмай аўзын ашқан,
Мине шапсаң ала қашқан,
Сегиз айлықты бир басқан,
Өзи бедеў наз жибердим.

Жарысқанда журттан озған,
Байтал көрсе жоны қозған,
Қылшық жаллы мойнын созған,
Мысал ушқан ғаз жибердим.

Жал қуйрығын қойған гүзеп,
Күш бермейди шапса дүзеп,
Шыдатпайды жолды гүзеп,
Жанған оттай қоз жибердим.

Байқап шап достым асаўды,
Қутқармайды қашқан жаўды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тыңламайды Қаратаўды,
Көзсиз батыр ат жибердим.

* * *

Бурынлары қарақалпақта шапан тигетуғы болса, сол үй дөгерегиндеги ямаса сол аўылдағы таныс қыз-келиншеклерди шақыртып, соларға тиктиреди екен. Бир күни усындай жыйналып, шапан тигип отырған көп қыз-келиншеклердиң үстине Сыдық шайыр қыдырын барады. Барса үйде үш келиншек бир қыз шапан сырып отыр екен. Елдиң бурыннан киятырған дәстүри бойынша бир келиншек Сыдыққа сабақ илетуғын болады. Сол ўақта Сыдық:

Қызлар тон тигеди пешин қайырып,
Ҳәр түйремде бир ийнесин майырып,
Бириниз қыз екен, үшиниз зайып,
Илер болсаң ил сабақты көзинен.

Қызлардың алдында Айтгүл жеңгеси,
Изине ереди оның ҳәммеси,
Билинер-билинбес екн мәммеси,
Илер болсан, ил сабақты көзинен, —

деп жуўап айтқанда қыз-келиншеклер илейин деп турған сабағын иле алмаған. Сыдық қыз-келиншеклердиң сөзине сөз қайтарып айта алмағанлығынан пайдаланып, сабақтан аман қутылып кетеди.

* * *

Сыдық шайыр қант-конфет алыў ушын Султан баққал деген дуканшының дуканына келеди. Султан баққал қант-конфетин Сыдыққа бермей, сол ўақыттағы атағы шығып атырған Дилим деген жыраўға берип жибереди. Сонда Сыдық Султанға мына қосықты айтып, пәнт береди:

Сөзим жоқ, молла Султан илимиңе,
Бир азырақ шегим бар билимиңе,
Келип ек, себеп пенен дуканыңа,
Қант пенен конфет бердиң Дилимиңе.

Султан баққал шайырға сөз қайтара алмай, сөзден жедиледи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жездежән

Қыз:

Хабар бер ҳалыңнан, сөйле жайыңнан,
Ҳал жағдайың қалай болған жездежан.
Мәгәр киятырсаң аўыл жағыңнан,
Алба-далба жүзиң солған, жездежан.

Жигит:

Балдызым сорама, бахтым қарады.
Апаңнан айрылып баўырым жанады,
Мен нәйлейин, ишим күйип барады.
Соның ушын, делбе болдым, балдызым.

Қыз:

Қудай урып, кеўил бурған шығарсаң,
Мениң жан апамды урған шығарсаң.
Көзине шөп салып жүрген шығарсаң.
Сөйтип, бийабырай болған жездежан.

Жигит:

Апаңның болмады ҳасла турағы,
Жақын болды жүрсе, аның жырағы.
Мени таслап жасқа түсти қырағы,
Апаңыз жуп, мен тақ қалдым, балдызым.

Қыз:

. . . . . .
. . . . . .
Атама бар арзыў-аўҳалыңды айтқыл,
Пәлек айрасына түскен жездежан.

Жигит:

Мен не деп бараман сениң атаңа,
Сениң атаң, үйиңизде жатама,
Атаң сени маған малға сатама,
Енди саған ашық болдым, балдызым.

Қыз:

Атам енди мени малға саталмас,
Қызым дейип меннен басып өте алмас,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырық туўарға берип, қутылып кете алмас,
Меннен саған аспан жуўық жездежан.

Жигит:

Несип болса, сени өзим аларман,
Шийрин ләблериңнен сүйип тоярман,
Дүнья-малым жолларына қоярман.
Енди саған ашық болдым, балдызым

Қыз:

Жезде ҳәлек болма, сен мени де
Ашықлық отына қаларсаң күйип,
Қудай урып жүрме, мен саған тийип,
Меннен саған аспан жуўық, жездежан.

* * *

Қыздан сыр алғысы келген жигит өзиниң ким екенлигин сездирмей, оған қарап теңселип, таяғына сүйенип турып, бир аўыз ҳәзил жуўап айтты:

Қамысы Гүмискөлдиң онбес буўын,
Сол көлдиң атпақшыман аппақ қуўын,
Еңкейип кемпирдей-ақ суў алған қыз,
Арнаның қуртасаң ба аққан суўын?

Жигиттиң бул сөзине таңланған ол екинши шелегин суўға батырмастан оған жалт қарап:

Қыз:

Қамысы Гүмискөлдиң онбес буўын,
Сол көлдиң атпақ болсаң аппақ қуўын,
Шешеннің уйтқан айран қатығы ма,
Арнаның аяғандай ылай суўын?

Жигит:

Хан адамы семирер халықты жеп,
Халық зордан күн көрер балықты жеп,
Неге суўды аяйын дәлкек сөзим,
Көтерсең де басыңа тоқсан шелек.

Қыз:

Хан адамы семирсе халықты жеп,
Халық зордан күн көрсе балықты жеп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол халықтың сен жигит қорымысаң,
Турыпсаң ғой бийшара жутаң жүлеп?

Жигит:

Аралда ғаз ҳәм үйрек ғаққылдайды,
Қыран қус оны көрип шаққылдайды,
Ҳәзирше жүдесем де сендей қызлар,
Байыўлы жапалақтай жалпылдайды.

Қыз:

Аралда ғаз ҳәм үйрек ғаққылдайды,
Қыран қус оны көрип шаққылдайды,
Япырмай буның өзи қандай адам,
Болса да шунақ қулақ тартынбайды.

Жигит:

Баўырында қызыл таўдың ағар булақ,
Жуўырар қой келгенде жетим ылақ,
Қурдасжан шунақ деп сен кемитесең,
Бар ма еди үйинде салпаң қулақ?

Қыз:

Еңкейип Шоманайдан суў аламан,
Заманлас мени жеңсең қуўанаман,
Өмирде жигит мени жеңген емес,
Сөзиме меним айтқан шын инансаң.

Жигит:

Қарақалпақта артық туўған атам Дәлжан,
Кем емес қатарында дүнья-малдан,
Әкемниң айбатынан бир де жигит,
Сескенип, қарсы алдымнан өте алмаған.

Қыз:

Деўши едим, меннен артық жоқ ғой шешен,
Деўши едим, сиздей ерди-сизди көрсем,
Сырыңа түсинбеген шаншып сөйлеп,
Болмай ма жеңилгенше бүгин өлсем.

Шубырған таў үстинде кийик болар,
Тереги Шоманайдың бийик болар,
Жигитим, үйге барып дуз-дәм татың,
Бармасаң өмиримше күйик болар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Шоманай Қыят жарған еки сала,
Салынған жағасына жаңа қала,
Ҳәкими, аталығы, беглер-беги,
Елиме өтириктен жапқан жала.

Орнында аўылымның жантақ, ақбас,
Сырымды жумбақ болған ҳешким таппас,
Сулыў қыз сырды ашпай сөйлей берсем,
Сөзлерим түсиникеиз сизге жақпас?!

Хийўадан қос қус ушқан қанат байлап,
Гүренин әкесиниң минген сайлап,
Сөзимниң сизге айтқан бәри жумбақ,
Шешиниз үйиңизде буны ойлап?

* * *

Жигит:

Бизиң заман кемтаршылық заман ба,
Жөн билместей қудашалар жаман ба?
Бир-бирине қыйсайысып қараған,
Кемпир яқлы ғарры қызлар аман ба?

Қыз:

Арба жолда сүйретилип изиңиз
Қуда бала қалай-қалай сөзиңиз?
Шаңқай түсте жас қызларды кемпир деп,
Қараўытып келиппеди көзиңиз?

Жигит:

Кемпир дегениме арың келмесин,
Сорпа алар деген еттиң есесин,
Кемпир демей, не дейин мен қудаша,
Сүринип аласыз жигит кесесин!

Қыз:

Сөз емес бизлердиң аңлығанымыз,
Аман болса болар, шыбын жанымыз
Бизге ақыл бергенше, өзинди дүзе,
Саған батыппеди жығылғанымыз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Қарағым батпайды жығылғаныңыз,
Қәўипли болды ма, шыбын жаныңыз,
Үшеўиң үш жерден бақырып сөйлеп,
Кемпир деген сөзге келди арыңыз.

Қыз:

Арымыз келмейди, кемпир дегенге,
Кемпир ҳәм қәдирли парқын билгенге,
Иркилместен тез жолыңа түсе бер,
Сөз зая етпеймиз сендей есерге!

Жигит:

Қарағым қызлар-аў, мен есер болсам,
Есерлик ҳәсер менен қасыңда турсам,
Иркилместен жолға түсип кетейин,
Қол қағысып, бириң менен дос болсам!

Қыз:

Ийнинде келте тон дизеңе жаппайды,
Қатық, ашшы, айранға мийриң қанбайды,
Жети қат жайыңның барлығы қайда,
Жалғыз қатыныңыз тамақ таппайды.

Жигит:

Ҳәрким барар, ағайиннин қасына,
Ашлықта қосылар, туўысқанына;
Мал жыйнап байымақ қыйын емес ғой,
Бахыт қонса, ер жигиттин басына!

Қыз:

Байман деген к еўилиннин тоғына,
Туўрыдан сөйлей бер, сөздиң ҳағына,
Қай жерде айтсаң да бизлер кепилмиз,
Ҳарамнан, ҳадалдан ийтин жоғына.

Жигит:

Мал берсе қыйын ба, бизиң талайға,
Өтирикши батып өлсин ылайға,
Бизде бийик тилек, уллы ден саўлық,
Малы жоқ деп, ҳәси болма қудайға!

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Дуйым журтқа сондай болса қәдирин,
Қатық ишип шығып еди бүйирин,
Үш мезгил саўдырған ертели-кеши,
Тас булақтай бар ма еки сыйырын?

Жигит:

Қызлар жуўап айттым, алдынды орап,
Кеўилим кетеди, ҳәржаққа тарап,
Тас булақтай еки сыйыр бар болса,
Барайын деппедин асқатық сорап.

Жигит:

Айқан атын шығыпты,
Бийәдеплик сөз менен,
Беллескен адам жығыпты,
Оныңды көрдик көз менен,
Жөн алдыңа жөн таўып,
Жүрмедин қошшым из менен.
Бизлердей жигит келип тур,
Дүзер сени тез менен.

Жеңемиз деп ойлама,
Айтыс қәне биз менен,
Шай қайнатып жүре бер,
Қәддинди бузбай ҳәз менен,
Жуўапты торлап қойыппан
Қарағым саған күн менен
Күн барында жеңбесең,
Айтысармыз түн менен
Баяғыда ойнадың
Қыстаў жерде биз менен
Айта бер қошшым жуўапты,
Аяма қызыл тил менен.

Қыз:

Ҳаплық па жигит, ҳаплықпа?
Шабаланып көргенсиздей,
Ҳәрнәрсе айтып шаплықпа,
Жөнинде жүр қарағым,
Қарап жүрип қақлықпа?
Мақтанасаң қуры сен,
Жан жолатпай қасыңа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сеники бала сақлық па?
Берман қарат жүзинди,
Сен жигитти көрейин!
Мақтанған жигит өзинە,
Жуўапты сөйлей берейин,

Ақмақ өзин мәс тутар,
Ас берсе саған адам деп,
Ол адамды дуз тутар,
Парқына түсин қарағым,
Жаз тутпаса қыс тутар.

Шопан менен Хийўалы қыздың дәсме-дәс айтысы.

Жигит:

Әкең келди дегенге әкең келди,
Қоразлардың ишинде дәкең келди,
Қызық-қызық қосықтап айт шайыр қыз,
Тәреп болып айтыспаға аған келди,

Қыз:

Бүлбиллердиң қонғаны гүл болады,
Дүньядағы бар сөзди тил биледи,
Тәреп болып келипсиз айтшы аға,
Шайырлығыңды бул жерде ким биледи?

Жигит:

Қосық айтсам барлығын күлдиремен,
Жүйрик тайды қонаққа мәндиремен,
Қызық-қызық жуўаптан айт шайыр қыз,
Шайырлығымды мен сонда билдиремен.

Қыз:

Тақыядағы нағышты тартып берин,
Қара нарға жүгинди артып берин,
Тәреп болып айтысқа келеғапсыз,
Бир еки аўыз тойларда айтыппедин?

Жигит:

Бир биссимиллә дегендей бир биссимиллә,
Бир биссимиллә берилген жети тилде,
Бир-еки аўыз тойларда айтқаным жоқ,
Қол берген Қыдыр ата өзин қолла.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Қийген тоның жарасқан бойыңызға,
Мен билмедим не сөз бар ойыңызда,
Бир-еки тойларда айтпасаңыз,
Үндеместен барып жат үйиңизде!

Қәраматдийин Султановтың айтыс қосықлары

Бул айтыс қосықлар республикамыздың белгили шайыры ҳәм жазыўшысы, — Қарақалпақстан АССР халық жазыўшысы Қәраматдийин Султановтың» айтыслар қол жазбасының папкасы» атлы үй архивынан алынды.

Айтыс ўақияларының себеп-бәнелерин шайырдың өзи былай баянлайды:

«Бул 1940—1942 жыллары еди. Урыс ўақты Аўылда, — Мойнақ районындағы Ақ дәрья деген жерде муғәллимбиз. Сол жыллары «Сталинградты жаўға бермеймиз», «Жаўынгер солдат пенен келиншегиниң хаты» деген қосықларым Мойнақ районындағы «Қызыл балықшы» деген газетада басылып, жаңа жас шайыр атым кешип жүрген ўақтым.

Жорам Жумабай Әженов қосық қумар, поэзия жанлы, зейинли жигит еди. Тәбият оған хош ҳаўаз, қудиретли даўыс берген еди. Отырыспа жыйынларда Аяпберген шайырдың «Қоныратбай» атлы қыссасын бастан аяқ ядта айтатуғын еди. Өзи де шайыр еди. Сол жорам Молдавия жақтан келген бир қызға ашық болыпты. Усы хабарды еситип, жорама бир еки аўыз қапия дәлкек жаздым:

Қаяқларға кеттиң, достым Жумабай,
Көп ўақ болды, ҳал аўҳалды сорамай,
Баяғыдай бизиң бетке қарамай,
Зым ғайып боп, қайда жүрсең, жорам ай?

Бәрин қуртып, енди мерген болыпсаң,
Гүнасыз қусларға ойран салыпсаң,
Көп қуслардың жүреклерин жарыпсаң,
Қашып бизиң бетке келди Жумабай.

Бир күнлери Мойнақ бетти гөзледиң,
«Қара терең», «Зайыр» қоймай изледиң,
Ал жигитлер той болады тез дедиң,
Тойдың да тоқпағын жедик Жумабай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақында бир сулыў қызды таўыпсаң,
Ықласынды берип, жаман аўыпсаң,
Жасым өтип баратыр деп тарықсаң,
Бизиң елге бир келип кет Жумабай.

Оны алсаң бул елаттан жөнерсең,
Ашшы-дузшы несибеңнен көрерсең,
Бажаң Петро самолетке минерсең,
Келген дәўлет басы шығар Жумбай.

Жумабайдың Жуўабы

Қәрам жора, неге быйыл күлесең,
Қосық жазып, адым жерде илесең,
Көрмеген соң узын шаштан басқаны,
Келте шаштың қәдирин қайдан билесең?

Басында илентасы, шашы келтеди,
Келте шашы жүрегимди елтеди,
Ол қыз кете ғойса өз елатына,
Мине деген жигитлерди ертеди.

Караматдийиннің Жуўабы:

Зейинине тийсем, кешир жоранды,
Көрсетпей кеттиң аў, сирә қаранды,
Ол қыз байласанда бунда турмайды,
Қаңғыртпа елинен ғәрип ананды?

Ташкентте, Қарақалпақстан Әдебияты ҳәм Искусствосы декадасы күнлери, шайыр Садық аға Нурымбетов пенен «Ташкент» мийманханасында бир бөлмеде жатыр едик. Сол жылы Ташкентте Садық ағаның «Сәлем досларым» деген топламы өзбек тилинде шықты.

Мен Садық ағаға мына бир куплетти жазып жибердим.

Жылдан-жылға тасқын суўдай ағасаң,
Бул шийрин сөзлерди қайдан табасаң.
Бизге де бир китап, инам ет аға,
Атым Кәрамаматдийин, руўым, қабасан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Садық аға бир китабына мына автографты жазып берип жиберипти:

Сенде бир баламсаң Кәраматдийин,
Саўға болды елге «Ақдәрья» сыйын,
Ақ дәрьядай таса берсин, илҳамың
Жазғанынды қарсы алғай шар-жыйын.

* * *

1952—1953-жыллары Ташкенттеги Партия мектебинде оқып атырмыз. Қусқана жақтан келген Арзымбет деген жигит бизиң жорамыз Сарыбай деген жигит ке «көшеде көп қыдырасаң» деген бәне менен мына қосықты жазып жиберипти:

Жигитликте кимлерден кем порымы ай,
Жүрипти бир нысанаға дарымай,
«Гупшек» деген бир кеселге тап болып,
Түни менен ыңқылдайды Сарыбай.

Биреўлердиң жүрген жери сарымай,
Бул жүрипти ҳеш нәрсеге жарымай,
Ерген менен олардан ҳеш қайран жоқ,
Сағанда бир нәўбет келер нарым ай...

* * *

Сарыбай усы хатты алып, Алламуратты ертип, «жуўап жаз» деп, маған келди. «Не қылсам екен?» деп еки-үш күн ойланып, мына хатты жазып бердим:

Сүйемдей жуўық қарыстан,
Ким жақын, ким алыстан,
Жыйналып едик Ташкентке,
Бир жаға бойлы жағыстан,
Айыппа екен жаслықта,
Рети келсе танысқан,
Ҳешкимде аман жүрген жоқ,
Биреўди биреў бағысқан,
Ыңқылдаса Сарекен,
Әбекеннен жуғысқан,
Көринин жүрсиз сизлер де,
Кеш болса қылўат-қуўыстан,
Неде болса ол кәсип,
Халқабад жақтан шығысқан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Табылама ҳәммеге
Өзиңдей сақый туўысқан.

Арзымбеттиң жуўабы:

Алламурат қыймылдатқан шөп басын,
Бизди қойып, әлле кимге тартпасын,
Мен мусылман айтып едим нәсийҳат,
Маған десе таң атқанша жатпасын.

Бизлерден де сөз шығады тонналап,
Ўәжди билмей гөрди-жерди шатпасын,
Халқабадты салық қылып айтқанша
Пуллап алсын балық-шабақ қақпашын...

* * *

Географиядан еки саат лекция ўақты еди. Сабақтан қалып, төмендегише жуўап хат жазылды:

Шайырлығың жүрме қыстап,
Сөз ҳасылын терген жигит.
Сен өзинди бийик услап,
Мақтанасаң бирден жигит.

Айт гәпиңниң мәнийқасын,
Ҳәркимде көрсин шамасын,
Шайырлығың болса басым,
Орын бердим төрден жигит.

Айыплы емес Алламурат,
Суғанақлық еткен уят,
Салмас араға адаўат,
Шын мереке көрген жигит.

Мен жүриппен соны ойлап,
Сен сөйлейсең одағайлап,
Сөйлейик аға абайлап,
Көп қулақ сап жүргеи жигит.

Кешир кетсе, сөзим қатты,
Шапқылама жүрмес атты,
Айтыссақ халықтан уятты,
Бир областьтан келген жигит.

Шайыр еди қайсы гезде,
Тап болды ма, усы гүзде,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосығынды баспа сөзде,
Басыппеди, көрген жигит?

Шайыр аға танысайық,
Сонсын жолға тарысайық.
Гүпти енди таўысайық.
Жуўап қайтар ертең жигит?

* * *

1951-жылы Ташкентте, партия мектебинде, жорам Алламурат пенен бир партада отырасуғын едик. Бир күни лекцияда ис еригип отырғанда, оның келиншегиниң аты Набат есиме түсип, бир шуўмақ қосық жазғым келди.

Ҳаялыңыз Набат екен
Набат саған жағады екен.
Набат пенен Шекерханды,
Журтлар қалай табады екен.
Бирақ арақ ишкен күни,
Сени аштан қағады екен...

Алламурат хатты алып, бир майдан күлип отырып, былай деп жазды:

Ҳаялыңыз Тиллахан,
Тап болыпты достым саған,
Майлы бөрек берип турма,
Шырайында шығып қаған.

* * *

Ташкент областының Шыназ районынан болса керек, Өтебаев деген жасы үлкен қазақ киси бирге оқыды. Ол местком еди. Бир күни «взнос төле, бала!» деди. Оны ақын киси деп еситетуғын едим. Мен мынандай хат жазып бердим.

Жақсы көретин ағасың,
Ойда жоқ гәпти табасын,
Профсоюз взнос деп,
Он манаттан қағасың,
Театр менен киноның
Билесиң ғой баҳасын,
Буйте берсен, қақаңлап,
Иниге қалай жағасың?
Қақыраған етиктиң,
Қаға алмай жүрмиз тағасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтебаев аға көп биланбай қолына қәлем алды.

Жақсы көретин баласың,
Биреўде барма аласың?
Театр менен кино деп,
Гезесиң күнде арасын,
Бүйте берсең келиннен,
Айрылыпта қаласын,
Сөйтип жүрип биреўдиң,
Көтерип жүрме жаласын,
Төлей бер, оннан взносты,
Патриот сонда боласын.

* * *

1960-жылы болса керек. Тахта көпирге барып, жорам Қаниязды үйинде қонып отырып, баяғыда Мойнақ жақтан көшип кеткен бир қыз туўралы сорадым.

— Наржан, дейсеў бе? Ол усы қалада ислейди. Қазақ қызы ғой, я, аўа сол болса керек. Усы жаққа көшип келип, бир жигитке турмысқа шықты, — деди.

Азанда папкамды қолыма қысып, кеңсесине излеп бардым. Сәлем имди мен бердим. Бирақ, ол мениң бетиме бир қарап, (сәлемди алған — алмағанын еситпедим), мени таныған болыў керек, дәрҳал терис қарады да, өз жумыслары менен бола берди.

Мен не ислеримди билмей, қатты састым. Ойланып отырман: «Аўа, сол ғой. Анаў баяғы көзи, анаў жүзи, сәл қарайған ба, онда аппақ жумыртқадай қыз еди». Зорға орнымнан турдым. Ийним түсип қайттым. «Аўа, мен гүналыман. Ол айыпкер емес»...

Түнде қайта-қайта бузып, дүзеп мынандай хат қурадым. Оның ақын қыз емес екенин билсем де, қосық пенен жаздым. Жуўап бермесе қалар! дедим:

Еске алып, ширкин жаслық әрманымды,
Гейде өкинип тислеймен бармағымды,
Теңиз жақты шарлаған ақ қус еди,
Қарындас көрмедиң бе «Наржанымды?»

Усылай дусмаллап, жазған сораўыма былай деп хат келды. Мен буны биреўге жаздырған аў деп ойладым. Шынында да, соңынан билдик. Бир ҳаял ақын жуўапқа жуўап жазып тур екен. Арада бир бала апарып берип турды: Жуўап былай келди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрмедик сениң ақ қус — Наржаныңды
Излей бер, аўыл-елат аймағыңды,
Ақ қусыңа ийелик ете алмасаң,
Қәйтесиң, шайпайсың ғой бармағаңды.

Сол қусқа тап шырайың усайды екен,
Гедейлик жомарт қолын тусайды екен,
Еситтим Тахта бетке келипти деп,
Көл қусы шөлде қалай жасайды екен?

Адамзат болғаннан соң усалған ғой,
Жоқлықтан жомарт қолы тусалған ғой,
Меннен басқа адам жоқ деп жүрмедиң,
Сеннен де жүйрик мерген киси алған ғой...

Жүрер еди, айдынның етегинде,
Бир ҳабар бермегени кетеринде,
Туўып-өскен айдынын көзи қыйып,
Қалай кетти жат қолдың жетегинде.

Несине айқайласын, кетеринде,
Жүрипти Бөрши таўдың етегинде,
Аяқтан жүрген қусты ким алмайды,
Шөже санап, сен жатсаң кетегинде.

Неде болса, бир маллы киси алған ғой,
Көңил ширкин топырақтан жасалған ғой,
«Адамды сөз бузады» деген нақыл,
Биреўдиң дәўлетине масарған ғой.

Мен билсем, ол биреўден өш алғанғой,
Мал шақтан, адам тилден тусалған ғой,
Жигиттей емес сөзи, сылдыр шеге,
Ҳаял-қыз сазлы жерден жасалғанғой.

3. ТИЛЕК, СОРАЎ-ЖУЎАП АЙТЫСЛАРЫ

Үмбеталы шайыр менен Тилеўбергениң айтысы

Мен 1934-жылы Мойнақ районының Аққум деген жеринде (бурынғы «Кецес» колхозы) туратуғын едим. Усы ўақытлары қазақ халқының шайыр-жыршысы Үмбеталы қарақалпақ халқының еллерин аралап, жыр айтып жүретуғын еди. Ол Аққумдағы көпшилик адамлардан мени «шайыр» деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

еситеди. Бир күни Үмбеталы: — «Мен сизди көпшиликтей шайыр бала» деп еситемен. Шайыр болсаң екеўимиз айтысайық. Изимизде атларымыз қалсын!», — деди.

Мен ол ўақытлары онжети жасымда едим. Еле, тек ғана бир аўылға белгили болғаным болмаса, пүтин елге мәлим болғаным жоқ еди. Үмбетали суўырып салып айта беретуғын ақпа шайыр еди. Талай қыз-жигитлердиң отырыспасында жырлағанын көретуғын едим. Мен сизиң менен айтыспайман, — деп жуўап қайтардым. Бирақ, аўылдың халқы Үмбеталыны қоймаған. «Сен сол бала менен айтыс. Өзи келисим менен айтыспаса, сен сөз бенен оны илип айт. Оннан кейин ол да айтысты даўам етип жибереди», — дейти.

Усындай сөзлерге байланыслы Үмбеталы маған мынандай сораўларды берди: — Қарақалпақлар, Хожақмет Ессаўнийдин шымылдығын урлап, ғаргыс алған. Қарақалпақлардың аз болыўы да соннан дейди. Соның ырас-өтиригин айтып бер?— деп сорады. Сөз тийгеннен кейин мен де қарап қала алмадым. Екеўимиздиң арамызда айтыс басланып кетти. Мен оның сораўына жуўап қайтардым. Бунан кейин ол жецилип қаларман деп ойлады ма? Шаманды байқадым. Сениң алдыңа басымды ийемен!», — деп айтысты даўам етпеди. Сондағы Үмбеталының сораўы мынадай еди:

Үмбеталының сораўы

Тилеўберген қарағым, жас баласың,
Аққумның отырыспасын басқарасың,
Юсуптей сын-сымбатың келисип тур,
Қызлардың жүргинде сақталасың.

Уясы дүзиў жердиң улы дейди,
Еситтим көп аралап, ел арасын,
Айтқаны адамлардың ырас болса,
Дуньяда китап қоймай ақтарасың.

Журттың бәри сыртыңнан шайыр дейди,
Жүйрик болсаң несине тоқталасың?
Кей-кейде сөзимизди илип алып,
Тартысып көриўге де оқталасың.

Узақ жолдан шабылған тарлан ғой деп,
Менимен айтысыўға жасқанасың,
Ағаңның той-мереке жыйындарда,
Билесин еш иркелип тоқтамасын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сени де бир қамшылап жиберейин,
Шайыр болсаң сен неге сақталасың,
Барың болса шығаршы қарыўыңды,
Шырағым, ел ишине сөз тарасын!

Қарақалпақ үлкен ел болған екен,
Басқарған талай журттың буқарасын,
Түркистанға барғанда көрип жүрмиз,
Хожа Ахмет Яссаўий мақбарасын.

«Содан қарғыс алыпты қаракеңе», — деп,
Душпанлары шығарған масқарасын,
«Содан кейин азайып қалған екен»,
Деп сыртынан айтады, журт ырасын.

Ақын болсаң осыған жуўап қайтар.
Шебер сөз ескен желдей бурқырасын.
Шымылдықты урлаған урылардың
Урпақтары болған соң сақталасың.

«Қарақалпақ улымын» деў де уят,
Оны айтып несине мақтанасын.
«Халық айтса қалып айтпайды» деген сөз бар,
Дәлилде «қаракеңниң» ақ-қарасын?!

Тилеўбергеннің жуўабы:

—Көп сәлем! Үмбеталы ағамызға,
Излесек сиздей аға табамыз ба?
Талай-талай мақтаўлы болсаңыз да,
Асылып турсыз бүгин жағамызға.

Хәзирше шабытыма келгеним жоқ,
Ойлансақ шамалы сөз табамыз да,
Сиз бир бийик, асқартаў, мен төбешик,
Шабылған тарлансыз ғой арамызда.

Оқып қойдым жасырын хатыңызды,
Мақтап өлең жазыпсыз Сара қызға,
«Қазақ қызы жаным» деп айырыпсыз,
Сонда биз бөлекленип қаламыз ба?

Сизге дос қарақалпақта аз емес ғой,
Жеткерейин Төрехан жорағызға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жабылып бир басқылап ала ғойса,
Өкпелемен бизлердей баланызға.

Еки жыл туўысқандай емиркеним,
Буннан былай қас душпан боламыз ба?
Түркистанда шымылдық урлаған деп,
Сын тағыпсыз бизлердиң бабамызға!

Урлаўына сизлердей гуўа турса,
Бабамыздың айыбын жабамыз ба?..
Шымылдықты урласа, алған шығар,
Бул гәп я ырас, я жалған шығар.

Бир шымылдық бир халыққа мүлк болмайды.
Көп болса төрт-бес уры болған шығар.
Ҳәр елде ондай уры болмай мекен,
Қазақта да, урылар болған шығар.

Әўелден арқан-тусаў урлайтуғын,
Өзиниң арқадағы шарўаң шығар,
Нағашылы-жийенлер урлап болып,
Жаласы қарақалпаққа қалған шығар...

Гүмбезинде бар дейди, алтын алқап,
Қазақлар сатып жеген жүрек жалған,
Ҳеш азамат өз халқын ғарғамайды,
Яссаўий-қазақ емес, қарақалпақ!..

(Изи жыртылып қалған).

Үмбеталының ең соңғы жуўабы

Хат жазамын мен арнап,
Тилеўберген қарағым.
Ықбалың жүрип бул күнде,
Әркимнен артық талабың.
Сен болмасаң қызбайды,
Аққумда мениң базарым,
Қай ўақытта ҳат жазсам,
Меңлибек еди шабарым.
Мойнаққа сени кетти деп,
Хабарынды сорадым.
Аман-есен келдиң бе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арымайтын араның,
Айтысыўға шама жоқ,
Күшиңди байқап қарадым,
Айналайын қарағым,
Алдыңа бас урамын!

Палманның Тилеўберген менен айтысы

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов наўқасланып республикалық кесселханада жатырғанында оған мойнақлы дайысы шайыр Палман оннан ҳал-жағдай сорап, айын-дәлкек ҳәзил мәнисиндеги мына айтыс қосығын жазып жиберди.

Шайыр Тилеўберген де Палманның усы қосығына жуўап иретинде қайтарып қосық жазады. Бул қосықта ойын-дәлкек, ҳәзил мәнисиндеги айтыс формасында жазылған. Екеўиниң усы айтыс қосықлары Палманнан жазып алынды.

Ҳалыңды еситтим мен Тәжибайдан,
Жығылды деп сизди үш этаж жайдан,
Ондай ҳалға достым тап болдың қайдан,
Тилеўберген тәўирмисең жийеним?

Аўырыў деген бир әдет болады,
Ҳал сорасқан белге мәдет болады,
Бир атым насбайдан кеўил қалады,
Тилеўберген тәўирмисең жийеним?

Аяғы аўырып жатыр деп сизди,
Жас болсаң да иштиң көп жерден дузды,
Ҳал сорасқан дайың Палман дер бизди,
Тилеўберген тәўирмисең жийеним?

Мен өзим барыўға узақдур жолым,
Жумыста жүрген соң тиймей жүр қолым,
Орнымда ислеўге яки жоқ улым,
Тилеўберген тәўирмисең жийеним?

Кетти деп еситтим Арабстанға,
Барып келиў қыйын емес жас жаңа,
Көргенинди қосып узақ дәстанға,
Тилеўберген тәўирмисең жийеним?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәўир болыўыңа тилеклес дайын,
Қулласы, тәўиримисең қалай ҳал-жайын,
Ҳал-жағдай сорасқан биз Палман дайын,
Тәўиримисен Тилеўберген жийеним?

Кеўил деген әзиз, қылданда жиңишке,
Өткен күнлер түсер ойласам еске,
Тәўир болып кеткейсең айланып иске,
Тилеклеспен Тилеўберген жийеним!?

Тилеўбергенниң Палманға қайтарған жаўабы

Әссалаўма әлейкум, Палман аға!

Саў-саламат жүрсиз бе, қуўатлымысыз? Бала-шағалар, қонсы-қобалар саў ма? Турмыс — аўҳалларыңыз жақсы ма?

Мен сизден еки ирет хат алып едим. Сақтында жаўабын қайтара алмадым. Оның ушын Сизден кеширимсорайман.

Себеби, әўелги жазған хатыңызға жаўап қайтарарман деп жүргенде, әдресиңиз жазылған конверт көп қағазға араласып кетипти, таба алмадым. Соңғы хатыңызда адрес жоқ екен, Сол себепли ўақтында хат жазбадым.

Бизиң саламатлығымыз жаман емес. Сиз айтқандай тамнан қулағаным жоқ. Жерде тайып жығылып-ақ бурынғы аўырыў аяғымнан майрылған едим. Ҳәзир тәўирмен. Бирақ, көп жатыспа болды. Ақыры қайыр.

Баяныда молла Насыратдийин деген адам болған екен. Сол атына мине алмай умтылып турып:

— Ўай ғаррылық-а, дей берипти. Жасы үлкенлер: — Ғаррыға көмеклесиң, — деп, атына көтерип мингизипти. Сонда Насыратдийин адамлардан бөлек шығып кеткен соң артына қарап:

— Қойышы, ғаррылық-ғаррылық дей бергеним неси, жасымда да қарық емес едим, — деген екен. Сол айтқандай бул аяқ бурын да қарық емес еди. Бирақ, қудаға шүкир, усы аяқ пенен де дуньяның талай жерлерин гезип жүрген едим.

Сиз сораған араблардың, Мысырдың жерлерин де, еллеринде көрип қайттым, өткен жылы. Буннан алты мың, жети мыңыншы жылларында салған патшалардың корған-сарайларын, олардан да басқа тамашаларын көрлик. Адам таң каларлық нөрселер дуньяда көп екен. Оны гезлескенде айтып бермесек, хатқа жазып үлгериў қыйын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Себеби, дуньядағы ҳәрбир елдиң, мәмлекетлердиң дәстүр-заңлары, өмир кешириўлери бири-бирине уқсамайды. Жарлыларының турмыслары жүдә төмен, адам аяғандай.

Күн жылығандай болса, саўлық болса, Мойнаққа барып қайтарман деген нийетим бар. Мүмкин, сонда гезлесермиз нәсип болса. Ҳәзир Мойнақты суўық деген хабарды еситип, бирдей үйде жатып жуқарыққыран қалғанлықтан, жүрегим даўамай тур.

Ҳаслың қабасан дайымсаң,
Дуўай сәлем Палман аға.
Шайыр болыўға қайымсаң,
Шешенликте палўан аға.

Тоқтамайсаң кетсең йошып,
Өтирикке ырас қосып,
Қаршадайдан жазып қосық,
Жастан шапқан тарлан аға.

Айтқаныңды билер халық,
Өзиңде бар кәтқудалық,
Баяғыда тумсық салып,
Мени шоқып алған аға.

Сезип едим, әне соннан,
Хабарым бар тамашаңнан,
Үйленбеппен қабасаннан, —
Жүректеги әрман аға.

Сөзиң жүрди желдей тарап,
Ҳақ көңилсең өзиң бирақ,
Хат жазыпсаң аўҳал сорап,
Гәпиңде жоқ жалған аға.

Бурыннан-ақ майып аяқ,
Досларым жүр сырттан аяп.
Қыдыраман, қолда таяқ,
Бой тикледим зордан аға.

Ҳәм дайысаң, ҳәм де ағам,
Сәламат па бала-шағаң?
Узақ өмир болсын саған,
Бул күнлери ҳармаң аға?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәримбай менен Тилеўбергеннің айтысы

1935 жылы Мойнақ районының Мадели аўылына Кәримбай Муўсаев деген жигит муғаллим болып барады. Ол ҳәммеге өзин шайыр етип танытқысы келеди. Ҳәзил жазады. Әсиресе, қыз-жигитлерге сын таға береди. Соның бир қосығын аўыл Советтиң секретары Марпет Наменов деген жигит, бир аўылда аўырып жатырған жас шайыр Тилеўберген балаға (ол күнде солай аталған) алып барып береди. Сонлықтан, ол Кәримбайдың сөзине қарсы қосық жазады.

Кәримбайдың сөзи:

Мойнақтың елине келдим,
Мадали жерине келдим.
Теңизиң, көллериң көрдим,
Егинлери де бар екен.

Теңизден сүўен аўлайды,
Желқом ҳәм ескек таўлайды.
Көллерге тағы қатнайды,
Мал баққан шаруалар екен.

Мен бир журген шайыр едим,
Жоқарыдан келип едим.
Муғаллим боп сабақ бердим,
Биразлары билмес екен.

Жаслары отырыспа қурар,
Қыз-жигитлер соған барар.
Үлкенлер төрде отырар,
Бизлерди сыйламас екен.

Қызлары сулыў болса да,
Берген кесени алса-да,
Бир өзи аўлақ қалса да,
Айтқан тилди алмас екен.

Қызлар-жигитлер қасында
Жеккелик келди басыма.
Мирәт жоқ ғарры-жасында,
Менин кеўлим қалған екен.

«Жеткиншек» ҳәм «Бирлик» ели,
Марпет, Сағый, Жәдигери
Мен бунда келгеннен берли
Қызға таныстырмас екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Түсиремен асырайын,
Ҳәмме журтқа танытайын.
Қосық жазып қатырайын,
Кимнин зорын билмес екен.

Қыз жеңгеси танымады,
Айнаханы мазақлады,
Сөйтип, маған қарамады,
Шайырды аңламас екен.

Муғаллиммен меннің өзим,
Газийтке де шыққан сөзим.
Барлығын көрип тур көзим,
Қыз-жигити надан екен.

Шайыр болып атын жайған,
Муўса улы Қаримбайман.
Қосық жазып қорқытаман,
Шайырлықты билмес екен.

1935 жыл.

Тилеўбергенниң Кәримбайға жазғаны

Мен билмеймен ҳаслы-затын,
Жоқарыдан келген жигит,
Кәримбай ма ырас атыңа,
Бизиң журтқа күлген жигит.

Пайда жоқ көмпейген урттан,
Еситемен сени сырттан,
Тап келгендей басқа журттан,
Бизлерди жат көрмен, жигит.

Бурыңғыныҳ жолын тутып,
Отырспада қызлар күтип,
Ўақтында тым-тырыс кетип,
Сырттан сайып күлген жигит.

Жарамапты саған Мойнақ,
Сөзлериң бар дойнақ-дойнақ,
Жүрипсен ким менен ойнап,
Тақым салдын бирден жигит.

Көринесен сөзге батыр,
Айтқанларың қотыр-қотыр,
Гәп таппасаң тыныш отыр,
Тақырдан шөп терген жигит.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәдигер менен Марпетке,
Сағыйдулла, қызлар бетке,
Басқа да қошшақ жигитке
Айып тағып илген жигит.

Қайдан таптың шайырлықты,
Тутысайық болсаң мықлы.
Бизиң елат адамлықты
Үйренбейди сеннен жигит.

Шайыр болсаң, айтысайық,
Бир-биреўге қатысайық,
Сөздиң оғың атысайық,
Болсаң егер мерген жигит.

Анда шаўып, мыңда шаўып,
Ҳәркимге бир жала жаўып,
«Қоясаң — деп бир қыз таўып»,
Ҳақың бар ма берген жигит?!

Сулыўларды сағаң қыйып,
Гәплессиң деп қойған жыйып.
Барыўдан қабақты уйип,
Ҳәр муқамға дөңген жигит.

Сағаң пайда ойлағанда,
Түсинбейсең ойнағанға,
Өкпелепсең Айнахаңға,
Ҳеш пәмиң жоқ, менмен жигит.

Ҳәр нәрсеге керек төзим,
Жатық болса айтқан сөзиң,
Қарапайым болсаң өзиң,
Орын берер төрден жигит.

Әдепсизлик — елге кулгең,
Қоқанламас ҳалын билген.
Болғанлықтан жасың улкен,
Қатты қашпай жүрмен жигит.

Гәпиң аўыр ғарры-жасқа,
Өлемәта ҳәдден аспа,
Бизиң елге аўыз ашпа! —
Деген Тиляўберген жигит!

1935 жыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

1928-жылы Қазақбай шайыр Сейфулғәбит Мәжитовқа хат жазып, оннан әдебият майданында жол көрсетип, ғамқорлық етиўин өтинген сораўы:

Нәўпиршимен, ўрыўым Қоңырат,
Тәлиймим жоқ, әдебият,
Буў заманның түри зыят,
Ҳәр түрли жол айтып жибер?

Не әдеп икрам болмышын,
Ҳәртүрли елдиң түрмышын,
. . . . . .
Қәлем алып жазып жибер?

Мен еситтим сыртыңыздан,
Ашық болдым затыңыздан,
Әдебият китабыңыздан,
Бизге инам қылып жибер?

Бизлердиң сөзимиз ири,
Сөз айтаман әри-бери,
Бири писик, бири тири,
Қыйсық жерин дүзеп жибер?

Қазақбайдур мениң атым,
Ебин жорық салтанатым,
Ендиги хат болар латын,
Буған бир сөз салып жибер?

Бирге мәжилисдар болмаға,
Ҳүкимет парқын билмеге,
Мәрҳаматлық қылып маған,
Бир қолынды созып жибер?

1928-жылы Сейфулғабит Мәжитовтың Қазақбай шайырдың өтинишине қайтарып, жазған жуўап хаты: (Қосықтың изине «Еркин Қарақалпақ» басқармасынан деп адрес берген):

Қазақбайжан дәртиң болса,
Алға қәдем урып жибер?
Әдебият майданы кең,
Нама атын сүрип жибер?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жорға сүрер майданы кең,
Пайты келген заман екен,
Сүрмегенге әрман екен,
Ойындағыны айтып жибер?

Жағдайын айтып даланың,
Жылаўын тартып тазаның,
Пайдасы ушын нуқараның,
Ылайық жолда жүрип жибер?

Шул майданды жаўлап өтип,
Шиллени буз ойран етип,
Адасқанды аян етип,
Жолды оңға бурып жибер?

Илим ақсың сарқыраған,
Гүллер шықсып жарқыраған,
Қаршығадай аўсыраған,
Пәнже салып бүрип жибер?

Басылсын газетаға хатың,
Журтқа белли болсын атың,
Дүзиў болсын жазған хатың,
Сайланып бир көрип жибер?

Түсимде саўал

Жатыр едим бир күн сәҳәр шағында,
Әйне таңның атар алды ўағында,
Бүлбүл сайрап турған гүлдиң бағында,
Өзи ақсақаллы бир адам көрдим.

Бүлбүлге жарысып сөйлеп тур тили,
Күнге шағылысып жүзиниң нуры,
Шоқ сақал, ат жақлы, сүйеги ири,
Жақынласып қалыс сәлемим бердим.

Қолына қол бердим, жасы үлкен деп,
Гүл бағдың бағманы мекен жүрген деп,
Гүлдиң арасына қайдан келген деп,
Ҳайран болып оның қасында турдым.

Өзи узын бойлы, қара киси екен,
Шым қара емес, қарабаран түс екен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасаған шын жасы жетпис үш екен,
Жылын сораң мен есаплаң келтирдим.

Ғаррының қәддине қарағым келди,
Хабар алып, ҳалын сорағым келди,
Тилди созып алдын орағым келди,
Жүгинип алдында қарсы отырдым.

—Ата дедим, не саўда бар басында?—
Кемпириң жоқ, жолдасың жоқ қасында,
Сен нағып жүрипсең аўыл арасында?
Бул бағдың ишинде не себеп турдың?

Бағманы болдың ба бағдағы гүлдиң?
Өзиң адамысаң ата қайсы елдиң?
Көп жасапсаң, заманыңнан не билдиң?
Жасаған дәўириңде кимлерди көрдиң?

Баян етиң маған ҳаслы затың ким?
Ағайин ким, жақының ким, жатың ким?
Атаңыз ким, атағыңыз, атыңыз ким?
Шарўа ма, дийқан ба, қәйерде жүрдиң?

Қандай сөз билесең қарақалпақтан,
Әмиўдәрья аржағынан, бержақтан,
Көрсеңиз хабар бер шайыр Бердақтан,
Жигитлик дәўранды қайерде сүрдиң?

Дабыл улы, атым Аббаз сорасаң,
Сизге рухсат ата, алдымды орасаң,
Я бағмансаң, яки гүлге қонасаң,
Сиз жуўап берсеңиз, мен саўал бердим.

Саўалға жуўап

Айтты ғарры, өмирим қарақалпақта,
Өтип еди атым шығып шаңлақта,
Доңызлар төбеге шығып аўлақта,
Ийтимди соларға қосқан Бердақпан.

Он тоғыз әсирде аты белгили,
Қарақалпақ халқының буўынсыз тили,
Нама тапса гүл таппаған бүлбули,
Өмири өшик болып өткен Бердақпан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Заманымның шатпақларын жаза алмай,
Нйне, тебен менен қудық қазалмай,
Мақсет ийгин, баўырымды бир жазалмай,
Бул дуньядан көшип кеткен Бердақпан.

Найза қылып тилин урған ҳәр тасқа,
Алты қабат аспан түсип бир басқа,
Қойын-қоныш, етек толып көз жасқа,
Сыйғызалмай бүлип өткен Бердақпан.

Нешше қабақ жаўды маған түнерип,
Бүгин басқан изи ертең гөнерип,
Қолы түўе көзи жетпей мөлерип,
Душпанлары күлип өткен Бердақпан,

Тар заманның талай сапар тарлығын,
Әдалатсыз патшалардың зорлығын,
Зәҳәрин жайған аждарҳаның барлығын,
Илажым жоқ билип өткен Бердақпан.

Сөзди дәрья қылып жүрдим дарғадай,
Қарақалпақ, Қолдаўлы, әкем Ғарғабай,
Жүрген жерим бар ма халықты жырламай?
Жигитимде желип өткен Бердақпан.

Арал теңиз, Қазақдәрья, Дәўкемпир,
Қалды сөйерлерде сөзлерим нәўпир,
Бизиң қыслаў басып өскен мәкан жер,
Жылап, күлип, жаныр өшкен Бердақпан.

Душпанларды көрсем көзим қанталап,
Талай сапар жетип бардым анталап,
Он бармақты он мың әскерге санап,
Дуўтарымды гөзеп өткен Бердақпан.

Халқымды жырладым талай жыйында,
Арал теңиз, Қазақдәрья бойында,
Әдил қалмақ, Қулен болыс жайында,
Тилдиң ушын безеп өткен Бердақпан.

Басты қутқаралмай жәнжел-ғаўғадан,
Таталмай кеткенмен шийрин мийўадан,
Сөзи зая, жетпис үш те дуньядан,
Өмиримди тежеп өткен Бердақпан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң өлгеншме елли жыл толды,
Қәбирим көгерген қызыл гүл болды,
Билмеймен жайнаған гәўҳар нур болды,
Ҳәйрана-ҳәйрана турған Бердақпан.

Хабарсыз жатыр ем өлгеннен бери,
Гүлленнип кеңейди гөримниң төри,
Гүл бағ деп турғаныңа Бердақтың гөри,
Шадлана-шадлана турған Бердақпан.

Заман өзгерилип тазарғаннан соң,
Қуўрағаннан тамырлар жасарғаннан соң,
Қарацғы гөр бүгин ағарғаннан соң,
Қуўана-қуўана турған Бердақпан.

Қарақалпақ балларының барлығын,
Мен тилеймен барлығының саўлығын,
Ядына алған соң ақлық, шаўлығын,
Гүллене-гүллене турған Бердақпан.

Атымды дуньяда тәрип қылған соң,
Сөзимди нусқада тарийх қылған соң,
Қарацғы гөримди жарық қылған соң,
Мәрдана-мәрдана турған Бердақпан.

Деним сезип әдебият майданын,
Геўдеме қайтадан жайғасты жаным,
Кеўлинде бир шер қалдырмай әрманым,
Тарқата-тарқата турған Бердақпан.

Бизден сәлем болсын барлық балларға,
Алғысым көп бизди билген жанларға,
Сүўретимди қойса, сахна, залларға,
Тириле-тириле турған Бердақпан.

Рахмет, балларыма атымды билген,
Жыйнастырып алған нусқамды елден,
Қәбириме нур толды, кепиним гүлден,
Сайрана-сайрана турған Бердақпан.

Бир нәрсени алып турман ойыма,
Сүўретимди тайынласа тойыма,
Шын ҳасылдан кийиндирсе бойыма,
Долана-долана турған Бердақпан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аббаз шайыр, елли жылда тирилдим,
Сөзлериме сен ҳақыйқат берилдиң,
Бүгин саған мен түсинде көриндим,
Оята-оята турған Бердақпан.

Аббаздың сози:

Мен ояндым таң сарғайып атқанда,
Геўгим кетип, барлық жулдыз батқанда,
Қәбиринде гә түргелип жатқанда,
Мен еситтим усы сөзди Бердақтан.

Анық өлген екен жетпис үшинде,
Көрген ўақта алды ақылы-ҳуўышымды,
Сондай болып көринди маған түсимде,
Айырмадым усы көзди Бердақтан.

Аббаз шайыр дийдарыңа тояр ма?
Тири болса жыр етпестен қояр ма?
Мәңгиликке халық ядынан қалар ма?
Шайырлар үйренер бәрҳа Бердақтан.

Еки достың айтысы

1-досты:

—Сениң ушын алдым шийше,
Қәдирин билсең алтын шийше,
Ҳеш болмаса аўыз тийсе,
Достым иш деймен, иш деймен!

2-досты:

— Ишкиликти сүймес жаным,
Ишсем жаман болар ҳалым,
Тилегимди қабыл алың,
Ҳәргиз ишпеймен, ишпеймен.

1-досты:

Жигит болсаң қатардағы,
Қағыстырып қотардағы,
Шампань, қызыл, дәркар ағы,
Достым иш деймен, иш деймен?

www.ziyouz.com kutubxonasi

2-досты:

Ондайлардан қашып жүрмен,
Араны көп ашып жүрмен,
Аўқаттан көп ишип жүрмен,
Буны ишпеймен, ишпеймен.

1-досты:

Тартқан менен зыян қылмас,
Азлаў көрсең пьян қылмас,
Мен ушын тартпасаң болмас,
Достым иш деймен, иш деймен?

2-досты:

Қыйнамағыл мени зинҳар,
Жумысыма кесенти бар,
Халқыма шерменде қылар,
Ҳасла ишпеймен, ишпеймен.

Көкнаршы менен көкнардың айтысы

Көкнаршы:

Жолдас болдың маған отыз жасымнан,
Сени жақсы көрдим палаў асымнан,
Қалтама сап қалдырмадым қасымнан,
Бүгинлиги ҳайран еттиң көкнарым.

Көкнар:

Дурыс айтасаң, менде болды қастыңыз,
Мени көрсен қулқыныңды аштыңыз,
Уйықлағанда көпшик қылып бастыңыз,
Мен ушын аңсарың аўып қардарым.

Көкнаршы:

Суўсыннан да зыят көрип симирдим,
Езип үш мезгиллеп бәрҳа тигилдим,
Пилкиби үңилип, нардай бүгилдим,
Басымды саўдаға салдың көкнарым.

Көкнар:

Олай демең, меннен талай көрдиң ҳәз,
Әтештанда қыс күниңди қылдым жаз,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меннен басқа затқа болды ышқың аз,
Мени жоқ жеримнен таптың қардарым.

Көкнаршы:

Алпыс еки тамырымды жайладың
Табжылмастан шылбырсыз-ақ байладың,
Мени ермек етип әжеп ойнадың,
Ақыры жериме жеттиң көкнарым.

Көкнар:

Мен қәйтейин, түстиң өзиң изиме,
Бөтен дәри көринбеди көзинде,
Соны ойла, енди айтайын жүзинде,
Қутылмалғың қыйын бизден қардарым.

Көкнаршы:

Бурынырақ неге айтпадың бул жөнин,
Сениң иплас екениңди билмедим,
Мени колға түсире алмай жүрмедиң,
Сен аўыр мусаллат болдың көкнарым.

Көкнар:

Биз бенен әўелде үлпет боласаң,
Жаман болсам неге жолдас қыласаң,
Пайда бермес, енди өкинип жыласаң,
Ис өтип кеткен соң айтпа қардарым.

Көкнаршы:

Мен неге қызбайын күйинип писип,
Ҳеш абырай алмадым, көп жыллып ишип,
Тап сени қояман өлсем де исип,
Арамыздан атың өшсин көкнарым.

Анасы менен бөбектиң айтысы

Тас қылып аяқ-қолымды,
Бәнт етип оңы-солымды,
Қайнатып әбден сорымды,
Аўыртып неге бөлейсең?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳалым келмес қыймылдаўға,
Маған қылдың қыйын саўда,
Ишим писеди байлаўда,
Узақ күн неге бөлейсең?

Шыдарман ба бул азарға,
Жағдайым жоқ бой жазарға,
Боларман жатып қан сорпа,
Аямай неге бөлейсең?

Қолтықларым қабызлады,
Қолбаў қысып тән сызлады,
Қышытады қаўызлары,
Бесикке неге бөлейсең?

Тақымымды сүмек қыйды,
Оннан бетер түбек қыйды,
Терлеп жаўырным ашыйды,
Қундақлап неге бөлейсең?

Ескермейсең иңгаласам,
Сөзге қулақ салса анам,
Жәбир берип сонша маған,
Аўыртып неге бөлейсең?

Әлле айтасаң бөбегим деп,
Жаным балам жүрегим деп,
Мен жатырман өлейин деп,
Қәпеске неге бөлейсең?

Төзгим келмейди қыспаққа,
Ҳәўеспен буннан шықпаққа,
Етим қатпаған жас ўақта,
Таңғышлап неге бөлейсең?

Жайнап-жаснап өссем деймен,
Кроватьқа көшсем деймен,
Аяқ-қолымды шешсем деймен,
Анажан неге бөлейсең?

Ананың жуўабы

Тилгенеңнен баўырым,
Сайлап устаның тәўирин,
Өссин деп сениң кеўилиң,
Дүзетип ем бул бесикти.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳасыл ағаштан қыйдырып,
Усатып нағыс ойдырып,
Пөпек, қоңыраўлар қойдырып,
Зийнетлеп ем бул бесикти.

Қолбаўлары жипек-мақпал,
Атлас шайы көрпе жапқан,
Келистирип түрли жақтан,
Арнап едим бул бесикти.

Саған зыянын билмедим,
Соған өкпелеп жүрмедиң?
Түсинбеўимнен ол мениң,
Жоқ етейин бул бесикти.

Әперейин кең кровать,
Еркин жатып көр рәҳәт,
Жаса перзентим саламат,
Көрсетпейин бул бесикти.

Пахта ҳаққында айтыс

Бала:

—Айта ғой апа, таң атты,
Бермеймен деп силең қатты,
Пахтаң ширип қайда жатты,
Дерегин сен айтсаң нетти?

Кемпир:

—Сорайсаң балам дәрегин,
Билмейсең маған керегин,
Аўлақта сеннен тилегим,
Бир сапар қалдырсаң нетти?

Бала:

— Көпке төмен болар жүзиң,
Заңға сыймас айтқан сөзиң,
Түнде жүрипсең бир өзиң,
Қалпаллықты қойсаң нетти?

Кемпир:

— Қоймайсаң балам сен неге?
Тиймегил шарық, гүлеме,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахтаны меннен тилеме,
Бир жақсылық қылсаң нетти?

Бала:

— Пайда жоқ шарық, қозақтан,
Қутылмақ керек азаптан,
Қашайық кемпир узақтан,
Жасырғанды берсең нетти?

Кемпир:

—Шарық дегенниң қумары бар,
Ҳәңгирлеп турған зары бар,
Үйде бир узын қары бар,
Бөз тоқып өлшесем нетти?

Бала:

—Дүканда бар арзан таўар,
Көргениңде есиң аўар,
Өлсең де бес қатлап жаўар,
Сол пикириңди қойсаң нетти?

Кемпир:

—Ондай емес мениң дәртим,
Сексен қары бөздур шәртим,
Керек болса алсын ҳәрким,
Пайдаланып жүрсем нетти?

Бала:

—Заводтан келер тай пахта,
Алсаң сораўсыз жай пахта,
Тесин шығады қай пахта,
Бул әдетти қойсаң нетти?

Кемпир:

—Балам маған жәбир етпе,
Қыстастырып ҳәмир етпе,
Қоңсы-қобаға дабыл етпе,
Бир жақсылық қылсаң нетти?

Бала:

— Урлық етиў уят ҳәрўақ,
Кейнинен тислейсең бармақ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаман және сөзге қалмақ,
Қалпаллықты қойсаң нетти?

Кемпир:

—Жасырғаным ғамы үйдің,
Жарқыратып бөзин кийдим,
Менің еле көпдур дийдим,
Бул сөзиңди қойсаң нетти?

Бала:

—Бузық нәпси отқа салып,
Пахта урлаған түнде барып,
Бираз кемпирлер сотланып,
Кеткенлигин билсең нетти?

Кемпир:

—Ким биледи бул исимди,
Жармасаң егер ишимди,
Өйтип қуртпа сен писимди,
Бир сапар қалдырсаң нетти?

Бала:

—Апа ақылға келиңиз,
Пахтаны таўып бериңиз,
Басқаны да, бежериңиз,
Азырақ ойлансаң нетти?

Кемпир:

—Қойып тур балам ол жағын,
Билиң пайданың мол жағын,
Айтпайын саған аржағын,
Өз жөнинде жүрсең нетти?

Бала:

—Уғынсаң бойма сөзимди,
Аясаң бойма өзиңди,
Түсинбедим минезиңди,
Бул нийеттен қайтсаң нетти?

Кемпир:

—Урласам ол өз еккеним,
Не керек көп сөз еткениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зыян затпа бөз еткеним,
Изиме түспесең нетти?

Бала:

— Апа, мен сизди айтпайман,
Айтсам сөзимнен қайтпайман,
Ҳәзир дизимге қатлайман,
Сол пахтаны тапсаң нетти?

Кемпир:

— Болсаныз ҳадалый улым,
Күтә аўыр маған буның,
Мен саған айтмайман шынын,
Өз жайыма қойсаң нетти?

Бала:

—Апа гәпке түсин енди,
Сондай сенин исинбеди?
Көп пахтаға зыян келди,
Планды ойласаң нетти?

Кемпир:

—Планың менен исим жоқ,
Аўзымда жалғыз тисим жоқ,
Жумыс етиўге күшим жоқ,
Маған тиймесеңиз нетти?

Бала:

—Тоқ етерин айтсам ашып,
Апа қутылмайсаң қашып,
Әкел мында өзин тасып,
Урлық исин қойсаң нетти?

Кемпир:

—Айтпайман балам болғаны,
Сөзимнин жоқдур жалғаны,
Жақсыдур ширип қалғаны,
Өз жөнине жүрсен нетти?

Бала:

—Бәрибир излеп табаман,
Ақсақалдан күш аламан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул исти мен шеше аламан,
Ақылыңа келсең нетти?

Кемпир:

—Не болды оншама саған,
Маған салып ақырзаман,
Мен болсам өзиңниң анаң,
Пахта деп айтпасаң нетти?

Бала:

—Мен билемен көмгениңди,
Сасқалақлап жүргениңди,
Түни менен бүлгениңди,
Сөзге қулақ ассаң нетти?

Кемпир:

—Көрген болса балам көзиң,
Мениң саған айтар сөзим,
Бул сырды ҳешким билмесин,
Пахтамды қалдырсаң нетти?

Бала:

—Қалдырмайман оны сизде,
Пахта керек сондай бизге,
Толмағанша план жүзге,
Сол сөзиңди қойсаң нетти?

Кемпир:

—Қәйтейин енди жан балам,
Азғана пахтам бар балам,
Урлықтың жолы армаған,
Апаңды кеширсең нетти?

Бала:

—Рахмет, апа ырзаман,
Кешиктирмейик бир заман,
Өлшенбей қалса дым жаман,
Тезирек көрсетсең нетти?

* * *

Ери менен ҳаялының айтысы

Сөз айтылар көкнаршылар жөнинде,
Үш мезгиллеп тийирек жедиң күнинде,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкнаршының өз белгиси түринде,
Үш мезгил кейпине көшкен көкнаршы.

Базар күни көбейеди шарбақта,
Уранласып отырады ҳәр ўақта,
Шай жеткер деп еки көзи жән-жақта,
Шарбақшыға ҳәз бер дейди көкнаршы.

Көкнар сыңғырласа сестиннен дейди,
Бир езип өткерсем дәстимнен дейди,
Ҳәр күни өзиниң кеппесин жейди,
Үш мезгил кейпине көшкен көкнаршы.

Ҳаялы:

Көкнарды көргенде кетеди есиң,
Ҳаслан тыңламайсаң қалса да исиң,
Атызда нормалы ислериң қалды,
Миясар ма сениң бүйтип жүргениң?

Ери:

Аңла ҳаял, тартып сөйле тилинди,
Көкнар ишсем қандырады мийримди,
Нәшемди ушырдың ақылсыз ҳаял,
Ҳәр сөз айтып келтирмегил жинимди.

Ҳаялы:

Күни-түни көтермейсең басыңды,
Мүлгип отырасаң ишпей асынды,
Лаўабы кесеге көкнарды езип,
Сен-ақ мениң ағарттың ғой шашымды.

Ери:

Көкнарым мың есе жақсы асыннан,
Өйткени, дос маған он төрт жасымнан,
Сонлықтан қоймайман нәшебентликти,
Мыңғырламай жоқ бола бер қасымнан.

Ҳаялы:

Саратанда әтештанға от жағып,
Отырғаның тум-тусыннан тер ағып,
Ҳәмме кетти жумысына, мен қалдым,
Отыраман ба сени өлидей бағып?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ери:

Палаў ас, күйдирип сары майыңды,
Ашшы етип демле менің шайымды,
Ҳәммесин таярлап, өзиң кете бер,
Қосып орынлап қайт менің пайымды.

Ҳаялы:

Қостарым тыңлағыл, қурысын көкнары,
Мийнетти сүй, турмысыңның гөўҳары,
Мийнет-бахыт, жеткереди муратқа,
Мийнет қылсаң тарқар кеўил қумары.

* * *

1946-жыллары Қоңырат районындағы «Биринши май» колхозынын баслығына арнап шығарылған қосық:

Қыз:

Басқа елден өз елим деп келим ем,
Мен сизлерди ағаларым билип ем,
Қоңқақ мурын үлкен қыз боп мен аға,
Қайсыңыздың кейниңизге ерип ем.

Бәҳәр болса бағда ашылар таза гүл,
Қоңқақ мурын десең аға өзиң бил,
Писент етпей аўылдағы қызларды,
Киши мурыннан сайлап ал да көзге ил.

Жигит болып кия́тырған баласаң,
Не себептен қыз-кемпир деп шаласаң,
Закон менен сизлер бизди жумсамай,
Қалай аға ат алдына саласаң.

Армияның семьясы бизлермиз,
Жер бериўге миннетлилер сизлерсиз,
Егистиң ўақтында айтысқа шығып,
Енди қайдан туўры басшы излермиз.

Изентаев Аяп аға,
Тәңирберген, Оразбайға,
Кеңседеги шайырларға,
Бизден болсын сәлемлеме.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Қоңқақ мурын үлкен қызсаң,
Дуўтарға даўысың сазсаң,
Қысталғанда көзге түссең,
Заманлас қалай көрерсең?!

Қыз:

Ўақтың жетти дегенге,
Қорқыңқырап турыппан.
Ҳәр ис болса алладан,
Бес кило туқым қойыппан.

Колхоздың жумысына қатнаспай қалғаны ушын дийўалы газетаға сүўретин салып, критикалық мақала жазған. Сондағы Оразгүлдиң колхоз баслығына жазған ойы менен тилеги. Свердлов совхозының Жданов атындағы бөлиминиң составлары ҳаққында шығарылған қосық.

Колхоздың баслығы Әлимбай аға,
Урықсат етиңиз арзы айтыўға.
Арамыздан шықты бир-еки жалқаў,
Шебер сүўретшиңиз болса салыўға.

Бригадир агитатор Оразбай,
Көпирген көп сөздиң себеби қалай,
Состав ҳаялларын сүўретке сапсыз,
Активликтен қәтереге қарамай.

Бизди де соларға қосқан қусайды,
Мақала дурыслаўшы Зия қусайды,
Семьяңыздан кимлер үлгили ислеп,
Қаннығы менен киргизип тур бийдайды.

Колхозшылар ислей берсе күни-түн,
Өзлериңнен табылмай ма ҳешбир мин,
Халықты баслаўшы басшы ағалар,
Ҳаялларың ислеп тапты неше күн?

Ўақытша қонақпыз бизлер елинде,
Сонда да ислеймиз колхоз жеринде,
Шайтан қусап бейим адамды қағасыз,
Жетим-жесир оңыспай ма елинде?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолай көрип болмаған соң қәтере,
Илип-қағып кемситесең ҳәр жерде,
Ҳәммени тең көрмей актив боласыз,
Ылайықлы ис ислемей законға.

Биздей Армияның семьяларына,
Жәрдем бериў миннетли ис колхозда,
Сонда да қызығып хызмет қылмаса,
Соннан соң болады уялтыўына.

Кеўил ашып қанша хызмет қылсақ та,
Жер егип бермейсиз алда болсақ та,
Мийнеттиң аўырын бизлер аламыз,
Иретинде жумыстан биз қалсақ та.

Қыслай-жазлай ислей бермейди дейсиз,
Жәрдем неге керек, өлмейди дейсиз,
Жиликтиң кемигин өзлериң алып,
Саўатсыз колхозшы билмейди дейсиз.

Бригадир агитатор Оразбай,
Бул күнде колхоздың аўҳалы қалай?
Газет оқып бериў жөнине турсын,
Ҳармасын айтыўға жүр ғой жарамай.

1948-жылы жазылған.

* * *

Бир адамның алатанасы аўырыў болып, сонша бақса да семирмейди. Жүз баў пишенин жейди. Сонда да арық болады. Базарға сатыўға жарамайды. Сондағы ийеси менен алатананың айтысы:

Ийеси:

Алатанам арық болды,
Жүрегимди жарып болды.
Жүзбаў пишенди нуқырды,
Өлим бергир алатана!

Алатана:

Быйыл жазлай көклеп кетсем,
Мурат-мәқсетиме жетсем,
Семирип майына питсем,
Бештилла боларман аға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Минаж шайырдың пахта менен айтысы

Минаж:

—Қулақ салып сөзимди тыңла ақ алтын,
Не бесептен, өспей турғаның сениң?
Сениң тилегинде ўатаным, халқым,
Не себептен, өспей турғаның сениң?

Пахта:

—Мени әкелип усы партаўға екти,
Егисти болды да, турды да кетти.
Ҳәзир үш арым ай арадан өтти,
Сол себепли, өспей қалғаным мениң.

Минаж:

—Халық ушын көгерген қызыл гүл едиң,
Жерди гүлге, елди нурға бөледиң,
Алтын ғәзийнениң уллы кәни едиң,
Не себептен, өспей турғаның сениң?

Пахта:

—Жабайы шөп тамағымнан буўып тур,
Жаздыра алмай басыма күн туўып тур.
Суўдан шөллеп таңлайымыз кеўип тур,
Сол себептен, өспей турғаным мениң.

Минаж:

—Жарпағың сарғайып жүзиң солып тур,
Бунша саған қандай аўҳал болып тур,
Ҳалыңды сорап шайыр ағаң келип тур,
Не себептен, өйпей турғаның сениң?

Пахта:

—Басқарманың маған мийрими түспей,
Сол себепли қалды, бойымыз өспей,
Мына Бесжаптан бир қасық суў ишпей,
Сол себепли, өспей турғаным мениң.

Минаж:

— Айт, ақ алтын тағы қандай кемисиң,
Жетпей турма быйыл аўқат жемисиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мойнына қой бригадтың қылмысын,
Не себептен, өспей турғаның сениң?

Пахта:

—Агрономлар меннен хабар алған жоқ,
Басқарма көзиниң қырын салған жоқ,
Мәдений төгинди көзим көрген жоқ,
Сол себептен, өспей қалғаным мениң.

Минаж:

— Көтериўши сенсең халықтың абырайын,
Хош болың ақ алтын, енди қайтайын.
Районға аўҳалыңды айтайын,
Бу қорлықта турған ҳалыңды сениң.

4. МУҲАББАТ АЙТЫСЫ

Жигит:

Туўған айдай жарқырған ақ жүзи,
Ядымнан шықпайды ҳәр айтқан сөзи,
Әдиўлеп өсирген ата-анасы,
Ис пенен берилген советтиң қызы.

Мийнет ислеп өзин халыққа көрсеткен,
Өмиринше совет ушын ис еткен,
Билим алып оқып мектеп питкерип,
Совет заманында қыз боп ержеткен.

Аты Зийўар, күн көринер жүзинен,
Ҳешким мин табалмас айтқан сөзинен,
Бир қызықлы мақсет күтип Зийўардан,
Көп күтип ол қыздың жүрдим изинен.

Бир сөзим бар ойда, айталмай жүрмен,
Узақ жерден келип қайталмай жүрмен,
Ойлаған мақсетим ишиме сыймай,
Арқалап көтерип тарталмай жүрмен.

Айтаман сөзимди етпесең мәлел,
Ҳешўақта да бизден көрмейсең зәлел,
Екеўимиз қосылып дәўран сүремиз,
Бул сөзиме жуўап қайтар биймәлел?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Ойланып сөзинە беремен жуўап,
Асықпа сүйиклим етип тур таўап,
Дуз нәсийбе қосса бизге не турыс,
Сендей бир Зийўарға баўырым кәбап.

Жигит:

Күни-түни сен деймен, уйқым келмейди,
Басқалар күлсе де күлким келмейди,
Сизден бизге дурыслы хабар болмаса,
Дуньяда шадланып жүргим келмейди.

Қыз:

Узаққа өмир сүр ҳеш болмай қапа,
Қосылсақ сүрермиз заўықлы сапа,
Күннен бурын қайғы менен сарғайып,
Бизиң ушын шекпе жәбириў жапа.

Жигит:

Сүмбил шашың ақ сийненди басады,
Сени көрсем мениң кеўлим тасады,
Ықлас пенен кеўлиң бизге берилсе,
Екеўимизди қудай өзи қосады.

Қыз:

Өлгенимше сеннен гүдер үзбеймен,
Басқаларға сирә көзим сүзбеймен,
Мен деп кеўил бөлсең сирә асықпа,
Сеннен басқа менен ойнап күлмеймен.

Жигит:

Мен түс көрдим, сениң менен қосылып,
Бир жүремен тал жипектей есилип,
Инанбасаң өткен күни ашығым,
Бир төсекте бас қосыппыз қосылып.

Қыз:

Сиз көрген түслерди биз де көргенбиз,
Қосылысып қызық дәўран сүргенбиз,
Инанбасаң жеңгемизден сорап көр,
Тап өлгенше сизге кеўил бергенбиз.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Дос боламыз айрылмастай өлгенше,
Мен интизар жаным сизди көргенше.
Инанбайман алдап айтқан сөзинە,
Қол усласып қай ўақ бирге жүргенше.

Қыз:

Қол қудайдың мөри, усла қолымнан,
Өмирлик саўдасы келсе қолыңнан,
Мен де инанбайман алдаған сөзге,
Жеңгемиз қараўыл оңлы-солымнан.

Жигит:

Билдирейик жеңгемизге бул исти,
Сизди бир қосыўға салса бар күшти,
Ата-енениң айтқанынан шықпайман,
Ырза болып келистирсе бул исти.

Қыз:

Қыз дәўран сүрмейди ата үйинде,
Бул сөзимниң мәниси бар кейнинде,
Қалың мал сорамас совет дәўиринде,
Бирнәрсе бар душпаным көп кейнимде.

Жигит:

Душпаннан зыян жоқ, көп болса достың,
Ақыры келиссе ойлаған истиң,
Ашып сөйле кеўлиндеги мақсетти,
Нелер бар кеўлинде әдиўли достым?

Қыз:

Анадан туўылдым Зийўарды атым,
Ҳеш ўақта қалмағай бул инабатым,
Тәўекел деп мениң менен қосылсаң,
Үстиме өлгенше алмайсаң қатын.

Жигит:

Ондай исти кейўилиме алмайман,
Дос болдым деп неге сени алдайман,
Ондай деп кеўлинە гийне келтирме,
Сен турғанда басқа қатын алмайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Мен десең ҳәммеде алда жүр мудам,
Шын дос болсаң ҳеш ўақ болма сен надан,
Жалқаўларға ислеп өрнек көрсетип,
Айрықша ис етип бол жаным адам.

Жигит:

Мен истеймен, сен де қарап жатпағыл,
Жалқаўдың нийетин маған айтпағыл,
Колхозда ҳәммеге өрнекти көрсет,
Мийнет ет, басқаға кеўил бақпағыл.

Қыз:

Мийнет ет ағызып маңлай теринди,
Қолдан келсе көтер туўған елинди,
Сен не десең мен де саған еремен,
Қарап жатады деп таппа минимди.

Қайқы жигит:

Қайқы жигит қайқаяды қыз көрсе,
Кеўлинде «муҳаббат» түрли әндийше,
Бир мәҳәли ушырасса бир қызға;
Төмендеги сөзлерди айтар бир неше.

Қарындасым, кешириңиз сөзимди,
Мен унаттым мөлдир қара көзинди,
Жақында алған ҳаялымды жиберип,
Мақул десең алар едим өзинди.

Қыз:

Дәрьяның бойына салғандай керши,
Кеширерлик емес, сөзиңиз ерси,
Алмайатып ҳаялынды жиберип,
Жағымсыз минези, қандай қәтеси?

Қайқы жигит:

Қайқы болып, көп қыдырып жүремен,
Жақсыларды бир көргенде билемен,
Айтарлықтай ҳеш жағымсыз иси жоқ,
Оннан сени сулыўыр-ақ көремен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Исти сайыз ойлап жүрмеңиз еркин,
Турмыс кеширер ме рәўишке ҳәрким,
Бул сөзиңиз жақпас аулақ жүре бер,
Ҳешкимге унамас мына әдетин.

* * *

Айтыс

Жигит:

Саў жүрсиз бе қарындасым,
Айтпасқа жоқ ҳеш илажым,
Көрген жерде көзге илмейсиз,
Босқа кетип бар ықласым.

Қыз:

Бунша неге өйтип өзиң,
Усылай дейсиз көрген гезим,
Көз абаға аҳ урасыз,
Түсиниксиз бул минезиң.

Жигит:

Жүрсек деймен ойнап-күлип,
Ғайраткер қыз, биз ер жигит,
Аржағын өзиңиз билиң,
Шын кеўилден еттим үмит.

Қыз:

Мен де сизди шеп көрмеймен,
Дурысын айтсам жек көрмеймен,
Бирақ исте сен арқайын,
Болғаныңа ҳеш көнбеймен.

Жигит:

Муҳббаттан не зат күшли,
Пәсеңлетип алдым исти,
Кемшилигим бар болса да,
Туралмайман көрмай сизди.

Қыз:

Не пайда бос муҳаббатан,
Орын алып исте арттан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мени сүйсеңмийнетти сүй,
Бер қолынды азаматсаң.

Көмбайншы Қалбай менен салыкеш қыз Сулыўдың айтысы

Жигит:

Маңлайдан ағызған мийнет тер сулыў,
Мийнет тери тамған егис жер сулыў,
Салының сәрдары саламатсыз ба?
Көрисейик, қолыңызды бер Сулыў?

Қыз:

Шойын жүрек тулпар минген ер жигит,
Қәдемиң қайырлы болсын, кел жигит,
Өзиниз де саў-саламат барсыз ба?
Көриссениз қолыңызды бер жигит?

Жигит:

Суўдан көриңкиреп еди қыйынды,
Сәл кешигиңкиреп жапқа үйилди,
Сәрдары Сулыў қыз «сары алтын» ның?
Салыңның жағдайы қалай быйылға?

Қыз:

Қомбайншы Қалбай жол болсын сизге,
Келген жумысыңыз сол ма еди бизге,
Суўдан қалып егинлерим жүритпей,
Қай ўақта қатардан қалып ем изге?

Жигит:

Әй сулыў қыз, сөзлеримниң дурысы,
Ҳнжи салыңыздың маржан гүриши,
Дастурханның көрки, дослықтың сәни,
Халқымның байлығы, елдиң ырысы.

Қыз:

Олай болса ел исинен тайынба,
Көрсет ерлигинди егин жайында,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күши қудиретли, шойын жүрекли,
«Көк кораблиң» ди иске тайынла.

Жигит:

Аўылыңа үлги етип исимди,
Өзиңе де өрнек қылып күшимди,
Салыкеш қыз не сыйың бар питкерсем,
Қыялыңдағыдай етип исинди.

Қыз:

Ер болсаң ел хызметине еринбе,
Көз қысып көринген қызға берилме,
Саў болсақ аржағын көре берермиз,
Мийнетинди синирип ал егинге.

Жигит:

Келиссе талабым менен талайым,
Табыскер қыз ақылыңды алайын,
Баҳаласаң еткен мийнетлеримди,
Сениң комбайныңболып қалайын.

Қыз:

Ойлап көрсем өзиннің де, мениң де,
Абырай-даңқ, бахытымыз егинде,
Жуўмақлаўшы жылы жетсең жеңиске,
Табылар Сулыўың, қыпша белинде.

Жигит:

Ер жигиттиң аўыз бенен айтқанын,
Көргеним жоқ орынламай қайтқанын,
Олай болса қолыңды соз Сулыў қыз,
Егер ырас болса усы айтқаныңа.

Қыз:

Қолың-қолға, бармақ тийсе билекке,
Бара-бара жабысарсаң жүрекке,
Қашып ҳеш жаққа да бармас Сулыўың,
Салылар сепсимей түссе телекке.

Екеўи:

Табаннан ҳеш тапжылмастан тақ турып,
Ислегенди басымызға бақ билип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўантайық елимиздиң ерлерин,
Егининиң мол зүрәәтин тап қылып.

Жеңислеримизди шайырларымыз,
Жазып алсың қәлем менен хат қылып,
Хош ҳаўаз қосықшы қыз, жигит, келиң,
Айтып жүрсин көкирегине яд қылып.

Быйыл биз бәршеге үлги болайық,
Техникаға табысларды таптырап,
Съезд ҳүрметине алдымыздағы,
Ўәдемизди орынлайық арттырып.

* * *

Қыз:

Жигит қайдан келип, қайда барасаң,
Бизге билдирип кет, ҳаслы затыңды,
Көзиң жүрегимнен өтер қарасаң,
Айтып кет, жигит сен, ырас атыңды?

Жигит:

Келип кет деп, мени жолдан қалдырған,
Шаўқым салып, сенбе мени шақырған,
Атым жылдырым ақыл есин алдырған,
Айтсам сол сорасаң, ырас атымды.

Қыз:

Сескенемен қулақ салсам, сөзиңе,
Қуўанаман көзим түссе, көзиңе,
Өзимди миясар, көрсең өзиңе,
Ашық болып сорап турман атыңды?

Жигит:

Еңиреп турғаныңа рәҳим етермен,
Қочақ етсең қуўандырып кетермен,
Шыннан сүйсең, мәқсетиме жетермен,
Аңламс, тыңламас билсен атымды.

Қыз:

Ашығыңман, сениң ағалық қылсаң,
Гийнем барма, саған сақалық қылсам,
Умытпай ўәдени опалық қылсаң,
Айып етпе, айтып кетиң атыңды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит:

Еситкен теңболмас, көрген көз бенен,
Сораған бир болмас, жүрген из бенен,
Уят болар сизди жықсам сөз бенен,
Асықпас, кешикпес дейди атымды.

Қыз:

Ақыллыман деп ҳәддиннен аспаңыз,
Кеңжолынды жигит өзиңқыспаңыз,
Қуўсам қорқақшылық етип қашпаңыз,
Айтсам мақул болар, еди атынды.

Жигит:

Саў басыма, душпан саўға салмаса,
Қол ҳәм аяқларым, сынып қалмаса,
Әзирейли алқымымнан алмаса,
Адамға айтпаспан анық атымды.

Қыз:

Өтирик айтпа, рас сөзден уялма,
Бирақ, аңсыз өз қаныңа боялма,
Бизлерди қорқытып күшке буўсаңда,
Әстелик пенен ақ, айтың атынды.

Жигит:

Алыс жолдан саған келген жаўшыман,
Аң аўлаған таўда жүрген аўшыман,
Жөн излеп жүрген бир, мен жолаўшыман,
Алмасбек, Таймасбек, дейди атымды,

Қыз:

Биреўдиңбайлығына болмаспан бақыл,
Гүресте жығылар, ким қалса ғапыл,
Ҳақ адамныңболар мурады ҳасыл,
Айып болса да айтсаң екен атынды.

Жигит:

Жүрек туўлар зорлық келсе бир жанға,
Не айтсаңда түсинбейди наданға,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақырет азап, көп береди адамға,
Асықпас Айдынбай, дейди атымды.

Қыз:

Сен бузбақшы болдың кеўил шадымды,
Душпанғада тыңлаттым мен, дадымды,
Ашыўландың айтсамда мен, атымды,
«Заўықпай» сорасаң ҳасыл затымды.

* * *

Жигит:

Кел дедин мен келдим сенин жаныңа,
Қойма дилбар ҳайранлықта сен мени.
Бийҳўда от салма шийрин жаныма,
Мүтеж етпе жамалыңа сен мени?

Қыз:

Ашық болсаң еки жаҳанда өзиме,
Майыл етсең шады шекер сөзиме,
Қылап етсеңилмеймен ҳеш көзиме,
Көрмегеймен, сүймегеймен мен сени!

Жигит:

Гәп басласам саған өткен-кеткеннен,
Ҳақ жолында мәқсетине жеткеннен,
Яр деп ўатанымнан айрылып кеткеннен,
Мәҳий табан қапа етпе сен мени?

Қыз:

Саған қарап көзлеримди сүзермен,
Сона яңлы суў көлинде жүзермен,
Ўәдеңди умытпа гүдер үзермен
Жигит болсаң зарландырма сен мени?

Жигит:

Жол сорасаң мен ярымды излермен,
Қара көзли дилбарымды излермен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Вул дуньяда өз ярымды излермен.
Бийопа болсаң сүймеймен мен сени.

Қыз:

Таппадым мен сендей тең ҳәм тусымнан,
Сени көрип кеттим ақыл-ҳуўышымнан,
Жигит болсаң ирикпе жүрек йошымнан,
Шын кеўлиңнен сүйген болсаң сен мени.

Жигит:

Зар урып келдим мен еситип зарыңды,
Опадарлық қабыл етсең ярыңды,
Берип турман саған ықтиярымды,
Сүйсең қушақ ашып қабыл ет мени?

Қыз:

Сен жетпесең мениң көңил шадыма,
Талай жыл шыдадың еткен дадыма,
Әўелден мен ашық едим атыңа,
Сүймей алдап келип жүрме сен мени!

Жигит:

Бир сениң жолыңа қойып басымды,
Излеп келдим саған берип ықласымды,
Көрмесеңиз көзден аққан жасымды,
Муңайаман сүймесеңиз сен мени.

Қыз:

Саған өтсе жолдың узақ соншасы,
Мен ҳәм сол бостанның гүлдиң ғумшасы,
Ўәде бузсаң өзиңизде оншасы,
Сүйип турман ғошшақ жигит мен сени.

Жигит:

Қабыл етсең мени жолға басларсаң,
Яр етпесең муңды көзди жасларсаң,
Я өлтирип, я зынданға тасларсаң,
Сәўер яр деп излеп келдим мен сени.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыз:

Қайғы ҳәсирет ҳеш шықпаса кеўлимнен,
Айралық ашшыдур бәлки өлимнен,
Кеўил ашып шәмен байла гүлимен
Бағыма бағман етемен мен сени.

Жигит:

Бир баста өлим бар гуманым жоқдур,
Яр жолында өлсем әрманым жоқдур,
Тәўекел етпесең дәрманым жоқдур,
Сүйдим дедим сүйип турман мен сени.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

ТҮСИНИКЛЕР

Биринши ҳәм екинши бөлимдеги шайырлар айтысы ӨзССР Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының илимий китапханасының қолжазбалар фонды менен китап ҳәм журналлар фондынан жазып алынды.

1. «Алпамыс» дәстаны, қарақалпақ халық жыраўы Есемурат Нурабуллаев варианты. Самарқанд — 1960 ж.
2. «Алпамыс» дәстаны, қарақалпақ халық жураўы Қурбанбай Тәжибаев. ҚҚМБ. Нөкис — 1956 ж. Инв. № 37473.
3. «Ер Зийўар» дәстаны қарақалпақ халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаев варианты. ҚҚМБ. Нөкис — 1958 ж.
4. «Бозуғлан» дәстаны қарақалпақ халық жыраўы. Қыяс Қайратдийинов варианты. ҚҚМБ. Нөкис—1961 ж.
5. «Гөруғлы дәстаны Бекмурат басқы варианты ҚҚМБ. Нөкис — 1963 ж.
6. «Ғәриб ашық» дәстаны қарақалпақ халық бақсысы Есжан Қосполатов варианты. ҚҚМБ. Нөкис—1974 ж.
7. «Юсуп — Ахмет» дәстаны. 1957 ж. Төренязов Әбдирейимнен жазып алған Қосжетеров Жамал. Ивн. № 37565.
8. «Ашық Нәжеп» дәстаны қарақалпақ халық бақсысы Қаражан Қабулов варианты. ҚҚМБ. Нөкис—1974 ж.
9. Ҳурлийха ҳәм Ҳамра» дәстаны бақсы Минаж Матсапаев варианты. Инв. № 86077.
10. «Саятхан Ҳамра» дәстаны бақсы Минаж Матсапаев варианты. Инв. № 86076.
11. «Ҳурлийха Ҳамра» дәстаны араб алфавитинен ҳәзирги алфавитке көширген Жуманов Жаңабай. Инв. № 1109. 1967 ж.

www.ziyouz.com kutubxonasi

12. «Әжинияз шайыр менен Қыз Меңештиң айтысы 1939 ж. Халық аўызынан жазып алған. Гайыпов Б.
13. 1—«Әжинияз бенен Меңештиң жумбақ айтысы. 2—Әжинияз шайырдың жумбақ айтысы. Бул Баскаковтың «Қаракалпакский язык. 1-том, АН СССР, Москва, 1951, стр. 12,» деген мийнетинен жазып алынды.
14. «Әжинияз шайыр менен Қыз Меңештиң айтысы. 1957 ж. Шымбай районы Әбдимуратов Турсынбақыйдың дала жазыўы. Инв. № 23417.
15. Әжинияз Қосыбай улы. «Таңламалы шығармалары. ҚҚМБ. Нөкис — 1960 ж.
16. Әжинияз бенен Қыз Меңештин айтысы. 1960 ж. Ж. Әбдикаримовтың дала жазыўы. Инв. № 136806.
17. Әжинияз бенен Қыз Меңештин айтысы. 1962 ж. Инв. № 1097.
18. Әжинияз (Зийўар) «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис —1965 ж.
19. Әжинияз «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис—1975 ж.
20. Қарақалпақ қызы Дәме менен қазақ шайыры Мәнсүрдиң айтысы (1-варианты) «Әмудәрья» журналының 1969 ж. № 11 санынан алынды.
22. Улбийке менен Манкел гедейдиң айтысы. Айтыстың биринши томынан алынды. Қазақтың мәмлекетлик көркем әдебият баспасы. Алматы — 1964 ж.
23. Қулымбет менен Кердери Әбиўбәкирдиң айтысы. Айтыстың екинши томынан алынды. «Жазыўшы» баспасы. Алматы — 1965 ж.
24. Өтеш менен молланың ҳәм Сайекениң айтыслары. 1957 ж. Тахта көпир районы «Правда» бөлиминиң № 5 бригадасында ислеўши Мүйтен урыўының тели тийреси Үббиниязов Пазылбектен жазып алған А. Қаримовтың дала жазыўы. Инв. № 37397.
25. Ереке менен Қоразбектиң айтысы, «Қыз бенен Ораздың айтысы, «Қыз бенен Қара кисиниң айтыслары» 1963 ж. Мойнақ районы. Минажатдийин Низаматдийиновтың дала жазыўы. Инв. № 50414.
26. Бердақ шайырдың «Мүйтен» деген биринши ҳәм екинши айтыслары. 1939 ж. Орынбек Қожуровтың дала жазыўы. Инв. № 1154.
27. Өтеш шайырдың «Бердақ бақсыға жуўап» айтысы. 1939 ж. О. Қожуровтың дала жазыўы. Инв. № 1154. Госархив.

www.ziyouz.com kutubxonasi

28. Өтеш шайырдың келини менен айтысы. 1962 ж. Мойнақ районы Қазақ дәрья аўыл совети «Коммунизм» колхозы Бийбихан Қудайназаровадан жазып алынған. Инв. № 87342.

29. «Ешки менен қойдың айтысы» 1957 ж. Тахта көпир» районы Т. Бегжановтың дала жазыўы. Инв. № 54364.

30. Балалар ойынындағы «Түлкишек», «Айқулаш» айтыслары «Адам менен ҳайўанат ҳәм тәбият арасындағы айтыслар. 1963 ж. Минажатдийин Низаматдийиновтың дала жазыўы. Мойнақ районы Инв. № 50410.

31. Бердақ шайыр менен сүйген қызының айтысы. Минажатдийин Низаматдийиновтың үй архивинен алынды.

32. Сарыбай Оразша улының Шымшық пенен айтысы Қ. Әйимбетовтың дала жазыўы. Инв. № 1108.

33. Алтын менен Сейдалының айтысы. Айтыстың екинши томынан алынды. «Жазыўшы» баспасы, Алматы — 1865 ж.

34. Аяпберген шайырдың «Мәтен шайырға қайтарған жуўабы» Аяпберген Муўса улының шығармалары 1960 ж. Баспаға таярлағанлар М. Нурмухамедов, Н. Жапақов, А. Каримов.

35. Аябергеннің Бегим бақсы менен айтысы. 1960 ж. Ж. Әбдикаримовтың дала жазыуы. Инв. № 36806.

36. Аябергеннің Ибирайым молла менен айтысы 1959 ж. С. Абдуллаевтың дала жазыўы, инв. № 37452. Мойнақ районы.

37. Дәўлетияр Қасымовтың Әлимбет Байманов, Валийюллин, А. Бегимов пенен айтыслары 1960 ж. Тахта көпир районы Н. Қамаловтың дала жазыўы. инв. № 34 658.

38. 1. Сыдық шайырдың қызлар менен, Молла Дилим менен айтыслары 1962 ж. Нөкис қаласы Минажатдийин Низаматдийиновтың дала жазыўы. Инв. № 50410. № 2 тетрадь.

39. 1. Қарақалпақ халық шайыры Т. Жумамуратовтың қазақ шайыры Умбеталы менен айтысы. 2. Тилеўбергеннің Палман менен айтысы. Тажетдийин менен Тилеўбергеннің ҳәзил айтыслары. Тилеўбергеннің қазақ шайырлары менен айтыслары. Топламды дүдиўши М. Низаматдийиновтың үй архивинен алынды.

40. «Жездеси менен қыздың айтысы М. Низаматдийиновтың үй архивинен алынды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

41. Бегжан менен Муўсаныҥ айтысы 1962 ж. Мойнақ районы. Қазақдәрья а/с. Исақ Нағметуллаевтыҥ дала жазыўы. Инв. № 35386.

42. «Жигит пенен қыздыҥ айтысы» Жанабай Сапаров. «Шоманай» роман. «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 1973 ж. 207—209-бетлер.

43. Шопан менен Хийўалы қыздыҥ дәсме-дәс айтысы. М. Низаматдийиновтыҥ үй архивинен алынды.

44. 1. Қазы Мәўлик пенен Сапиўра қыз айтысы, С. Мәжитовтыҥ саўал жуўап айтысы. 2. Мамбетнияз шайырдыҥ ахун Төренияз болысқа айтқан жумбағы» 1934 ж. профессор А. А. Соколов Шымбай районы, Тахта көпир районы, планлы илимий экспедиция ўақытында Аббаз шайыр Дабыловтыҥ аўызынан жазып алған Қ. Әйимбетов. Инв. № 1107139.

45. 1. Садық шайыр менен Рам шайырдыҥ жумбақ айтысы. 2. Рахман менен айтыста ядымда қалғанлары. 3. «Айтыс». 4. «Еки достыҥ айтысы». 5. «Көкнаршы менен Көкнардыҥ айтысы». 6. Анасы менен бөбектыҥ айтысы». 7. «Баласы менен кемпирдиҥ айтысы. Бул айтысларды 1969 ж. Нөкис қаласыныҥ № 116 Садовая көшесинде туратуғын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Садық Нурымбетовтан жазып алған М. Низаматдийиновтыҥ үй архивинен алынды.

46. 1. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Аббаз Дабылов пенен шайыр ҳәм жазыўшы Ж. Аймурзаевтыҥ айтысы.

2. Қазақбай шайыр менен Сейфулғәбийит Мәжитовтыҥ хат арқалы сораў-жаўап айтысы. 1952 ж. Нөкис қаласы. Шайыр Аббаз Дабыловтыҥ аўызынан жазып алған М. Низаматдийиновтыҥ үй архивинен алынды.

47. Алтынай менен Елмураттыҥ жумбақ айтысы. 1963 ж. Майнақ районы. М. Низаматдийиновтыҥ дала жазыўы. Инв. № 50418.

48. 1. Мамық қыз бенен Молла Омардыҥ жумбақ айтысы.
2. Омар менен Ермағанбеттиҥ жумбақ айтысы.
3. Ермағанбет шайырдыҥ қыз бенен жумбақ айтысы. М. Низаматдийиновтыҥ үй архиминен жазып алынды.

49. «Қыз бенен жигиттиҥ айтысы. 2. Ери менен ҳаялыныҥ айтысы. 1949 ж. Шымбай районы. С. Қамаловтыҥ дала жазыўы. Инв. № 4116. № 2 тетрадь.

www.ziyouz.com kutubxonasi

50. Қыз бенен жигиттиң айтыслары №№1 ҳәм 2-айтыслар 1958 ж. Сборник стихов сказителей до революционных каракалпакских поэтов собиратель Абдимуратов Турсынбакый. Инв. № 23417.
51. «Қыз бенен жигиттиң айтысы» 1963 ж. Мойнақ, Хожели районы, Қ. Мамбетназаровтың дала жазыўы. Инв. № 50411.
52. 1. Комбайыншы Қалыбай менен Салыкеш қыз Сулуўдың айтысы. 2. Шайыр қыз Оразгүл Отемуратованың колхоздың басшылары менен айтысы. М. Низаматдийиновтың үй архивинен алынды.
53. Аяз—баба менен балалардың айтыслары. Халық аўызынан жазып алған М. Низаматдийинов.

---

www.ziyouz.com kutubxonasi

МАЗМУНЫ

1-бөлим

Қарақалпақ халық дастанларындағы айтыслар 7

2- бөлим

Қарақалпақ классик шайырларынын айтыслары 96

3-бөлим

Совет деўиринде́ги айтыслар 247

www.ziyouz.com kutubxonasi

На каракалпакском языке

Каракалпакский фольклор

СОСТЯЗАНИЕ

том XII

Издательство „Каракалпакстан"

Нукус — 1983

Редакторы *У. Пиржанов*
Художник *К. Молутов*
Худ. редакторы *К. Нажимов*
Тех. редакторы *Д. Турдымуратов*
Корректоры *Ш. Халмуратова*

ИБ 1859

Теріўге берилген ўақыты 12-XI-1982 ж. Басыўға рухсат етилген ўақыты 6-IV-1983 ж. Қағаз форматы 60 × 84 1/16. Көлеми 22,75 баспа табақ. 18,76 есап баспа табақ. Тиражы 10000. Заказ 585. Бахасы 1 манат 65 тийин.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Областьлық газеталары менен типографиясынын М. В Морозов атындағы бирлескен баспаханасы. Самарканд. У. Турсунов көшеси, 82.

www.ziyouz.com kutubxonasi